# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ**
**ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ**
**ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**ноябрь 6 декабрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ
цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ
КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуапыхь секретарь)

НАЛШЫК
2016

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантІэ

*ТхакІуэ, щІэныгъэлІ Шортэн Аскэрбий къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу*

**Гъут Іэдэм.** Уздынэмыплъыс лъагапІэ........ 3
**Теунэ Хьэчим.** Куэдым хуэІэижьт........ 7
**Къэрмокъуэ Хьэмид.** Тхыдэм и пэжыпІэ........ 10
**Шортэн Аскэрбий.** Бгырысхэр. *Романым щыщ пычыгъуэхэр*........ 20

## Прозэ

**Толстой Лев.** Хьэжмурат. *Повесть*........ 55

## Усыгъэ

**Зэгъэщтокъуэ Людэ.** *Усэхэр*........ 81

## Публицистикэ

**Сокъур Мусэрбий.** Лъэхъэнэм хуэпэж тхакІуэ........ 89
**НэщІэпыджэ Замирэ.** Израилым щыпсэу адыгэхэр........ 113

## Литературэ щІэныгъэ. Критикэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Сабиипсэм зезыгъэузэщІ........ 129

## ЛІэщІыгъуэхэм я лъэужь

**Косвен Марк.** АдыгэлІ хахуэ........ 133

## Сабийхэм папщІэ

**Мэз Іэниуар.** *Усэхэр*........ 139
**Даур Зое.** *Таурыхъхэр*........ 151

## ТхылъыщІэхэр

**Тембот Санитэ.** Лъэпкъ зэхэщІыкІым и нэщэнэ........ 158

---

**Хьэкъун Барэсбий.** Адыгэ къэкІыгъэцІэхэр........ 164

Къеблагъэ, ИлъэсыщІэ!........ 165

*ТхакIуэ, щIэныгъэлI Шортэн Аскэрбий къызэральхурэ илъэси 100 ирокъу*





# УЗДЫНЭМЫПЛЪЫС ЛЪАГАПIЭ

Ди лъэпкъ культурэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм ящыщщ тхакIуэ, щIэныгъэлI Шортэн Аскэрбий. Нэхъыбэм ар къызэрацIыхур япэ адыгэ роман «Бгырысхэр» жыхуиIэмкIэщ. Ауэ абы и закъуэкъым а цIыху щэджащэм хузэфIэкIар.

КъухьэпIэ Европэм и тхыдэм налкъуту къыхэщхэм ящыщ зыщ энциклопедистхэр жаIэу зыфIащауэ щыта гуп телъыджэр. Ахэр къыщыунэхуар Франциеращ, зэманкIэ зыхуэзэр XVIII лIэщIыгъуэм икухэрщ. А гупым фIэщыгъэцIэ яхуэхъуар къызытекIар энциклопедие уардэ зэхалъхьауэ аркъудейкъым: абыхэм ящыщ дэтхэнэри зы энциклопедие хуэдэт – я щIэныгъэрэ IэзагъкIэ. Абы лъандэрэ зы лIыр Iуэхугъуэ зыбжанэм фIы дыдэу щыхэзагъэм деж «ар энциклопедистщ» хужаIэ хъуащ. Дригушхуэ хъунущ дэри ардыдэр зыхужыпIэ хъун лIыфIхэр ди лъэпкъым къызэрыхэкIам. Апхуэдэхэм ящыщ зыуэ щыташ Шортэн Аскэрбии.

Псом япэу, жыIэн хуейщ, ар и дуней тетыкIэкIэ зэбгъэщхьынур умыщIэн хуэдизу хьэлэмэту зэрыщытар. Псалъэм щхьэкIэ, абы и гъащIэм мыпхуэдэ къэхъугъэ хэтащ. 1935 гъэм, Аскэрбий ядэIэпыкъуурэ къыхашри Москва еджакIуэ ягъэкIуат япэ къэбэрдей профессионал артист хъун хуей гупыр. Езы дыдэри якIэлъыкIуащ – драмэ

театрым и режиссёр IэщIагъэм хуеджэн мурадкIэ. АрщхьэкIэ, илъэситI нэхъыбэ емыджауэ, ар, «талантым зыщрагъэузэщIыр еджэщыракъым», жеIэри Налшык къокIуэж, мыбдеж щIалэгъуалэ гуп щызэхуешэсри – модрейхэр къалащхьэхэм щеджэхункIэ ди деж театрыщIэ къыщызэIуех. «Нэмыджыса» режиссёрым къыхищыпыкIыурэ езым артистхэр егъасэ, спектакль дэгъуэхэр егъэув. А зэманым абы къигъуэту театрым иришэлIахэм яхэтащ иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм я цIыхубэ, щIыхь зиIэ артист цIэ лъапIэхэр зыхуагъэфэща, ди театрым и цIэр фIыкIэ жыжьэ зыгъэIуа зыбжанэ. А зэман дыдэм Аскэрбий езыми пьесэ етх. Абы и «Батыр и къуажэр» апхуэдизкIэ театракIуэхэм ягу ирихьати, зэ ягъэуващ, жиIэу къимыгъанэу, авторым ар етIуанэуи ещанэуи зэрегъэзэхуэжри, икIэм-икIэжым ди лъэпкъ драматургием и фIыпIэхэм ящыщ зы хъуным негъэс.

ЗэрыжытIащи, талантышхуэ зиIэ зыкъомым яхуэдэу, Шортэн Аскэрбий щытащ цIыху къызэрыгуэкIхэм ямыщхьу. Игу ирилъхьам темыIэбауэ абы и псэр зэгъэнутэкъым, къыдрихьеяр занщIэу къыбжиIэнут, къулыкъушхуэ зэрыпIыгъым фIэлIыкIыу, игу илъыр жиIэн къигъэнэнутэкъым. Пхуэмыфащэуи къобиинутэкъым, ауэ къыбдилъэгъуари лъэныкъуэкIэ ирихьэкIынутэкъым. Iуэхум щымыгъуазэхэмрэ Iужажэхэмрэ апхуэдэу цIыхум дзыхьышхуэ хуэпщI мыхъуну ялъытэ. ИкIи зэманыр щыбзаджэхэм деж апхуэдэхэращ нэхъ кIуэдыгъуафIэу къыщIэкIыу щытар. АрщхьэкIэ, Хэку зауэшхуэр къэхъейуэ къэралыр хъумэн хуей щыхъум, Аскэрбий зауэлI фащэр зыщитIагъэу дзэм хыхьа къудейкъым: 1941 гъэм и декабрь мазэм, Совет къэралыр псэзэпылъхьэпIэ щихуам щыгъуэ, Шортэныр фашистхэм дунейм тралъагъуэ мыхъу коммунист партым хохьэ. АбыкIэ къызэтеувыIатэмэ, Шортэн Аскэрбий Аскэрбиижтэкъым: абы и документхэр зэрегъэхъуэкIри, партым щыхыхьа махуэр къыщалъхуа махуэу ирегъэтх – къэралым и кIуэдыр сэри си кIуэдщ, къызэтенэмэ, сэри си фIыщIэ мащIэ хэлъщ, жыхуиIэу! Дауи, лIыгъэшхуэ уиIэн хуейщ, пщэдей къэхъунур умыщIэу, апхуэдэу пщIын щхьэкIэ. Ауэ щыхъукIи, а псори иужькIэ зэи иIуэтэжу езым зригъэщIэгъуэжакъым, атIэ, дунейм ехыжа нэужь, и щхьэгъусэ Даниткэ сэ къызжиIэжауэ аращ. Абы артист хьэл зэрыхэлъар зыщIыхуу щыта куэдым жаIэжыфынущ, ауэ ар зигъэлъагъуэрэ щIыхь лей къихьыным щхьэкIэ зэи утыкуакIуэу щытакъым.

Нэхъыбэм зэрацIыхущи, ар тхакIуэ хьэлэмэтщ, икIи ищхьэкIэ жыхуэтIа романым и закъуэкъым абы итхар. Шортэн-тхакIуэм и къалэмыпэм къыщIэкIащ рассказхэр, очеркхэр, повестхэр, критикэ тхыгъэхэр. Абыхэм ящыщ зыкъомыр зэманым щIилъэсыкIауэ къытфIэщIми, ноби ахэр бзэм и шэрыуагъкIэ, образ телъыджэхэр къэгъэщIынымкIэ, сюжет зэгъэпэщыкIэмкIэ щапхъэ хъунущ. Шортэныр дунейм ехыжа нэужь, и щхьэгъусэм и лъэIукIэ абы и литературэ щIэиныр къэзыпщытэж комиссэр сэ згъэлэжьэну къысхуагъэфэщауэ щытащ. Махуэ хэхакIэ и унэм дыкIуэурэ, Нало Зауррэ сэрэ, езы Данитки ди гъусэжу, зэхэддзащ тхакIуэм и Iэужьхэр. Мис абы щыгъуэ къыспэщIэхуахэм ящыщщ и романышхуэ-тетралогием хузэригъэпэщауэ щыта материалхэр. Романым ауэ сытми кIуэцIрыплъа дэтхэнэми ещIэ абы персонажу пщIы бжыгъэ зыбжанэ зэрыхэтыр. АтIэ, сэ згъэщIэгъуарщи, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми хузэхэлъхьауэ «справкэ» зырыз романистым и Iэрытххэм

къыхэкIыжащ. А «справкэм» зэхэгъэщхьэхукIауэ итт зи гугъу ищIым и теплъэри, и IуэхущIафэри, и хьэл-щэнри, и гъащIэ гъуэгури – зыщыщым, къызыхэкIам, къыщалъхуа зэманымрэ щIыпIэмрэ я деж къыщегъэжьауэ щылIэжам щыщIитIыкIыжу. Языныкъуэхэм сурэти я гъусэжт, зыцIыхуу щыта гуэрхэм хужаIахэри щIыгъужу. Апхуэдэу егугъуу, дэтхэнэ персонажри, нэхъ мыхьэнэншэу къыпщыхъункIэ хъуну дэтхэнэ эпизодри гъэщыпкъауэ къызэригъэнахуэм кърикIуащ япэ адыгэ тхыдэ романыр лъэпкъ литературэм, союзпсо литературэм и зы лъагапIэ хъуныр.

Шортэным и IэдакъэщIэкI нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ и пьесэхэр. Нобэми ди къэрал театрым къытригъэзэжурэ егъэлъагъуэ абы и «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ», «Мурат», нэгъуэщI пьесэхэми къытращIыкIа спектаклхэр. Ауэ мащIэ дыдэщ зыщIэр, псалъэм папщIэ, абы и «Муратыр» ягъэлъэгъуэн щхьэкIэ езым фIэкъабыл фIэщыгъэцIэр зэрихъуэкIын, имыкурэ имыбгщ зэрыжаIэу, Ленинымрэ образыр хигъэхьэн хуей зэрыхъуар. Ахэр мыхъуатэмэ, тхыгъэр сценэм нэсыну щытакъым. Иджы абы ухущIэбжэныр гугъукъым, гугъуу щытар уи IэдакъэщIэкIыр зыхуэбгъэпса театракIуэм бгъэдэплъхьэнрат...

Драматург Iэзэм езым къигупсысa сюжетыр зи лъабжьэ пьесэ итхым къыщымынэу, ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романыр сценэм кърригъэзэгъауэ щытащ. Ар ямылейуэ лэжьыгъэшхуэщ, уи къарури зэманри къыпщымысхьу пIэщIихыу. Ауэ Аскэрбий и щIэинхэм сыщыхэплъэм щыгъуэ фIэкIа сэ сщIакъым, а лэжьыгъэм къыпэкIуэ мылъкум щыщу зы соми абы къызэрыIимыхар. ДымыщIэххэу дрихьэлIащ Шортэным и IэкIэ тхауэ лъэIу тхылъ, сэ къыслъыс гонорарыр зэрыщыту езы ЩоджэнцIыкIу Алий и унагъуэм IэщIэфлъхьэну сынывольэIу, жиIэу иту. АтIэ, апхуэдэу щIищIар ахъшэр и куэду арауэ пIэрэт? Пэжщ, Шортэн Аскэрбий и унагъуэр игъэмэжалIэу щытауэ зыми зэхихакъым, ауэ зи щэр къавэхэми ар ящыщакъым. Уегупсысмэ, уи хьэмбырэбовым къыхэпхыу псапэ хэпщIыкIкIэ лIыгъэшхуэкъым, лIыгъэр мащIэм къыхэбгъэкIыфращ. Апхуэдэ лIыгъэ хэлъащ а лIы щыпкъэм.

Иджыри зы щапхъэ къэсхьынщ, зи гугъу сщIа комиссэм дыщыхэтым щыгъуэ фIэкIа дунейм къытемыхьауэ. Зэгуэрым тхакIуэ гуп, Аскэрбии яхэту, Къэсейхьэблэ къуажэм дэт школ-интернатым и лэжьакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ яIущIащ, я псэукIэми щыгъуазэ зыхуащIащ. Абы и ужькIэ Шортэным маршынэ къегъуэтри и унэ щIэт пианинэр а школым щеджэхэм тыгъэу яхуригъашэ – ярищэркъым, зыгуэркIэ ярихъуэжыркъым, тыгъэ зэрищIари игъэпIийркъым. Ар хэIущIыIу щыхъуар и щIэинхэр зэхэддзыж пэт а школым къикIыу тхакIуэм къыхуатха фIыщIэ тхыгъэр къэдгъуэта нэужьщ. Апхуэдэу щытыфынур зи гур къабзэ цIыхурщ. И гур зэрыкъабзэм нэмыщI, абы талантышхуи иIащ, а талантри зыхуигъэлэжьар и щхьэ закъуэкъым, лъэпкъыращ. Нобэрей «модэм» апхуэдэхэр къезэгъыркъым, ауэ апхуэдэхэр щымыIэу лъэпкъи дыхъунукъым, тхуэфэщэжын дунеи тхуэухуэнукъым. ЛIы Iущым ахэр къыгурыIуэрти, арауэ къыщIэкIынут и цIыхугъэмрэ нэмысышхуэмрэ хэкIыпIэ яхуэхъуар.

Ди лъэпкъ литературэм и мызакъуэу, щIэныгъэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ Шортэн Аскэрбий. Сэ фIыуэ къызэхъулIахэм ящыщу

къызолъытэ абы хуэдэр зи къру пашэу, Къардэнгъущl Зырамыку, Нало Заур, Теппеев Алим сымэ зи шу гъусэу щыта гупым зэгуэр лъэрыгъыпс субыдынкIэ нэхъ мыхъуми сазэрыхэхуар.

Хэку зауэшхуэр иухагъащIэу Аскэрбий орденыбгъэ хъужауэ къигъэзэжри, япэ дыдэу ищIахэм ящыщ зыщ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым IуэрыIуатэ зэхуэзыхьэсын гуп къыщызэригъэпэщу зэрышэжьар. А гупым хэтахэр хьэлъэзешэ маршынэжькIэ, абы хьэлъэрэ хьэлъэу зы магнитофон иту, ари «движок» жыхуаIэ генератор цIыкIукIэ лажьэу, ежьэхэри Мэздэгу губгъуэхэмрэ тенджыз ФIыцIэмрэ я зэхуакум адыгэ здэщыпсэу къуажэрэ жылэрэ къамыгъанэу къызэхакIухьащ. Уэшх къешхмэ, къатешхэрт, дыгъэ жьэражьэр къатепсэрт, щIыIэ хъуми, гъэпщкIупIэншэт, ауэ лъэпкъым и гупсэу IуэрыIуатэр зэхуахьэсырт. Иджы зэрытщIэщи, щIэныгъэ хэха уимыIэу щытмэ, IуэрыIуатэ тхыжыныр къиинщ. Абы щыгъуэ лIы Iущым и гъуса псоми ирикъун щIэныгъэ зэрамыIам къыхэкIыу щыуагъэхэри яIэщIэкIыу щытащ. Ауэ нобэкIэ ди Iэрытх архивым хэлъым и нэхъыбапIэр а зэманращ къыщаугъуеижар. Абдежми Шортэныр жыжьаплъэу къыщIэкIащ. ЯпэщIыкIэ абы и гупыр хуиунэтIащ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ нэхъыбэу тхыжыным. КърикIуар – 1951 гъэм къыдэкIа тхылъышхуэрщ. Пэжщ, а тхылъым дэплъагъунущ нобэрей щIэныгъэм и хабзэм темыт Iэджи. ИтIанэми, и зэманым дежкIэ ар адыгэ лъэпкъыр къэзыгъэбжьыфIэн къэхъугъэу щытащ. Абы къыкIэлъыкIуэу, лIыфIым къалэну игъэуващ Къэзанокъуэ Жэбагъы и хъыбархэр тхыжын хуейуэ. Абыи зыфI крикIуащ: тхылъеджэхэм къаIэрыхьащ иджыри къэс я пщIыхьэпIэм къыхэмыхуауэ лъэпкъым и фIыгъуэ – Жэбагъы теухуа хъыбархэр щызэхуэхьэса тхылъ цIыкIу. Абы и фIыгъэщ а адыгэлI щэджащэм теухуа статья къэрал псом щылъапIэ энциклопедие зыбжанэм зэрыратхар – япэ адыгэ философ икIи политикэ Iуэхузехьэшхуэ, жиIэу. Дэ дыщызэдэлэжьа зэманым Шортэным итхащ тхылъитIу къыдэкIыжа лэжьыгъэшхуэ, адыгэхэм дин пэжыр къащтэным ипэкIэ яхэлъа фIэщхъуныгъэхэм ятеухуауэ. Ар лъэпкъ тхыдэм дежкIэ хэлъхьэныгъэшхуэ хъуащ, нобэми щIэныгъэрылажьэхэр абы ирогъуазэ.



Талантышхуэ зиIэр язынықъуэхэм деж нэхъ жыIэзыфIэщу, сабийм хуэдэу къэгъэпцIэгъуафIэу къыщIокI. Аскэрбии апхуэдащ. Къэхъуащ ар цIыху хейр зэблэшыным хуэшэрыуэ хъуа бзаджэжьхэм къагъапцIэу къыщытрагъэлъэдаи, КIыщокъуэ Алим и «Нал къута» романым иращIэкIа хьэкIэтеуэм зэрыхашауэ щытам хуэдэу. Ауэ сыт къремыщIами, тхакIуитIыр зэщагъэIеифакъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы ищIэр хьэрэмыгъэм къыхихыртэкъым, хьэрэмышхыуи щыттэкъым, зэхэгъэж иIакъым, хэт щхьэкIи и гур зэIухауэ дунейм тетащ. НэхъыщIэхэр игъэгушхуэн фIэфI дыдэт, зыгуэрым дэIэпыкъуныр зыхуихь щыIэтэкъым. Язынықъуэхэм деж зыдэIэпыкъур имыцIыхуххэу къыщыщIэкIи щыIэт. Ауэ фIыщIэр кIуэдыркъым. Абы и тхыгъэхэр лъэпкъым и дыщэ чысэм илъу къэнащ, и IуэхущIафэхэмрэ и хьэлщэнымрэ ди дежкIэ уздынэмыплъыс лъагапIэщ.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# КУЭДЫМ ХУЭІЭИЖЬТ

... ІэпэкIэ теуIуэурэ зи хъугъуэ нэса хъарбыз пIащэхэр къызэрыхахым хуэдэу, лъэпкъ уэрэдхэм я нэхъ дахэхэр, къэфэкIэхэм я нэхъыфIхэр, псалъэхэм я нэхъ лъэщхэр къыхахауэ, ахэр жызыIэн, зыгъэлъэгъуэн цIыху минрэ щитхурэ ягъэхьэзырт. Ягъэхьэзырт Къэбэрдей-Балъкъэрым автономнэ къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэс пщыкIутху зэрырикъум и хьэтыркIэ ящIыну хьэгъуэлIыгъуэшхуэм щагъэлъэгъуэну.

Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я дахагъэр, я къарур зыхуэдэр зэрагъэлъэгъуэну щIыкIэм и сценарийр зытха щIалэр уэрэджыIакIуэхэм я дежи, хъуэхъу псалъэхэр жызыIэнухэм я дежи нэсырт. Зэрахыхьэуи ткIийуэ яхэпсэлъыхьырт:

– Хъуркъым! Зэ-ры-жы-ф-Iэр! ЗэрыжыфIэр хъуркъым! Фыкъызэплъ. Мыдэ сэ фы-къы-зэплъ! – Ар жиIэрти, зэм и Iэр ишийуэ, зэм и макъым лъагэу зригъэIэту, итIанэ хуэм зригъэщIыжурэ хъуэхъу псалъэ инхэр лъэщу жиIэрт...

Шортэн Аскэрбийт ар. Театральнэ институтым и студент ныбжьыщIэрт. Ар лIыпIэ имыувами, лIы хуэIухуэщIэ зыхузэфIэкIын щIалэу зэрыщытыр белджылы къыпщащIырт и жьакIуагъэм, и Iуэху зехьэкIэм. Мурад ин зэриIэри белджылыт.

А зэманым къызэпэщын щIэзыдза ди театрым Аскэрбий артист гурыхуи, режиссёр Iэзи зэрыхуэхъунур си фIэщ хъуат. Ар ЩоджэнцIыкIу Алий щыжесIэм мыпхуэдэу къызжиIэгъащ:

– Аскэрбий тIэкIу щхьэщытхъуу, щхьэприхыщэуи къызыфIэщI щыIэщ, ауэ цIыхубэм Iуэхушхуэ къыщыпэщытым деж, зи псэм емыблэжын щIалэщ ар. СыткIи ущыгугъ хъунущ. Ди театрымрэ ди драматическэ искусствэмрэ абы зэрызэфIигъэувэнум шэч хэлъкъым.

Советхэм я Унэм пэщыт утыкушхуэм иращIыхьауэ щыта трибунэм щекIуэкIыгъащ концерт гъуэззэджэр – гуфIэгъуэу, нэгузыужьыгъуэу. ЦIыху мин куэдым я гур игъэнэхуу, я псэр игъэхуабэу екIуэкIат ар.

ЦIыхубэм апхуэдиз гухэхъуэ езыта концертым и сценарийр итхыу Iэзэу зэрыригъэкIуэкIами, Бжьэдыгъу Шэмсэдин щIыгъуу Горькэм и рассказ зэрызэридзэкIами сытрагъэгушхуауэ, сэ жесIэгъащ Аскэрбий:

– Хыхьэ ТхакIуэхэм я союзым. Пхуэфащэщ абы ухэтыну.

«СыщIэкIынущи бжэр Iух» жесIа къыфIэщIа хуэдэу, Шортэныр ней-нейуэ, къызэпэгэкI-къызэпэгэкIыу къызэплъри жиIащ:

– Ыы, сыт союз!

– ТхакIуэхэм я союзым жысIакъэ.

– Апхуэдэхэм зэман тезгъэкIуэдэну сэ сыхущIыхьэркъым, – занщIэу пиупщIащ Шортэным.

ТIэкIу щхьэприхыIуэми, дэ Аскэрбий фIыуэ тлъагъуырт а щыщIалэм щыгъуи. Езыми искусствэр зыхилъхьэ щыIэтэкъыми,

сыт щыгъуи абы зыгуэр къыхуигъуэтырт, хузэхилъхьэрт щыщIалэ дыдэм къыщыщIэдзауэ.

Шиллер и пьесэ «ФIылъагъуныгъэмрэ хьилэшы бзаджэмрэ», Корнейчук и «Платон Кречет»-р Къэбэрдей театр ныбжьыщIэм зэригъэуву, режиссёрыгъэкIэ Аскэрбий зэфIэкI зэриIэм зыми шэч къытримыхьэж хъуащ. Езы Шортэным и гъащIэри и лэжьыгъэри илъэс куэдкIэ пищIащ театрым.

* * *

ДигъэгуфIэну къыджиIэми, дызригъэхъуэпсэну къыджиIэми къыпхуэмыщIэну, Аскэрбий куэдрэ къыдиIуэкIырт:

– Фэзгъэлъагъунщ сэ тхэкIэ!

1939 гъэм сэ абы сеупщIащ:

– Дыпоплъэ, Аскэрбий, уэ тхэкIэ щыдбгъэлъагъуну махуэм.

– ФымыпIэщIэж иджы. ЩIэх дыдэу флъагъунщ жэнэтыр хэт хуэфащэми, жыхьэнмэм хэт исыпхъэми.

ЗэрыжиIауи тлъэгъуащ куэд дэмыкIыу...

«Батыр и къуажэр» ди драматургием и япэ пьесэу щытакъым. Нэхъ пасэу ятхауэ нэгъуэщI зыщыплIи диIащ. Ауэ абыхэм еплъытмэ, Шортэным ейр куэдкIэ нэхъыфIт, нэхъ Iэзэу зэхэлъхьа хъуат. Ар колхоз-совхоз театрым игъэувати, спектакль гъуэзэджэ зэрыхъуар си гуапэ дыдэу Аскэрбий и Iэр субыдри сехъуэхъуащ. Шортэныр лIыпIэ зэриувар белджылыт. Ар зыщIэж езыми жиIащ:

– ТхэкIэ зэрывэзгъэлъагъунур вжесIатэкъэ, ыы!

– Пэжщ, Аскэрбий, къыджепIэгъащ.

– АтIэ аращ. ЗэвгъащIэ: Шортэным псалъэ нэпцI жиIэркъым.

Сыт жыпIэжынт!

ЩоджэнцIыкIу Алий жиIэгъар: «Аскэрбий цIыхубэр фIыуэ елъагъу. И псэр пхуитыну фIыуэ елъагъу», – куэдрэ сигу къокIыж. КъокIыж, сыту жыпIэмэ, цIыхубэмрэ абы и культурэмрэ фIыуэ, фIы дыдэу зылъагъурщ Шортэным и пщэм дилъхьа Iуэхур зи пщэм дэзылъхьэфынур.

Псори зэрыщыгъуазэщи, цIыху куэдым илъэс куэдкIэ зэхуахьэсауэ щыта къэбэрдей IуэрыIуатэр тхылъу къыдагъэкIыным хунэмысу зауэр къэхъейри, ди хэкум къизэрыгуа фашистхэм щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр зыщIэса унэри, абы Iэрытхыу щIэлъа томипщIхэри ягъэсыгъащ.

Гъавэр, Iэщыр, псэуалъэр мафIэм исамэ, зы илъэс-илъэситIым зэрагъэпэщыжыф. Ауэ илъэс мин IэджэкIэ цIыхубэм зэхалъхьа IуэрыIуатэр зэрыт Iэрытх напэкIуэцI мин Iэджэр мафIэм исамэ, ар щIэрыщIэу зэхуэпхьэсыжыныр, абыхэм зэрыхуэфащэкIэ уелэжьыжыныр, зэтемыхуэхэр зэтехуэ пщIыжыныр, ар тхылъу къыдэбгъэкIыныр Iуэху тыншкъым. Ауэ Аскэрбий ар хузэфIэкIащ.

ЦIыхубэ IуэрыIуатэр зэхуахьэсыжын папщIэ, 1948 гъэм къыщыщIэдзауэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым экспедицэу иригъэкIуэкIахэм я унафэщIу лажьэурэ, Iэрытхыу тхылъ напэкIуэцI 7.500-м нэс, IуэрыIуатэу, уэрэдрэ пшыналъэу метр 25.000-рэ зыубыд пленкэм техуэ зэхуахьэсащ абыхэм. Дыщэр пшахъуэм къызэрыхагъэкъэбзыкIым хуэдэу, нэхъыфI дыдэхэр къыхахыжурэ къыдагъэкIащ тхылъ куэд.

Зэхэту, зэдэIэпыкъуу къыдагъэкIа тхылъхэм нэмыщIкIэ, щIэныгъэлI Шортэным и къалэмыпэм къыщIэкIауэ тхыгъэ гъуэзэджэхэри щыIэщ. Абыхэм ящыщу икъукIэ гу зылъытапхъэщ Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуауэ абы итха лэжьыгъэр. Iущым и Iущыж Къэзанокъуэр зыхуэдам, цIыхубэм я гум ар къыщIинэжам, фIыуэ щIалъэгъуам теухуа а тхылъ гъуэзэджэр Шортэным къехъулIахэм ящыщ зыщ.

* * *

ЗэрыжытIащи, Аскэрбий литературэм къыхыхьащ драматургыу. Абы итхащ «Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ», «Партым и лIыкIуэ», «ИгъащIэкIэ», «ХьэкIуэкIунэ» пьесэхэр. Гум къинэжу, ди драматургиери, ди театрри зы нэкIэ дриIэтейуэ зэхэлъхьа хъуащ «Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ» пьесэр. Абы щызэIуощIэ, щызобэн, щызозауэ кIуэдыжын хуей хабзэжьымрэ хабзэщIэмрэ. ИкIи щIэр зэпымыууи токIуэ.

Шортэным а пьесэр къехъулIэныр къызыхэкIар абы хэтхэм я гуращэхэр псалъэкIэ къаIуатэ къудей мыхъуу, я щытыкIэхэр, я мурадхэр IуэхукIэ, я хьэл-щэнкIэ къызэригъэлъэгъуарщ. Драматургым и бзэр зэрыдахэр, зэрыкъабзэр сэбэп ин хъуащ авторым и мурадыр наIуэ, гурыIуэгъуэ хъунымкIэ.

Шортэн Аскэрбий щIэныгъэлIщ, драматургщ. КъиIуэтэну и гум илъыр апхуэдизкIэ куэдти, а тIури хурикъуакъым. Абы роман тхынми щIидзащ. «Бгырысхэр» фIэсщауэ роман сотх, Хьэчим», – къыщызжиIам, гуапэ сщыхъуащ. Зызумысыжынщи, тIэкIуи сыщысхьащ. Илъэсищэ ипэкIэ псэуа цIыхухэр къэбгъэхъужу, абы хьэл-щэну яIахэр къызэбгъэпэщыжу, блэкIа лIэщIыгъуэм екIуэкIа Кавказ зауэр къэбгъэлъэгъуэжыныр зэрыгугъур, зэрыхьэлъэр сщIэрт. Ауэ, сыт хуэдэ гугъуехьми къримыгъэкIуэту, Шортэным итхащ «Бгырысхэр».

Аскэрбий иIэта лэжьыгъэхэр сэ еслъытащ лIыгъэм. Ауэ абы лIыхъужьыгъэ щызэрихьар мамыр лэжьыгъэ къудейркъым. ЗэуапIэми лIыхъужьу Iутащ. Абы къыпэкIуащ орденхэмрэ медалхэмрэ...

**ТЕУНЭ Хьэчим.**
*1966*

# ТХЫДЭМ И ПЭЖЫПIЭ

ЛIэщIыгъуэ никъуэ ипэкIэ япэ лъэбакъуэр зыча къэбэрдей литературэр нобэ хъуащ цIыхубэр зэрыбжьыфIэ художественнэ къулеигъэ, абы и фIыцIэр лъэпкъ, уеблэмэ къэрал гъунапкъэхэм щхьэдэхащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абыкIэ фIыщIэр псом япэрауэ зыбгъэдэлъыр лиературэм и хабзэ, щапхъэ, унэтIыпIэ нэхъыщхьэхэр зи акъылым къилэжьа тхакIуэхэрщ. Къэбэрдей литературэм и тхыдэм щыгъуазэ дэтхэнэм дежкIи нэрылъагъущ Шортэн Аскэрбий апхуэдэ тхакIуэхэм – лъэпкъ литературэм и фIыпIэр зи акъылым къилэжьа цIыху псэемыблэжхэм зэращыщыр.

Шортэн Аскэрбий и цIэмрэ и гуащIэмрэ епхащ къэбэрдей литературэм, лъэпкъ театральнэ искусствэм, лъэпкъ культурэм, щIэныгъэм, псалъэм папщIэ, фольклористикэм, я япэ лъэбакъуэхэр. Аскэрбий и Iэдакъэ къыщIэкIащ япэ адыгэ романыр, япэ къэбэрдей драмэр; а цIыху гуащIафIэм и фIыгъэкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуэ IуэрыIуатэ къулейм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыфIхэр. Аркъудейри ирикъунт Шортэным лъэпкъ культурэм хилъхьа гуащIэм и инагъыр ириплъытэну – япэ лъэбакъуэр зычым и фIыщIэм пащI щыIэкъым, ар тхыдэм зэи щыкIуэдыркъым.

Ди литературэм и тхыдэм зэи щыкIуэдынкъым Аскэрбий и къалэм гуащIафIэм игъэбэта лэжьыгъэ хьэлэмэтыр. А лэжьыгъэр Шортэным пасэ дыдэу иублэгъащ. И ныбжьыр илъэс тIощIым нэсатэкъым Аскэрбий и япэ тхыгъэр дунейм къыщытехьам.

Зи гугъу тщIыр 1934 гъэм тхакIуэм и къалэмыпэм къыщIэкIа «Батыр и къуажэ» драмэрщ. Ди литературэм и тхыдэр зыдж хэм къызэралъытэмкIэ, аращ къэбэрдей драматургием щIэдзапIэ хуэхъуар. Пэжщ, ар дунейм къытехьэн ипи, драматическэ тхыгъэ гуэрхэри щыIащ, ауэ абыхэм я лъэужьу нобэм къэсар мащIэ дыдэщ: зэманым къел хабзэр зи гупсысэр жыжьэ нэIус тхыгъэ купщIафIэрщ; Шортэным и япэ драмэр апхуэдэ тхыгъэхэм зэращыщым шэч хэлъкъым.

«Батыр и къуажэ» пьесэм деж белджылы щыхъуащ зи Iэпкълъэпкъыр зэрыубыд, зыужьыныгъэм и гъуэгуанэм техьагъащIэ къэбэрдей драматургием унэтIыпIэ нэхъыщхьэ хуэхъун хуейр – гъащIэм и пэжыпIэр, и уэрыпIэр, и гуащIапIэ дыдэр искусствэм лъабжьэрэ купщIэрэ хуэщIын зэрыхуейр.

«Батыр и къуажэ» драмэм и Iэрытхыр зауэм и лъэхъэнэм кIуэдащ, абы ущытепсэлъыхькIи тегъэщIапIэ пхуэхъунур а драмэм ипкъ иткIэ Шортэным зауэ нэужьым итхыжа «Партым и лIыкIуэ» пьесэрщ. Зыр адрейм пкъы хуэхъужами, зи цIэ къитIуа тхыгъитIыр куэдкIэ зэщхьэщокI, дэтхэнэри дунейм къыщытехьа лъэхъэнэм екIу, лъэхъэнэм и дамыгъэ белджылыхэр къызыхэIупщIыкI гупсысэрэ фащэкIэ узэдащ. Гу лъытэн хуейщ «Партым и лIыкIуэр» зи Iэдакъэ къыщIэкIар драматургическэ искусствэм и хабзэхэм Iэрыхуэ дыдэ хуэхъуа, а искусствэм и лъагапIэхэм ебгъэрыкIуэфа, литературэм и лъэпкъыгъуэ зыбжанэм щылъащэ тхакIуэу зэрыщытым.

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, Шортэным и пьесэхэм лъабжьэ

яхуэхъур гъащIэм и пэжыпIэрщ, абы и уэрыпIэ дыдэм къыщежьа гупсысэ жанхэрщ. Аращ драматургием и хабзэ нэхъыщхьэр. НэгъуэщI хабзэ ищIэркъым литературэм и лъэпкъыгъуэхэм щыщу нэхъ гугъу дыдэу М. Горькэм илъыта драматургием.

Зэрыхабзэщи, Аскэрбий и драмэм щIэлъ гупсысэм, кIуэ пэтми зыкъызэкъуихыу, нэхъ жан хъу зэпыту, зеужь, зы мэскъалкIэ утемызашэу. Зиужьурэ, зиIэтурэ, а гупсысэм узэщIеубыдэ, ар уи Iэпкълъэпкъым хохьэ, абы уи гущIэм зыпхедз, уи акъылыр егъэлажьэ, зэхэзехуэн ещI. А гупсысэр драматургым игъэплъакъуэркъым, игъэжакъуэркъым; абы и гъуэгур занщIэщ, къызэтеувыIэ иIэкъым, щхьэдэхыпIэ хуэзакIэ къыпикIухьыркъым – псыдзэм хуэдэу кIуэцIрех и гъуэгур.

... Псыхъуэ зэвым дэс къуажэ цIыкIур дунейм пыкIэрэхъукIа пэлъытэщ: «ервэлюцэщи», дунейр зэрызохьэ, пащтыхьыр тахътэм къърадзыхащ, «зи Iэщэр нэхъ жаным утыкур еубыд» ... Апхуэдэущ къазэрыщыхъур зи гугъу тщIы къуажэ цIыкIум утыкур щызыубыдахэм – партизан гупым я пашэ Мурат, къинэмыщIхэми. «ЛIакъуэлIэшхэр зыхэтхуащи, ди щхьэ закъуэ ди лъакъуитIу дыпсэунщ, къытхыхьи тхэкIи щымыIэу», – йогупсыс Мурат. Абы дэнэ щищIэн, псыхъуэ зэвым зыдаубыдэжкIэ, дунейм пыкIэрэхъукIкIэ, мэкъумэшыщIэхэм я кIэн къызэримыкIынур? ИщIэркъым. ИщIэркъым къуакIэбгыкIэхэм дыхьэжа хьэщхьэрыIуэдзэр – лIакъуэлIэшхэр зэщэр зэрыарар: къуажэр революцэм къыхагъэджэрэзыкIыу иужькIэ ар зыIурагъэлъэдэжын мурадщ лIакъуэлIэшхэр зыхуэулъэпхъащэр. Мурат абы гу лъитэркъым. Лъитэркъым, революционнэ щIэныгъэм хуэхейщи. Ар хахуэщ, щхьэмыгъазэщ, ауэ аркъудеймкIэ «дунейр зэтес» пхуэщIынукъым. МэкъумэшыщIэхэм хуэм-хуэмурэ гу лъатэ Мурат и акъылкIэ «дунейр зэтес» зэрыпхуэмыщIынум – псыхъуэ зэвым зыдэубыдэжынри революцэм уи щIыб хуэбгъэзэнри зыщ, тIури кIуэдыпIэщ, тIуми хьэщхьэрыIуэдзэм и IэмыщIэм уралъхьэнущ, пщылIыпIэмрэ икIагъэмрэ ухуашэжынущ. Апхуэдэу щыщыткIэ, йогупсыс мэкъумэшыщIэхэр, «дунейр зэтес» щыхъунур «революцэм» и акъужь къабзэр псыхъуэ зэвым къыдэуа нэужьщ. А гупсысэ телъыджэм ахэр хущIэзыгъэтаджэр большевикхэм я лIыкIуэрщ, абы и революционнэ щIэныгъэмрэ и акъыл жанымрэщ...

КIэщI дыдэу къэпIуатэмэ, аращ «Партым и лIыкIуэ» драмэм и купщIэр. А купщIэр, мыбдеж къызэрыщыIуэтэжам хуэмыдэу, куэдкIэ нэхъ къулейщ. Драматургым и къалэмым а купщIэр егъэбатэ, гупсысэ кууукIэ зэщIегъэшасэ; ди нэгу щIокI цIыху цIыкIу Iэджэм я дунейр, щыгъуазэ дохъу, зыхыдощIэ я гурыгъугурыщIэхэр, я гупсысэ щэхухэр, долъагъу абыхэм я гум щыщIэр, я псэм дэлъыр, я лъыр зэщIэзыгъаплъэр. Шортэныр икъукIэ хуэшэрыуэщ абы – цIыхум и гурыщIэр къэублэрэкIыным, и фэм дэкIымрэ и гум щыщIэмрэ сэтей къэщIыным, цIыхупсэм и дурэшплIэрэшхэм дыдигъэплъэным. Аскэрбий и къалэмыпэм къыщIэтэджыкIа персонажыр нэгъуэщIым хэзэрыхьынкIэ Iэмал зимыIэщ – ар дапщэщи къыбоцIыху, дэнэ ущыIущIэми уи нэIуасэ гуэр хуэдэу урохьэлIэ. Хэти гу лъетэ Шортэным и драмэхэм дызыщрихьэлIэ цIыхухэм щхьэж къэс езым и хьэл-щэн, и псэлъафэ, и зекIуэкIэ, и зыIыгъыкIэ,

и гупсысэкIэ зэриIэм. Дауи, ар къызэхъулIэр цIыхум и психологием фIы дыдэу щыгъуазэ, абы и гурыгъу-гурыщIэхэр къэхутэныр къалэн нэхъыщхьэу зыхуэзыгъэувыжа драматургырщ.

ЦIыхум я гурыгъу-гурыщIэхэм я лъащIэ дыдэм нэплъысыф, дэтхэнэ цIыхуми зыгуэркIэ хьэлэмэт дуней, гупсысэ, хьэл-щэн, псэлъафэ дэзылъагъуф драматургым – Шортэн Аскэрбий и Iэдакъэ къыщIэкIащ персонаж зэмылIэужьыгъуэ Iэджэ. Зыр зым зыкIи ещхькъым абы и къалэмым къигъэщIа персонажхэр, дэтхэнэри гукъинэщ, IупщIщ, къулейщ. Абы и щыхьэт наIуэщ, псалъэм папщIэ, «Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ» пьесэр. Хъыжьэми, лэжьыгъэ IэнатIэм гурэ псэкIэ бгъэдэт Къэрэмырзэ; лIыжь акъылыфIэ, лIыжь лэжьэрей Батыр; зи псэр къабзэ, щIалэ гупцIанэ Мухьэмэд; фызыжь псэ дахэ Нанэ; лэжьакIуэ пашэ Хьаний; пцIы упсыныр зи нэрыгъ, «заявленэжьыфIхэр зыгъэдалъэ» Мусэ – зыр зым зыкIи ещхькъым а пьесэм дызыщрихьэлIэхэр. Щхьэж зэрыхуэфэщэнкIэ абыхэм ящыщ дэтхэнэми еIуатэ тхакIуэм и гупсысэр, а гупсысэр зыхуэунэтIар наIуэ ящI. Жьымрэ щIэмрэ зоныкъуэкъу, а бэнэныгъэм цIыхухэр дыхохъуэ, абы зыдаужь. ЩIэр зэрыIэубыдыпIэншэр, ар зыубыдыфын къару зэрыщымыIэр, цIыхум зыщиужьынкIэ хъунур, абы насып къыщехъулIэнур гъуэгущIэр, псэукIэщIэр, дунеищIэр ару зэрыщытыр – аращ Шортэным и пьесэм щIэлъ гупсысэм дызыхуигъэушыр. А гупсысэр наIуэ зэрищI Iэмалхэр и мащIэкъым Шортэным, дэтхэнэ Iэмалри зыхуэунэтIар абы и зыужьыкIэм дыкIэлъигъэплъынырщ, ар гурэ псэкIэ зыхыдигъэщIэнырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъуэнщ Шортэным и конфликт ухуэкIэм, а конфликтыр зи къежьапIэ бэнэныгъэм зэрызиIэтым укIэлъыплъыныр.

Драмэм щIэлъ бэнэныгъэм абы хэт цIыхухэр, зэрыхабзэу, гупитIу зэпигъэщхьэхукIыркъым, атIэ а бэнэныгъэм персонажхэр зэгуэгъу ещI, тIурытIу зэрепх. Апхуэдэ «бэнэныгъэ» я кум дэлъщ, псалъэм папщIэ, КъэрэмырзэрэФатIимэтрэ, Николайрэ Къэрэмырзэрэ, ФатIимэтрэ Нанэрэ, Хьанийрэ Дисэрэ, Дисэрэ Мухьэмэдрэ, нэгъуэщIхэми.

Шортэным и драмэм щIэлъ бэнэныгъэр зэи зэпыуркъым – арыншамэ, абы и пкъыр щIэлIэнущ, гупсысэри жэщIынущ. Шэч къыщIытепхьэжын щыIэкъым Шортэным и драмэм щIэлъ бэнэныгъэм – гупсысэм зиукъуэдий зэпытурэ зэрызиужьым. Ар – бэнэныгъэр – ипэкIэ кIуатэ зэпыту зэрекIуэкIым деталь хьэлэмэтхэр щыхьэт тохъуэ. Зэ еплъыгъуэкIэ апхуэдэ деталхэм гу лъытэгъуафIэкъым, уеблэмэ мыхьэнэ гуэри ямыIэ хуэдэу къыпфIэщIынкIэ мэхъу. Ауэ набдзэгубдзаплъэм дежкIэ апхуэдэ деталь цIыкIуфэкIухэм куэд яIуатэ. Мис, псалъэм папщIэ, ФатIимэт и анэм, Нанэ, и IункIыбзэ «пэтIей цIыкIур». Нанэ а IункIыбзэ «пэтIей цIыкIур» зыпищI щыIэкъым, зы дакъикъи игъэтIылъыркъым. А деталь закъуэмкIэ Шортэным дегъэцIыху фызыжьыр – ар зищIысыр, и акъылыр здынэсыр, и мурадхэр зыхуэунэтIар. «Мис мы IункIыбзэ пэтIей цIыкIум Iуигъэпкl пхъуантэшхуэм дэз къэзыщIыфым уестынущ», – жреIэ Нанэ и пхъум. Иджы гурыIуэгъуэщ Нанэ и «дунейр»: абы ищэфынущ и пхъур, хьэпшыпщ и пхъур зыпищIыр.

IункIыбзэм и «къалэныр» абдежым щызэфIэкIыркъым. Дигу къэдгъэкIыжынщ: ФатIимэт, Николай сымэ я фIыгъэкIэ фызыжьым

зеузэщIыж, и нитIыр къоплъэж, и акъылыр бзыгъэ мэхъуж. Драмэм и кIэуххэм деж мыпхуэдэ сценэ цIыкIу ущрохьэлIэ: ФатIимэт, пхъуантэм дэIэбэн хуей хъуащи, IункIыбзэIухым щIоупщIэ. «Сэ сщIэрэ, сэ IункIыбзэхэр згъэхъу уфIэщIрэ?» – къыпедзыж Нанэ... АбыкIэ гу лъыботэ цIыхур хьэпшыпым пэзыщIу щыта цIыхум и дуней еплъыкIэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэм: иджы абы къыфIэIуэхур пхъум къыщIихыну щэкIыщхьэхэр зыдилъхьэну пхъуантэжьыркъым, абы и гупсысэр нэгъуэщIым ета хъуащ. Апхуэдэ мыхьэнэ иIэщ Колосовым и тыгъэми – Нанэ щхьэкIэ къалэшхуэм къыздриха нэгъуджэм. Фызыжьыр, набгъэщи, дунейм хуиту теплъэфыркъым, илъагъуркъым «мы дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэр». Зи нэр хуэмхуэмурэ къэпщIыжа Нанэм, нэгъуджэр щызыIуилъхьэкIэ, жеIэ: «А дуней, си нэхэр къэплъэжаи!» Зи нэр къэплъэжа, зи акъылыр бзыгъэ хъуа фызыжьым фIэигъуэджэкъым и пхъур «зэрыжыIэмыдаIуэр»: ФатIимэт докIуэ фIыуэ илъэгъуа щIалэм; нэхъапэм пэрыуэу щытами, иджы абыкIэ Нанэ и пхъум пэрыуэжынукъым.

Шортэным и драмэхэр, зыр зым кIэлъыпIащIэу, зэрыжаIэу, зым и лъэдакъэпэр адрейм пичу, дунейм къытехьэркъым, ауэ абы и Iэдакъэ къыщIэкI тхыгъэр дапщэщи гукъинэщ. Аскэрбий и къалэмым игъэбэтауэ зы пьеси лъэужьыншэ хъуагъэнкъым. «Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ», «Партым и лIыкIуэ», «Унагъуэ гуэрым», «ИгъащIэкIэ», «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ» – а тхыгъэхэм ягъэбелджылы къэбэрдей драматургием зэпича гъуэгуанэм и шыфэлIыфэ нэхъыщхьэхэр, ягъэнахуэ а гъуэгуанэм и унэтIыпIэхэр, гъэзапIэхэр, хэхъуапIэхэр.

Пкърымыгупсысыхьауэ зы темэ зрипщытыркъым Шортэным. «Мы сыхьэтым мыр птхымэ, мы дакъикъэм мыр бусмэ, нэхъ къезэгъыну къыщIэкIынщ» жызыIэм – ар иретхакIуэ, иреусакIуэ е иредраматург – и къалэмым уегъэплъакъуэ, апхуэдэм и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэм и гъащIэр кIэщIщ: «мы сыхьэтымрэ» «мы дакъикъэмрэ» тхыдэм зэрыхэбзахэу, мэкIуэдыж... Шортэным и драмэхэм апхуэдэ шынагъуэ къазэрыщIэмылъыр хэт дежкIи нэрылъагъущ, сыту жыпIэмэ абыхэм къызэщIаубыдэр сыхьэтыпэ гупсысэкъыми. Идейно-тематическэ лъабжьэ къулей иIэщ, гупсысэ лъэщкIэ гъэнщIащ, псалъэм папщIэ, «ИгъащIэкIэ» историческэ драмэ гъуэзэджэр. Илъэс щиплI ипэкIэ ди лъэпкъым и нэгу щIэкIа тхыдэм триухуами, абы и гупсысэр зыкIи тпэжыжьэ хъуакъым, тхыдэм къыхэтэджыкI персонажхэри ди акъылым къимытIасэу къанэркъым. Шортэным тхыдэр щIепщытыкI нобэрей цIыхум и акъылкIэ, щыгъуазэ дещI Къэбэрдейм дежкIэ псэзэпылъхьэпIэу щыта а лъэхъэнэм и пэжыпIэм.

Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэщи, Къэбэрдейм илъэс щиплI ипэкIэ ича лъэбакъуэм – Урысейм зэрыхыхьам – ди лъэпкъым фIыгъуэ Iэджи къыхудэкIуащ: а лъэбакъуэм къыдобжэ адыгэхэмрэ урысхэмрэ къызэдакIуа гъуэгуанэ кIыхьыр. ИгъащIэкIэ кIэ иIэнукъым а гъуэгуанэм, игъащIэкIэ мыкъутэжынщ гурэ псэкIэ зэбгъэдэува лъэпкъхэм яку дэлъ ныбжьэгъугъэр – апхуэдэ гупсысэр наIуэу, IупщIу, жану еIуатэ Шортэным.

Ди лъэпкъым и нэгу щIэкIа тхыдэр лъабжьэ хуэхъуащ Шортэн Аскэрбий и роман цIэрыIуэми – «Бгырысхэм». Ар, тхакIуэм

зэримурадымкӀэ, тхылъ зыбжанэ хъун хуейщ, зэкӀэ дунейм къытехьар япэ тхылъитӀырщ.

Романым лъабжьэ хуэхъун хуеяр Нэгумэ Шорэ и гъащӀэрт. Ауэ, Шорэ и гъащӀэмрэ и лэжьыгъэмрэ здиджым, Аскэрбий гу лъитащ аркъудеймкӀэ лъэхъэнэм и тхыдэр зэрыпхуэмыгъэбэтэнум. Зы цӀыху гъащӀэр зи лъабжьэу убла хъуа романым хуэм-хуэмурэ зиубгъуащ, ар лъэпкъ псом и тхыдэм нэсащ. Лъэпкъ тхыдэми къыщызэтенакъым. ТхакӀуэм и къалэмыр щхьэдэхащ Къэбэрдейм и гъунапкъэхэм – ар нэсащ шэшэнхэм, дагъыстанхэм, осетинхэм, шапсыгъхэм, бжьэдыгъухэм, абэзэхэхэм, нэгъуейхэм, къалмыкъхэм я дежи. Аркъудейкъым. ТхакӀуэм щыгъуазэ дещӀ Урысейми, Тыркуми, Персиеми, нэгъуэщӀ хэкухэми къыщыхъу Ӏуэхухэм. Романым адэ-мыдэкӀэ къыщыхохьэ мэкъумэшыщӀэхэр, пщыхэр, дзэлӀхэр, инджылыз тӀасхъэщӀэххэр, тырку сондэджэрхэр, бгырыс лӀакъуэлӀэшхэр, къэжэр зауэшыхэр, инэралхэр, джэгуакӀуэхэр, щӀэныгъэлӀхэр, пщылӀхэр, унэӀутхэр, къинэмыщӀхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми и щхьэ Ӏуэху е къэрал Ӏуэху зэрахуэ, зыр зым и щӀыб къыдэтщ, зыр адрейм зыгуэркӀэ пыщӀащ...

Апхуэдизу щхьэ зиубгъун хуей хъуа романым?

Дигу къэдгъэкӀыжынщ епщыкӀубгъуанэ лӀэщӀыгъуэм и пэщӀэдзэм Кавказыр зыӀута ӀэнатӀэр. ДунеитӀыр – Европэмрэ Азиемрэ – зэпызыщӀэ лъэмыж пэлъытэу ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкӀуащ Кавказыр, псалъэм папщӀэ, Къэбэрдейр. ЗэрыпхъуакӀуэ мащӀэ щызэблэкӀакъым ди хэкум, Ӏэджэ къещащ абы и псэм. Ар зэрапхъуэн мурадым хуэулъэпхъащэ зэпыту лӀэщӀыгъуэ ӀэджэкӀэ дзэлэшхащ Ӏэщэр зи нэрыгъ къэралыгъуэжьхэр – дунеитӀыр зэпызыщӀэ лъэмыжыр уи ӀэмыщӀэ ибубыдэныр, дауи, хъуэпсэгъуэт... ЕпщыкӀубгъуанэ лӀэщӀыгъуэм и пэщӀэдзэм нэхъри етащ зэрыпхъуакӀуэхэр, уеблэмэ абыхэм я бжыгъэм хэхъуащ – «дунейр зэпэзыгуэшыж» Англиери, Франциери, урыс пащтыхьри къэшэсащ; Персиемрэ Тыркумрэ я пщӀыхьэпӀэ хэкӀыххэртэкъым ди хэкур.

Бгырысхэм я Ӏуэхур хэплъэгъуэ хъуащ. ПсэзэпылъхьэпӀэ лъэхъэнэт ар. Зы къэралыгъуэу щызэгуэмыткӀэ, зэрызахъумэжын къару щамыӀэкӀэ, «дуней гуэшыжыгъуэм» щичэзукӀэ, бгырысхэр я пщэдейм егупсысын хуейт. Шортэным и романыр а «пщэдейм» егупсысын хуейуэ ирахулӀа бгырысхэм я тхыдэм и гъуджэ пэлъытэщ.

Езы лъэхъэнэм кавказ бгырысхэм я пащхьэ къригъэуващ мыпхуэдэ упщӀэхэр: мы псэзэпылъхьэпӀэ зэманым хэт гъусэ щӀын хуейр? Хэт бгырысхэр ажалым къезыгъэлынур? Хэт къуэувэн хуей ахэр? Хэплъэгъуэ зэманым цӀыхубэм илэжьын хуейр сыт?

Апхуэдэ упщӀэхэм жэуап иратын мурад зыщӀа цӀыху «хъыжьэ» куэд щыболъагъу Шортэным и романым. Хэкупщхэм я нэхъыбэр, диным и лэжьакӀуэхэр «муслъымэн лъахэмкӀэ» – Тыркум, Персием маплъэ. Ахэр зы гупщ. «ТекӀуэм и телъхьэ дыхъунщ» жызыӀэхэри зы лъэныкъуэкӀэ къоув. Пащтыхьым къуэлъэдэжахэри мащӀэкъым – абыхэм зи Ӏуэху зэрахуэр гурыӀуэгъуэщ: пащтыхь пщӀантӀэм бзэгу щызэрахьэурэ лъэпкъым и куцӀыр щӀэфыкӀынырщ, ар кӀыфӀыгъэм щыӀыгъынырщ. Утыкум къинар цӀыхубэрщ. Утыкум къинащи,

цIыхубэм бэлыхь тIуащIэр яшэч: зэрыпхъуакIуэхэм я удынри зыхащIэ, лъэпкъ лIакъуэлIэшхэми плъапIэ къратыркъым.

Хьэзаб тIуащIэ зытелъ цIыхубэм я лъыр къоплъ, къоплъ хуэм-хуэмурэ, цIыху цIыкIур зырыз-тIурытIурэ мэшэс, зэкIэ темыгуш-хуащэми. Романым и япэ тхылъхэм уи фIэщ щохъу зэхэзехуэн ящIа бгырыс цIыхубэр, гува-щIэхами, къызэрытэджынур – абы игу техуэнукъым залымыгъэр, пщылIыпIэр, кIыфIыгъэр, мыгъуа-гъэр, пудыныгъэр... Япэ тхылъхэм щытлъагъуркъым цIыхубэр къызэщIэтэджауэ, ауэ ар абы хуэхьэзыр зэрыхъум гу лъыботэ. Абы и щыхьэтщ, псалъэм папщIэ, Дэбэч ищIа джатэр шууэ ирахьэжьэу зэIэпахыурэ мэкъумэшыщIэхэм зэрапсыхьыр – мыгувэу лыдынущ а джатэр, а джатэм хуитыныгъэкIэ щогугъ бгырыс цIыхубэр. Дэбэч и джатэмрэ Шорэ Урысейм кърих щIэныгъэмрэщ цIыху цIыкIур къы-зэщызыгъэунур, аращ бгырысхэм ялъ зыщIэжынур.

Романым и япэ тхылъхэм жэуап щагъуэтыркъым ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа упщIэхэм – абыхэм жэуап щагъуэтын хуейр къыкIэлъыкIуэ тхылъхэрщ, итIани гу лъумытэу къанэркъым бгы-рыс лъэпкъхэм къахэхъукI цIыху губзыгъэхэм, псалъэм папщIэ, Нэгумэ Шорэ хуэдэхэм, Урысейр плъапIэ зэращIым. К. Маркс зэ-ритхыгъащи, а зэманым кавказ бгырысхэм дежкIэ Урысейм нэхъ плъапIэфI щыIэтэкъым, арат бгырысхэр европейскэ культурэм гъу-нэгъу хуэзыщIыфынур. Ар къагурыIуэу щытащ зи акъылыр лажьэ, щIэныгъэ зыгъуэта, хэкумрэ лъэпкъымрэ папщIэ зил уз цIыхухэм.

Шортэным и романым и лIыхъужь нэхъыщхьэр цIыхубэрщ. Аращ тхыдэм и къару нэхъыщхьэ дыдэр, апхуэдэущ цIыхубэр «Бгырысхэр» романым зэрыщытлъагъури. ТхакIуэм дегъэлъагъу цIыхубэм я нэгу щIэкI гугъуехьыр, ди фIэщ ещI ар сыт хуэдэ гу-гъуехьми зэрыпхыкIыфынур; абы и пщэдейр, гува-щIэхами, бзыгъэ хъунущ; лъэпкъымрэ хэкумрэ я насыпыр къэзызэунур, лъэпкъ куль-турэр зэфIэзыгъэувэнур зи гуащIэкIэ псэуж цIыхурщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, цIыхубэм я дунейр, я псэукIэр, я гупсысэкIэр, я Iуэху еплъыкIэр белджылы зэрыпщIыфынур цIыху щхьэхуэхэм я образкIэщ. ЦIыхубэм я лIыкIуэхэм – Нэгумэ Шорэ, Щэмел, Дэбэч, Чылар, Бот, Бэтокъуэ сымэ, нэгъуэщIхэми увыпIэшхуэ щаубыд Шортэным и тхыгъэм, ахэращ тхакIуэм и гуп-сысэ нэхъыщхьэхэр зэриIуатэр, абыхэм я дежщ цIыхубэм хэлъ къа-ру мыкIуэщIыжыр, акъылыр, гуащIэр, къабзагъэр, гупцIанагъэр, гулъытэр щызыхэтщIэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми щхьэж хуэфащэ увыпIэ щеубыд романым, щхьэж зыбгъэдэт IэнатIэ елъытауэ рома-ным и идейнэ унэтIыпIэр яукъуэдий.

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, романым лъабжьэ хуэхъун хуеяр Нэгумэ Шорэ и гуащIэмрэ и лэжьыгъэмрэт. ИужькIэ зиубгъуужами (абы и щхьэусыгъуэм щыгъуазэ дыхъуакIэщ), романым а образыр зыкIи нэхъ кIащхъэ щыхъуакъым, уеблэмэ ар нэхъри IупщIу, бел-джылыуэ, нэхъри зэпкърыхауэ ди пащхьэ къиуващ.

ТхакIуэм дыкIэлъегъэплъ «бгырыс хъыжьэр гурыщIэ телъыджэм – щIэныгъэм къызэрыщIэтэджэнур» хьэкъыу зи фIэщ хъуа цIыхум и акъылыр хуэм-хуэмурэ бзыгъэ зэрыхъум; хуэм-хуэмурэ къыхокI ар диным и пшагъуэ кIыфIым, гурэ псэкIэ хуопабгъэ кIыфIыгъэм къызэпхидз нэхугъэ мащIэм. А нэхугъэ мащIэр зи гущхьэм тепса

цIыхум фIэкъабылкъым, фIэзахуэкъым диным и «уазхэр». «Си дежкIэ цIыхугъэрщ диныр», – жеIэ абы. ЦIыхугъэр зыгъэлъапIэ, ар псом зэращхьэр къызыгурыIуа Шорэ игу техуэркъым диным и IэщакIуэхэм, лIакъуэлIэшхэм цIыху цIыкIум ирагъэшэч хьэзабыр. ПщылIхэм ящыщ зы, Бот, кIуэдыкIей щыхъум, Шорэ ил мэузри, гъыбзэ еус. Шорэ и гъыбзэм нэпс щIигъэкIыркъым, абы нэгъуэщI къару хэлъщ. «А гъыбзэр, – дыкъыщоджэ романым, – гъащIэм тегупсэт, ауэ тхьэусыхафэ къудей мыхъуу, бэнэныгъэм цIыхупсэр хуриджэрт. Зы хуитыныгъэи зимыIэ пщылIхэм хьэзабу ятелъыр, зылъэкIхэм я залымыгъэр, гъащIэм и хьэщхьэтеуэр зэрыузижэгъуэныр и макъамэт а гъыбзэм».

Ар и къарууэ щыдолъагъу Шорэ романым и япэ тхылъхэм. А образым зыкъыщызэкъуихынур дяпэкIэщ; зэкIэ тлъагъур гъуэгуанэ тэмэм зэрытеува къудейрщ, арами, шэч къытетхьэркъым а гъуэгум Шорэ зэрыщыдимыдзыхыжынум.

Шорэ и закъуэкъым «къызэщыур». Зыр щIэныгъэм къыщIэтаджэмэ, адрейм Iэщэр щIелъыкI. ТIуми зызыхуагъэхьэзырыр зыщ – цIыху цIыкIум телъ хьэзабыр щхьэщыхынырщ. Шорэ абыкIэ зыщыгугъыр тхылъымрэ щIэныгъэмрэщ; Iэщэр щIэзылъыкIым, псалъэм папщIэ, Дэбэч, бэнэныгъэ гуащIэм зыхуегъэхьэзыр. Пщым IэщIэукIа пщылI тхьэмыщкIэм Шорэ гъыбзэ хуеус; Дэбэчи гукъутэ щохъу ар, ауэ абы гъыбзэ иусыркъым – джатэ ещIри епсыхьыж. ПщылIхэр Дэбэч зыхуриджэр бэнэныгъэрщ: «Жьэражьэу зэщIэна джатэр мафIэм къыпэрепхъуэтыкIри, Дэбэч кIыщым къыщIож, шы къыIуашам зредзри мафIэ хъуаскIэр зыпыщэщ джатэр лъагэу иIэтауэ псыхъуэмкIэ деунатIэ... КIыщым деж щыта къомыр, шыхэм зрадзри, Дэбэч и ужьым кIэщIкIэ йоувэ».

Тхылърэ джатэрэ. ДэтхэнэрацIыхубэм къыхахын хуейр? Хэт цIыхубэр зи ужь иувэн хуейр – тхылъыр зи плъапIэ Шорэ хьэмэ джатэр зыIэта Дэбэч? Дэтхэнэра кIыфIыгъэр зыубзытэнур, мы сыхьэтым хэкум, лъэпкъым, бгырысхэм къащхьэпэнур дэтхэнэ къарура? Апхуэдэ упщIэхэм жэуап щагъуэтынущ романым.

Тхыдэм и пэжыпIэр зи лъабжьэ романым, зэрыгурыIуэгъуэщи, увыпIэшхуэ щаубыд историческэ материалхэм, цIыху цIэрыIуэхэм. Зытепсэлъыхь лъэхъэнэм и сурэтыр нэхъри IупщI ищIын папщIэ, тхакIуэм куэдрэ къегъэсэбэп архивым къыщызэтена документхэр, ахэр зэрегъапщэ, нобэрей цIыхум и акъылкIэ егъэнахуэ. Романым ущрохьэлIэ зэ еплъыгъуэкIэ мыбдежым щылей хуэдэу къыпфIэщI историческэ экскурсхэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, пащтыхь Петр I и унафэкIэ Среднэ Азием кIуэгъа экспедицэм и унафэщI адыгэлI хахуэ, Каспий тенджызым и япэ картэр зэхэзылъхьа Бекович-Черкасскэм и хъыбарыр. Апхуэдэ хъыбар куэд ущрохьэлIэ «Бгырысхэм». Ахэр, зэрынэрылъагъущи, романым къебэкIыркъым, абы и художественнэ Iэпкълъэпкъым къыхэлеикIыркъым. Дэтхэнэ жанрми хуэдэу, историческэ романым хабзэ гуэрхэр бгъэдэлъщ. Мыбдежым псом нэхърэ нэхъыщхьэр тхыдэм и пэжыпIэм иригъуэзэнырщ. Тхыдэм лей зуригъэхынукъым, абы пцIы хэзагъэркъым. Гу лъытэн хуейщ Шортэнур а хабзэм зэремыбакъуэм. Тхыдэм и пэжыпIэр нэхъри IупщI ищIын щхьэкIэ, тхакIуэм щIипщытыкIащ историческэ архив куэд, иджащ, ихуташ лъэпкъ, къэрал куэдым я

тхыдэр, цIыхушхуэ Iэджэм я къекIуэкIыкIар, я дуней еплъыкIэр, я хьэл-щэнхэр.

Тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къыщIэкIащ Шортэн Аскэрбий и къалэмыпэм. ИкъукIэ цIэрыIуэщ, псалъэм папщIэ, Аскэрбий и гушыIэ, ауаныщI рассказхэр. АдыгэбзэкIэ еджэ дэтхэнэри ятхьэкъу а тхыгъэ кIэщI цIыкIухэм, ятхьэкъу абыхэм щIэлъ гушыIэ дахэм, гупсысэ жаным. Iэджэ лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ хъыбар хьэлэмэт гуэру фIэкI цIыхум къащыхъуркъым, псалъэм папщIэ, «Уэлэхьи пэжтэмэ» рассказыр. Хэбгъэзыхьмэ, куэдым ящIэркъым ар тхакIуэ гуэрым и Iэдакъэ къызэрыщIэкIар – езы цIыхубэм я IэдакъэщIэкIыущ зэралъытэр. ТхакIуэм бгъэдэлъ фIыщIэм и щыхьэт наIуэщ ар.

Рассказ жанрым ди литературэм щигъуэта лъэпкъ фащэм, хабзэхэм, щапхъэхэм ящыщ куэд Шортэн Аскэрбий и къалэмым къызэрыбгъэдэкIам зыми шэч къытрихьэжыркъым. Аскэрбий и фIыгъэкIэ заужьащ а жанрым и лъэпкъыгъуэ зыбжанэм, IупщI, белджылы хъуащ а лъэпкъыгъуэхэм я нэщэнэ нэхъыщхьэхэр. Гу зэрылъытэгъуафIэщи, Шортэным и IэдакъэщIэкI рассказхэм я хабзэ нэхъыщхьэр зыщ – ахэр дапщэщи тещIыхьащ кIэрэ пэрэ зиIэ хъыбар хьэлэмэт гуэрым, нэгъуэщIу жыпIэмэ, композицэм и дэтхэнэ пкъыгъуэри щхьэж и пIэ итщ, сюжетыр укъуэдияуэ мэкIуатэ. Шортэным уригъэдаIуэркъым узытезэшэн хъыбар, уригъэдаIуэркъым хъыбар нэпцIи. Аскэрбий и рассказым лъабжьэ хуэхъур езы гъащIэм къыпкърыкIа Iуэхугъуэ пыухыкIащ, ар езым «къигупсысыркъым», залымыгъэкIэ зэригъэпцIыркъым: гъащIэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъ, абы и зэхэлъыкIэр, и зыужьыкIэр зыдж тхакIуэм дежкIэ дэтхэнэ хъыбарри сюжетщ. ТхакIуэм и къалэныр а сюжетыр гъэпсынырщ, абы кIэрэ пэрэ етынырщ. Рассказ жанрым ебгъэрыкIуа иджырей тхакIуэ щIалэхэм я щыуагъэ нэхъыщхьэр къызыхэкIыр а хабзэм нэмыплъ иратынырщ, ар тхакIуэ пажэхэм я деж зэрыщамыджырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ дэтхэнэ тхакIуэ щIалэми иджыпхъэщ Шортэн Аскэрбий и творческэ гуащIэдэкIымрэ и тхыгъэ гъэпсыкIэмрэ.

Шортэн Аскэрбий и творческэ гуащIэдэкIым и гъунапкъэр лъытэгъуафIэкъым. Литературэм щиIэ фIыщIэм и гугъу умыщIыххэми, Аскэрбий и цIэмрэ и щIыхьымрэ яхъумэнщ абы ди культурэм и тхыдэм хилъхьа гуащIэм. Лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ духовнэ къулеигъэм и фIыпIэ IуэрыIуатэр джыным, зэхуэхьэсыным Шортэным тригъэкIуэда къарум и инагъыр хэткIи нэрылъагъущ. Аскэрбий къиххутащ адыгэ IуэрыIуатэм и тхыдэр, и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр, и хабзэхэмрэ и щапхъэхэмрэ. Абы и фIыгъэкIэ адыгэ IуэрыIуатэм, пасэрей адыгэ культурэм я цIэр жыжьэ Iуащ – аркъудейри пхурикъунщ а цIыху псэемыблэжым и гуащIэмрэ и щIыхьымрэ ириплъытэну.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**
*1977*



2 Заказ №791



ТхакIуэхэу КIэрашэ Темботрэ Шортэн Аскэрбийрэ.





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* тхакIуэхэу Елгъэр Кашиф, КIэщт Мухьэз, Къагъырмэс Борис, Шортэн Аскэрбий, Мысачэ Пётр, Къэжэр Пётр сымэ.



ЩIэныгъэлI, IуэрыIуатэдж
КъардэнгъущI Зырамыкурэ Шортэн Аскэрбийрэ.





Шортэн Аскэрбийрэ и щхьэгъусэ Даниткэрэ.

ШОРТЭН Аскэрбий

# БГЫРЫСХЭР

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*

Пщы Аслъэнджэрий и хьэщIэхэр иджыри къэушатэкъым Хьэжы-Исмел хьэщIэщым щыщIыхьам. ХьэщIэхэр жейрт пырхъыжу. Фадэмэмрэ лы жьэрымэмрэ хьэщIэщым щIэужатэкъыми, абыкIэ Хьэжы-Исмел къыищIащ жэщ кIуам хьэщIэхэм зэрагъэхъар. ЗигъэнщIу ерыскъы IэфIымэм хэбэукIын папщIэ, Хьэжы-Исмел и жьэр зэтрепIэри пэкIэ зыжьэдешэ хьэщIэщым щIэт мэр. Абы и пэщхъыным япэщIыкIэ щошэрашэ лы жьэрымэ IэфI, ауэ итIанэ, а лы жьэрымэр зэуэ къыдигуэжу къыIуроуэ цIыху мей гурымыхь дыдэ... Апхуэдэу кууэ хьэщIэщымэр зэрызыжьэдишам хущIегъуэжауэ, хьэщIэхэм яхигъэсыну пщы Аслъэнджэрий дыгъуасэ къызэрырымыгъэблэгъам папщIэ зигъэгусауэ, Хьэжы-Исмел хьэщIэщым къыщIокIыжри, пщы Аслъэнджэрий зыщIэлъымкIэ макIуэ. Пщыр зыщIэлъ унэри Iэуэлъауэншэт. Хьэжы-Исмел пщIантIэм джэрэзу дэту Зубер къыдохьэж, хьэщIэшхэр псафэ кърешыжри.

— Ей, тIу, Аслъэнджэрий къэтэджакъэ?

— Хьэуэ.



— Сыт ар апхуэдизу кIыхэжеяр?

— ПщIыхьэпIэфI елъагъури аращ. Сэ сощIэ, цIыхум игурэ и щхьэрэ зэтелъмэ пщIыхьэпIэфI елъагъур.

— Уэ зэи плъагъуркъэ пкIыхьэпIэфI, и?

— ПщIыхьэпIэфIи?.. ФIы Iейми сщIэркъым, ауэ, зэгуэрым слъэгъуащ...

— Хъер, тIу. Ар сыт хуэдэт? — йоупщI Хьэжы-Исмел щIалэм, пщыр къэушыху сытми зэманыр зэригъэкIуэн щхьэусыгъуэ лъыхъуэу.

— Ари? — Зубер хущIоплъ Хьэжы-Исмелым. — Ари? Сэ слъэгъуащ жыхьэнмэшхуэ...

— Хъер ухъу, хъер! — къыIуролъэлъ Хьэжы-Исмел, Зубер и къегъэжьэкIэр игу иримыхьауэ.

— А жыхьэнмэшхуэм хадзэрт дунейм гуэныхь щызыщIа псори.

— Хъер, хъер, хъер!

— Апхуэдэ гуэныхь зыщIахэр зэкIэлъагъэувауэ щытт...

— Хъер, хъер, хъер!

— А псоми япэ итыжт зылI...

— Хъер, хъер!

— Ар зэщхьыр пщIэрэ уэ?

— Хэтыт?

— Уэ уэщхьыркъабзэт, хьэжы!

— Пу, пу! Iимани дини зимыIэ! Пу, пу!..

Абдежым пщы Аслъэнджэрий и псчэ макъ къоIу. Хьэжы-Исмел, псалъэм кIэ иримыту, бабыщ кIуэкIэу, пщы Аслъэнджэрий зыщIэлъ унэмкIэ макIуэ, и макъыр пщым зэхригъэхын папщIэ езыми чэм имыIэу «Iухьу-Iухьу» — жиIэу зигъэпсчэуIуу. Пщы Аслъэнджэрийм Iуэху пIэщIэгъуэ хуиIэт Хьэжы-Исмел. Пщым псчэуIу макъымкIэ

къещIэ ар зэры-Хьэжы-Исмелыр. Пщэдджыжьыр хэкIуэта пэтми: «Сыт емынэ мыр нэхущым къэзыхуар?» жиIэу, игукIэ хъущIэу пщы Аслъэнджэрий къотэдж, абдж папщIэу боз зыIулъ щхьэгъубжэ хъурейм Iуохьэри боз кIапэр еIэт.

— КъыщIыхьэ, къыщIыхьэ, ефэнды!

Хьэжы-Исмел унэм щыщIыхьам, пщы Аслъэнджэрий щIагъщIэлъ фIэкIа щымыгъыу, джэдыгу и плIэм идзауэ, и лъакъуитIыр къелэлэхыу пIэм итIысхьэжауэ ист.

— ТIысыт, ефэнды, мыр сыту ужьырытэдж?

— Ар ухэжеящи къыпфIокI... Iэхъуэр докI, ар жьы? ХьэкIэ уиIэ си гугъэщ?

— СиIэщ.

— Аллыхьым уи хьэкIэхэм я хъер ущимыгъакIэкIэ.

— Тхьэр арэзы къыпхухъу, ефэнды!

Пщы Аслъэнджэрий зыхуигъэнэIуахуэу, пкъынэкIэ иIа и жьакIэр ирилъэщIэхыу, сыт хуэдизкIи зигъэIуджэIущэу къерегъажьэ Хьэжы-Исмел.

— Сэри къысхуэкIуащ хьэкIэ бэлыхь дыдэ. Анапэ пэщэм лIыкIуэ къытхуигъэкIуащ, пщы Аслъэнджэрий. Дрегъэблагъэ. ПкIэжыркъэ, уи адэм сыкIыгъуу сыщыкIуэгъам саугъэт къыдитыгъат пэщэм. Ар къыщыдэджэкIэ — дыгъакIуэ, «къоджэр нэхъыжьщ» жаIэ. ДауикI, ар къыкIытхуей хъуар Iуэху цIыкIуу къыкIэкIынкъым, аллахьэ, къыкIэмыкIын.

— Тхьэ дыгъаIуэ, ефэнды, сэ си мыжагъуэт пэщэм деж сыщыхьэщIэн. Дапщэщ ар къыщытхуейр?

— Аллахьэ, икIэкIыпIэкIэ дежьэн хуеймэ. ХьэкIэм жиIэращ «къыздэши къэкIуэж» жиIащ жи пэщэм.

— Мы мазэм, тхьэ дыгъаIуэ, ефэнды, абы къикIынIауэ къыщIэмыкIын.

— Сыту?

— Пэж бжесIэн, пэж?

— КъурIэным итщ пцIы зыупсыр и лъакъуэ лъэныкъуэмкIэ джыхьэнмэм хэтыну.

Пщы Аслъэнджэрий мэдыхьэшх.

— Абы щыгъуэм, тхьэ дыгъаIуэ, ефэнды, уэ уи лъакъуитIымкIи ухэтын хуейуэ къыптохуэмэ!

Ар игу иримыхьауэ Хьэжы-Исмелыр тожьэпхъаджэ пщы Аслъэнджэрийм:

— Сэри? Ар сыт щхьэкIэ? Сэ сыт щыгъуэ пцIы супса, жыIэт, улIмэ жыIэт. Уи пщыгъэм къезэгъкъым ар, Аслъэнджэрий, аллахьэ, къемызэгъ! Умыджэгу!

— Умыгубжь, ефэнды, сэ ауэ сытми сыгушыIауэ аращ. Мыр слIожь, зиунагъуэрэ, икIи дыбгъэгушыIэжынукъэ?

— Сэ гушыIакIуэ сыкъэкIуакъым уи деж. Пэщэм дыхуэзащэрэт жаIэри джылэпщхэр мэлъэуджэ. Уэ урагъэблагъэри итIаникI... скIэкъым пхуэмыгъуэтыр. УкIегъуэжынщ, Аслъэнджэрий, аллахьэ, укIегъуэжынмэ.

— Дэ, тхьэ дыгъаIуэ, ефэнды, ди шыкIэ зыхуедгъэур нэгъуэщI лъэныкъуэмэ.

— Сыт фызыхуэпэкIур? Дэнэ лъэныкъуэкIэ?

— Бей-Булат зэрыжиІэмкІэ, Къызлар адкІэІуэкІэ, Заз* Іуфэ и гъунэгъуу, нэгъуей Іэщ зыкъом щохъуакІуэ, я Іэщыр ирахуэкІыж...

— АтІэ сыт?

— Уэ пщІэркъэ, нэгъуейхэм Іэщышхуэ зэрахуэ. Мурад тщІащ зэ дахэбжьэуэну нэгъуейхэм.

— Аллахьэ, Аслъэнджэрий, а нэ зэвхэм я деж Іэщ къыщемыхужьэгъуафІэ. Нэгъуейхэр бэлыхьщ!

— Тхьэ дыгъаІуэ, ефэнды, ар дымыщІэу демыжьэ. Ауэ дэ къетхужьа гуартэри къыттехыжыгъуафІэкъым. — Пщы Аслъэнджэрий гу лъетэ Хьэжы-Исмел хьэрэмынэу зэрыхъуапсэм. — НакІуэ, ефэнды, ныддежьэ уэри. Щыгъэ бгъажэ нэхърэ зэ гъуазэм урижэмэ, нэхъыфІкъэ! Зи мыхъуми, а уи щэныбэр тІэкІу уудынышщІэнщ.

Хьэжы-Исмели хуэпхъэшэжынут пщы Аслъэнджэрийм, ауэ иджы ар ІумпІафІэ къищІын хуейуэ щытти — зыкъыжьэдекъуэж, пщым хуэІумахуэу йоубзэ:

— Аллахьэ, уэ пкІэ симыгугъэ мы дунеижьым къыщыхъункІэ хъуну хьэлэбэлыкъхэр. Ермол и къуэр къызэрысу мэлжьагъэ йот, уоубзэ... ПкІэну щыткъым, мы дунейр шэрхъыжьщ, тыркухэмрэ дэрэ ди зэхуакур Псыжь и зы икІыпІэщ, ал-лахьэ, и зы икІыпІэмэ!

Хьэжы-Исмел и щІагъыбзэм йогупсыс пщы Аслъэнджэрий. «Хьэжы-Исмел жиІэм пэжыгъэ хэлъщ. Дунейр выгу шэрхъыжьщ, кІыргъэсыргъэу къоджэрэзэкІ. ПщІэну щыткъым... урысхэри къысхуэмыбзаджэу, тыркухэри къысхуэфІу. ЗэбиитІ уи Іэпэгъу зырызу бгъэуджу ущытын нэхърэ дунейм сыт нэхъыфІ? Си ижьырабгъу Іэпэгъур сигу иримыхьрэ — сутІыпщыжщ, сэмэгурабгъур сужэгъурэ, ижьырабгъум зестыжщ. КъэралитІ си Іэпэгъумэ сыунакъэ!»

— Хъунщ, ефэнды, — жеІэ пщы Аслъэнджэрий, зихуапэурэ, — сэ сыарэзыщ... Тхьэ дыгъаІуэ, сэ сыт щыгъуи си мыжагъуэ пэщэр слъагъун, тхьэ дыгъаІуэ, си мыжагъуэ! Ауэ, ефэнды, плъагъуркъэ, Іуэхум и пэр умыщІэм и кІэр пщІэркъым жыхуаІэращ; сэращ гупыр зэхэзышар зекІуэм Іэтащхьэу хуагъэувари сэращ. НэкІуэнухэмрэ дыздэкІуэнухэмкІэ дызэгурыІуащ. Иджы а псори зэтедмыкъутэжу хъуркъым. Ар си гъусэхэм къысхуамыдэнкІи хъунущ. Ущыхьэтщи, си щхьэ сыхуитыжкъым... Си гъусэхэм ядэ закъуэмэ, сэ сыхьэзырщ! НакІуэ, ахэр къэтэджауэ къыщІэкІынщи, дайчэнджэщынщ, деплъынкъэ жаІэм.

Пщы Аслъэнджэрийрэ Хьэжы-Исмелрэ хьэщІэщымкІэ макІуэ. ХьэщІэщым Мыкъэ къыщІэкІыжауэ къахуозэ.

— ХьэщІэхэр къэтэджа?

— Нейзэман.

— Іэнэ къэфхь.

— Аращ зиужь ситыр, зи уз схьын!

— Мэрэмэжьейм фыщымысхь!

— Дыщысхькъым, зи уз схьын.

— ЕужьэрэкІ.

— Иджыпсту!

Хьэжы-Исмел жриІэу:

— Мэрэмэжьейм къигъэплъмэ, Іуэхум нэхъ тегушхуэнхэкІи хъунщ.



---

* Каспий тенджыз.

Пщы Аслъэнджэрийрэ Хьэжы-Исмелрэ хьэщIэщым щыщIыхьам, хьэщIэхэр тахътэбаным исти мэтэдж, Хьэжы-Исмел щхьэрыгъ сарыкъым щIыхь къыхуащIу абы къыпожьэ.

— Ассалам нурхьэлейкум!

— Ууа-лей-кум сэлам! — зэпаш хьэщIэхэм.

— ФытIысыж, тхьэм щхьэкIэ фытIысыж! — мэлъаIуэ пщы Аслъэнджэрий егъэлеекIауэ щIыхь лей Хьэжы-Исмел къызэрыхуащIыр и гуапащэ мыхъуауэ.

— Дауэрэ нэху фыкъекIа? — хабзэм зригъэхьу щIоупщIэ Хьэжы-Исмел, хьэщIэхэр нэху къызэрекIа щIыкIэр зыкIи фIэмыIуэху пэтми.

— Алыхьыр арэзы къыпхухъу, хьэжы, ди унэ дыщыIэж хуэдэу дытыншащ.

— Ари фIыт!

Iэнэхэр къахьу шхэн щIадза, мэрэмэжьейр зэрыт фалъэри хъурейуэ тIэу къекIуэкIа нэужь, махъсымэм хищIа пащIэкIитIыр ирелъэщIэкIри кърегъажьэ пщы Аслъэнджэрий:

— Хьэжы-Исмел ефэндым хьэщIэ къыхуэкIуащ.

— ХьэщIэм и хъер алыхьым иригъэлъагъу.

— ХьэщIэр къэзыгъэкIуар Анапэ дэс пэщэрщ. Къыдоджэ.

— Къыдэджэрэ хьэмэрэ дригъэблагъэрэ? — щIоупщIэ Шех-Али-Хъан, пщы Аслъэнджэрий «къыдоджэ» зэрыжиIэр игу иримыхьауэ. Анапэ дэс пэщэр къридзащэу щыттэкъым Шех-Али-Хъани, Iуэхур абы зэтрикъутэнкIэ шынауэ Хьэжы-Исмел игъэзэкIуэжыну хэтщ пщы Аслъэнджэрий зэIигъэхьа Iуэхур.

— Фригъэблагъэу аракIэщ, фригъэблагъэу. Пэщэм хуабжьу и гуапэ хъунщ пщы Аслъэнджэрий фригъусэу фыкъыилъагъумэ, аллахьэ, хъунмэ.

— Сыт Iуэхуу пIэрэ къыщIытхуейр? — гузавэ нэпцI зещI Бей-Булат.

— Сэ скIэ мыгъуэрэ? ДынэсмэтлъагъункIэщ. Ауэ хьэкIэхэм зыщывмыгъэгъупщэ, ди диныр, ди хабзэр, ди нэмысыр тхъумэжын папкIэ дэ дыхуейкIэщ дэIэпыкъуэгъу, аллахьэ, дыхуеймэ! Апхуэдэ дэIэпыкъуэгъуу игъакIэ лъандэрэ диIэр а зы аллахьым тхуиIыгъын Тыркурщ, къурмэн дызыхуэхъун абы и сулътIанхэрщ. Аллахьэ, арамэ!

— А къеущэкI-неущэкI къомыр, тхьэ дыгъаIуэ, димыщыпэзэхэх, ефэнды.

— Iау, аллахьэ, сэ къеущэкI-неущэкI сыхэмытыххэ.

— Пщы Аслъэнджэрий жиIэр пэжщ. А дыздэпшэнум, моуэ, зыгуэр къыщытIэщIыхьэну? — и IэмыщIитIыр ешийри зэуэ зэгуепIэж Бей-Булат. — Армыхъумэ, абы нэсыхункIэ дыджадэрэ зыгуэри къыдэмыхъулIэу дыкъэджэдэжмэ ди напэр текIакъэ?

— Нэгъуейхэм ирахуэкIыж Iэщ бэгъуами дыхэныну ари! — къыжьэдолъэлъ Шех-Али-Хъан. — Ар сыту гуфIэгъуэшхуэу пщIэрэ езыр, ефэнды! Гъэмахуэ псом хъуным хэта хъушэ зэкIуэцIытIэпIыкIыжыр зыIэрыбгъэхьэныр!..

Хьэжы-Исмел жиIэнур имыщIэжу щызэIынэм — ар пщы Аслъэнджэрий къыдехыж. Абы жеIэ:

— А дыздэкIуэми хъушэ щымащIэкъым. Анапэ ди Iуэху щызэфIэдгъэкIрэ къэдгъэзэжмэ, гъуэгурыкIуэм дызэрытетурэ

Iэджэ къетхужьэфынущ; мэл гуартэ ухуей, хакIуапщIэ уфIэфI, Iэщышхуэ нэхъ къапщтэрэ, — къеуэф, къэху закъуэ. Къэпхуфмэ, къэпхун бгъуэтынущ, тхьэ дыгъаIуэ, бгъуэтынумэ, гъунэжу.

Шех-Али-Хъан Iуэхум темыгушхуащэу икIи имыжагъуащэу жеIэ:

— Ярэби, къыдэхъулIэнIауэ пIэрэ-тIэ?

Хьэжы-Исмел зэуэ абы гугъэ ирегъэщI.

— КъыдэхъулIэнщ, аллахьэ, къыдэхъулIэнмэ. Чытапым сиплъати Сулимэн пIегъымпIарым и вагъуэмрэ ди вагъуэхэмрэ зэгъунэгъубзэщ. А вагъуэхэр зэхуэмызэнкIэ Iэмал иIэкъым, аллахьэ, имыIэ. Си чытапым гъуэгуанэфI къегъэлъагъуэ... Чытапым сиплъэри къэскIащ...

Пщы Аслъэнджэрий къыщIыщиудар хьэщIэхэм ямыщIэу къыщеуд, ар мэдыхьэшх зыхуэмыубыдыжу.

— Iау, чытапым и гугъу щащIкIэ, апхуэдэу удыхьэшх хъурэ? — йогие пщым ефэнды Хьэжы-Исмел.

— Чытапым и гугъу щакIкIэ удыхьэшхыну къызэремызэгъыр сощIэ, ауэ зысхуэIыгъакъым, тхьэ дыгъаIуэ, зысхуэмыIыгъыжыфа... Дунейм цIыху тетуи си фIэщ хъуркъым ефэндым и чытапым сэ дэсщIэр дищIэу къыщимыудын, абы чытапаплъэ Iуэху и гугъу щыхуащIкIэ.

— Сыт ар, къыджепIэркъэ.

— А-а, жевгъэIэкъэ, хукIохьэ.

Пщы Аслъэнджэрий фIэфIт Хьэжы-Исмел зыгъэпудын гуэр цIыхухэм яриIуэтылIэн. Пщыгъи уэркъыгъи зимыIэ Хьэжы-Исмел динкIэ къуажэр хуэм-хуэмурэ зэщIиубыдэрт, къуажэм тепщэ хуэхъурт. Ар пщы Аслъэнджэрий и гуапэтэкъым. Пщы Аслъэнджэрий илъагъут кIуэ пэтми къуажэм и кIуэцIкIэ ефэндым щIыхь нэхъ зэрыщиубыдыр, пщы щхьэ закъуэ тепщэныгъэм хуэм-хуэмурэ, щэхуурэ ефэндым и тепщэныгъэри зэрыгуэувэр. Абы къыхэкIкIэ, Iэмал щигъуэтым деж, пщы Аслъэнджэрий зигъэлъэгъуэн папщIэ ефэндым епэбжьауэрт, уеблэмэ хуэжьэпхъаджэт, абыкIэ Хьэжы-Исмел иригухын, игъэпудын и гугъэу.

— КъыджеIэт, къыджеIэт! — зэрогъэкIий хьэщIэхэр.

— Еуэщ аби, — иIуэтэн фIэфI дыдэу, игъэщIэращIэурэ къыхедзэ пщы Аслъэнджэрий, — зэгуэрым бом щIэт си шыр щIадыгъукIащ. Ар ауэ сытми уанэшт? Сыгузавэу хьэмэшым сыздитым мы Хьэжы-Исмел къыIухьащ. ЩIэщхъу къысщыщIар щесIуэтылIэм, «умыгузавэ, уи шыр зыдыгъуар е езыгъэдыгъуар мы жылэм дэсмэ, къэдгъуэтыжынщ, ауэ уэ уи бейгуэлхэр жылэм хэутIыпщхьи, балигъ хъуахэм я деж къыщыщIэдзауэ зы лIи къамыгъанэу мэжджытым невгъэкIуалIэ», — къызжиIащ. Си бейгуэлхэм унафэ яхуэсщIри, жыри щIэри щызэхуахусащ мэжджытым. Тхьэ дыгъаIуэ, си гъащIэм сымылъэгъуат апхуэдэу цIыху уэр мэжджытым екIуэлIауэ, си жылэми апхуэдиз цIыхухъу дэсу си фIэщ мыхъунт, си нэкIэ сымылъэгъуатэмэ...

Арати, мо жылэ зэхуэсам нахыхьащ мы ди ефэндыр. Нахыхьэри, зыкъомрэ уафэм епсалъэу, и IитIыр шияуэ щыта нэужь, къурIэнышхуэр къызэтрихри къеджэщ-къеджэри итIанэ псори нэщхъкIэ щIибжыкIри — кърigъэжьащ мыпхуэдэу: «Пщы Аслъэнджэрий и уанэшыр зыдыгъуар хэтми къурIэным къис-

хащ. Ар иджыпсту дэ къытхэтщ. Сэ абы и цIэр вжесIэу ар фэзгъэубыду шэрихьэт теткIэ хъунут. Ауэ сэ абы и цIэр иджыпсту къисIуэркъым. Пщы Аслъэнджэрий къыфIидыгъуа уанэшыр ирешэжи къызыкIидыгъукIа бом кIрегъэувэж. Апхуэдэу икIым абы и насыпышхуэщи, и цIэр къисIуэнкъым. Апхуэдэу имыкIмэ, дяпэ махуищкIэ шыр бом кIимыгъэувэжмэ, и цIэр къисIуэнурэ шэрихьэт теткIэнущ. ИтIанэ иремытхьэусыхэж, гуэныхьыр зейр езыращ». Ар яжриIэщ мы ди ефэндыми, зэбгрыкIыжащ жылэр.

Iуэху фIэкIащ, иджы зызумысыжи хъунущ. Тхьэ дыгъаIуэ, пэж жысIэнщи, зий мащIэ икуэда си фIэщ мыхъуат ефэндым зэхищIыхьым зыгуэр къикIыну, хъуатэкъым. «А ууей, ууей, щхьэгъэузщ, мы ди ефэндым зэхищIыхь псори», — жысIэщ сигукIи, сэри сыкIуэри сытIысыжащ, ауэрэ а Iуэхур сIэщIэгъупщыкIыжащ. Зы жэщ дэкIри етIуанэрей жэщым и пщэдджыжьым Мыкъэ ныщIэлъэдащ си деж «шыр къашэжауэ бом щIэтщ», — жиIэри. Си фIэщ хъуакъым, псынщIэу сыкъыщIэкIри бом сыкIуащ. СыщIэплъэмэ — си есэней щылъхур шхалъэм щхьэщытщ, щадыгъуам пщIэхэлъа нахътэри пщIэхэлъыжу. Алыхь-алыхь, абдежым бгъэщIэгъуэнум къеблагъэ ефэндым и къурIэныр! «Ар ауэ сытми къурIэн? КъурIэну щыIэм я нэхъ къурIэныжщ, тхьэлъэIу хуэпщI хъунущ апхуэдэ къурIэным, уиплъэрэ узэриплъэу къодыгъуар гъуджэм хуэдэу къищу... Ар ауэ сытми къурIэн! Ар уиIэу зы щхьэц налъэ кIуэдынкъым!» — жысIэрт.

Шыр къыщысхуашэжам сыгуфIащ. Ар зи фIыщIэ мы ди ефэндым и гуапэ щIыжын хуейтэкъэ? КъурIэным иплъэу дыгъур къызэрищIам щхьэкIэ мэлибл хуезгъэхуащ, мэлибл.

Арати, си есэней щылъхур къысIэрыхьэжащ, ефэндыми мэлибл естащ. Иджы адэкIэ къэхъунуращ нэхъ хьэлэмэтыжыр. Тхьэ дыгъаIуэ, Хьэжы-Исмел, къыпхурикъуатэмэ мис ар!

Хьэжы-Исмел щысщ, пщы Аслъэнджэрий нэщхъыдзэу хущIоплъыкIри.

— АтIэ, арати, гуфIэгъуэшхуэр диIэу дызэхэтIысхьэри дефащ. Дыщефэм Хьэжы-Исмел жиIэрт: «Ей, а си къурIэным къимыкIэ щыIэкъым, аллахьэ, щымыIэ. КъэзмыкIэн и гугъэу хэт и къуэши иремыбэлэрыгъ, иремыдыгъуэ!». Жэщыр фIыуэ хэкIуэтэху, дефащ. Пщэдджыжьым ефэндыр къэсащ си деж, мафIэр къыIурыщэщу. ХъущIэу, далъэу къыдохьэ си деж. «Сыт къэхъуар, ефэнды?» — жысIэу Хьэжы-Исмел сыщеупщIым: «Къэхъуну псор къэхъуащ. Ныжэбэ си шитIыр ядыгъуащ, уэ гуфIапкIэу къызэпта мэлхэри дэкIыгъуу», — къызжиIащ. Хьэжы-Исмел Iейуэ зэрыгузавэр и нэгум щIэтти, згъэщIэгъуащ ар. «СлIожь ядыгъуамэ? Абы щхьэкIэ щхьэ угузавэрэ, уи къурIэныр щыIэу. КъызэIух уи къурIэнри, иплъи къыджеIэ мыдэ тегушхуэгъуафIэ укъэзыщIар, дэ абы хуэфI дыхъунщ!» — жесIащ ефэндым. АрщхьэкIэ, мис езыр щысщ, пцIы сигъэупсынкъым, щытт зыри хужымыIэжу. ИтIанэ «накIуэ, диплъэнщ къурIэным» щыжесIэм: «Сыт къурIэн? ШитIми мэлхэми къурIэныр дагъэкIуащи аракъэ Iуэхур», — къызжиIащ Хьэжы-Исмел. Айдэ, абдежым удыхьэшхынум къеблагъэ! Ефэндым и къурIэныр ядыгъуауэ арат! Тхьэм ещIэ, дыгъуэгъуакIуэхэр зэхуэсу мыпхуэдэ унафэ ящIа: «Хьэжы-Исмел и къурIэныр мы дунеижьым тету дэ дыдыгъуэ хъунукъым, дыдыгъуэми дыкъищIэнущ. Деуэнщи, мэл

тIэкIури а къурIэн емынэри къэддыгъунщи, итIанэ лъэкIIамэ къремыгъанэ!» Сытми, арати, ди ефэндым и шитIри и мэл тIэкIури, и къурIэнри макIуэ мэлъей, кIуэдащ...

ХьэщIэщым щIэсхэм захуэIыгъыжккъым. Дыхьэшх зэпытым Шех-Али-Хъан и тэмакъыр щиубыдыкIащи, ар мыдыхьэшхыжыфу мапсчэ, и нэпсыр къожэх. Бей-Болэт зригъэщIауэ, тахътэбаным IэдакъэкIэ зытригъэщIауэ «уахь-уахь-уахь» жиIэу, мыувыIэжыфу мэдыхьэшх. Псоми хуэмыдэжу дыхьэшхыным ихьыр алдар Къубатийт. Къубатий лIы тыкъыр дамабгъуэт, жьакIэ фIыцIэт, пащIэ гъумыщIэт, нэкIу хъурей фIыцIафэт, и набдзэ Iувым къыщIэхъуэпскIыкIт ындым хуэдэу фIыцIэ и нэ инхэр.

— Мис ар къыпхурикъупамэ, ефэнды! — макъ щабэ дыдэкIэ жеIэ Къубатий. — Хэтыну пIэрэ ар? Е зинэкIэ къалъхуа, сыту бзаджэ, сыту бзаджэ ар!

Хьэжы-Исмел и Iупэр зэтежами, дыхьэшх нэкIу хъуа пэтми, и гущIэкIэ псоми хуэщIыIэт, хьэщIэхэр щIэтхъэжыр и щхьэ мыгъуагъэм хуихьыжауэ, пщы Аслъэнджэрий енэщхъауэт, губгъэн хуищIу.

— Ал-лахьэ, кIыбогъум, кIыбогъу!

— А къурIэну уфIадыгъуамкIэ пхуэсIуэнщ зыц щIызмыгъуакIэ.

— А-а!

— Догуэ-тIэ, ефэнды, иджыри къэс а ядыгъуахэм ящыщ зыгуэри къэбгъуэтыжакъэ? — къоупщI ефэндым Шех-Али-Хъан.

— Ар къэбгъуэтыжын хуэдэу ядыгъуа! — пщы Аслъэнджэрий аргуэру къыщеуд, Хьэжы-Исмел псэлъапIэ иримыту. — Ар зыдыгъуам щIэкIыпIэ имыщIэу къыщIэкIынкъым... А къурIэным щымышынар зы бэлыхь гуэру къыщIэкIынщ...

— Ар зыдыгъуар сэ сокIэ...

— Хэт? Щхьэ жумыIэрэ-тIэ?

— Алыхьым къысхуигъэгъу, скIэкъым, ауэ гурыщхъуэ сокI...

— ХэткIэ?

— Уи пщылIхэм ящыщу къыкIэкIынщ, — пщы Аслъэнджэрий хуодзэлашхэ Хьэжы-Исмел.

— КъыщIэкIынщ... къыщIэкIынщ... «КъыщIэкIынщ» жумыIэу, хэтми къыжыпIэркъэ. И фэр тезмыхмэ згъэпцIаи! ПщылI дыгъуэт иджы сымылъагъужар! Хэт гурыщхъуэ зыхуэпщIыр, жыIэ, ефэнды.

— Аллыхь сакъылэсын, си нитIым щамылъэгъуакIэ гуэныхьщ, гуэныхьщ, тхьэмыщкIэхэм бэлыхь ятеплъхьэн, аллахьэ, гуэныхьмэ.

— Тхьэ дыгъаIуэ, сымыщIэ-тIэ пхуэсщIэнур, ефэнды.

— Сэ гуэныхь къэсхьыфынукъым, ауэ хузогъэфащэ уи пщылIхэм ящыщ гуэрым...

— КъиIуэт и цIэр! Сэ ар абы къыпкърызмыхым сытхьэгъэпцIщ.

Шех-Али-Хъан:

— Уи пщылI дыгъуэу бдэркъым уэ, Аслъэнджэрий, — жеIэ абы, — ауэ уэ езым уи дунейр зекIуэ-зеуэу уохьри.

— Сэ сымыдэр зыщ. Уи къуажэпщ уемыдыгъуж. Уи псыхъуэ дэс уемыдыгъуж. Дунейм узэдыгъун щымащIэ. УлIу щытмэ, моуэ тIэкIу IукI, е дэгъэзей, е егъэзых, зыущыхь. Тхьэ имыIуамэ, зыгуэр къыппэщIэхуэнщ. КъыппэщIэхуэмэ — зыIэщIумыгъэкI, лIыгъэ уиIэмэ, зыIэщIумыгъэкI. Арaщ сэ жысIэр.

Пщы Аслъэнджэрий езым и хьэлыр къиIуэтэжу арат. Ар щызеуэ-щыдыгъуэр езым и лъахэм дежтэкъым. Пщы Аслъэнджэ-

рий и хабзэр дыгъужь хабзэжьт. АтӀэ, дыгъужьыр езым и гъуэм и Ӏэгъуэблагъэу щызеуэркъым. Дыгъужьыр и гъуэм жыжьэу ӀуокӀ, и лъэужьыр игъэгъуэщэн папщӀэ. Ар дыгъужь хьэлщ. Пщы Аслъэнджэрий и хьэлри апхуэдэт.

— Сэ сыдыгъуэрэ-тӀэ? — жеӀэ пщы Аслъэнджэрий, а псалъэхэр Шех-Али-Хъан нэхъ хуигъазэу. — Дыгъуэ жыхуаӀэр сыт? Щэхуу, зыми укъимыщӀэу бом Ӏулъ хьэлэр Ӏубудрэ, бом щӀэт шыр щӀэпшмэ, мис ар дыгъуэщ. Ауэ уи лӀыгъэр бгъэунэхужын щхьэкӀэ, зыгуэрым, уэ хуэдэ зыгуэрым, лӀыуэ пащӀэ зытетым и шы гуартэ къепхужьэмэ, мис ар дыгъуэкъым, ар лӀыгъэщ.

Шэшэн Бей-Булат игу ирохь пщы Аслъэнджэрий жиӀар.

— Пэжщ Аслъэнджэрий жиӀэр. ЗекӀуэр лӀыгъэ зэхэгъэкӀыпӀэщ. Си щхьэкӀэ сэ зы мазэ хуэдиз си щхьэр зыщӀыпӀэкӀэ щӀэзмыхьэмэ сымаджэ сохъу. Схуэмыхьыжыххэр щӀымахуэ жэщ кӀыхьхэрщ.

Пщыжь-уэркъыжьхэм ирагъэкӀуэкӀ зекӀуэ-хъунщӀэгъуэхэми пӀалъэ яӀэт. Нэхъ пӀалъэфӀу ябжыр гъатхэмрэ гъэмахуэмрэт, бжьыхьэм и пэри кьыдэкӀуэу. Лъэужьыр къэхутэгъуафӀэ мэхъу жаӀэрти, щӀымахуэр ядэртэкъым. ЩӀымахуэм зекӀуэр куэдкӀэ нэхъ зэтебэяуэрт. Арат Бей-Булат щӀымахуэ жэщ кӀыхьхэр щӀыхуэмыхьыжри. Пщы Аслъэнджэрий «уэ хуэдэ зыгуэрым, лӀыуэ пащӀэ зытетым и шы гуартэ къепхужьэмэ» жиӀэ щхьэкӀэ, Ӏуэхур зэрыщытыр апхуэдэутэкъым, атӀэ нэгъуэщӀут. Езым нэхърэ нэхъ лъэщу щыт пщыуэркъым теуэн иракутэкъым пщыхэми уэркъхэми. Абы къыхэкӀкӀэ нэхъ зылъэкӀыр нэхъ зылъэмыкӀым теуэрт, нэхъ зылъэкӀым нэхъ къаруушэр тегушхуэгъуафӀэ ищӀырт.

Ауэ а пщыжь-уэркъыжьхэр псом хуэмыдэжу нэхъ зыхуэятэр къуажэ былымырт, жылэ Ӏэщырт. ЛъхукъуэлӀхэм, пщылӀхэм жэм зырыз яӀэмэ, къуажэ Ӏэхъуэу зэхахуэрт. Мэлхэри апхуэдэу хъудз ящӀырти ягъэхъурт. Мис апхуэдэ къуажэ хъушэм, гуартэм хуэнэпсейт пщыхэри уэркъхэри. ХъунщӀэным щӀэудэфыкӀа пщыжьуэркъыжьхэм зэманыр щыщӀабжыкӀыж щыӀэт мыпхуэдэ щӀыкӀэу: «ар къыщыхъуар Хьэжыхьэблэхэ я Ӏэщыр къыщысхуа гъэращ»; е: «Гум къуажэ мэлыр къыщесхужьа гъэм щыгъуэщ си щӀалэр къыщалъхуар», — жаӀэу. Езы пщыжь-уэркъыжьхэм я илъэс бжыкӀэр а щӀыкӀэм тету ирагъэкӀуэкӀ, хъунщӀэ ящӀамэ къуентхъ къахьам ирипагэу. Пщы-уэркъхэм я теуэм и лейр зылъыс гуащӀэрыпсэу лъхукъуэлӀхэми, пщылӀхэми аращ псалъэжьу «пшагъуэр, дыгъужьыр, уэркъыжьыр дунейм техыж!» — жаӀэу щӀрахьэжьар...

... Пхъэбгъу Ӏуву зэгуэӀулӀа хьэщӀэщыбжэр мэкӀыргъ. ХьэщӀэщым къыщӀохьэ Зулий. ХабзэмкӀэ езы гуащэр мы хьэщӀэхэм къахыхьэ хъуртэкъым. Гуащэр хьэщӀэщым къыщӀыхьэ щыхъур и Ӏыхьлы дыдэ къеблэгъауэ ар щагъэхьэщӀэм дежт, ауэ нэгъуэщӀ хьэщӀэхэм унэгуащэр яхыхьэртэкъым. Абы къыхэкӀкӀэ, гуащэм и фадэбжьэр хьэщӀэхэм Зулий къахущӀригъэхьауэ арат.

Зулий бжэщхьэӀум къызэребакъуэу лъэбакъуитӀ ечри, и напӀэр едзыхауэ, щэныфӀэу, тепщэчышхуэм кхъуэщыныр зэриту лӀы гупым яхешие.

— Си гуащэм и бжьэщ мыр. Фи гъуэгу уэфӀыну, фӀыр фи бэу къэвгъэзэжыну гуащэр къывохъуэхъу. Гъуэгумахуэбжьэу мыр къыфхузигъэхьащ.

Бей-Булат къоIэбэри кхъуэщыныр къыIех Зулий. Кхъуэщыныр къыщыIихкIэ Бей-Булат хэтщ Зулий и нэм щIэплъэну, арщхьэкIэ Зулий и напIэр къимыIэтыжу щIыбагъ защIэкIэрэ йокIуэтри, бжэм зэрынэсу хьэщIэщым щIобзэхыкI.

— НасыпыфIэ ухъу, дахэ! — жеIэ и щхьэр къеIэтри Шех-Али-Хъан, Зулий иджыри ящхьэщыт и гугъэу.

— Ар зыжепIэр Бей-Булат игъащтэри щIэлъыжащ. А уи нитIым, лъы къызыщIэж уи нитIым, зи псэ химыхын тхьэIухуд дунейм тет? — жеIэ Къубатий.

— Джэду хуэдэу уенэцI нэхърэ лIы и плъэкIэу ужьэхэплъэмэ нэхъ къащтэ цIыхубзхэм, — къыдощI Бей-Булатым пщы Аслъэнджэрий, — тхьэ дыгъаIуэ, нэхъ къащтэмэ.

— Бзылъхугъэм хьэщыкъ ухуэхъуамэ укъызэрищIэнур уи IуплъэкIэмкIэщ, Къубатий. Уэ ар умыщIэ хуэдэ зумыгъэхьэрэжьыт. «Шэшэным и нэмрэ и къамэмрэ зэхуэдэщ» щIыжаIэжар пщIэрэ уэ, Къубатий? И нэр зэхъуапсэр IэщIэкIын хуейкъым, и къамэр зыхуилъари IэщIэкIын хуейкъым.

— ЗэрыжыпIэмкIэ, Аслъэнджэрий и унэIут хъыджэбз цIыкIум уи фIэщыпэу упыхьащ, уэ, Бей-Булат? Сэ си гугъаи ауэ сытми угушыIэу.

— Ей, Къубатий, Къубатий, уэ зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу физищ уиIэщи, уи ныбэр изщ...

Шех-Али-Хъан къахелъхьэ нэхъыжь псалъэу:

— Куэдщ, щывгъэт. Iуэхум кIэ едвгъэт.



«Ар жимыIэм сыт жиIэн Шех-Али-Хъан? Езым физу иIэр зы тхьэмахуэм хузэблэхъуркъым» — ар игу къокI Бей-Булати, ауэ и гурылъыр щIихъумэну, пщы Аслъэнджэрий Iуэхур къыдищтэу жеIэ:

— Сэ си щхьэкIэ пэщэр зэзгъэцIыхуныр си гуапэщ. Шех-Али-Хъанрэ Аслъэнджэрийрэ мызэ-мытIэу фыщыIа сфIощI Анапэ. Ягъэ кIынкъым дэри а къалэм дыдэплъэмэ, ди насыпыр а къалэм дэлъми тщIэркъыми!

— Нэгъуейхэм я хъушэр къытхуэзэшынкъэ? — Къубатий и пащIапцIэр еIуантIэр. — Пэщэм дэ къыпытхын щIагъуэ щыIэу къыщIэкIынкъым, дыхьэулеин фIэкIа.

— Аллахьэ, ущоуэмэ, Къубатий, пэщэм къыпумыхмэ, Ермол и къуэм къыпыпхынIакIэ ущыгугърэ? — щIонакIэ Хьэжы-Исмел алдар Къубатий. — Аллахьэ, мыхъуат ари, Къубатий, хъуатэкъым жыIэкIэ...

Пщы Аслъэнджэрий:

— ДывгъакIуэ пэщэм деж. Ермол и къуэри къытхуэмыбзаджэмэ, пэщэри къытхуэфIмэ ди сыт хэкIуадэрэ?

— ХэкIуадэри? Нэгъуейхэм я хъушэм дыхон! — зегъэпхъашэ Къубатий.

— Къубатий, а уэ жыхуэпIэ хъушэм хуэдэр а дыздэкIуэми щымащIэкъым, тхьэ дыгъаIуэ, щымымащIэкIэ. Уэ дауэ уеплърэ, Шех-Али-Хъан?

Пщы Аслъэнджэрий фIэфIт мы хьэщIэхэр и гъусэу Анапэ дэс тырку пэщэм зыкъригъэлъагъун. «Мыхэр си гъусэу пэщэм сыкъилъагъумэ, си щIыхьыр куэдкIэ нэхъ лъагэ хъунщ, тыркухэм нэмыс лей къысхуащIу щIадзэнщ, пыхъуэпышэ куэд сызэриIэр ялъагъумэ, си уасэри дэкIуеинщ», — жиIэрт игукIэ абы.

Шех-Али-Хъани и гум илъри ара дыдэт.

— Дежьэнщ, дыкIуэнщ пэщэм деж. Зи мыхъуми, Ермол и къуэм еттари иридгъэкъужынщ... дыкъыщыкIуэжкIэ, тхьэм жиIэмэ, зыгуэр къытпэщIэхуэнщ, — жеIэ абы.

— Тхьэ дыгъаIуэ, дауи, зыгуэр къытпэщIэмыхуэу дыкъэмынэн!

— Аллахьэ, дыкъэмынэн!

Пщэдджыжь ефэ-ешхэр зэфIэкIа нэужь, пщы Аслъэнджэрий я пашэу хьэщIэхэр къыщIокI хьэщIэщми, зекIуэм хуагъэхьэзыра шыхэр зэпаплъыхь. Пщы Аслъэнджэрий и хьэмэшым ихуэжтэкъым хьэщIэхэм я зекIуэшхэр. Уэркъ хабзэм ипкъ иткIэ ныбжькIэ нэхъыщIэ алдар Къубатийрэ абы и бейгуэлхэмрэ яшхэм япэщIыкIэ еплъын щIадзэ.

— Уи щолэхъур дертыншэщ, Къубатий, — жеIэ пщы Аслъэнджэрий, — ауэ мыбы утесу унежьэ хъунукъым.

— Сыту?

— Щолэхъум уи дамыгъэр телъщ. Зыщумыгъэгъупщэ: уи дамыгъэ зытелъ шым игъащIэкIэ зекIуэ уримыкIуэ.

— Ар сыт щхьэкIэ?

— Дамыгъэм ухэтми къеIуатэ. Псалъэм щхьэкIэ, шы гуартэ къепхужьащ. Уи яужь къоувэ пхъэрыр. Дауи, зы цIыху гуэр гъуэгум къыщыпхуэмызэу къэнэнукъым. Мис апхуэдэу, гъуэгум щызэблэу цIыхухэм уи дамыгъэр ялъагъумэ, укъащIащи, абы щыгъуэ уунэхъуащ. Пхъэрыр уи пщIантIэм дэту урохьэлIэж. Хэт уи гугъэ пхъэрыр уи пщIантIэм къэзышэр? Уи дамыгъэрщ. Уи дамыгъэр ялъагъумэ, уи лъэужьыр яфIэмыIуэхужу пхъэрыр занщIэу уи хьэщIэщ бжэIупэм щопсых. Уэ гу лъыпта цIыхухэм я хьэлым? Хэт къыпIущIэми япэ ар зэплъыр уи шым телъ дамыгъэрщ. Гу лъыпта абы? ЗекIуэ узэрежьэну шыр къарууфIэу, жэру щытын хуейщ. ЗекIуэ узэрежьэ шым нал щIэмылъми нэхъыфIщ. Налым лъэужьыр нэхъ IупщI ещI. Къэзакъхэр нал лъэужьым йоплъри къащIэ лъэужьыр зейр урысми бгырысми...

— Аллахьэ, ар пэжмэ! — пщым жиIэр щIегъэбыдэж Хьэжы-Исмел, пщы Аслъэнджэрий жиIам зыми шэч къытримыхьэжа пэтми. — ХуэIэзэ ухъуаи уэ зекIуэ Iуэхум. Аллахьэ, а жыхуэпIар си гъакIэкIэ сигу къэмыкIынут...

Дамыгъэ ятелъу, мызэпэщауэ шы зыкъом къыхидзащ пщы Аслъэнджэрий.

— Шыр лIым нэхърэ нэхъ лъэрызехьэу щытын хуейщ! — жеIэ пщым, хуабжьу зигъэщэныфIэу, зытепсэлъыхь Iуэхум зэрыхуэIэзэр къигъэнэхуэн фIэфIу. — А къыхэздзахэм я пIэкIэ сэ фэстынщ фызэрынежьэн уанэш. Пщы Аслъэнджэрий иIэт зекIуэ Iуэхум хуэгъэса шы зыкъом, дамыгъэ ятемылъу, нали ящIэмылъу. А зекIуэшхэр сыт щыгъуи гъуэгуанэ кIыхьым хуэхьэзыру щигъэтт, уанэ ятелъхьэн фIэкIа нэгъуэщI къызыхуэт щымыIэу. Хьэжыпыжыгъэм, къуентхъ къэхьыным хуэпабгъэ пщым ищIэрт шыпщэрыкIкIэ упсэун папщIэ шыфI уиIэн зэрыхуейри — лъэкI къимыгъанэу и зекIуэшхэр игъэбагъуэрт.

Пщы Аслъэнджэрий «мирной князу» зигъэIуа щхьэкIэ, хъунщIэным хэкIыртэкъым. Ар щэхурыпхъуэжьт. ХьилагъэкIэ зыри зыпамыщIыжт. И лъэужьыр игъэгъуэщэн папщIэ пщы

Аслъэнджэрий къуажэм хъыбару щегъэIу Шех-Али-Хъан деж хьэщIакIуэ ежьэу. Кубань адрыщIыр тыркухэм яIэщIэлъти, ди бэтэгъейхэр псы Iуфэ ижьырабгъум Iутхэт. А бэтэгъейхэм тес къэзакъхэм укъамыщIэу Кубань узэпрыкIыныр тынштэкъым, ауэ пщы Аслъэнджэрий бэтэгъейм тес къэзакъхэм ямыщIэу псы икIыпIэ зытIущым щыгъуазэти, а Iуэхум хуэгузэвакъым.

ЕтIуанэ махуэм и жэщым пщы Аслъэнджэрий я гъуазэу шу щэ никъуэм щIигъум къуажэр щэхуу ябгынэри мэз лъагъуэкIэрэ КубаныщхьэкIэ ягъазэ.

* * *

— Тхьэ дыгъаIуэ, мыгъуэри бэгъуари щызэхуэса сфIощIмэ мыбы, — жиIащ пщы Аслъэнджэрий, бгы лъапэм къыщIэлъ Анапэм дэплъэурэ, — сыт щыIэми, тхьэ дыгъаIуэ, мыбы зы бэлыхь гуэр щыщыIэмэ. Фыдэплъэт, къалэр къатIысыхьащ ихъуреягъкIэ.

Шухэр бгым йохри тенджыз Iуфэм Iуохьэ. Хы ФIыцIэр мамырыщэтэкъым. МащIэу зэщIэхъае толъкъунхэр адэ жыжьэу хы щIыIум къыщобыбэри, япэ ит толъкъуным яужь итыр къыхуэпIащIэу хы Iуфэ пшахъуалъэм къытолъащIэ. Пшахъуэм щIэIущэщыкIыу зыщегъазэри, пшахъуэмрэ мывэкIэщхъымрэ тхъурымбэ Iэрамэхэр зэщIэпщIыпщIэу къытренэри езы толъкъуныр хуэмурэ йокIуэсэхыж. Ауэ а толъкъуныр хым щыхэлъэдэж дыдэм нэгъуэщI толъкъун къосри къыхущIоуэ, аргуэру хы Iуфэ пшахъуалъэм къытоукIурие зэщIэтхъурымбыкIа тенджызыпсыр. Iуфэм деж тенджызым удзыпсу зыкъреIэ, ауэ Iуфэм нэр нэхъ пыIубдзмэ, щхъуантIафэ-фIыцIафэ къытоуэ. Адэ жыжьэ дыдэу уплъэмэ тенджызым: гъуэз щхъуафэ-плъыфэ щхьэщоу, нэхъ жыжьэжу уплъэмэ — уафэр тенджызым къыщхьэщыхьауэ къыпфIощI.

Бжыхьэ хъуа пэтми, мы щIыпIэм иджыри дыгъэр хуабэу щытепщэт. Тенджызыр зыщIэуэ жьэпкъхэм, пэу лъагэхэм къытет жыгхэм къапыщэща тхьэмпэхэр псы щIыIум щест, тхьэмпэ гъуафэхэр гъуэгухэм тещащэрт, жыг щхьэкIэхэр гъуэжьыфэ хъуати — а псом къыуагъащIэрт гъэмахуэр зэрикIыр. Ауэ уафэр гъэмахуэ уафэу лъагэт, бзыгъэт...

Дэнэ лъэныкъуэкIи щыплъагъур сарыкъщ, ферсщ, адыгэ пыIэ купсэ кIыхьщ. БыдапIэ дыхьэпIэм и бгъуитIымкIи сатыру етIысэкIащ тыркухэр. Я лъакъуэхэр зыщIаупщIауэ алэрыбгъум тесхэщ, чубук яжьэдэлъхэу тутын йофэхэри. Тыркухэр нэхъ зэрысондэджэр хьэпшыпхэр фочщ, гынщ, абэщ, щэкIыщхьэщ. Тыркухэм нэхъ ящэхури адыгэшщ, щIакIуэщ, цейщ, цыщ, фэщ, фощ, мыщафэ-бажафэщ. Ауэ псом хуэмыдэжу тыркухэр нэхъ зыхуещэр хъыджэбз дахэ щэхунырщ.

Анапэ къалэм шу гуп дыхьэу тыркухэм зэралъагъуу — псори зэщIэхъеят. А къыдыхьа шухэм цIыхубз ящэну къаша яфIэщIти, зыхуэбиижу, зыр адрейм жьэхэхъущIыхьу тыркухэр зэрехьэжьэрт, мэл гуартэм теуа дыгъужьхэм хуэдэу.

— Къызэрохь, тхьэ дыгъаIуэ, къызэрохьмэ, сарыкъ къомыр! — жеIэ пщы Аслъэнджэрий, пIащIэу къапежьа тыркухэм щхьэкIэ. — Iыхьым, иджы сыт а къомым яIурыддзэнур?

— Астофрилэхь! Дэни къиукIт мыпхуэдиз ныбэхуещэ? — цIыху зэрызехьэм я куэдагъыр егъэщIагъуэ бейгуэл Мыкъэ.

Пщы Аслъэнджэрийрэ Шех-Али-Хъанрэ къабгъэдолъадэ зы тырку гъум кIэщI гуэр.

— Дахэ, дахэ фиIэ? Сывгъэлъагъут, уасэмкIэ, уасэмкIэ дызэгурыIуэжынщ.

— Уи сэламыр дэнэ щыIэ уэ? — тыркум сэлам къазэрыримыхам къегъэпхъашэр пщы Аслъэнджэрий. — Фыз щхьэкIэ сэлам къабзи умыщIэжу ара?!

— Уэ сэлам-чэлам жыхуэпIэр сэ сщIэркъым... Хъыджэбзщэн уиIэмэ къащтэ.

— СиIэу щытми, тхьэ дыгъаIуэ, уэ бзаджэнаджэм уэзмыщэн! — пщы Аслъэнджэрий шым йолъэдэкъауэри йожьэж. АрщхьэкIэ лъэбакъуэ зыбгъупщI нэхъыбэ имычу нэгъуэщI тырку сондэджэрым къегъэувыIэ.

— Сэлам алейкум!

— Уалекум сэлам.

— Фыкъеблагъэ...

— Уи благъэр алыхьым пхуихъумэ. Армыраи хабзэр. Мис мыр тырку сондэджэр дыдэщ... Ауэ мор... — пщы Аслъэнджэрий зоплъэкI. «БзаджэнаджэкIэ» зэща тырку сондэджэрым пщы Аслъэнджэрий и шу гъусэхэр къигъэувыIауэ яхэупщIыхьт. — Ей, Бей-Булат, фемыпсалъэ а цIапIэм. ФыкъакIуэ мыдэ!

Тырку сондэджэрым пщы Аслъэнджэрий зыкъыхуегъэфибл:

— Ди гуапэщ фыкъызэрыкIуар. Сыт нэхъ къытхуэфша?

Пщы Аслъэнджэрий:

— Сыт нэхъ фызыхуейр?

— Шэрджэс хъыджэбз. Езы Махьмуд сулътIаным саугъэт хуэсщIыну набдзэ зытелъым я нэхъ дахэ солъыхъуэ...

Абдежым пщы Аслъэнджэрий мурад ещI тырку сондэджэрым щIэнэкIэну.

— Набдзэ зытелъым я нэхъ дахэ жыпIа?.. Дэри ди жагъуэтэкъыми а дахэ жыхуэпIэр.

— Фэ фи куэдщ, пэщэ! — къоубзэ тыркур пщы Аслъэнджэрий, зыгуэрышхуэкIэ къыщыгугъыу. — Сэ си щхьэ Iуэхукъым зесхуэр, ди сулътIаным и Iуэхущ. Мыдрейхэм запывмышэ. Абыхэм къыватыфыни щыIэкъым. Сэращ сулътIаным хуэзыщэхур хъыджэбз дахэхэр. Сэращ, мис абыкIэ сиIэщ фирмэн.*

Тыркур и гуфIакIэм допэщэщыхь. АрщхьэкIэ пщы Аслъэнджэрий абы къригъэлъагъунум пэмыплъэу йожьэж. Мы шу гупым зыгуэр къапыпх хъуну и фIэщ хъужауэ, фирмэныр пIийуэ иIыгъыу, тырку сондэджэрыр кIэлъожэ пщы Аслъэнджэрий сымэ.

— Мис фи фIэщ мыхъум, феплъ, мис.

Пщы Аслъэнджэрий зыри щыжимыIэм, тырку сондэджэрыр шухэм яхоплъэ. Абы и нэм къыфIонэ Хьэжы-Исмел; сарыкъ щхьэрыгъти, арауэ къыщIэкIынт тыркум и нэр абы щIыфIэнар. Ауэ нэгъуэщIкIи къахэщт Хьэжы-Исмел шу гупым: и шы тесыкIэмкIэ. ТхыбыIуэу, уанэкъуапэр иIыгъыу, уанэгум имызагъэу адэкIэ-мыдэкIэ зещатэу, гугъу ехьу тест ар шым. Зыми гулъытэ

* Фирмэн – сулътIан унафэр зэрыт тхылъщ.

къыщыхуимыщIым, зы фейдэшхуэ гуэрым хэнынкIэ гужьеижауэ тыркур бгъэдолъадэ Хьэжы-Исмел:

— Мис, мис, езы сулътIаным и мыхъур телъщ!..

Хьэжы-Исмел къоувыIэри фирмэныр тыркум къыIех. СулътIаным и мыхъур зытелъ тхылъ Хьэжы-Исмел зэи иIыгъатэкъыми, и Iэпэхэр кIэзызу, и гущхьэр къигъэлу фирмэныр зэпеплъыхь.

— Яллахь, яллахь! Мы зи мыхъур слъагъур аллахьым тхуигъэпсэу! Зи Iиманрэ зи динрэ зыхъумэжыфын къэрал лъэщ аллахьым ищI мыр зи мыхъур къэралыр!

Хьэжы-Исмел мыхъурым тхьэ щыхуелъэIум, тырку сондэджэрым ар зыгуэру къыщохъу. Абы къыфIощI Хьэжы-Исмел мыхъурым бидэу щIеплъыр нэгъуэщI Iуэхуу. Тыркур къошынэж.

— Къызэпщэн уиIэмэ, кIэщIу жыIэ, хьэжым! — жеIэ тырку сондэджэрым «сулътIаным и фирмэнщ» жыхуиIа тхылъым хуэIэбзу. — УиIэIа, хьэжы? ИIэт, сумыгъэгувэт!

— Сэ уэсщэн сиIэкъым.

— Уи гъусэхэм-щэ?

— Си гъусэхэми? Уагъэделэ си гъусэхэм, аллахьэ, уагъэщхьэрыуэмэ... Уэ узыхуейм щыщ абыхэм яIэкъым, аллахьэ, ямыIэ, къуэш!

Алъандэрэ убза тыркум зэуэ зехъуэж. И щхьэр ерууэ егъэкъ, нэщхъыдзэу маплъэ. Шу гупым зыри къызэрыпымыкIынур хьэкъыу и фIэщ зэрыхъуу, тырку сондэджэрыр пагагъэм игъэхъыжьэу мэIэбэри фирмэныр Хьэжы-Исмел къыIэщIеудыж. — Хэт и щхьэ атIэ мо пэрытым игъавэр? Сэ абы и дэджэгуэгъу сыхъуа! — мэшхыдэ тырку сондэджэрыр.

— Умыхъыжьэ, къуэш! Ар къэбэрдеипщщ, аллахьэ, ар лIы пхъашэмэ. Фи пэщэм кърйгъэблэгъауэ аращ ар, губжь тезагъэркъым!

— Сыт-тIэ кърйгъэблэгъамэ? Сэ си къуэш дыдэр Истамбыл тебдилхьэсэджу* дэсщ. КъыбгурыIуа ар? Тебдилхьэсэджу! — зегъэпагэ тырку сондэджэрми, сулътIан фирмэну игъэIуа тхылъыр и гуфIакIэм делъхьэж.

— Абы и гуфIакIэм дилъхьэжа тхылъыр сулътIан фирмэнтэкъым. Ар Истамбыл дэс тебдилхьэсэджым кърита тхылъу арат, Анапэ щыIэ тэрэзэхэм кIэлъыплъыну. АрщхьэкIэ тырку сондэджэр бзаджэм а тхылъыр сулътIан фирмэну игъэпIийрти къигъэсэбэпт. ЕджэкIэ зымыщIэ адыгэпщхэм я фIэщыпэ хъурт а тхылъыр фирмэну, а тыркури сулътIаным и лIыкIуэу. Абы къыхэкIкIэ, а тырку сондэджэрым и сату Iуэхухэр куэдкIэ нэхъ ефIакIуэрт, адрей тыркухэм я сатум нэхърэ.

«Хэту пIэрэ мы шу бэлыхьхэр?» — жаIэу цIыхухэр къеплъакIуэу пщы Аслъэнджэрий сымэ быдапIэм Iуохьэ.

Анапэ быдапIэр бастионибл хъурт. А бастиониблыр зэпыщIат щIытIкIэ. Езы быдапIэри ихъуреягъкIэ кууу къэтIыхьат. ЩIытIым и кIапитIыр тенджызым еуалIэрт. Мы быдапIэр тыркухэм япэм яхуэзыщIауэ щытар французхэрт. Иджы, тыркухэм я фIэщ кърагъэкIауэ быдапIэр нэхъри нэхъ лъэщ ящIырт, англичан инженерхэр я дэIэпыкъуэгъуу. Топ пщIейрэ щырэ мортир пщыкIубгъурэ япэм Анапэ щыхэтIауэ щытамэ, иджы топищэм щIигъукIэ, мортир щэ ныкъуэм нэскIэ мы быдапIэр зэщIэузэдат. Тенджыз

* Тебдилхьэсэдж – тэрэзэхэм я тэмэмагъыр къэзыпщытэщ. Апхуэдэ къалэн зиIэ тыркум куэдыр щышынэрт.

лъэныкъуэмкIэ къалэр къахъумэрт кирлагач, байракъ* хуэдэ кхъухьхэм. Мы быдапIэм ирахьэлIа къарум къиIуатэрт тыркухэм мыхьэнэшхуэ Анапэ зэрыратыр.

БыдапIэ дыхьэпIэм деж пщы Аслъэнджэрий сымэ щопсых.

— Дэ псогуэри мыбы дыдэхуэнкъым... Мыкъэ, мо жьэгъум деж ди шэтырхэр щыгъэув, фи пщыIэхэри зэвгъэпэщ, лэгъупри къызэфIэвдзэ! — унафэ ещI пщы Аслъэнджэрий. — Дэ дыкIуэнщ пэщэм деж...

— Дэгъуэщ, зи уз схьын!

— ФеужьэрэкI.

— А-а-а, ассалам алекум! — кIийуэ, и IитIыр ишияуэ, жыджэру къабгъэдолъадэ шу епсыхахэм Къурбан ефэндыр, пэщэм и дэфтэрзехьэр*. Ар тырку лIы гъурыжь цIыкIут, жьакIэ цIырхъ тету, пэ гъур-пэ къуаншэу. Пщы Аслъэнджэрийрэ Хьэжы-Исмелрэ фIыуэ къицIыхут а дэфтэрзехьэми, и IуфакIитIыр хэлъэту мэгуфIэ.

— Сыту фIыт, сыту игъуэ дыдэу фыкъэса, фынеблагъэ! — дэфтэрзехьэм сэлам ярех пщы Аслъэнджэрий и гъусэхэм. — Си пэщэм и гуапэ хъунщ, хуабжьу и гуапэ хъунщ фыкъызэрысар ищIэм! — дэфтэрзехьэм и нэ цIыкIуитIыр хьэщIэхэм гъуэрыгъуэххэурэ йонэIуахуэ.

Къурбан ефэндым хьэщIэхэр дешэ быдапIэм.

— Мес ди Рашид-пэщэр! Мо топым бгъэдэтыращ. Хуабжьу зауэлIщ. Рашид-пэщэ нэхъ хахуэ, тобэ ирехъу, дзэпщ щыIэу къыщIэкIынкъым. ЛIы бэлыхьщ! — пэщэм хъыбар иригъэщIэну хуэпIащIэу Къурбан япэ йощ.

Топым бгъэдэтт Анапэ быдапIэм и пэщэр. Абы щхьэрыгъ сарыкъым къытебыбзэу бунчукитI* дэIуащ. ТенджызымкIэ къиу жьым шыкIэм къыхэщIыкIа бунчук тхьэмпэр зэщIегъэхъае.

Рашид-пэщэр я унафэщIу янычархэм крепостной топышхуэ ягъэIэпхъуэу арат. Пэщэм IэщIэлъ бацковскэ дотмэм* «пIач» жригъэIэу, пэщэм дотмэр щIихулыкIыху янычархэр зэдоIэри, топышхуэр зы лъэкIэ ягъэIэпхъуэ. Тыркухэм пщIэнтIэпсыр иракъуэкI...

Рашид-пэщэ бгъэдоущэ дэфтэрзехьэ Къурбан.

— Адыгэпщ Аслъэнджэрий къэсауэ аращ, гъусэфIхэри дэщIыгъущ.

— Хьэжы-Исмел-щэ?

— Ари яхэтщ. Хьэжы-Исмел зэрыжиIэмкIэ, гъэфIэн хуей хьэщIэщ ахэр!

Пщы Аслъэнджэрий сымэ къыIуохьэ. Пэщэм зигъэхабзэщIэкъуу хьэщIэхэм сэлам ярех.

— Сыту фIыт фыкъызэрыкIуар! Абы нэхъ гугъуехь алыхьым къывимыткIэ. Сэ уи адэр фIыуэ сцIыхуу щытащ, — пщы Аслъэнджэрий зыхуегъазэ пэщэм. — Хуабжьу си цIыхугъэу щытащ уи адэр... Алыхьым укIэлъигъэпсэу!

— Алыхьыразы къыпхухъу! — зэдыжаIэ хьэщIэхэм.

* Кирлагач, байракъ – кхъухь лIэужьыгъуэхэщ.
* Дэфтэрзехьэ – тхылъ Iуэхухэр зезыхьэ.
* Бунчук – пэщэхэм я нэхъыщхьэхэр зэрызэхагъэкI фащэщ.
* Бацковскэ дотмэ – Польшэм щащIу къыщаублати, ар щащI щIыпIэм и цIэр фIащащ.



3 Заказ №791

— Иджы зэманыр хьэлъэщ. Благъэхэри зэфӀокӀуэдыж. Сэ, мис, сыкъыволъагъу, топхэр къызолъэфэкӀри хущӀыхьэгъуи згъуэтыркъым.

Шех-Али-Хъан топыкум иплъэурэ:

— Алыхь-алыхь, мы жьабгъуэжьыр узижэгъуэным теугъуагъуэ!

— Англыз пащтыхь Джеордж* къытхуригъэшащ мыр.

— Шех-Али-Хъан жиӀауэ, узижэгъуэным туубгэ мыр! — топым и зэрамыщӀэжагъыр егъэщӀагъуэ пщы Аслъэнджэрий. — Мыпхуэдэ куэд фиӀэ?

— Зи, ди пэрыхьэтщ.

— Янэ мыгъуэр ишхыжауэ мыпхуэдэ зыбгъупщӀ сиӀащэрэт! — жеӀэ Бей-Булат.

— Сыту пщӀынут? — йоупщӀ абы пщы Аслъэнджэрий, — зекӀуэ урикӀуэну арат? Мыр зыхуэбгъэзэнури зэрыбгъэзэнури умыщӀэурэ ухэкӀуэдэнти.

— Ар зэрызгъэзэнури зыхуэзгъэзэнури си Ӏуэхужт! — жэуап шэрыуэ итыжа къыфӀэщӀыжу зегъэщӀагъуэ Бей-Булат.

Пэжу, Бей-Булат и жэуапыр игу ирохь Рашид-пэщэми жеӀэ:

— Уэ слъагъум пщӀэнущ зыдэгъэзэн хуей лъэныкъуэр. Куэдым жаӀэу зэхызох шэшэнхэр бэлыхьу зауэу. Сэ фӀы дыдэу сощӀэж фи Мансур... Сэ абы зыбжанэрэ сригъусащ, лӀы гуащӀэт ар, лӀы гуащӀэ! Мы къалэм дэсащ ар.

— Сэ абы и хъыбар зэхэсха фӀэкӀа, езыр слъэгъуакъым... Дауи слъагъунт? Алыхьым ещӀэ, сэ абы щыгъуэ гущэм сыхэлъми арат.

— Пэжщ, уи ныбжьым къиубыдынукъым абы и зэманыгъуэр. — Пэщэм сыхьэт кърех. Ауэ сыхьэтым дзыхь хуимыщӀ хуэдэу дыгъэм йоплъ, и нэ сэмэгур щӀеукъуанцӀэри. — Шэджагъуэ хъуащ. ФынакӀуэ, нэмэз тщӀынщ.

Хьэжы-Исмел хуэубзэу дэфтэрзехьэм жеӀэ:

— Хьэжы-Исмел нэмэз дигъэщӀыну долъэӀу. Ар Мадинэ щыӀащ.

— Истамбыли, Истамбыли! — гуфӀэжу дыщӀегъу Хьэжы-Исмел.

— Истамбыли? Къысщыгъупщэрти Истамбыл узэрыщыӀар.

— Мэчэ-щэ?

— Мэчэи ущыӀа?

— Аллахьэ, сыщыӀамэ!

— Ар сыту фӀыт. Куэд плъэгъуащ-тӀэ уэ? — яӀэт зэралъэкӀкӀэ Хьэжы-Исмел ефэндым и щӀыхьыр пэщэмрэ абы и дэфтэрзехьэмрэ.

— Куэд зыгъащӀэ нэхърэ, куэд зылъагъу, жаӀэ адыгэхэм, — зыгуэр жиӀэн хуейуэ къилъытэжат пщы Аслъэнджэрии, ар къыпещэ. Абы игу ирихьакъым Хьэжы-Исмел апхуэдэу тыркухэр къызэрыщытхъур, сыту жыпӀэмэ езы пщы Аслъэнджэрий, Шех-Али-Хъан сымэ къанэу щытхъу ефэндым деж щӀынэсын щымыӀэу арат зэригъэувыр абы. «Шы тесыкӀэ къудей зымыщӀэм сыт апхуэдизу далъэгъуар? — жиӀэрт игукӀэ пщы Аслъэнджэрий. — Абы нэс дыкъыщӀрашари Хьэжы-Исмел нэмэз дащӀыну ара? Мы Ӏуэхум зыгуэр хэлъщ».

Пщы Аслъэнджэрий и щхьэм хузэгуопыж.

«Мы Хьэжы-Исмел и сарыкъым иужь ситу щхьэ къэзджэдыхьрэ? Сыт емынэ сыкъезыхуэкӀыр? Ярабин, сыту пӀэрэ къызыхэкӀыр ефэндыр мыпхуэдизу ягъэлъэпӀэныр? Сэ сыкъуажэпщщ. Къэ-

* Джеордж – зи гугъу ищӀыр инглыз король Георг Ещанэрщ.

бэрдейм и зы пщышхуэу сисщ. Хьэжы-Исмел сыт, сэ сэлъытауэ? Сарыкъ щхьэрыгъщ армыхъумэ, си щӀакӀуэзехьэм, си пщафӀэм зыцкӀэ къыгуэкӀкъым. Хьэуэ, хьэуэ, мы пэщэм и къегъэжьэкӀэр сигу ирихькъым. Деплъынкъэ адэкӀэ къыкӀэлъыкӀуэнум. Мыхъужыкъуэ хъумэ, сеуэнщи Псхэу жылэ си щыкъум деж сыкӀуэнщ... Сэ, тхьэ дыгъаӀуэ, пэщэщ жысӀэу куэдрэ ар къэзмыбзеихыфыну».

Адыгэпщхэм хуабжьу я хьэлт дэтхэнэ зы мыхьэнэншэри губгъэн, щхьэжэ яхуэхъуу. Я тепщэныгъэм къыпэрыуэӀауэ емыса адыгэпщхэр икъукӀэ хущӀэкъурт щӀыхь лейм. Ауэ псом хуэмыдэжу а зыкъыфӀэщӀыжыныгъэр пкърылът пщы Аслъэнджэрий. НэгъуэщӀ куэдым хущыщӀэми, зыкъыфӀэщӀыжыныгъэр къелеекӀыжт абы. Дэнэ дежи, сыт щыгъуи ар хущӀэбэнт нэмыс лейм. Иджы, абы къыхэкӀкӀэ, нэмэз яригъэщӀыну пэщэр Хьэжы-Исмел зэрелъэӀуа къудейр игу техуэртэкъым. Хьэжы-Исмел щӀыхь хуэмыфащэ къыхуащӀу арат къызэрилъытэр абы. Пщы Аслъэнджэрий апхуэдэу къилъытэ щхьэкӀэ, пэщэм и мурадыр нэгъуэщӀт. Абы и гугъэт: «Ди ефэндымрэ дэрэ нэмэз къыддищӀащ пэщэм, — жаӀэнщи хьэщӀэхэри гуфӀэнщ».

Зы тӀэкӀунитӀэкӀэ и нэмысым къехъурджауэӀауэ пщы Аслъэнджэрий къызэрыфӀэщӀу, абы и фэм зихъуэжт. Ар нэхъри нэхъ пагэ хъурт. ГущӀэкӀэ зэныкъуэкъужу, псоми хуэпабгъэу, псори и жагъуэу зэщӀэнэрт. Иджыпстуи ар къыщыщӀат пщы Аслъэнджэрий, ауэ абы зыми гу лъитакъым. А псори щхьэжэ зыщыхъуа пщы Аслъэнджэрий нэмэзыр «ӀэхъуэтегъэкӀыущ» зэрищӀыр.

МывэкӀэ дращӀея мэжджытым къыщӀокӀыж хьэщӀэхэр. Рашид-пэщэ ирегъэблагъэ ахэр и деж. Пэщэм хьэщӀэхэр зыщӀиша унэри мывэт къызыхащӀыкӀар, къатитӀу зэтетт. Мы унэр хьэщӀэщ папщӀэу пэщэм иӀэт. ХьэщӀэщ папщӀэ щхьэкӀэ, мы унэри быдапӀэт. Фоч дэупӀэ гъуанэхэр мывэ блын Ӏувым хэщӀыхьат. Зы гъуаплъэ топ тенджыз лъэныкъуэмкӀэ къыщыт блыным пхыгъэжат, адрей блынитӀми пхыгъэмба гъуанэхэми топыпэхэр дэплъырт. Топышэхэри топ лъабжьэм щӀэлъыжт. Пэщэм хьэщӀэхэр здыщӀишар бастионым и етӀуанэрей къатырт. Мыр бастионт икӀи пэщэм и хьэщӀэщт. Бастионыр къуапитху хъурти, хьэщӀэщым и кӀуэцӀри плӀанэпэ тхуимэт. ПлӀанэпэ къэс фоч кӀыхьыжь зыбгъупщӀ дэлът: нэмыцэ, англыз, тырку фоч пабгъуэхэм хуэдэ. Езы бастион кӀуэцӀыр къулейуэ зэгъэпэщащ; тахътэбанхэм къэдабэ щхьэнтэ ярылъщ, лъэгум алэрыбгъуэшхуэ иубгъуащ, тахътэбан къэс дарий щӀэбзэ иӀэу мыщафэ илъщ, кальян зырызи бгъэдэлъыжщ. Унэку дыдэм ит Ӏэнэ хъуреишхуэр щхьэнтэ зыкъомкӀэ къэгъэтӀылъыхьащ. Бастион кӀуэцӀыр бейуэ гъэщӀэрэщӀа пэтми, зэмыфэгъу хьэпшып куэдым теплъэгъуафӀэ ищӀтэкъым.

Утыкум ит Ӏэнэ хъуреишхуэм йотӀысылӀэ хьэщӀэхэр. Пщы Аслъэнджэрийрэ Шех-Али-Хъанрэ жьантӀэмкӀэ ягъэтӀыс. А тӀум я кум пэщэр къыдотӀысхьэж. Хуэм-хуэмурэ пщы Аслъэнджэрий и гурыфӀ къохьэж. Абы и гурыфӀ къихьэжыным куэдыщэ хуейтэкъым. Пщы Аслъэнджэрий къыхуэнэщхъыфӀат тӀэу-щэ пэщэри, а къудейр ирикъуащ гурыфӀэ хъужыным.

Рашид-пэщэр кальяным щӀофри, тутын Ӏугъуэр къызыжьэдригъэхуа нэужь, зигъэӀэдэбу кърегъажьэ:

— Зэхэсхащ Ермолай инэралыр пэщэуэ ныфхуагъэкӀуауэ.

— НытхуагъэкIуащ, — жеIэ пщы Аслъэнджэрий.

— Сыт хуэдэлI ар?

— Зегъэпхъашэ, икъукIэ зегъэпхъашэ! А сэ слъагъум узижэгъуэныр IурыуIэбэ, Iурыущыхь! — и щхьэр егъэсыс Шех-Али-Хъан. — Хъуэхъур хъуэн пщещI. Алыхь сакълэсын, и инагъым хуэдизщ и гуащIагъри. Зы емынэ гуэр Урысейм къыщращIауэ къыщIэкIынщ абы, тобэ ирехъу, къыщIэкIынщ!.. Иджы абы и губжьыр дэ къытщехьэ. ФIыуэ къагъэгубжьри къытхуагъэкIуауэ ращ... Армырмэ сщIэркъым.

— Тхьэ дыгъаIуэ Артыш* иныралыр дыщэмэ, Ермол и къуэм елъытауэ. Артыш инэралым зи мыхъуми угурыIуэрт, узэхищIыкIырт, тыгъэ къыпхуищIырт, уи пщы напэ игъэуджылтэкъым... Мыдрейр аракъым! Тхьэ дыгъаIуэ, армыра! — жеIэ Аслъэнджэрий.

Пщы Аслъэнджэрий и щхьэм доуей зэрыщыуар. Шех-Али-Хъан жиIар зэрыдипхъуэтам Iейуэ хущIогъуэж. Пэщэм и пащхьэм деж мы хьэщIэхэм сыт хуэдизкIи нэхъ зыщагъэлъэпIэн хуейт. Абы и пIэкIэ загъэщхът. Пщы Аслъэнджэрий игу къыдожей:

«Делагъэщ, тхьэ дыгъаIуэ, делагъэмэ зэхэтщIыхьар. Урыс инырал Ермол дыкъримыдзэу, зы щIыхь гуэри къытхуимыщIу пэщэм хуэтIуэтащ. Ермол и къуэм дыкъыщримыдзэкIэ, пэщэми дыкъридзэнкъым. Дыщыуащ, делагъэщ тщIар, тхьэ дыгъаIуэ, делагъэмэ. Урыс иныралыр къыдэубзэу, Iулъхьэшхуэ къыдиту, къытхуэIуладжэу, къытщышынэу жытIатэмэ, пэщэм и деж ди уасэри нэхъ лъапIэ щыхъунт, пэщэри нэхъ дгъэгузэвэнти, Ермол деж къыщимыкIа ди кIэныр мыбы деж къыщицIэфтынт. Делагъэщ, делагъэщ зэхэтщIыхьар, тхьэ дыгъаIуэ, делагъэмэ! Хъуакъым ар, дыхэуащ, тхьэ дыгъаIуэ, дыхэуамэ!».

А псори щхьэжэ зыхуэхъужа пщы Аслъэнджэрий псынщIэу зыкъигъэзэжыну похьэ.

— Ауэ, тхьэ дыгъаIуэ, инырал Ермол апхуэдэу псоми хуэмыябгэ. Дэ ди адыгэ, Бэч и къуэ, дэщIыгъущ абы. Абы щэхуу къызжиIащ Ермол Iулъхьэшхуэ пщыхэм тхуигъэхьэзыру. Си щхьэкIэ сэ къызжиIащ а ди щIалэм Ермол сэр папщIэ сом минищ улахуэу схуигъэхьэзырауэ, урысхэм я телъхьэ сищIын папщIэ. Мис, мы Шех-Али-Хъан апхуэдизкIэ къагъэгугъэ; Бей-Булати, Къубатии сом мин тIурытI къыхуагъэлъагъуэ урысхэм... Пэжкъэ, Бей-Булат?

Бей-Булат абы и жэуапым хуэхьэзыртэкъым. Абы и пщIыхьэпIэм къэкIтэкъым пщы Аслъэнджэрий зыхуещэ Iуэхур, ауэ и ныбжьэгъур имыгъэукIытэн папщIэ, жимыIэу хъуакъым:

— Пэжщ. Пэж дыдэщ.

ИтIанэ, зэуэ зыкъигъуэтыжри:

— МинитIыр куэд щIауэ къызат. Сэ яхузогъэлъагъуэ минищ. Минищ къызамытауэ сахуэбэяунукъым, — пцIы еупс Бей-Булат.

УкIытэ лъэпкъ имыIэжу и гъуситIым пцIы щаупсым, «сэ зыри жызмыIэурэ Iыхьэншэ сыхъункIи хъунущ» жеIэ игукIэ Къубатии, хуабжьу зигъэпакъэу къыхедзэ:

— Сэри сыаращ... Сагъэпсэуркъым урыс пристафхэм, сагъэпсэуркъым, «къулыкъу тхуэщIэ» жаIэурэ сяужь итщ зы илъэс ен хъуащи... Дунейм къызэрыспымыхьа къагъэнакъым. ЯпэщIыкIэ прапэрщык чиныр къысхуагъэлъэгъуащ, ар яхущызэзмыпэсым пэлъковнич ныкъуэм и чиныр къысхуагъэлъэгъуащ. АбыкIи са-



* Артыш – Ермоловыр зи пIэ иува генерал Ртищевырщ.

мыхьэхуф щыхъум, енерал дамэтелъхэр къысхукъуагъэплъащ, — и нэр мыупIэрапIэу пцIы защIэр щIигъэлъэлъырт Къубатий, — иджы, пэж жысIэнщи, щхьэуназэ сыхъуащ а Iуэхум сегупсысурэ. Пэжым ухуеймэ, Iейкъым енерал дамыгъэхэр къеблэблэхыу, сом минищ-минитхур уи улахуэу упсэуныр. Езы урыс афицархэр къыщыпхуэзэкIэ сыным хуэдэу пхуэжу, дэнэкIэ бгъазэми уи гъуэгуу! Хьэуэ, Iейкъым енералу ущытыныр!

Пщы Аслъэнджэрий игъэщIэгъуащ, пэж фIэкIа умыщIэну, пцIы къомыр Къубатий Iэзэу зэрызэхилъхьэфар. «Тхьэ дыгъаIуэ, си пыIэкур кърихуамэ алдар Къубатий! ПцIы уупсынум мис апхуэдэущ зэрыупсын хуейр», — жиIащ игукIэ абы.

Алдар Къубатий пцIым дихьэхыщауэ увыIэжыртэкъым:

— Урысхэм енерал сыщIащIынур ауэ сытми къызэрыгуэкI Iуэху цIыкIукъым, атIэ, Iуэхушхуэщ, урыс Iуэхущ, къэрал Iуэхущ. Си щIыналъэмкIэ икIыу зы гъуэгужь щыIэщ... А зы гъуэгужьыращ Урысейм уикIыу Куржы* узэрыкIуэ хъуууэ щыIэхэри. АтIэ, мис а гъуэгужьым тет сыхуащIу, хэт блэкIми гъуэгупщIэ къеIысхыу, гъуэгупщIэр сысейуэ сагъэувыну ащ урысхэр зыхущIэкъур. А гъуэгужьым езым жэщми махуэми зэпыу имыIэу сондэджэрхэр щызэблокI, а гъуэгужьыр и кIыхьагъкIэ си IэмыщIэ къралъхьэнущ... Хьэуэ, Iейкъым енералу ущытынри, апхуэдэ гъуэгужь уи IэмыщIэ илъынри! Iейкъым. Мис а псори гупсысэ схуэхъуауэ сехь...

Ар апхуэдизкIэ пцIым ирихьэжьати, куум хыхьэнкIи хъунут. Аби и гъусэхэр гузавэу хуожьэ. «ПцIы куэдыIуэ зэпеIу мы ди ныбжьэгъум, дыкъыщIигъэщынкIи шынагъуэщ», — жаIэ ягукIэ Къубатий и гъусэхэм. Къубатий мыувыIэжу адэкIи зы шыпсэ гуэр къыпищэнкIи хъунут, Шех-Али-Хъан мыхъуатэмэ:

— Куржы кIуэ а гъуэгужьым уэ нэмыщI нэгъуэщIхэри щагъэгугъ урысхэм. Сэ сощIэ Эриставхи урысхэр едэхащIэу, сощIэ. Ауэ урысхэм я пыIэр кърырегъэпцIэж абыкIэ. ФызыIэщIалъхьэну ащ я мурадыр.

— Тэмэм, тэмэм! — жеIэ Рашид-пэщэм. — КъарукIэ къыфпэхъунукъыми, дахэ зыкъыфхуащI. КъарукIэ къыфпэлъэщыну ящIэтэмэ, зы махуэ бэуэгъуэ къыватынтэкъым. Алыхьыр щыхьэтщ, къывамытынт! Сэ фIыуэ сощIэ урысхэм я хьэлыр... Зэкъым-тIэукъым сэ абыхэм сазэрезэуар. Езыхэми фIыуэ сыкъацIыху сэ!..

Рашид-пэщэр и щхьэ щытхъужу арат. ХьэщIэхэм зыщагъэлъапIэм пэщэми мурад ещI зимыгъэикIэну.

— А урысхэм сэ фIыуэ сыкъацIыху, игъащIэкIэ сащымыгъупщэн хуэдизу си удын мащIэ ятехуакъым абыхэм, си удын мащIэ! Сыхъум къалэ деж, Сунджыкъ къалэ деж, Сош псыщхьэ деж, сэ сщIэж мыгъуэрэ а псори, си удын урысхэм щалъэIэса щIыпIэ псори! — жиIэрт Рашид-пэщэм, урысхэм къыщаубэрэжьа щIыпIэхэр щIибжыкIыурэ. — Къару фIэкIа ахэр зыгъэубзэн щыIэкъым. Мис иджы зэхахат Фет-Али-Шахъ и къуэ Аббас-Мирза дзэшхуэ зэригъэпэщуи, урыс пащтыхьыр шынэжауэ абы лIыкIуэ хуегъакIуэ, еубзэу хуегъакIуэ. А Ермолай енерал дыдэр лIыкIуэу хуегъакIуэ къэжэрхэм иригъэубзэну.

— Ди деж тету нагъэкIуари? — щIоупщIэ Шех-Али-Хъан.

— Ар дыдэр.

* Куржы – Грузиерщ.

— Тхьэ дыгъаIуэ, а сэ слъэгъуам убзэныфэ темыт! — жеIэ пщы Аслъэнджэрий.

— Сыт жыпIэр? И пащтыхьым унафэ къыхуищIащ Къэрэбахъ* хэкур къэжэрхэм яритыжыну. Къэрэбахъ хэкур дэнэ къэна, Бакъырэ* дагъакIуэ, уеблэмэ. Дагъыстан щIылъэхэри хуагъэлъагъуэ къэжэрхэм. Сыту фи гугъэрэ апхуэдизу урысхэр къэзыгъэщэбар? Къарурщ, къарурщ! Аббас-Мирза дзэшхуэ зэригъэпэщащ. Дэри, фолъагъури, дыжейркъым.

— Алыхьым фыхущIигъэхьэ!

— Алыхьым и нэфI къыфщыхуэ, фи мурадыр къывигъэхъулIэ!

— Iэмин!

— Фи мыгугъэ урысхэм дэ Сыхъум къалэр куэдрэ едгъэIыгъыну, фи мыгугъэ. Мы тенджызым зы урыс кхъухь къытедгъэхьэнукъым. Алыхьым дыкъещIэ, къытедмыгъэхьэну! Ар дэнэ къэна, Къэрымыр къытетхыжынущ Урысейм. Алыхьым жиIэмэ, икIэщIыпIэкIэ флъагъунщ Къэрымыр а къэфирхэм* къатетхыжауэ, флъагъунщ!

— Алохьэу Iэмин!

— Алыхьым жиIэ!

— Иремыгугъэ Урысейм дэ дыбэяужауэ, иремыгугъэ, — кIуэ пэтми нэхъ къызэрокI Рашид-пэщэр, — дэ иджыщ ди фIэщ къыщидгъэкIыр, иджыщ! Фэ фощIэ дэ, тыркухэм, къытщымышынэ лъэпкъ дунейм теткъым, теткъым! Урысхэм къыдэплъыпIикъыдэупIи зэредмытынум шэч къытевмыхьэж. Си сулътIан Мухьмуд жэщ-махуэ жиIэркъым, егъэхьэзыр дзэшхуэ, дзэшхуэ дыдэ... Дэ диIэ топхэм хуэдэ топ зиIэ мы дунейм къэрал теткъым, щыIэкъым! Урысхэм дыкъащIауэ иджы къыдэубзэжын я гугъэщ... Мис мы физыдэс къалэри кIокъумакъыншэу къыдатыжащ, иджы нэгъуэщI зыкъоми къытхуагъэпIий. Урысей лIыкIуэхэр нэкIуащ, ди сулътIаным саугъэт гъуэзэджэхэр ныхуашэри. Ауэ сулътIаным ар зыбгъэдигъэхьэркъым, зыбгъэдигъэхьэркъым!.. Иджы ящIэнур ямыщIэжу къызэхэнащ урысхэр, къызэхэнащ. Урысейр иджы къарууншэщ, абы къарууэ иIар франджхэм* щIахащ. Аращ Ермолай инэралри къыщIыфхуэбзэгуцэр. Мэшынэ, мэшынэри аращ. Фэ абы зевмыгъэхьэху, зевмыгъэгъэделэ. Ар къыщIыфхуэбзэрабзэр зыщ: фигъэбэлэрыгъыу, фигъэщхьэукъуэу физыIэщIигуэжыну аращ. Сэ сощIэ, фIыуэ сощIэ урысхэм я хьэлыр.

— Ермол и къуэм игу къытхуилъыр а зы алыхьырщ зыщIэр, ауэ, пэщэ, мыбдеж щысхэр лъэпкъ цIыкIу зырызхэм я лIыкIуэщ, — мыпIащIэу кърегъажьэ пщы Аслъэнджэрий. — Дэ ди лъэпкъхэр, псалъэм и хьэтыркIэ, тыркухэм е урысхэм хуэдиз хъууэ щытатэмэ, итIанэ ди лъэпкъыщхьэ и унафэр дэ тщIыжынт, тхьэ дыгъаIуэ, тщIыжынтэмэ. Дэ дылъэпкъ гуащIэми — дымащIэщ... Къэрал гуэр дыпэувыфынукъым ди къару закъуэкIэ. Дэ сыт, зыгуэрми жиIащи, текIуэм дрейуэ аращ. Ауэ, тхьэ дыгъаIуэ пэжмэ, дэри, нетIэ зэрыжысIащи, дымащIэми — дыгуащIэщ, дэри зыгуэр тлъэкIыну къыщIэкIынщ.



* Къэрэбахъ – Карабахскэ областырщ жыхуиIэр.
* Бакъы – Баку къалэрщ.
* Къэфир – джаур.
* Франджхэм – французхэм.

— Мызыгуэру куэд флъэкIынущ, фышууей лъэпкъщ фэ! — къащотхъу хьэщIэхэм Рашид-пэщэр.

— ДышууейкIэ дышууейщ. Ар пэжщ. Ауэ дэ лъэпкъым и Iэтащхьэу алыхьым дыкъыщIигъэщIар лъэпкъым и напэр, и узыншагъэр тхъумэну аращ... Мыр Iуэхушхуэщ, ауэ сытми укъытелъадэ хъунукъым...

Пэжщ, ди лъэпкъхэр дэ яжетIэм фIэкIкъым... Мис а псори къэпщытэжауэ Iуэхум егупсысын хуейуэ солъытэ...

— Сыт хуэдэ щIыкIэу? — пэщэм кальяныр зыбгъэдегъэкIуэт.

— Ар зищIыкIэр мыпхуэдэущ... Си щхьэкIэ къызолъытэ мыпхуэдэу а Iуэхум бгъэдыхьэн хуейуэ. НетIи жысIащи, дэ къэралыгъуэ гуэр ди къару закъуэкIэ зыпэщIэтсэу зедгъэпIытIыфынукъым, — и гуращэр кIагъэпшагъэу, щIагъыбзэу къеIуатэ пщы Аслъэнджэрий. — Дэ, пэжщ, зы къару гуэри тпкърылъщ, ауэ а ди къару тIэкIур мыхьэнэншэу дгъэкIуэд хъунукъым. ЗэрытлъэкIкIэ зытхъумэжын хуейщ. Псоми дощIэри, къэралищым я щIы кIапэм дэлъщ Кавказыр. Зы лъэныкъуэкIэ урысхэр къыщысщ, адреймкIэ — къэжэрхэр, ещанэмкIэ фэ, тыркухэр... Мис аращ, тхьэ дыгъаIуэ, арамэ ди Iуэхур къэзыгъэхьэлъэр.

— Сыту? — и нэр щIеукъуанцIэри къоупщI абы Рашид-пэщэр.

— ДеукI гупсысэным... Фейдэ нэхъ тхуэхъуну лъэныкъуэм егупсысыным деукI. Хэт дарэгъу зыхуэтщIын? Дэтхэнэр дэркIэ нэхъыфI? Ди фейдэр здэщыIэр дэтхэнэ лъэныкъуэра? А Iуэхур нэхъри къегъэхьэлъэ мыбыи: лъэпкъхэм ящхьэщыт хъанхэр, пщыхэр зэщхьэщыкIащ, зэгурыIуэжкъым... ХьэдагъэкIэ зэгурыIуэн! Ермол и къуэр яхыхьауэ псори IулъхьэкIэ ещэху. Мис мы си гъусэхэм ялъэгъуащ абы Гумкъалэ тыгъэу щита фIыгъуэм и куэдагъыр...

Абдежым Хьэжы-Исмел къыщитхъыным тIэкIунитIэщ иIэжар.

— СлIожь, ефэнды, укъочэ-уочатхъэри? — жьэхолыдэ ефэндым пщы Аслъэнджэрий и нитI губжьар, — уэ плъэгъуакъэ, ефэнды, ар?

— СлъэгъуакIэщ, аллахьэ, слъэгъуамэ! — гущтэ-гущтэу къыжьэдолъэт Хьэжы-Исмел, «слъэгъуакъым» жиIэм пщы Аслъэнджэрий къызэремылынур ищIэжауэ.

— Умылъэгъуамэ, ефэнды, зэгъэлъагъу!

— СлъэгъуакIэщ, аллахьэ, слъэгъуамэ!

— АтIэ, щыплъэгъуакIэ, фIыщ... Тэрчкъалэ нэхъыбэж Iулъхьэу щигуэшауэ жаIэж Ермол и къуэм. Куржы дэсхэри зыпщ къэмынэу ехьэкъу дыщэрэ дарийкIэ... Мис абы къыхэкIкIэ пщыхэри зэакъылэгъуу щытыжкъым. Пэж жысIэнщи, тхьэ дыгъаIуэ, пэщэ, ди нэхъыбэм заублэрэкIым урысей лъэныкъуэкIэ. ХьэдагъэкIэ замыублэрэкIынрэ, урысхэм дыщэ-данэрщ я псалъэ къегъэжьапIэр. Дыщэр къаIурощэщ ахэм, тхьэ дыгъаIуэ, къаIурощэщмэ!

Рашид-пэщэ и дэфтэрзехьэ Къурбаным нащхьэ хуещI. Къурбан щIокI.

— Зэман бзаджэщ дызэрытыр, гугъущ, тхьэ дыгъаIуэ, зэман гугъумэ... Лъэпкъ напэр зыхъумэн хуей ди пщы-уэркъхэр адэкIэмыдэкIэ зоуалэ. А зеуалэныгъэр къызыхэкIыр зыщ: нэхъыбэ къахуэзышийм дежкIэ загъазэ пщыхэми уэркъхэми... Напэтехщ, тхьэ дыгъаIуэ, напэтехмэ!

Бастионым шхын къыщIахьэ...

* * *

Шэтырхэмрэ пщыIэхэмрэ ягъэува, лэгъупыIэмпIэ зэфIадзари хьэзыр хъуа нэужь, Мыкъэ къожьэ пщы Аслъэнджэрий кIэлъыгъуэзэну. Илъагъу псори фIэигъуэджэу, псоми гулъытэшхуэ хуищIурэ ар къыкIуэцIрокI. Езы Анапэ быдапIэм дэмыту унэ цIыкIу зыкъом адэкIэ-мыдэкIэ щызэбгрыдзауэ къыщытщ. А унэхэм ящыщ зыбгъупщIри зэхэкъутащ, щIапIэ уэжахэри мащIэкъым. Апхуэдэу унэхэр, щIапIэхэр зыкъутар, зыгъэсар Мыкъэ ищIэртэкъым. 1808 гъэм мыбдежым щекIуэкIат зауэшхуэ. Французхэм зэщIагъэста тыркухэм зауэ иращIылIэ Урысейм. А зауэм и гуащIэгъуэу щыта 1808 гъэм Анапэ быдапIэр къащтэ урысхэм. Мис а зауэм и фэеплът унэ къутахэр, щIапIэ сэхыжахэр...

Лъэныкъуэ псомкIи шэтырхэр, пщыIэхэр къыщытщ. Гупгупхэурэ, Iэрамэ-Iэрамэхэурэ быдапIэр къатIысыхьащ цIыхухэм. ПщыIэ бжэIупэхэм ехъу щагъавэ, сэхххэм лы фIэлъщ, бжэIупэм адкIэжкIэ шы фIэдзапIэхэр щыхэтIащ, былымыфэу якъуахэр дыгъэм ирагъэууэ пщыIэ джабэхэм еупсеящ, зыри зэрымытыж фэндхэр къызэрагъэдзэкIауэ ягъэгъущ. Ар зи теплъэр быдапIэм нэхъ пыIудза щIыпIэхэрщ. Езы быдапIэм дежщ цIыхур нэхъ уэр щыхъур. Мыбдежыр бэзэрщ. Ящэ, къащэху, яхъуэж. Ящэр нэхъ мащIэщ, яхъуэжыр нэхъыбэщ, куэдкIэ нэхъыбэщ. Мы бэзэрым ахъшэм, псом хуэмыдэжу, тырку ахъшэм пщIэ щыхуащIыртэкъым. БэзэракIуэхэм ящIэрт тырку ахъшэр зэрыдыжьын нэпцIри, товарыр товаркIэ яхъуэжырт. ЦIыхури товаркIэ ятырт.

Мыкъэ ищэни къызэрищэхуни иIэтэкъым. Ауэ, итIаникI, ар хьэпшып щIагъуэ блэкIкъым и уасэм щIэмыупщIэу: щэкIыщхьэ илъагъумэ, бгъэдохьэри IэпэкIэ щIегъэж, фIырэ Iейрэ зэхигъэкIыу. Зигъэпакъэу сондэджэрым нэкIэ йоупщI, «сыт мыбы и уасэр?» — жиIэу. Игу зэгъэху щэкIыщхьэхэр и Iэпэм щIигъэкIа нэужь, а зэрызигъэпагэм хуэдэурэ IуокIыж, щэкIыр игу иримыхьа къыфIигъэщIу сондэджэрым. И Iэ сэмэгур сэшхуэ Iэпщэм телъу, и Iэ ижьыр щIиупскIэу, и бгъэр иIэтауэ къыкIуэцIрокI бэзэрым Мыкъэ.

БыдапIэ дыхьэпIэм щыхуэблагъэм Мыкъэ елъагъу цIыхубз гуп. БыдапIэм и плIанэпэм зэрыдэгуауэ, зыр адрейм жьэхэгъэщIауэ, гужьеигъуэм ихузауэ къаплъэрт а цIыхубзхэр. Абыхэм ябгъэдохьэ Мыкъэр. ЩIым теубгъуа алэрыбгъум тест сулътIан фирмэныр зыгъэпIия тыркур. Абы и щIыбагъым, цIыхубзхэр яку даубыдауэ, къыщытт тырку зэрамыщIэжьитI, я нэкIур делэIуделафэу. Илъэсибгъу нэхъыбэ мыхъун хъыджэбз цIыкIу гуэр зи ныбжькIэ иджыри щIалэ фызым зрикъузылIауэ Мыкъэ къоплъ. Абы и къеплъыкIэр гущIэгъу щIэлъэIут. «Укъэзылъхуар пщIэжмэ, думыгъэкIуэд, къыддэIэпыкъу!.. Хьэтыр уиIэмэ, зыгуэр къытхуэщIэ, мыбыхэм даIэщIэх!» — жиIэу къэлъаIуэрт а хъыджэбз цIыкIуми а фызми я плъэкIэр.

— А си псэ тIэкIур къурмэн зыхуэхъун, удэнэ хэку? — жиIэри къэджащ фызыр, и макъым гузэсэгъуэ ин щIэту. Мыкъэ и Iэпкълъэпкъым хъуэпскI уае пхолъэт. Ар къоскIэ. Мыкъэ пагагъэу хэлъыр зэуэ щхьэщолъэт. ИтIанэ, зыкъещIэжри, аргуэру, япэм хуэдэу, и сэшхуэIэпщэр иIыгъыу и Iэ ижьыр хуэму щIидзу цIыхубзым лъэбакъуищ-тху хуечри жеIэ:

— Сыкъэбэрдейщ.

— А къурмэн дызыхуэхъун, дэри дыадыгэщ.

— Мыр слIожь-тIэ, аркъэ-щэ, мыбы щхьэ фыкъэкIуа?

— ДыкъэкIуа мыгъуэ, тлъэкIыу дыкъэкIуа? — и напэм телъадэ нэпсыр Iэлъэщ I кIапэкIэ щIелъэщIыкI физым. — ТлъэкI мыгъуэу дыкъэкIуа. Сэ мы цIыкIур сипхъущ. ХьэтIохъущокъуэпщым дриунэIут мыгъуэт дэ. ХьэщIапIэ физошэ къыджиIэри дыкъришэжьати... иджы мис, а зы алыхьымрэ уэрэ дыкъыволъагъу, тыркухэм дарищащ, дарища мыгъуэщ!..

— Латэ, уэ Латэ мыгъуэ, мор къызоплъ сишхыну, сишхыну къызоплъ! — мэкIий хъыджэбз цIыкIур, ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ къыщыт тырку зэрамыщIэжым и псэр хэкIауэ еплъурэ.

Хъыджэбз цIыкIум и псэр «хуIузыха» тыркум и плъэкIэр «узыIурызыдзэн» плъэкIэт. Абы и дзэхэр зэригъэшхырт, хьэщхьэрыIуагъэм зэщIигъэна и нэхэр делаплъэт, и IуфакIитIыр хэлъэтт, увыIэгъуэ имыIэу папщэрт.

— Ей, ей, бэяу, сабийр уогъэшынэ! — хуолъ а тыркум Мыкъэ. Мыкъэ абы щыхуилъым, алъандэрэ зыри жызымыIа тырку сондэджэрыр къыщолъэтри, Мыкъэм къытретхъуэ и жьэм къихь къимыгъанэу. Мыкъэм игу къокI: «Сеуэу мы тыркуищри сукIыу мы цIыхубз  гъэрхэр яIэщIэсхын? Мис ар псапэ хъунт. Ауэ зы тырку фIэкIа схуэмыукIыу сэ саукIмэ-щэ? Мы щIыпIэм адыгэ щымащIэкъым, ауэ тыркухэр нэхъыбэщ, куэдкIэ нэхъыбэщ, хьэлэч дызэтращIэнщ. Хьэуэ, ар делагъэщ, апхуэдэу сщIэ хъунукъым... Сытыр яхуэсщIэн-тIэ мы тхьэмыщкIитIым? Сэракъым ахэр зи унэIутыр, сэракъым... Гуэныхьыр зытехуэр зыщаращ, ХьэтIохъущокъуэ и къуэжьырщ... Сэ си щхьэ абы щIыхэзгъэкIуэдэн хуейр сыт? Хьэуэ, хьэуэ!.. Ауэ зыгуэркIэ ягу сымыгъэзагъэу, садэмыIэпыкъуу дауэ сежьэжын? Ар лIы напэ? Хьэуэ, зыгуэркIэ садэIэпыкъун хуейщ».

Мыкъэ псынщIэу къыIуегъэзыкI. Зыгуэр игу къэкIауэ, ар игъэзэщIэным хуэпIащIэу бэзэрым къыхокIыжри тIысыпIэ ящIам къокIуэж.

— ИIэт, псынщIэу, аркъэ-щэ, фи шы лъэгухэм къыщIэна ятIэм щыщ къысхущIэфхыт! — яжреIэ и шу гъусэхэм Мыкъэ. Мыкъэ къыщыщIар ямыщIэу, ар делэ хъуа я гугъэу и гъусэхэр абы къоплъ. Пэжу Мыкъэ зэщIэнат. И нитIыр нэхъ ин хъуауэ, гузэвэгъуэшхуэкIэ зэщIэлыдауэ къижт. Мыкъэ и унафэр я фIэщ мыхъуауэ щытт абы и бейгуэлэгъухэр.

— Щхьэ фыщыт, аркъэ-щэ, къывгурыIуакъэ вжесIар! Фи шы лъэгухэм къыкIэрына ятIэр схузэхуэфхьэс! — яхокIие Мыкъэ бейгуэлхэми, езыр зытес шым и зы фIалъэ лъакъуэр къеIэтри абы и лъэгур IэбжьанэкIэ къетхъунщI. Шы лъэгум къыкIэрыщэщ ятIэр Мыкъэ и бащлъыкъ кIапэм трегъэщащэ. Шы лъэгум къыщIигъэщэщ ятIэр Мыкъэ зэрищIынур яфIэхьэлэмэту адрей бейгуэлхэми Мыкъэ ищIэр ящIэ. И бейгуэлэгъухэми я шы лъэгум къыщIаха ятIэри и бащлъыкъ кIапэм кIуэцIекIутэри, къызэрыкIуэжам нэхърэ нэхъ псынщIэу Iуегъэзыкыж Мыкъэ. ПщIэнтIэпсыр ирикъуэкIыу Iуолъадэ ар цIыхубзхэм я деж.

— Мэ мыр, ди шыпхъу, мыр къэбэрдеищIщ, дэкIутэ уи гуфIакIэм... Сэ зэхэсхащ  лIыжьхэм жаIэу — укъыщалъхуа хэкущIым щыщ уи бгъэгу щIэлъмэ, насыпыншэ умыхъуну!

— Тхьэр арэзы къыпхухъу, дэ пхуэдмыщIэжыфми, тхьэм псапэу къыуитыж! — жеIэ адыгэ фызми, Мыкъэ къыжриIар и фIэщыпэ хъуауэ и IэлъэщI кIапэр петхъ, абы ятIэр кIуэцIекIутэри и бгъэм делъхьэ.

Ар зылъагъу тыркухэр ауанырыщIу щIодыхьэшхыкI.

— Умыгузавэ, ди шыпхъу, уигу умыгъэуз, а уздэкIуэри муслъымэн хэкущ, псапэншэкъым. Алыхьым жиIэмэ, аркъэ-щэ, фи Iуэху Iей хъункъым. Модрей уи гъусэхэри умыгъэгухэ!

Гузэвэгъуэр цIыхубзхэм ящхьэщихын папщIэ, Мыкъэ тырку сондэджэрым йоупщI:

— Сыт хуэдизкIэ къэпщэхуа мыхэр?

Тырку сондэджэрым зыри жиIэркъым, Мыкъэ нэщхъыдзэу къеплъ фIэкIа.

— Дэ тхьэмыщкIитIым папщIэ ХьэтIохъущокъуэпщым щэкI топищ, зы алэрыбгъу, фочитI иритащ, — жеIэ хъыджэбз цIыкIум и анэм.

— Мо нысащIэм-щэ?

— А тхьэмыщкIэр сонэ хъыджэбзщ. Абы щIата мыгъуэр, тхьэ, сымыщIэ.

— Мо гъуэгым-щэ?

— Ар матушкIэщ. Ар шэшэнхэм къахьащ. Абы и къуажэм шэшэнхэр теуэри... мис иджы, тхьэмыщкIэр мэгуIэж, нэпсым и нэр щIилъэсыкIащ... Ар зы фочрэ сэшхуитIкIэ ящащ, бостеяпхъищ хъун дарий и телъхьэу.



Мы цIыхубз гупым я гуауэр зэрыщхьэщихын Iэмал Мыкъэм игъуэттэкъым. Мыкъэ хуэмыхьыжыр цIыхубз нэпст. ЦIыхубз гъыуэ зэрилъагъуххэу Мыкъэ къэгумащIэрт.

— Сэ, аркъэ-щэ, куэдым жаIэу зэхэсхащ Тыркум кIуэ ди цIыхубзхэм насыпышхуэ къехъулIэу, аркъэ-щэ, уеблэмэ езы сулътIан дыдэм и гуащэ хъу къахэкIхэу. Мис ди къуажэ, аркъэщэ, зы фыз гуэр тыркухэм яшати, тхьэ зэраIуэращ абы нэхъ бей щымыIэу къулей хъуауэ, — цIыхубзхэм я гуауэр игъэщэбэн папщIэ таурыхъым хуэдэу хъыбар зэхилъхьэрт Мыкъэ, — аркъэ-щэ, дунейм фIыгъуэ-дэгъуэу телъ хьэпшыпхэм ящыщ и благъэ къэнахэм къахурегъэхь. Аркъэ-щэ, ди шыпхъу, а фызым и благъэхэр унэIутхэщ, Бомэт Аслъэнджэрий, — зэхэпха апхуэдэпщ? — и унэIутхэу щытати, иджы псори щхьэхуит хъужауэ мэпсэу... А фызым, аркъэ-щэ, тыркухэм яша фызым, и Iыхьлыхэр къищэхужащ... И благъэхэм я нэхъыбэр; аркъэ-щэ, Тыркум ишауэ тхъэжу ягъэпсэу. Сэ сцIыхуу щытащ а фызыр езыр.

— Хэтхэ яйт а тхьэмыщкIэри? — щIоупщIэ хъыджэбз цIыкIум и анэр. «А тхьэмыщкIэр» жиIэу фызым псалъэм къызэрыпищар Мыкъэ и жагъуэ мэхъу. «Сэ хуэсIуатэр и фIэщ хъуркъым мы тхьэмыщкIэм», — жеIэ игукIэ Мыкъэ.

— Аркъэ-щэ, ди шыпхъу, ар фи фIэщ мыхъункIи хъунщ, ауэ узыхуей тхьэмкIэ пхуэсIуэнщ ар пэжкIэ. Аркъэ-щэ, ар сыт, адрей яIуэтэжхэм елъытауэ? ЗэрыжаIэжымкIэ, зы адыгэ хъыджэбз цIыкIу гуэр, — дэтхэнэ къуажэт ар? Хьедэхьэхь, сщыгъупщэжакIэщ, сытми, аркъэ-щэ, зэгуэрым езы сулътIан дыдэр къыхуэзащ абы. СулътIаныр къыIуплъэри — хъыджэбзым нур къыщхьэщихт, зэ Iуплъэгъуэм, аркъэ-щэ, сулътIаныр къыдихьэхащ... Жэщми махуэми сулътIаным и нэгу щIэкIыртэкъым а хъыджэбзыр, апхуэдизкIэ

абы и псэр ихьэхуати хъыджэбзым и щэныфIагъым, и дахагъым. Сытми, аркъэ-щэ, ар къимышэмэ, султIаныр псэужыфынутэкъым. Апхуэдэу щыхъум, султIаным иIуэхуащ хъыджэбзым и деж, къыдэкIуэну елъэIуу. АрщхьэкIэ хъыджэбзым идакъым: «Фызу уиIэр ибгъэкIыжмэ, фызу уиIэр къыщалъхуа хэку ебгъэшэжмэ, фызу уиIэм яхурикъун дыщэрэ данэрэ епту бгъэкIуэжмэ, итIанэ деплъынщ», — жиIэри. Сыт ищIэжынт султIаным? А хъыджэбзыр, аркъэ-щэ, имылъагъуу псэуфынутэкъым. Еуэри, хъыджэбзым зэрыжиIа дыдэм хуэдэу, фызу иIэр дыщэрэ данэкIэ щIигъанэри, къыщалъхуа хэкухэм иригъэшэжащ. Абы и ужькIэ султIаным къегъакIуэ хъыджэбзым деж: «Уэ къыспэбубыдар зэрыжыпIам хуэдэ къабзэу згъэзэщIащи, къыздэкIуэ», — жеIэри. Сыт ищIэжынт хъыджэбзым? «А цIыхубз къомым я насып къыщысхьыжакIэ, сэ си щхьэ закъуэр насыпыншэ ирехъу», — жиIэри еуэри, аркъэ-щэ, хъыджэбзыр дэкIуащ султIаным... Мис ар жаIэжу, аркъэ-щэ, уэлэхьи, зэхэсхамэ!

Мыкъэ иуса хъыбарым цIыхубзхэр дихьэхыщати, я нэпсхэри щIэгъущыкIыжауэ абы иIуатэм щIэдэIурт. Мыкъэ игъэхъыбар псори я фIэщ мыхъупэми, абы иIуатэр таурыхъым хуэдэт, узыIэпишэрт, зы гугъэ гуэрым упигъаплъэт, гъащIэм ущигъэгугът...

Тырку сондэджэрри, и жьэр Iурыхуауэ, йодаIуэ Мыкъэ жиIэм. Тыркум зыри къыгурымыIуэ пэтми — абы и жагъуэтэкъым Мыкъэ цIыхубзхэр зэрытригъэур. Мыкъэ игъэIуэрыIуатэм хуэм-хуэмурэ цIыхубзхэр зыIэпишати, иджы езым гузагъэ игъуэтыжауэ, псэхуауэ, и щхьэм хуэарэзыжу жыг дакъэжь тесу ядоуэршэр цIыхубз гъэрхэм.

— Аркъэ-щэ, цIыхум и нэгу куэд щIокI, — жиIэрт абы зигъэакъылыфIэу, — сэ-щэ, пэж вжесIэнщи, ди адэр, аркъэ-щэ, кIуапIэ имыIэжу зекIуэрейуэ щытащ. Ар езыр зэкъым, тIэукъым Истамбыл зэрыщыIар. Ди адэм жиIэжу зэхэсхыгъащ, аркъэщэ, куэдрэ зэхэсхыгъащ Истамбыл и хъыбар. Астофрилэхь, тобэ ирехъу, апхуэдэ къалащхьэ дунейм тету къыщIэкIынкъым. ЗэраIуэтэжымкIэ, жэнэтщ. Дунейм сыт нэхъ ухуей? Узыхуей псогуэри, аркъэ-щэ, псогуэри пэрыхьэтщ... Жызум ухуей, хьэлывэ ухуей, форэ тхъурэкIэ зэхэпщауэ тхъурыжь уфIэфI? — яхэдэ, къыхэх, къащтэ нэхъ узыфIэфIыр — псори пэрыхьэтщ.

— Хьэлу, хьэлу яIэкъэ? — и фIэщу йоупщI Мыкъэм хъыджэбз цIыкIур, Мыкъэ щIибжыкIа шхыныгъуэхэм хьэлу зэрахэмытыр и жагъуэ хъуауэ.

— Хьэлуи? Хьэлу жыхуэпIэр? Хьэлу, аркъэ-щэ, сыт хуэдиз ухуей. Тыкъыру, упIэщIауэ, плIимэу, зэпэхъурейуэ, — сыт хуэдэ уфIэфI? ШатэкIэ япща нэхъ къапщтэрэ, тхъукIэ ягъэжьа нэхъ къыхэпхрэ? — пэрыхьэтщ, узыхуейр къыхэх! Я ерыскъым нэхърэ нэхъыбэжщ я тепIэнри, я щыгъынри... Аркъэ-щэ, дарий, къэдабэ, гуэлмэдын, данэ — щэкIхэм я нэхъ дахэхэр Истамбыл дэхуэжыркъым. Тхьэ зэраIуэращи, аркъэ-щэ, чэтэн жыхуаIэр ящIэркъым истамбылдэсхэм. Дарийрэ къэдабэрэщ я щIыфэ еIусэр!

— НтIэ мо Iеижьым чэтэни щыгъыр? — жеIэ хъыджэбз цIыкIум, цIыхубзхэр зыхъумэ тырку зэрамыщIэжым еплъурэ.

ЖиIэнур имыщIэжу Мыкъэ зэIонэ. Алъандэрэ игъэхъыбара псори къызэтещэщэжынкIэ шынагъуэти, Мыкъэ къогузавэ.

— Аркъэ-щэ, аркъэ-щэ, дахэ, ар, — псалъэ хуэгъуэтыжыркъым Мыкъэм, — ар... аркъэ-щэ... дауэ иджы ар зэрыбгурызгъэIуэнур? Моуэ нэхъ зэхэпщIыкIын хуэдэу?..

— Мо Iеижьыр тырку къыщIэкIынкъым! — жеIэ хъыджэбз цIыкIум.

— Тэмэм, тэмэм! Тыркукъым! — хэкIыпIэу хъыджэбз цIыкIум къыхуигъуэтам щыгуфIыкIыу хеIэтыкI Мыкъэм. — КъэпщIащ, аркъэ-щэ, ар тыркукъым. — Апхуэдэ цIапIэжь Истамбыл дагъэхьэрэ? Тыркукъым!..

Топ мауэ. Мыкъэ къыщолъэт.

— Сыту пIэрэ ар?

— Я кхъухь къекIуалIэу къыщIэкIынщ. Мыбыхэм я хабзэщ ар, — жеIэ хъыджэбз цIыкIум и анэм, — я кхъухь къыщекIуалIэкIэ топ ягъэуэ.

— АтIэ, узыншапэу, алыхьым насыпыншэ фимыщIкIэ. А щIы тIэкIур хъумэ, ар уи бгъэгу щIэлъым ухъункъым насыпыншэ!

— Тхьэр арэзы къыпхухъу, тхьэм уэри гъуэгу къыуит!

Мыкъэ дохьэ быдапIэм.

Абы елъагъу: кхъухь тедзапIэм Iут кхъуафэжьейхэр, тенджыз щIыIум тет кирлагачыр — мачтитI зэрыт кхъухьыр. Кхъухь тедзапIэр чэнжыIуэти, Анапэ къекIуалIэ хъуртэкъым. А кирлагачыр къыщалъэгъуамкIэ крепостым дэтхэм топ ягъауэ, кхъухьым сэлам ирахыу. Кирлагачым жэуап къетыжри и якорыр тенджызым хедзэ.



Бастионым къыщIокI Рашид-пэщэ я пашэу пщы Аслъэнджэрий, Шех-Али-Хъан, Бей-Булат, Къубатий, Къурбан сымэ. Ахэр тенджыз IуфэмкIэ Iуохьэ, кирлагачым къикIхэм япежьэу. Кхъухь тедзапIэм Iут кхъуафэжьей зыкъом хуокIуэ кирлагачым, кирлагачым исхэми зы кхъуафэжьей къаутIыпщ. Тенджыз Iуфэр цIыхубэм яуфэбгъу. А кирлагачыр зищIысыр, ар къыщIэкIуар, абы къишар зрагъэщIэну цIыху куэд зэхуос.

Кирлагачым къиутIыпща кхъуафэжьейм итт зы лIы гуэр, и шхужьым и Iэ сэмэгур телъу, чубук жьэдэлъу, тырку цей щыгъыу, ферс пыIи щхьэрыгъыу. Зыкъомми къафIощI ар сулътIаным и лIыкIуэу. АрщхьэкIэ, кхъуафэжьейр тенджыз Iуфэм къыщыхуэблагъэм, Рашид-пэщэ къецIыху кхъуафэжьейм ит лIыр.

— Си нэхэр сиIэжмэ, а къакIуэр Роджерсщ, — жеIэ абы.

— Хэтыну ар езыр? — йоупщI пэщэм пщы Аслъэнджэрий.

— ЛIы бэлыхьщ, англыз лIыкIуэу Истамбыл дэсащ.

Кхъуафэжьейр къыIуохьэ. Кхъуафэжьейм ис зы тырку гуэр къолъэри псым къыхолъэ. Абы и лъэгуажьэм къыфIэкIырт псыр. А тыркур бгъэдохьэ Роджерси, зегъэщхъ. Роджерс мэшэс. Тыркум и пщэ дэсу Роджерс къыхех псым. Ар зылъагъу псоми ягукIэ жаIэ: «а тыркум шэсауэ кхъуафэжьейм къикIар зы бэлыхь гуэру къыщIэкIынщ, пщэм нэхърэ нэхъ лъэкIыныгъэ зиIэу къыщIэкIынщ».

Хуабжьу хуэсакъыурэ, хуэмурэ тыркум зегъэщхъри и пщэм дэсыр щIым трегъэувэ. ХьэлъакъуиплIу щIым зэрыхэтIысхьам хуэдэу къонэ тыркур. И щхьэр иIэтауэ, щIэгуфIыкIыу ар йоплъ Роджерс. Тыркур хуабжьу щогугъ Роджерс. Ар и жыпым йоIэбэри ахъшэ жыгъей хуедз хьэлъакъуиплIу щыс тыркум. Хьэм къупщхьэ хуадза

фIэкIа пщIэнтэкъым: ахъшэ жыгъейр пшахъуэм зэрыхэхуэу, тыркур мапхъуэри, пшахъуэри къызэщIикъуэу ахъшэр къепхъуатэ. ГуфIэу къыщолъэтыжри псым холъэдэж, кхъуафэжьейм йотIысхьэри Роджерс къыхуидза ахъшэр ебж, и Iэпэхэр кIэзызу. Кхъуафэжьейм ис адрей тыркухэр абы къенэцIу къоплъ.

Роджерс бгъэдохьэ Рашид-пэщэр.

— Сэлам! — жеIэ Роджерс, и жыIэкIэм зэрынэгъуэщI лъэпкъыр къыщIигъэщу.

— Алейкум сэлам! — жаIэ Рашид-пэщэ и гъусэ псоми. Роджерс сэлам ярех Шех-Али-Хъан, пщы Аслъэнджэрий, Бей-Булат, Кьубатий, Къурбан сыми.

Роджерс ищIэрт и цIэр шэрджэсхэм жыIэгъуей зэращыхъунури, езым «Даут-Бей» зыфIищыжати, пщы Аслъэнджэрий сымэ закъыщригъэцIыхум, Даут-Бейуэ зигъэлъэгъуащ. Ар гъэщIэгъуэн ящыхъуащ псоми. «Езыр англызу, и цIэр бгырысыцIэу, ар дауэ?» — езыр-езырхэу зэупщIыжт бгырысхэр.

Роджерс-Даут-Бей куэдрэ щылэжьат Истамбыл дэт английскэ посольствэм. СультIаным и пыхъуэпышэхэр Даут-Бей и блыгущIэтт. Ауэ аратэкъым Даут-Бей зэрылъэщыр, елеекIауэ абы щIыхьышхуэ щIиIэр. Истамбыл ар дэсыхункIэ тыркубзэм нэмыщI, адыгэбзэри зригъэщIат. Пщы-уэркъхэм, хъанхэм я хьэщIэщхэм щызекIуэ хабзэхэми фIыуэ щыгъуазэт. А псом нэмыщIыжкIэ, цIыхухэм я фIэщ зэращыхъун нэгъуэщI Iэджи ищIэрт Даут-Бей. Английскэ колониальнэ Iуэхум хуабжьу хуэгъэса цIыхут. Бажафэ зытегъэлъэда дыгъужьт Даут-Бейр. Даут-Бей пежьахэм ящыщ зыгуэрми ищIэртэкъым ар Анапэ къыщIэкIуар, абы илэжьыну Iуэхугъуэхэр. Ауэ езы Даут-Бей фIы дыдэу ищIэжырт Анапэ къэзыгъэкIуари къыщIэкIуари...

Зэманыр тырку ичындышхуэм нэсати, Даут-Бейрэ Рашид-пэщэрэ я пашэу псори мэжджытым щIохьэ нэмэз ящIыну. МуIэзиным къомэт къита нэужь, субыхьэнэчэр псоми щэхуу щIабжыкI. ИтIанэ, Даут-Бейм и Iэблэм йоIусэ Рашид-пэщэри «мухьэрэбым къитIысхьи нэмэз дыгъэщI!» жиIэ щIыкIэу и щхьэр ещI. Даут-Бей мухьэрэбым къотIысхьэри алъхьэм щIебжыкI. Даут-Бей и алъхьэм жыIэкIэр псоми гъэщIэгъуэн ящохъу. Зыми хуэмыдэжу ар зыфIэтелъыджар Хьэжы-Исмелт. «Дауэ ар? Англызым къурIэныбзэр жиIэу? Тобэ, тобэ! Тыркухэр апхуэдизкIэ къарууфIэхэщи, нэгъуэщIхэми я диныр яхъуэж, муслъымэн защI... Тыркур къэралыгъуэшхуэщи, псори къыщошынэ. Тобэ, тобэ! Си нитIкIэ сымылъэгъуатэмэ, алахьэ, си фIэщ мыхъунт», — жиIэрт игукIэ Хьэжы-Исмел. Адрейхэми арат жаIэр. «Англызхэми нэмэз щIыкIэр щащIэкIэ, щIэх мы дуней псор муслъымэн защIэ хъунущ, тыркухэр динкIи IуэхукIи дунейм тепщэ щыхъунущ», — жаIэрт адрейхэми. Рашид-пэщэ зыхуеиххэр арати, хьэщIэхэм апхуэдэ гукъэкI зэращIар Даут-Бей дежкIи зэрантэкъым. Ар зыхуейр зыт: мы хьэщIэхэм езым я фIэщ зищIыну арт. Нэмэзлыкъым теувар бгырыс зыкъомым я фIэщ хъурти, Даут-Бей фIэмыфIыщэу, зигъэжьэIэзэу щIибжыкIащ алъхьэмыр.

Пщыхьэщхьэм Рашид-пэщэ ефэ-ешхэшхуэ яхузэIуихащ хьэщIэхэм. Ефэ-ешхэр щекIуэкIыр езы Рашид-пэщэ и унэрат. Восточнэ унэлъащIэкIэ зэлъыIуха пэш иным щIэхуэ къудейт

хьэщIэхэмрэ тырку хэгъэрейхэмрэ. Даут-Бей Рашид-пэщэм хъуэхъубжьэ хуеIэт. Абы и ужькIэ Шех-Али-Хъан, пщы Аслъэнджэрий, Бей-Булат, Къубатий сыми йохъуэхъу Рашид-пэщэр. ИтIанэ, абы и Iэгур зэтрегъауэри, къыщIашэ зы хьэрып лIыку.

— ИIэт, си хьэщIэхэм я нэгу зегъэужьыт! — унафэ ещI Рашид-пэщэ.

Хьэрыпым щхьэщэ ещI, сазандархэм, накъырэхэм тырку музыкэ къыхадзэ. Хьэрыпым хуэмурэ и сарыкъыр зыщхьэрех. Пщы Аслъэнджэрий сымэ къощтэ: хьэрыпым и щхьэм блэшхуэм зришэкIат. Музыкэм и тактым зыдригъэкIуу и лъакъуэхэр, и Iэхэр щIидзурэ, музыкэм декIуурэ, хьэрыпым и сарыкъыр шэнт щхьэгуэм трелъхьэри и къэпталыр зыщех. И къэптал Iэгъуапэми блэ къопщри и пщэм зрешэкI. Хьэрыпым и джанэр зыщех. Абы и IэблитIми блитIым зрашэкI. Хьэрыпым и бгыр блэшхуэм зэпикъузыкIат, и бгъэгум блэ цIыкIуитI зашыхьауэ телът. Музыкэм зэуэ печри бэрэбанэм тхуэней йоуэ. Хьэрыпым зегъэджэрэз. Музыкэм щIедзэж. Музыкэм зэрыщIидзэжу, хьэрыпым аргуэру зегъэкIэрахъуэри мэкIий, итIанэ абы къеблэкIа блэ псоми, псэ къахыхьэжа хуэдэ, джэгун щIадзэ. Езы хьэрыпым и щIыфэ пцIанэр блэхэм къапщэпщыхь, езы хьэрыпри къофэ. Зыкъом дэкIа нэужь, музыкэр хуэмурэ мэужьыхыж, музыкэр зэрыужьыхыжым зыдащIу, блэхэри мэбэяуж... Щхьэщэ яхуещI хьэщIэхэми, хьэрыпыр щIокIыж.



Илъэгъуар хьэлэмэтыщэ щыхъуауэ пщы Аслъэнджэрий и щхьэр егъэкIэрахъуэ.

— Дауэ къыпщыхъурэ ар, Али-Хъан? — пщы Аслъэнджэрий зегъазэ Шех-Али-Хъан дежкIэ.

— Тобэ, тобэ! — жеIэ Шех-Али-Хъан, абыи гъэщIэгъуэныщэ ар щыхъуауэ.

— Мы зыр плъагъун папщIэ хы тIуащIэ укъикI хъуни, — къыпещэ Хьэжы-Исмел.

Хьэрыпым и блэ гъэджэгукIэр ягъэщIэгъуэн яухатэкъым хьэщIэхэм, Рашид-пэщэ и Iэгухэр щызэтригъэуам. Музыкауэхэм къафэ псынщIэ къыхадзэ. Тырку хэгъэрейхэм утыкур хуит къащI. Пэшым къыщIолъадэ цIыхубзитI, я щхьэцхэр дыщэ щыгъэкIэ гъэщIэрэщIауэ, дыщэ нэпцI Iэпщэхъухэр ярылъу, я тхьэгъухэм уэзджынэ цIыкIу кIэрыщIэжауэ, я бгъэгухэм щыгъэ хъурей ищIауэ. А цIыхубзхэр зэпоуври щIадзэ къэфэн. Я нэхэр ягъэджэгуу, я IэпкълъэпкъхэрIэпкълъэпкъхэр музыкэм дагъэджыджэу, я бгы лантIэхэр адэкIэ-мыдэкIэ ягъазэу цIыхубз зэгъэпэщахэр къыщытелъадэм, хъуэпсэреижь Бей-Булат зыхуэмыIыгъыжу къафэурэ зыблрегъэх, цIыхубзым и куэм йопхъуэ. ЦIыхубзыр къоувыIэ.

— А си псэ, уаситI пщIэстынт! — жеIэ Бей-Булат. ЦIыхубзым зыкъыIэщIеуд Бей-Булати, къыпыгуфIыкIыу, нэкIэ Бей-Булат къыдэджэгуу къафэу тохьэж.

— ЦIыхубз я жагъуэу си гугъэкъым мы уи хьэщIэхэм? — жреIэ, гушыIэ щIыкIэу Рашид-пэщэ Даут-Бей.

— Зэрыплъагъущ! — зегъэкIэщI Рашид-пэщэ.

— Уи къэфакIуэхэр си деж небгъашэ хъуну?

— Хъунущ.

— Унафэ щIыт.

Рашид-пэщэ и дэфтэрзехьэ Къурбан зыбгъэдешэри щэхуу зыгуэрхэр жреIэ. Къурбан зэпымычу и щхьэр ещI «хъунущ, згъэзэщIэнщ» жыхуиIэу. Къурбан щIокI.

Къэфэн зэраухыу цIыхубзхэр зэрыщIохыж. Рашид-пэщэ яхоплъэ хьэщIэхэм. Бей-Булат илъэгъуар игу ирихьыщауэ, щIэгуфIыкIыу и пащIэр игъэджэрэзт. Адрейхэми ящIэщыгъуэт. Хьэжы-Исмел гузагъэшхуэ иIэу и жьакIэр ирилъэщIэхт.

ХьэщIэхэм щахэплъэм Рашид-пэщэ игу къэкIыжащ пщы Аслъэнджэрий и псалъэхэр. Рашид-пэщэ фIыуэ зэхищIыкIат абы жиIа псалъэхэм якIуэцIылъ купщIэр. Псом хуэмыдэжу Рашид-пэщэ гукъинэ щыхъуат мы псалъэхэр: «ДеукI гупсысэным... Фейдэ нэхъ тхуэхъуну лъэныкъуэм егупсысыным деукI... Хэт дарэгъу зыхуэтщIын? Дэтхэнэр дэркIэ нэхъыфI? Ди фейдэр, фейдэр здэщыIэр дэтхэнэ лъэныкъуэра?»

Пщы Аслъэнджэрий и щIагъыбзэр Рашид-пэщэ дежкIэ гурыIуэгъуэти, абы мурад ещI хьэщIэхэр къихьэхуну. Рашид-пэщэ щэней Iэгу йоуэ. КъахуэIэт хьэпшыпыр яIыгъыу янычариплI къыщIохьэ. Янычархэм яIыгъщ дарий топ, къэдабэ топ, нэгъуэщI хьэпшыпхэри. Пщы Аслъэнджэрий, Шех-Али-Хъан, Бей-Булат, Къубатий сымэ я пащхьэм а хьэпшып къомыр иралъхьа нэужь, дэтхэнэ янычарри хьэщIэхэм щхьэщэ хуащIри йокIуэтыж.

Рашид-пэщэ къотэдж.

— Си хьэщIэ лъапIэхэ! Жэщыр дахащэщ. Ди тырку тенджызышхуэр мамырщ. Даут-Бей къыдолъэIу и кхъухьым дыхуеблэгъэну. Дауэ феплърэ? Си гугъэщ англызым и хьэтыр тлъагъу хъуну. ДыкIуэн? Кхъухьым дису жьы тIэкIу зыщIедгъэхунщ!

— ДыщригъэблагъэкIэ, — жеIэ пщы Аслъэнджэрий, — и жагъуэ тхуэщIынкъым. Солъытэ дыкIуэ хъуну.

— Дэгъуэщ, дэгъуэщ! — арэзы къыдохъу пщы Аслъэнджэрийм Шех-Али-Хъани.

Псори зэщIохъае. Янычархэм къыщIахьа щэкI топхэр зыдищтэн мурадыр иIэу Бей-Булат зрегъэзэкI.

— Ахэр къэвгъанэ, — къопсалъэ Рашид-пэщэ, — сэ унафэ яхуэсщIынщи фи шэтырхэм езгъэхьынщ.

— Ари хъунущ! — пщы Аслъэнджэрий йонэщхъауэ Бей-Булати, ар щэкIым зэрепхъуар нэмысыншагъэу къилъытауэ, езым къыхуагъэтIылъа щэкI топхэм йобакъуэри зигъэпагэу, Рашид-пэщэ и ужь иту унэм щIокI. Абы зыхищIэрт англичанин Даут-Бей хьэщIэхэр щIригъэблагъэр ауэ сытми бысым хъуэж яригъэщIыну зэрыармырар. Даут-Бей зыгуэр и мурадт. АбыкIэ пщы Аслъэнджэрий къапцIэртэкъым.

Жэщыр, Рашид-пэщэ зэрыжиIауэ, дахащэт. Вагъуэ инхэм уафэр къагъащхъуэрт, ихъуреягъкIэ жэщыр псэхужырт. Тенджызыр мащIэу зэщIэхъаерти, пшагъуэ нэзым ар къыщытелъащIэкIэ, щIылъэм къедэхащIэ хуэдэт. Аддэ жыжьэу тенджызым къытещ фIыцIагъэ ин гуэрым, Даут-Бей и кирлагачым, фIэкIа нэм зыри къыфIэнэртэкъым. Мазэмрэ вагъуэхэмрэ я нурхэр тепщIыпщIэу, мамыр уардагъэр и теплъэу тенджызыр хуиту мэбауэ. Ар даущыншэщ. Ауэ тIэкIу мащIэу зэщIэхъае и Iуфэхэр пшахъуэм къоIущащэри, пIалъэ-пIалъэкIэрэ щыщ макъ дэгу зэхох, псэм фIэгуапэу.

ХьэщІэхэр кхъуафэжьейхэм зэритІысхьэххэу, тенджызым щхьэщыт даущыншагъэр зэтрикъутэу тырку музыкэ къызэщІоуэри — псори гурымыхь мэхъуж. Жэщым къыпкърыуа мамырыгъэр, псэр гуапэныгъэкІэ зыгъэнщІыр, тырку бэрэбанэ макъым щІелъэфэж. Музыкэм еуэхэу, зэрыгъэкІийхэу, зэрыхьзэрийхэу кхъуафэжьейхэр хуокІуатэ тенджызым къытещ фІыцІагъэ иным — англичанин Даут-Бей къызэрыкІуа кхъухьым.

Жэщ ныкъуэм нэблэгъэху кхъухьым щызэпыуакъым музыкэр. Даут-Бей и каюткомпанием ефэ-ешхэр щыщаухам, хьэщІэхэм чэфыфІ ягъуэтат. Кхъухьым нэху щагъэщыну Даут-Бей хьэщІэхэр къегъэдаІуэ.

— ИгъащІэм кхъухьым силъу нэху згъэщакъым, тхьэ дыгъаІуэ, ари дгъэунэхумэ мыІей, — жеІэ пщы Аслъэнджэрий. Адрей и гъусэхэри абыкІэ арэзы мэхъу.

ХьэщІэхэр каютэ зырызхэм зэбграш.

Бей-Булат зыщІаша каютэм щІэст зи куэ епхъуауэ щыта къэфакІуэ цІыхубзыр. Ар жьантІэм дэсти зигъэхъеякъым Бей-Булат щилъагъум. Бей-Булат каютэм щІэзыша янычарым нащхьэ хуещІ «мыращ къыплъысари, зыдэгъэгъуэлъыж» кърригъэкІ щІыкІэу. И нэхэр зэблигъэплъу, пащІэкІэм щІэгуфІыкІыу, Бей-Булат къыжьэхоплъэри янычарыр щІокІыж.

Кхъухь блыным кІэрыщІыхьа гъуэлъыпІэм Бей-Булат йотІысхьэри и лъакъуэр къэфакІуэ цІыхубзым хуеший «слъых вакъэр» жыхуиІэу. КъэфакІуэ цІыхубзыр фадэмэр къызыІурих Бей-Булат бгъэдохьэ нэщхъейуи зегъэщхъ, абы и вакъэр лъех...



* * *

Ауэрэ ноблагъэ тхьэмахуэм. Махуэ къэс зи шэтырхэм саугъэт къыщІэхуэ бгырыс зиусхьэнхэр хьэщІапІэ кІуэным къыдэхуэртэкъым. Анапэ топу дэтхэм я Іэтащхьэ пэщэми иригъэблэгъат ахэр. Дэфтэрзехьэ Къурбан дежи щыІахэт. Зы махуэли къахуихуакъым хьэщІэхэм зыгуэрым имышэу. Ауэ хьэщІэхэр хэт деж къыщыхутэми — абы Даут-Бей щыІэт. Зыми гу лъатакъым Даут-Бей мы хьэщІэхэм щІэбэгыщэу зыгуэркІэ хуэлІэу, ауэ зы махуи дэкІакъым ар хьэщІэхэм ябгъэдэмысу, ядэмыуэршэру. Даут-Бей фІыуэ ищІэ хъуат а хьэщІиплІым я лІакъуэцІэри, ахэр къызыхэкІа лъэпкъри, абыхэм я къуажэхэри. Уеблэмэ а зы тхьэмахуэм и кІуэцІкІэ Даут-Бей зыкъомкІэ гу лъитащ дэтхэнэ зыми и хьэлым. Абы къызэрилъытэмкІэ, пщы Аслъэнджэрий Іэмалырызехьэт, хуабжьу зызыгъэпагэт, дэнэ дежи, сыт щыгъуи тепщэу щытын зыфІэфІ цІыхут. Шех-Али-Хъан нэхъ зэтепІат, нэхъ щэхут, нэхъ акъылыфІэт. Бей-Булат белджылыуэ зы щэн гуэри иІэтэкъым, ауэ ар Іуэхум псынщІэу телъадэу, тэмакъкІэщІу, хъуапсэрилэу къыфІэщІат Даут-Бей. Къубатий, абы къызэрыфІэщІымкІэ, лІы жьажьэт, и акъылкІи жаныщэтэкъым, ауэ и фейдэр здэщыІэ лъэныкъуэр фІыуэ зыщІэжт, гупсэхуу и щхьэ щытхъужын зимыжагъуэт.

Даут-Бей зыкъомкІэ щыуэми, зыкъомкІэ къищІат хьэщІэхэм я хьэлыр. Езы хьэщІэхэми къазэрыфІэщІымкІэ, Даут-Бей цІыху хьэлэлыжьт, мылъкушхуэ зыбгъэдэлът, зи мылъкур здэзыхьын

зымыщIэу «дуней теплъэным» тезыгъэкIуадэт, хьэрычэтышхуэ зыбгъэдэлът, IуэхулIт, ауэ Даут-Бей и нэхъ IуэхущIафэр япэщIыкIэ хьэщIэхэм къахуэщIакъым. Даут-Бей англичан щхьэкIэ, ефэндыгъэ хэлът, тыркубзэм хуэшэрыуэт, адыгэбзи ищIэрт. Мис арат хьэщIэхэм къагурымыIуэр. «Сыт щхьэкIэ и диныр ихъуэжа? Апхуэдиз щIырэ псыуэ къызэпиупщIу мыбы щхьэ къэкIуа?» — жаIэрт бгырыс хьэщIэхэм. АрщхьэкIэ, абы тыкуэнитI тыркухэм я деж къыщищэхум, нэгъуэщI тыкуэнышхуэхэми я фундаментыр щыхригъалъхьэм, пщы Аслъэнджэрий сымэ къалъытащ Даут-Бей сондэджэру. А и сондэджэрыгъэр ефIэкIуэн папщIэ, и динри ихъуэжауэ, тыркубзэмрэ адыгэбзэмрэ щIызригъэщIари арауэ. Абдежым Даут-Бейр сондэджэр къудейуэ хьэщIэхэм я фIэщыпэ мэхъу.

Ауэ Даут-Бей-сондэджэрыр сату Iуэху щытепсэлъыхькIэ, бгырыс хьэщIэхэм ар щадэуэршэркIэ, закъыфIимыгъэщIурэ, фIэмыIуэхущэ хуэдэурэ и псалъэхэм пищэрт мыпхуэдэ упщIэхэр: «Хэт нэхъ пщы цIэрыIуэу адыгэхэм яхэтыр? Дэтхэнэ хъаным щIыхь нэхъ щиIэ Дагъыстаным? Дауэ яхущыт шэшэнхэр урысхэм? Къэзакъхэмрэ бгырысхэмрэ сыт хуэдэ зэхущытыкIэ яIэр? Дэтхэнэ ефэндым цIыхухэр нэхъ едаIуэрэ? Сыт нэхъ зыхущыщIэр бгырысхэр? Дэтхэнэ лъэпкъхэр нэхъыбэ, дэтхэнэхэр нэхъ мащIэ, дэтхэнэхэр нэхъ тепщэ?»

Чэзуурэ ирагъэблагъэ бгырыс зиусхьэнхэр дэфтэрзехьэ Къурбани, Анапэ дэт топхэр зи IэмыщIэ илъ пэщэми — зы бунчук зи сакъырым дэлъми. А еблэгъэныгъэхэми къыщохутэ Даут-Бейр. Езы бгырыс хьэщIэхэм зыкъомкIэ гъэщIэгъуэн ящохъу дэнэкIэ ягъазэми Даут-Бейр къазэрыхуэзэр: «Сэ иджыщ бгырыс дыдэ щыслъагъури, фызищIэщыгъуэщ», — яжриIэрт хьэщIэхэм Даут-Бей. Ар абы и псэлъафэшхуэт.



Шех-Али-Хъан дэуэршэрурэ Даут-Бей къищIат Дагъыстаным щекIуэкI Iуэхугъуэхэр, Шамхал Тарковскэр урысхэм я телъхьэу зэрыщытыр, а Тарковскэм дагъыстан Iэщыхъуэхэр къызэрыдэщIыр, езы дагъыстан хъанхэри зэрызэхущIэуэжыр, зэтеплъэ зэрымыхъур. Ауэ, а псоми хуэмыдэжу, Къазы-Мухьэмэд и хъыбарым нэхъ щIэупщIэрт Даут-Бей. Къазы-Мухьэмэд мюрид зыкъом зэрызэхуишэсар, хъан зыбжани абы зэрыгухьар фIэхьэлэмэтыщэу абы щIэупщIэрейт Даут-Бей. Къазы-Мухьэмэд и пащхьэ иригъэувэжа къалэныр, ар зыхущIэкъур, абы и мюридхэм я зэхэтыкIэр, я IуэхущIафэр — а псори Шех-Али-Хъан фIыуэ ищIэртэкъыми, гупсэхуу Даут-Бей ириIуэтылIэфыртэкъым. Ауэ Къазы-Мухьэмэд я пашэу диным папщIэ мюридхэм къэзэуат къаIэтыну зэрыхэтыр Даут-Бей гурыIуащ. Дагъыстаным щекIуэкI зэныкъуэкъуныгъэм зыкъомкIэ щыгъуазэт ар. Истамбыл дэс английскэ посольствэм Даут-Бей щыщылэжьам щыгъуи мызэ-мытIэу абы щызэхихат Къазы-Мухьэмэд, ар езыгъэджэжа Джэмалдин сымэ я цIэхэр. Истамбыл щызэрахьэ псалъэхэмкIэ Къазы-Мухьэмэд ирихьэжьа Iуэхур Iуэху цIыкIутэкъым.

Абы къыхэкIкIэ, хьэщIэхэм «англыз тыгъэ» щахуищIым щыгъуэ, Даут-Бей зыщигъэгъупщакъым Къазы-Мухьэмэд и цIэри къриIуэн. Къазы-Мухьэмэд хуихьыжыну Даут-Бей сэшхуэ иритащ Шех-Али-Хъан. Сэшхуэм и напэ лъэныкъуэм тетхат хьэрыпыбзэкIэ: «Алы-

хьым гъуэгу къыуит», адрей лъэныкъуэмкIэ: «Уэращ зыпэплъэр муслъымэнхэр».

Пщы Аслъэнджэрийри зыкъомкIэ къиIэтат Даут-Бей. Бжьэдыгъупщхэм я уэлий Сэфар и пхъур пщы Аслъэнджэрий и фызу къыщищIам гуфIащ Даут-Бей. Даут-Бей хуабжьу щIэкъурт а Сэфарыр къигъэIэгъуэну, ауэ абы зэрыбгъэдыхьэну щIыкIэм Iэмал хуигъуэттэкъым. Иджы, пщы Аслъэнджэрийрэ Сэфаррэ зэблагъэу къыщыщIэкIым, Даут-Бей мурад ещI Сэфар деж пщы Аслъэнджэрий и гъусэу кIуэну. Бжьэдыгъу лъэпкъыр адыгэ лъэпкът. Бжьэдыгъухэм я дежи, тенджыз Iуфэм Iус шапсыгъхэм я дежи щIыхьышхуэ щиIэт Сэфар. Абы нэмыщIыжкIэ, а Сэфар деж куэд щIауэ щыIэт Даут-Бей зыщIэупщIэ зы лIы гуэр. «ФыщыкIуэжкIэ фыдыхьэнщ Сэфар дежи флъагъунщ. Уи хьэрычэткIэ сэри зэзгъэцIыхунщ Сэфарыпщыр. Хуабжьу сфIэфIт ар си цIыхугъэ хъуну», — Даут-Бей щыжиIэм, пщы Аслъэнджэрий арэзы мэхъу: «Дэгъуэщ, дэ, арыншэми, абы деж дыдыхьэн хуейщ, накIуэ ди гъусэу», — жеIэри.

Пщы Аслъэнджэрий, Шех-Али-Хъан, Къубатий, Хьэжы-Исмел, Бей-Булат сымэ иджы загъэхьэзырт ежьэжыну. Абыхэм тыгъэ къыхуащIхэр махуэ къэс нэхъыбэ хъу пэтми, заIэжьэну Рашид-пэщэ къелъэIу пэтми, хьэщIэхэм мурад ящI ежьэжыну. Хабзэм езэгъыртэкъым хьэщIапIэм щызыбгъэгувэщэну.



Пщэдей хуэдэр я ежьэжыгъуэу хьэщIэхэр и деж ирегъэблагъэ Рашид-пэщэ. Пщы-уэркъхэм я бейгуэлхэри я гъусэт иджы. ХьэщIэхэр Анапэ дэкIыпIэм зэрыдыхьэу, топхэр ягъэуэ. Рашид-пэщэ иутIыпща гъуохэм цIыхухэр зэхуашэс. Зы бэлыхьышхуэ гуэр къэхъуа фIэкIа умыщIэну, цIыхухэр зэрызохьэ: янычархэри, анапэдэсхэри, сондэджэрхэри, дэтхэнэ тыркури зэхэзожэ. Гъуохэм залIэж, шухэр быдапIэм долъадэ, дожыж, бэзэрым тес сондэджэрхэм я тыкуэнхэр псынщIэу зэхуащIыжри бэзэрыр зэхокъутэж, топхэр мауэ, ихъуреягъкIэ зэрызехьэшхуэщ. Анапэ быдапIэм псори зэрохь.

ЯпэщIыкIэ, къэхъуар ямыщIэу, хьэщIэхэр къоштэ. ИтIанэ, Анапэ быдапIэм цIыхухэр дэз хъуа нэужь, Рашид-пэщэ къажреIэ хьэщIэхэм:

— Дыгъэм хуэдэу муслъымэнхэм ятепсэ ди сулътIаным къигъэхьа фирмэным дыкъеджэнущ.

Топ зыхыбл зэуэ зэдоуэри цIыхубэр зэтобэяуэж. ЛъагапIэм тет дэфтэрзехьэ Къурбан, къурIэн еджэ хуэдэ, зэпишу, кърегъажьэ сулътIаным и фирмэныр:

«Алыхьыр зыщIэ муслъымэнхэ! Къэбэрдей пщы-уэркъхэу, дагъыстан хъанхэу, шэшэн ефэндыхэу, хьэжыхэу сызэхэзых! Хы ФIыцIэмрэ Дербентрэ я зэхуаку дэс муслъымэнхэу сызэхэзых! Мы си фирмэнымкIэ хъыбар физогъащIэ. Фи мыгугъэт Кърымымрэ Къэбэрдеймрэ сакъыпыкIыпауэ. Урысхэм есщIылIа зауэр зэкIэ сымыгъэбэяууэ хъуркъым. Ар щIэмыхъур мыращ: сэ иджы къарушхуэ согъэхьэзыр. Инглызхэм* я дзэм хуэдэу муслъымэныдзэри согъасэ, топхэу згъэжым бжыгъэ яIэкъым. Зэ уэгъуэу урысхэм къатесхыжынущ Кърымри Къэбэрдейри! Си гъусэу урысхэм езэуэнущ къэжэрхэр. Дагъыстан муслъымэнхэм ар зыщывмыгъэгъупщэ. Муслъымэнхэу иджыкIэ джаурхэм яIэщIэхуа, зыфIыгъ, зывгъэ-

* Инглызхэм – англичанхэм.

хьэзыр, фымыбэлэрыгъ! Джаурхэм фыкъыхагъэзыхь хъужыкъуэмэ, къэбэрдейхэу алыхьыр зыщIэж, Кубань фыкъикIуэсыкI, си щIыналъэ фыкъытетIысхьэ. Ар къывэмыхъулIэмэ, аузхэм зыдэвгуашэ, мэзхэм, бгыхэм зыщывгъэпщкIу, алыхьым фыкъихъумэнщ. Фэ фи щхьэр фхъумэжын папщIэ муслъымэнхэр быдэу фызэрыIыгъ, фызыхуэныкъуэмкIэ си пэщэ Рашид-пэщэ Анапэ дэсым хъыбар евгъащIэ. Си дежи фи лIыкIуэхэр къэвгъакIуэ, сэ ахэр щIыхьыншэу къэзгъэнэнкъым. Муслъымэнхэ! Къарууэ диIэм къыпэлъэщын щыIэкъым. Муслъымэнхэ! Ди къару псори дуэздын папщIэ, сэ стхащ Мэчэ-Мадинэи, индхэм я дежи, къэжэрхэм я дежи. Абыхэм я сулътIанхэм, я шахъхэм къыздаIыгъынущ урысхэм есщIылIэну зауэшхуэр. Абыхэми дзэ ягъасэ, я къалэхэр ягъэбыдэ.

Алыхьыр зыщIэ муслъымэнхэ! Дагъыстан хъанхэу, адыгэ пщыуэркъхэу, ефэндыхэу, хьэжыхэу сызэхэзых! Хы ФIыцIэмрэ Дербентрэ я зэхуаку дэс муслъымэнхэу сызэхэзых! Шэшэн бекхэ, къущхьэхэ! Зэману къэнэжар мащIэщ щхьэхуит фысщIыжыным! ФызэрыIыгъ, муслъымэнхэ! Фи унафэщIхэм ящыщу урысхэм я телъхьэ хъухэр лъэныкъуэ евгъэз! Апхуэдэхэм фащымысхь. Хэту щытми, зи дин епцIыжам нэлат ефх. Сэ зэхэсхащ Щэмхъалхэ* джаурхэм я дежкIэ ебэкIауэ. ЯжефIэ къагъэзэжыну. Къамыгъэзэжмэ, муслъымэнхэ, Щэмхъалхэ къыщIыфхэтын щыIэкъым. Жыхьэнмэ гъуэгур мунафикъ хъуа Щэмхъалхэ хуэдэхэм алыхьым яхуегъэхьэзыр. А мануфикъхэм жыхьэнмэ гъуэгур езыгъэгъуэт муслъымэнхэм жэнэтыр яйщ. Ар алыхьым и анэмэтщ!».

Дэфтэрзехьэ Къурбан къедаIуэ псоми яхуэнабдзафIэу яхоплъэри итIанэ, аргуэру, уаз тыкIэу зэпишу къоджэ адэкIэ сулътIан фирмэным. СулътIаным и фирмэныр тыркухэми я дэрэжэгъуэу, я гурыфIыгъуэшхуэу, бгырыс хьэщIэхэр зэпаплъыхь. Сэшхуэ къуаншэм и Iэпщэр IэщIэмыкIыу Даут-Бей лъагапIэм къытетщ, — и теплъэкIэ зигъэуардэу, икъукIэ зигъэлIыхъугуу. Ар езыр лIы къуэгъут. КIыхьыщэу щымытми, Рашид-пэщэ бгъэдэту лъагапIэм зэрытетым, сарыкъышхуэу щхьэрыгъым лIы кIыхьыфэ нытрагъауэрти, бжьыфIагъэ нэпцIкIэ зэщIэпсэрт.

«...ал-Каусаррэ ал-Байдаррэ* алыхьым зыхуигъэфэщэн муслъымэнхэ! — кIийрт фирмэным еджэ Къурбан. — Алыхьым дыкъещIэ, алыхьыр ди телъхьэщ, щIэх едгъэлъагъунщ джаурхэм ди джатэ уэкIэр. Зывгъэхьэзыр! Алыхьыр зыщIэрщ текIуэнур. Ар хьэкъщ. Мы си фирмэным фыкъыщеджэ мэжджытхэм, зэIущIэхэм. Хьэзыру фыщыт, муслъымэнхэу сызэхэзых! Алыхьыр ди гъусэщ!».

Дэфтэрзехьэ Къурбан сулътIан фирмэным еджэн зэриухыххэу тыркухэр къызэроIэт.

— Аллахьумэ Iэмин!

— Ла-иллахьэ-илла-лахь!

— Иншаллахь, ди насыпыр текIуэнщ!

— Iэмин!

А псалъэхэр адэ-мыдэкIэ къыщоIу. Я сулътIаным и фирмэным итыр къайхъулIэн папщIэ, диныр нэхъ къабыл зыщыхъу тыркухэр алыхьым йолъэIу: хьэжыхэм, ефэндыхэм я абэхэр, я цейхэр нэмэзлыкъ папщIэу яубгъуащи, нэмэз щащI щхьэж здэщытым деж.

* Щэмхъал – Щэмхъал Тарковскэхэ.

* Ислъам диным зэригъэхъыбарымкIэ, а псынитIыр жэнэтым къыщыщIож. «А псынитIым ящыщ зыIумыхуэр муслъымэнкъыми, жыхьэнмэм хесхьэ, е псы хуэлIэу, и псэм хьэзаб телъу ахърэтым къыщонэ», – жиIэрт ислъам диным, цIыхухэр «хьэдрыхэ» хьэзабкIэ игъэшынэрт.

Диным нэхърэ зэуэныгу нэхъ зыкIуэцIылъ нэгъуэщI тырку зыкъоми гуп-гуп зэрыгъэхъуащи — хэти мэдауэ «зауэм икIэщIыпIэкIэ къыщIэдзэн хуейщ» жаIэри; хэти джатэ кърипхъуэтауэ Урысей лъэныкъуэмкIэ егъэдалъэ, хэти мэкIий, мэгуо. Зы етэныгъэ бзаджэм зэщIигъэбэтауэ тыркухэр къызэрыкIат. ПщIэнтэкъым, мы къомым я лъэкIыныгъэр гъунапкъэншэу фIэкIа. ДэнэкIи янычархэр щызэрызохьэ, щызэрогъэкIий. Ауэ Шех-Али-Хъани пщы Аслъэнджэрии къагуроIуэ ар зэрытырку хьэлыфэр: я къару нэзыншэу ягъэлъэгъуэн папщIэ зэрыхьзэриигъэкIэ загъэбэтэкъутэн тыркухэм зэрамыжагъуэр, я къарур мыбдежым щызэхуэса бгырысхэм хуагъэлъагъуэкIэрэ ахэри ятхьэкъуну тыркухэм зэрамурадыр. СулътIаным и фирмэным дэфтэрзехьэ Къурбан къыщеджам, зы губжь ябгэ гуэр яхэхъыжьауэ тырку псори зэрызохьэ: зым адрейр щIигъэстыжу, зэрыгъэятэу, я псалъэ уэрхэм кIуэ пэтми нэхъ зиIэту мэхъущIэ-мэдалъэ.

Ферс пыIэ зыщхьэрыгъ зы тырку жьакIагъуэ гуэр нэмэз щIыныр имыухыу къыщолъэт, и сэшхуэр кърелъэфри бастион унащхьэм къытоувэри сэшхуэр игъэдалъэу мэкIий:

— Къэзэуат! Къэзэуат! Къэзыгъазэм алыхьыр игъэпцIащ! Къэзэуат — джаурхэм!

НэгъуэщI тырку тыкъыр тхыбыIуи уанэгум иувауэ зегъэпхъашэ. Ари мэдалъэ, мэкIий. Мэжджыт бжэIупэми тырку щIалэхэм зэчыр къыщыхадзащи — ахэри мэгъуо ялъэкI къамыгъанэу. Дэнэ лъэныкъуэкIи — цIыхухэр щызэрызохьэ, дэнэкIи щыплъагъур абэ зэмыфэгъущ, сарыкъщ, ферсщ. Ауэ адыгэ фащэ зыщыгъ закъуэтIакъуи нэм къыщыщIэуи къохъу.

Махуэр уэмти, тыркухэм я топауэм, цIыху зэрызехьэм, зэрыгъэкIиймкIи, уэгум ит къурIэнаджэ макъымрэ зэчыр зызылIэжымрэ — а псоми махуэр нэхъри нэхъ къагъэплъу, нэхъ къагъэхьэлъэу фIэкIа пщIэнтэкъым.

Рашид-пэщэ хуабжьу арэзыт а зыIуплъэ псомкIи. А илъагъухэм щымыгуфIыкIыу къанэртэкъым Даут-Бей.

— Фолъагъу, хьэщIэхэ! — жеIэ абы. — Фолъагъу мыбыхэм лъэщыгъуэу япкърылъыр. СфIэтелъыджэщ, телъыджащэщ! Иджыщ сэ къыщызгурыIуар тыркухэм я дуней тепщэныгъэр къызыхэкIар, иджыщ! Мыбыхэм хуэдэ зауэлI уиIэхэу плъэмыкIын щыIэ!

Даут-Бей а щытхъур хьэщIэхэр щыту зэрыжиIар хуабжьу гуапэ щохъу Рашид-пэщэ, ауэ езы хьэщIэхэм Даут-Бей и щытхъум къырагъэкIыща щыIэкъым. Бгырыс хьэщIэхэм я нэгухэр гъэщIэгъуэныгъэм хуэнэIуахуэу зэрыщымытым гу лъимытэу Рашид-пэщэ жеIэ:

— Си сулътIаным и фирмэныр здэфхьрэ къэбэрдейхэми, дагъыстанхэми, адрей муслъымэнхэми зэхегъэхатэмэ — псапэшхуэ къэфхьынт.

Пщы Аслъэнджэрии Шех-Али-Хъани жаIэнум пэмыплъэу Хьэжы-Исмел япэ зыкърегъэщ:

— Аллахьэ, ар дэркIэ, дауи, псапэм къыщымынэу, насыпышхуэмэ, аллахьэ, насыпышхуэмэ! ТлъэкI къэдгъэнэнкъым, аллахьэ, къэдмыгъэнэн, аллахьым жиIэмэ! Аллахьым!

Хьэжы-Исмел жиIэхэмкIэ арэзы хъу щIыкIэу пщы Аслъэнджэрийрэ Шех-Али-Хъанрэ я щхьэр ящI, итIанэ, а тIур Iуэхум акъылэгъу техъуэу щилъагъум, Рашид-пэщэ къопсалъэ:

— Фирмэным зыкъом тратхыкIыну унафэ яхуэсщIынщ! — и нитIыр гуфIэгъуэкIэ зэщIэнауэ пещэ и псалъэм. — Ныщхьэбэ фирмэн зыбжанэ ныфIэрызгъэхьэнщ.

— Дэгъуэщ, тхьэ дыгъаIуэ, тлъэкI къэдмыгъэнэнкIэ! — пщы Аслъэнджэрий и пащIэр щIеIуантIэри, зыгъэгугъэ плъэкIэкIэ Рашид-пэщэ хуонэщхъыфIэ.

Махуэр екIуэкIащ апхуэдэу.

Махуэ гуэрым пщыхьэщхьэм хуеуэкIауэ, аддэ жыжьэу тенджыз лъэныкъуэмкIэ уафэ джабэр хуэм-хуэмурэ къоункIыфIри, итIанэ зэуэ зы фIыцIагъэшхуэм зыкъызэщIещIэ. Куэд дэмыкIыу тенджызри къызэрокI. ФIыцIагъэр Анапэ щхьэщохьэ жьапщэрэ уэшхыу зэщIэту. Тенджызыр къоукъубей, мэгубжь. Лъагэу заIэтауэ, ерыщагъ лъэщыгъуэшхуэкIэ къиуауэ толъкъунхэр зэтоукIурие, зы толъкъуным адрейр хущIэуэжу тенджызыщхьэр зэщIотхъурымбэ. Тыркухэри, тенджызым ещхьу, нэхъри къызэрокI.

— Алыхьым зэхихащ ди фирмэныр!

— Алыхьым ди къарур дигъэлъагъужыну аращ!

— Ди къарур хуэдэщ тенджызым!

ЗэрыгъэкIий, зэрыгъэгуоуэ тыркухэм тенджыз Iуфэр къафыхь. Уэшх къешхри зыри къащымыхъуу зэчыр жаIэ янычархэм. ХьэщIэхэр ешат, еша пэтми, емыкIу къащыхъурт я шэтырхэм, пщыIэхэм техьэжын. Пщы Аслъэнджэрий сымэ фIы дыдэу зыхащIэт я Iуэху зэрызэфIэкIар, Рашид-пэщэ ахэр къыщIригъэблэгъар а сулътIан фирмэныр Кавказым ис бгырысхэм ялъигъэIэсыну зэрыарар. Абы къыхэкIкIэ хьэщIэ псоми ягукIэ зэдыжаIэрт: «Дежьэжамэ нэхъыфIт». Аращ пщы Аслъэнджэрий Рашид-пэщэ щIыжриIар:

— Пщэдей жыыуэ дежьэжын ди гугъэщ. Тхьэ дыгъаIуэ, иджыри дыфхэтынтэмэ ди щIэщыгъуэу, ауэ, уэри уощIэри, гъуэгуанэ кIыхь тпэщылъщ, зыхуэдгъэхьэзырын хуейщ.

— Ныжэбэризэм дызэхэвгъэсыж, — жеIэ Рашид-пэщэ зигъэфиблу, хабзэм зригъэхь щIыкIэу, ауэ игукIэ «къыфIэрыхьэну сагъэтхэри къыфIэрыхьащ, фирмэнхэри фэстащ, зевгъэхь иджы» жиIэу.

— Берычэт бесын, абыкIэ зэикI дыпхуэшэчкъым, ауэ узэмыпэщауэ гъуэгуанэ утеувэжыныр шыныбэпхыншэ уанэ утес хуэдэщ.

— ФызэрегуакIуэщ. Фи дежкIэ нэхъыфIыр фэ фщIэжынщ.

— Тхьэразы къыпхухъу! ХьэщIагъэшхуэ къыдэпхащ. Берычэт бесын! Узыншагъэу щыIэм я нэхъыфIыр алыхьым къыуит! Алыхьым укъихъумэ! — Пщы Аслъэнджэрийрэ Рашид-пэщэрэ сэлам зэрахыж.

Я хэщIапIэм къытехьэжа нэужь, пщы Аслъэнджэрий Мыкъэ унафэ хуещI щэкI топхэр дапщэ хъуми ипщыну. Мыкъэ щэкI топхэр зэбгъэделъхьэри IэфракIэкIэ епщытэ. Япэм, мис иджыпсту хуэдэу, Мыкъэ щэкIыщхьэхэр IэфракIэкIэ ипщу щыщытам, абы дзапэ уэрэд щIимыбжыкIынкIэ Iэмал иIэтэкъым. Щыст ар, IэфракIэкIэ щэкIхэр ипщу, щIэгуфIыкIыжу, зэпыу имыIэу е дзапэ уэрэд, е къебжэкI жиIэу, е хьэпшып куэд къыщIипщыкIхэм жьэ пшынэ яхуеуэу. Псоми ящIэрт, Мыкъэ жьэ пшынэ еуэ хъуамэ — абы и гурыфIыгъуэшхуэ дыдэт. IэфракIищэ ирикъуху Мыкъэ «хъуащ ар!» жиIэу къыхэкIиикIырт, итIанэ, хуабжьу хуэIэрыхуэу, и пащIэ сэмэгур щIиIуантIэрт. Абы щыгъуэ и нэкIур зэщIэнэрти нэхъ теплъэгъуафIи хъурт.

Иджы Мыкъэ апхуэдэжтэкъым. Иджы абы дзапэ уэрэди къебжэкIи игу къэкIыххэртэкъым. Щыст ар нэщхъейуэ, игъэзащIэ къалэным хуэжьажьэ-хуэщхьэхынэу, хуэмурэ щэкIыщхьэхэр IэфракIэкIэ къипщу. Мыкъэ куууэ хогупсысыхь. Абы и нэгу щIэтыр нобэрей тырку удэфахэратэкъым. Абы и нэгу щIэмыкIыжыр жьэн узым фагъуабзэ ищIа адыгэ хъыджэбз цIыкIурт, тырку напэ бэгу зэрамыщIэжым и псэр IукIауэ еплъ хъыджэбз цIыкIурт. Мыкъэ гуимыхуж хуэхъуат а хъыджэбз цIыкIум и псалъэр: «Абы хьэлу яIэ?» — жиIэу ар зэрыщIэупщIар. А псалъэхэр къеныкъуэкъуурэ Мыкъэ еух щэкI топхэр ипщын. Ар щIохьэ пщы Аслъэнджэрий и шэтырми:

— Сыпщащ, зи уз схьын! — жеIэ.

Пщы Аслъэнджэрий щэкIхэм я нэхъыфIхэмрэ я нэхъыбэмрэ езым щхьэкIэ зэкIуэцIапхэну унафэ ещI. Адрей щэкIыщхьэхэр — и шу гъусэхэм.

— IэфракIэ тIощI-тIощI ят! — Мыкъэм унафэ къыхуещI пщы Аслъэнджэрий. Мыкъэ зыри жимыIэу пщым щхьэщэ хуещIри шэтырым щIокIыж.

Пщы Аслъэнджэрий щIакIуэм телъу къэптал пцIанэу, и Iэщэфащэхэр бгъэдэлъу, саур уанэр и пIэщхьагъыу, шыудзыр и уэншэкуу. Уэшх къешхам хьэуар игъэкъэбза пэтми, шэтырым шы пщIэнтIэпсымэр, фэмэр, шыудзымэр щIэтт. Пщы Аслъэнджэрий иIэт гупсысэ, Мыкъэ хуэдэу. Абы фIэхьэлэмэтт тыркухэм къарууэ яхэлъыр, Рашид-пэщэ зэрылIыуардэр, зэрыбейр, Даут-Бей и кхъухь егъэблэгъэкIэр, сультIаным и фирмэныр, англичанхэм я королым Анапэ къригъэша топышхуэр, Анапэ и кхъухь тедзапIэм къыIухьауэ щыта тырку кхъухьышхуэхэр.

Щылът пщы Аслъэнджэрий гупсысэу: «Сыт апхуэдиз къару зыбгъэдэлъ сультIаным а фирмэныр щIитхар, езым и къарукIэ щхьэ урысхэм емызэуэжрэ? Дэ щхьэ къыдэубзэрэ? Сыт тыркухэм я мурадыр? А Даут-Бей слIожь зыхуейр, сыт ар зыхуэулъэпхъащэр? Сыт абы зэрищIынур Сэфар? Сэ щхьэ къызэлъэIуа ар пщэдей Сэфар деж сшэну?...» НэгъуэщI гупсысэхэри и щхьэм щызеуэурэ пщы Аслъэнджэрий Iурех.

Анапэ къалэми быдапIэми дэт унэхэм къащIидз нэхур ункIыфIыжат. Къалэр къэзытIысыхьа пщыIэ-шэтыр къомми я бжэIупэхэм IущIыхьа мафIэхэри блэжыртэкъым. Ауэ пщыIэ бжэIупэ закъуэтIакъуэхэм деж иджыри мафIэ къыщыцIурт. Абыхэм ящыщт Мыкъэ зыIус мафIэри. Абы и мафIэр нэхъ ерыщт, нэхъ бзииблэт. Мыкъэ щыст хъурыфэ пыIэшхуэ зыщхьэрыкъуа и щхьэр иубыдыжауэ хэгупсысыхьу, зыбгъэдэс мафIэм пэрылъ дэпым хуэдэу, и нитIыр зэщIэнауэ...

Тенджыз къиуар кIуэ пэтми нэхъ къызэрыкIырт. Тенджызым и толъкъун губжьахэр етауэ, ерыщу жьэпкъым еуэрт.

Мыкъэ щыст, а тенджызым и къарум дихьэхауэ. А тенджызым и толъкъунхэм хуэдэу, Мыкъэ и гущIэми зы толъкъун гуэр хъыжьэу, мыпсэхужу къыщыерыщт...

Къару лъэщкIэ зэщIэвуэ тенджызым къыхэIукIыу Мыкъэ зэхих къыфIэщIырт адыгэ хъыджэбз цIыкIум и сабий макъ лъэщыншэр:

«Абы хьэлу яIэ?»

## ТОЛСТОЙ Лев

# ХЬЭЖМУРАТ

*Повесть*

### XIII



Лорис-Меликовыр хьэщIэщым щыщIыхьэм, Хьэжмурат гуфIэжу къыIуощIэ.

– Пытщэн-тIэ? – жиIащ абы, тахътэбаным итIысхьэурэ.

– Iэмал имыIэу, – жеIэ Лорис-Меликовым. – Уи зауэлIхэм я деж сыщIыхьат. Дыуэршэращ. Зыр щIалэ жан нэжэгужэ хъарзынэщ, – къыпещэ Лорис-Меликовым.

– Пэжщ, Хъан-Магъомэ цIыху тыншщ, – жи Хьэжмурат.

– Сигу нэхъ ирихьар щIалэщIэ къабзэращ.

– Елдари? ЩIалэ цIынэщ, ауэ гъущIым хуэдэу быдэщ.

ТIури щымщ.

– Пытщэрэ-тIэ?

– НтIэ, нтIэ.

– Хъанхэр зэраукIам дынэсауэ арат. Ахэр яукIри, Хьэмзэт Хъунзахъ дохьэ. Хъанхэм я уардэунэм щIотIысхьэ, – жеIэ Хьэжмурат. – Къэнар хъан гуащэ закъуэрат. Хьэмзэт ар къреджэ. Абы хъущIэу щIедзэ. Хьэмзэт нащхьэ хуещI и мюрид Асельдер. Ар хъан гуащэм и щIыбагъ къыдэтти, йоуэри бзылъхугъэр еукI.

– Ари щхьэ иукIат-тIэ? – щIоупщIэ Лорис-Меликовыр.

– ЛIот-тIэ ебгъэщIэнур? Лъакъуэ ижьыр зыщхьэдэпхьэхам лъакъуэ сэмэгури кIэлъыгъэбакъуэ. ЩIадзати, лъэпкъыр зэрыщыту зэтраукIэн хуейт. ЯщIари аращ. НэхъыщIэр Щамил бгым щидзри иукIащ жысIатэкъэ? Аварие псом Хьэмзэт зратащ, ауэ си къуэшымрэ сэрэ дыхуейтэкъым абы зеттыну. Дэ хъанхэм ялъ тщIэжын хуейт. Дэ дагухьа хуэдэу фэ зытыдогъауэ, ауэ гупсысапIэу диIэр мобы илъ зэрыдгъэжэну щIыкIэрат. Ди адэшхуэм дочэнджэщри, демыпIэщIэкIыным тыдоухуэ. ПщIантIэм зэ къыдэкIынкъэ? КъуэгъэнапIэм дыкъуотIысхьэ. Къощэм щэм я къару бгъэдэлъщ, жи. ТIэщIэкIыу дэнэ кIуэн? Ди мурадхэм дыщытепсэлъыхьым, зыгуэр къыткIэщIэдэIухьауэ къыщIокIри, Хьэмзэт бзэгу хуехь. Мобы ди адэшхуэр иреджэ: «КъызжиIакъым жумыIэж, уи къуэрылъхухэр екIэ си ужь къихьар пэжмэ, уэри ахэри зы щхьэпылъапIэм фыкъыфIэхутэнщ. Сэ Тхьэм сыхуолажьэ, къыспэрыуэIа хъунукъым. Еуэ, зегъэхь. ИкIи зыщумыгъэгъупщэ бжесIахэр».

* КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 5-нэ номерым итщ.

Дадэ къокIуэжри псори къытхуеIуэтэж. Дэри мураду тщIараш: афIэкIа зыдмыIэжьэжын, цIыхухэр мэжджытым щызэхуэс япэ махуэм Iуэхум кIэ етын.

Ди ныбжьэгъухэм зыткIэрагъэхужри, си къуэшымрэ сэрэ ди закъуэу дыкъонэ. КIэрахъуэ тIурытI къыдощтэ, щIакIуэхэр зыщыдотIагъэри, мэжджытым докIуэ. И зауэлI щэщI щIыгъуу Хьэмзэти къэкIуат. Сэшхуэ къиха пцIанэхэр яIыгът абыхэм. Хьэмзэт къыбгъурытт Асельдер, нэхъыфI дыдэу илъагъу и мюридыр. Арат хъан гуащэм и щхьэр пызыупщIар. Дэ къызэрытIуплъэу, ар къэкIияш, щIакIуэхэр зыщытхыну унафэ къытхуищIу. ИтIанэ къыдбгъэдыхьащ. Къамэр хьэзыру сIыгъыххэти, ар занщIэу соукIри, Хьэмзэт дежкIэ зызодз. АрщхьэкIэ си къуэш Уэсмэн абы кIэрахъуэкIэ еуакIэт. Хьэмзэт, и псэр пыт къудейуэ, си къуэшым зыкъредз, ауэ и щхьэм къамэкIэ соуэри, кIэ изот. Мюридхэр щэщI зэрыхъур жысIатэкъэ? Дэ – дэитIурат. Мобыхэм си къуэшыр къаукI. Сахэзэухьурэ, щхьэгъубжэм сыкъыдолъри, сакъыIэщIокI. Хьэмзэт зэраукIар къыщащIэм, баштекъуэзкIэ яIыгъа цIыхубэр къызэрыIэтащ, мюридхэр зэбгрыжыжащ, яIэщIэмыкIыфахэр зэтраукIащ.

Хьэжмурат и псалъэр зэпегъэу, хьэлъэу мэщатэ.

– Ахэр псори хъарзынэт, – пещэ адэкIэ. – ИтIанэщ мыхъарзынэр къыщыхъуар: Щамил йоувэ Хьэмзэт и пIэм. Абы лIыкIуэхэр къысхуегъакIуэри къызжрегъэIэ и гъусэу урысхэм сезэуэну. АбыкIэ арэзы сымыхъумэ, Хъунзахъ Iисраф зэтрищIэну, сэри сиукIыну жеIэ. Сэ жысIащ сыкIуэу абы сызэрыкъуэмыувэнури езыри си деж къызэрызмыгъэкIуэнури.

– Сыт-тIэ ущIэмыкIуар? – щIоупщIэ Лорис-Меликовыр.

Хьэжмурат и нэщхъыр зэхеукIэ, жэуапри занщIэу къитыркъым.

– Хъунутэкъыми. Си къуэш Уэсмэни Iэбунунцал-Хъани ялъкIэ зиуцIэпIыжат Щамил. Аращ абы сыщIыхуэмыкIуар. Абдежым генерал Розен офицерыщIэр къысфIещри, Аварием и тету сыувынуи унафэ къысхуещI. Псори хъарзынэ хъуну къыщIэкIынт, ауэ узэрыгугъэу хъумэ, нэгъуэщI щыIэт? Розен Аварием и тету япэщIыкIэ игъэуват къазикъумыкъу Мыхьэмэтмырзэ, итIанэ – Ахьмэтхъан. Ар къыстеплъэ мыхъу хъуащ. Сыт щхьэкIэ? Зи щхьэкIэращ: абы и къуэм кърнгъэшэн и гугъэт хъан гуащэм ипхъу Салтанет. Ауэ ар мобы иратын щамыдэм, абыкIэ сэ сегъэкъуаншэ. КIэ къызитын хьисэпкIэ, и лIыукIхэр къызеутIыпщ. Ауэ абыхэм сакъыIэщIокI. ИтIанэ пцIыкIэ си ужь къохьэ: генерал Клюгенау бзэгукIэ кIэщIолъадэри, сэлэтхэм аврахэм пхъэ ирезымыгъэтыр сэрауэ жреIэ. Си пыIэм щхьэфIэпхыкI къесшэкIауэ егъэIу. Мис мыращ ар, – жери, Хьэжмурат и щхьэм доIэбей. – АбыкIэ къыскIэрицIэлъыну зыхуейр гурыIуэгъуэт: Щамил гухьащ жиIэу арат. Пэжщ, Клюгенау и фIэщ хъуакъым абы къыхуригъэкIуэкIахэр, икIи унафэ ещI си гугъу къамыщIыну. Ауэ генералыр Тифлис зэрыIэпхъуэу, Ахьмэтхъан и Iэхэр утIыпща мэхъу: гуп къегъакIуэри сарегъэубыд. Iэпхлъэпх сащIри, топыпэм сыпащIэ. Жэщихрэ махуихкIэ саIыгъащ апхуэдэу. Жэщ-махуэ ебланэм сыкъыкIэратIэтыкIыж.

Фоч гъэпкIахэр зыIыгъ сэлэт плIыщIым срахужьэ, Темыр-Хъан-Шурэ сахуну. Си Iэхэр пхат, сыщIэпхъуэжыну сыхуежьэмэ, упщIифэпщIи хэмылъу, саукIыну унафэ зэращIами сыщыгъуазэт.

ДыздэкIуэм дынэблэгъат. Моксох деж лъагъуэр бгъузэ щыхъурт, ижьырабгъумкIэ, сажнэ щэ ныкъуэ и кууагъыну, къуэшхуэт. Сэлэтым тIэкIу сыкъыбгъэдокIуэтри, а лъэныкъуэмкIэ зызот – бжьэпэр соубыд. СыкъигъэувыIэну хэтат сэлэтым, ауэ, ари здэсхьу, щыхупIэм солъэ. А насыпыншэр зэшэзэпIэу иукIащ, сэ, мис, зэрыплъагъуущи, псэууэ сыкъелащ. Пэжщ, си дзажэналъэхэр, си щхьэр, си Iэхэр, си лъакъуэр – си Iэпкълъэпкъ псор зэхикъутат. Сыпщыну сыхуожьэ, арщхьэкIэ – дэнэт! Хъуркъым. Си щхьэр уназэри, зызмыщIэжу сехуэхащ. Сыпсыфу, лъым сыхэлъу зыкъызощIэж. Iэхъуэ гуэрым сыкъелъагъу. ЦIыхухэр къреджэ. Къуажэм сахь. Си дзажэналъэхэмрэ си щхьэмрэ ягъэхъужащ. Си лъакъуэри хъужат, ауэ нэхъ кIэщIу къэнащ.

Хьэжмурат еукъуэдий и лъакъуэ Iушэр.

– Сызэрехьэри, ари хъарзынэщ, – жи. – КъысщыщIар цIыхум зэлъащIыс. ЩIэупщIакIуэ къысхуэкIуэу щIадзэ. Сохъужри, Цельмес соIэпхъуэ. Аврахэр аргуэру къызоджэ: сашэжу, я унафэ зехьэныр си пщэ къыдалъхьэну арат, – жеIэ Хьэжмурат а зэрыIэдэбым хуэдэу, икIи кърагъэзауэ щыта дзыхьым ноби зэрыригушхуэр, ин зэрырихъур щIихъумэну пылъкъым. – Арати, арэзы сыхъуащ.

Хьэжмурат псынщIэу къотэдж. И хъуржын зэпедзэкIым къриха тхылъылъэм къыдех гъуэжь хъужа письмоитI. Ахэр Лорис-Меликовым кърет. Письмохэр къызыбгъэдэкIыр генерал Клюгенаут. Лорис-Меликовыр абыхэм къоджэ. Япэм итрат: «Прапорщик Хьэжмурат! Уэ си деж къулыкъу щыпщIащ, сэ сыпхуэарэзыт, гуапагъэ зыхэлъ цIыхуфIуи услъытэрт. Генерал-майор Ахьмэтхъан иджыблагъэ къызэрысхуитхамкIэ, уэ уепцIыжакIуэщ, уи пыIэм щэкI къепшэкIри, Щамил зыпыпщIащ, цIыхухэр къыхубоджэ урыс унафэщIхэм я жыIэм емыдэIуэну. Сэ унафэ сщIат уаубыду си деж укъашэну, ауэ уэ ущIэпхъуэжри уежьэжащ. Абы фIым ухуишэнуми Iейм ухуишэнуми сщIэркъым, щIэзмыщIэращ: уи къуаншагъми уи захуагъми сыщыгъуазэкъым. Иджы мыдэ къызэдаIуэтIэ. Урыс пащтыхьышхуэм и пащхьэм уи напэр щыкъабзэмэ, зы къуаншагъи убгъэдэмылъмэ, къакIуи къысIущIэ. Зыми ущымышынэ – сэ уэ сурителъхьэщ. Хъаным и зэран лъэпкъи къозгъэкIынкъым, ар езыр зи унафэм щIэтыр сэращ, ауэ щыхъукIэ, уэ ущIэшынэн щыIэкъым».

АдэкIэ Клюгенау къитхырт псалъэ итар сыт щыгъуи зэригъэпэжыр, къуаншагъэ зэи зэримылэжьыр, икIи абы Хьэжмурат иущийрт Iэмал имыIэу зыкъыхуигъэзэну.

Лорис-Меликовым япэ письмом къеджэн иуха нэужь Хьэжмурат къэщтэ етIуанэри, ауэ, ар мобы IэщIимылъхьэ щIыкIэ, къыжеIэ япэ письмом абы иритыжа жэуапыр зыхуэдэр.

– Сэ абы хуэстхащ си пыIэм щэкI къызэресшэкIар зэрызмыбзыщIыр, апхуэдэу щIэсщIари Щамил щхьэкIэкъым, атIэ си псэр схъумэн папщIэкIэщ; сэ Щамил сыгухьэну сыхуеипэу щытми, ар схузэфIэмыкIын Iуэхущ. Сыт щхьэкIэ? Зи щхьэкIэращ:

абы иригъэукIащ си адэри, си къуэшхэри, си благъэхэри. Ауэ сыбзыщIакъым урысхэми сазэрыгуэмыхьэфынур, сыту жыпIэмэ, абыхэм укIытэгъуэшхуэ къызапэсащ сэ: Iэпхлъэпх сащIауэ Хъунзахъ сыщаIыгъти, зы бзаджэнаджэ гуэр къысщхьэщыувэри къысте… къысте…щ. А цIыхур псэууэ дунейм тету, фэ сызэрывгухьэфын щыIэкъым. Нэхъыщхьэращи, Ахьмэтхъан пцIыIуэпцIышэм сыщошынэ. Апхуэдэу щыхъум, генералым мис мы етIуанэ письмор къысхуитхащ, – жеIэ Хьэжмурат, адрей тхылъымпIэ гъуэжьыр Лорис-Меликовым иритурэ.

«Си письмом жэуап къептыжащи, упсэу, – къоджэ Лорис-Меликовыр. – Уэ къызэрыптхымкIэ, къэбгъэзэжу укъытхыхьэжын ушынэркъым, ауэ узылъахъэр зы джаур гуэрым уи напэр трихыу къыуипэса бзаджэнаджагъэращ. Быдэу уи фIэщ щIы: урыс хабзэр ткIийщ, ауэ икIи захуэщ. Ар зэрыпэжри уи нэкIэ плъагъунщ, узыгъэпуда бзаджэнаджэм хуэфащэр щращIэкIэ. А Iуэхур зэхагъэкIыну сэ унафэ сщIакIэщ. Мыдэ къызэдаIуэ, Хьэжмурат. Уэ сыщIыпхуэмыарэзын щхьэусыгъуэ сиIэщ сэри: уи фIэщ сыхъуркъым, абы си пщIэр егъэлъахъшэ, ауэ бгырысхэр зэрыгурыщхъуэщIым, тыншу я дзыхь къыузэрамыгъэзым сыщыгъуазэщи, пхузогъэгъу. Уи напэр къабзэмэ, щэкIыр уи пыIэм къыщIепшэкIар уи псэр пхъумэн къудейм тепщIыхьамэ, абы щхьэкIэ уэ зыми уигъэкъуэншэнукъым. Умышынэу икIи умыукIытэу урыс правительствэми сэри ди нэгу укъиплъэ хъунущ. Иджыри къытызогъэзэжри, уи фIэщ щIы: напэншагъэ къозыпэсам хуэфащэ къуэдыр ихынщ, уи мылъкури къыуатыжынщ. Уи нэкIэ плъагъунщ икIи зыхэпщIэнщ урыс законыр зищIысыр. АтIэми, урысхэр нэгъуэщI зыгуэрущ уи Iуэхум зэреплъыр: зы бзаджэнаджэ гуэрым уигъэпудыну хэта щхьэкIэ, урысхэм я деж уи пщIэр лъахъшэ щыхъуакъым. Гимриндэсхэр хуит сщIащ я пыIэхэм щэкI кърашэкIыну, икIи сэ зэпымыууэ сыкIэлъоплъ абыхэм я IуэхущIафэхэм; ауэ щыхъукIэ, къытызогъэзэжри, уэ ущIэшынэн лъэпкъ щыIэкъым. Иджы, ныпхуэзгъакIуэ лIыкIуэм ущIыгъуу, къеблагъэ си деж; ар сэ пэжыгъэкIэ къызбгъэдэт цIыхущ, уэ уи бийхэм я пщылIыпIэм ар иткъым, атIэ правительствэм гулъытэ хэха зыхуищI цIыхум и ныбжьэгъущ».

АдэкIэ Клюгенау аргуэру Хьэжмурат къыхуриджэрт урысхэм ягухьэну.

– Си фIэщ схуэщIатэкъым ахэр, – жеIэ Хьэжмурат, Лорис-Меликовым письмом къеджэн иуха нэужь, – икIи Клюгенау и деж сыкIуатэкъым. Абдеж сэркIэ нэхъыщхьэр Ахьмэтхъан илъ згъэжэнырт, ауэ а IуэхумкIэ урысхэр зыдэзгъэIэпыкъуну си щхьэ хуэзгъэфэщакъым. А зэман дыдэм ирихьэлIэу Ахьмэтхъан, Цельмес къиувыхьауэ, е сиубыдыну, е сиукIыну къызэщэрт. Гъусэу сиIэр мащIэти, мобы сыпэувкIэ сыпэлъэщынутэкъым. Мис а зэманым ирихьэлIэу лIыкIуэ къысхуокIуэ, Щамил и письмо иIыгъыу. Абы сыкъигъэгугъэрт Ахьмэтхъан сыкъыIэщIигъэкIыну, ар иукIыну, икIи Аварием и унафэр зэрыщыту си пщэм къыдилъхьэну. Куэдрэ сегупсыса нэужь, Щамил сыгуохьэ. ИкIи абы къыщыщIэдзауэ, сэ, увыIэгъуэ симыIэу, урысхэм сезэуащ.

АдэкIэ Хьэжмурат къеIуатэ зауэхэм щигъэхъахэм я хъыбархэр. Ахэр икъукIэ куэд хъурт, икIи Лорис-Меликовыр щыгъуазэт абыхэм яцыщ гуэрхэм. Хьэжмурат и бийхэм апхуэдизкIэ псынщIэу ятеуэрт икIи и ебгъэрыкIуэныгъэхэм зэуэ лIыгъэшхуэ къыщигъэлъагъуэрти, текIуэныгъэ къихьауэ псынщIэу лъэныкъуэ зригъэзыжыфырт; пхужымыIэным хуэдизт а псори абы къызэрехъулIэ щIыкIэр.

– Щамил сэрэ зэи дызэныбжьэгъуакъым, – негъэс Хьэжмурат и хъыбарыр, – ауэ ар сэ икIи къысщышынэрт, икIи къысхуэныкъуэт. АрщхьэкIэ къэхъуращ: «Щамил и ужькIэ хэт Iимам хъунур?» – жаIэри къызоупщIхэр. «Iимам хъунур зи сэшхуэр нэхъ жаныращ», – язотыж жэуап. Си псалъэхэр Щамил Iурадзэж. Арати, и натIэм сригъэкIын мурад ещIри, Табасарань сегъакIуэ. Мэл минрэ шы щищрэ къэсхури сыкъэкIуэжати, «ущIэзгъэкIуаракъым пщIар» жеIэри и къуэдзэу сыщытын къулыкъур сщхьэщехыж, ахъшэу хъуар хуезгъэхьынуи унафэ къысхуещI. ИкIи хузогъэхь дыщэ ахъшэу мин. И зауэлIхэр къегъакIуэри, си лъапсэр зэрыщыту страх. Тез-дзэу езым и деж сыкIуэнуи къыспеубыд. СызэриукIынур сщIэрти, сыкIуакъым. Iэрыубыд сащIыну къигъэкIуахэм сакъыIэщIокIри, си щхьэр Воронцовым изохьэлIэ, ауэ си унагъуэр къыздэсщтэфа-къым. Си анэри, си щхьэгъусэри, си къуэри абы и деж щыIэхэщ. Дзэпщцышхуэм схужеIэ: си унагъуэр абы IэщIэлъыхукIэ, сэ зыри схуэщIэнукъым.

– ЖесIэнщ, – хуэму къопсалъэ Лорис-Меликовыр.

– Уэри зыгуэрурэ схухэлIыфIыхь мы си Iуэхум, схуегугъу. Сэ сиIэу хъуар ууейщ, джыназыр къыздэгъэIэпыкъу закъуэ. Сэ си Iэри си лъэри пхащ, Iэпхлъэпх сызэращIа кIапсэм и кIапэр зыIэщIэлъри Щамилщ.

Хьэжмурат а псалъэхэмкIэ иухащ Лорис-Меликовым къыхуиIуатэ хъыбар нэщхъеягъуэр.



## XIV

Декабрым и 20-м мырат Воронцовым зауэ IуэхухэмкIэ министр Чернышёвым французыбзэкIэ хуитхыр:

«ПщIэшхуэ зыхуэсщI джыназ, иужьу нэкIуа пощтым си письмо нызщIыпхуимышаращ: япэщIыкIэ Хьэжмурат и Iуэхур зэхэдгъэкIмэ нэхъ сфIэзахуэт, абы нэмыщIкIэ, сэри махуитIыщы мэхъури сыгукъыдэмыжщ. Си иужьрей письмомкIэ хъыбар уэзгъэщIащ Хьэжмурат мыбы къызэрыкIуамкIэ: ар Тифлис къэсащ мы мазэм и 8-м; етIуанэ махуэм абырэ сэрэ дызэрыцIыхуащ, махуэ зыбгъупщIкIэ сепсэлъылIащ икIи сегупсысащ ар иужькIэ къызэрытхуэщхьэпэну щIыкIэм, къытхуищIэфынкIэ хъунум, псом хуэмыдэу, хуэтщIэфынум, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар иджыпсту икъукIэ ирогузавэ и бынунагъуэм и щхьэм кърикIуэнум. ИкIи, бзыщI лъэпкъ хэмылъу, жиIэращ: и бынунагъуэр Щамил IэщIэлъыхукIэ, и Iэри и лъэри пхащ, къытхуищIэфыни щыIэкъым, гуапэу дызэрыIущIам хуэфащэу къытпэджэжыфынукъым, къызэрытхуэпэжри къигъэлъэгъуэфынукъым. И псэм и

щIасэ цIыхухэм къапэплъэр, къацыщIынкIэ хъунур зэрымыбелджылым къыхэкIыу, зэпымычу зыгъэгузавэ щытыкIэ Iейм зэщIиIыгъэщ. Абы кIэлъыплъыну зи пщэ ислъхьахэм къызэрызжаIэмкIэ, ар жеижыркъым, ишх щIагъуи щыIэкъым, нэмэз ещI, зэпымыуэ тхьэ йолъэIу. Дэ къызэрыдэлъэIур зы закъуэщ: тIэкIу зытригъэун щхьэкIэ, шууэ къикIухьыну хуит тщIынырщ, аркъудейщ и Iэпкълъэпкъыр щIэмычэпэнымкIэ хэкIыпIэу къыхуэнэжар. Махуэ къэс си деж къокIуэ, и бынунагъуэм я хъыбар гуэр сщIэмэ щIэупщIэну, икIи къызолъэIу зэуапIэ зэбгрыдзахэм гъэр къыщытщIауэ ди IэмыщIэ илъ псори зэгъэуIунымкIэ унафэ сщIыну, езыми ахъшэ гуэрхэр щIигъуу, абыхэмкIэ и бынунагъуэр Щамил деж къыщихъуэжын папщIэ. А Iуэхум текIуэдэн ахъшэр къезытын цIыхухэри щыIэщ. КъытригъэзэжурэкъызолъэIу: си унагъуэр къысхуевгъэли, итIанэ фи фIыщIагъэм пэхъун Iуэхутхьэбзэ фхуэсщIэжыну Iэмал къызэфт (зэригугъэмкIэ, ар нэхъ къыщехъулIэнур лезгин лъэныкъуэмкIэщ). Зы мазэм къриубыдэу си сэбэпыныгъэшхуэ фэзмыгъэкIыфрэ – къысхуэвгъэфащэ къуэдымкIэ сыарэзыщ, жи.

Абы жэуапу естаращ: сэ къызэрысщыхъумкIэ, жыпIэу хъуар пэжщ, уэ зи фIэщ умыхъун цIыхухэри ди деж щыбгъуэтынт, уи унагъуэр, дэ шэсыпIэу дымыIыгъыу, бгылъэ щIыпIэхэм къинауэ щытамэ; ди зэуапIэ гъунапкъэхэм щаIыгъ гъэрхэр зэщIэгъэуIуэнымкIэ хэкIыпIэу щыIэ псори къэзгъэсэбэпынщ; ди уставхэм къызэрытхуагъэувымкIэ, сэ хуитыныгъэ сиIэкъым, уи унагъуэр къэпщэхужын папщIэ уэ къыпхузэгъэпэщыну ахъшэм щIызгъунIауэ, ауэ, зыпщIэзгъэкъуэн щхьэкIэ, нэгъуэщI хэкIыпIэ гуэрхэр къысхуэгъуэтынкIэ хъунщ.

Ауэ, бзыщI лъэпкъ хэмылъу, сэ Iуэхум сызэреплъри жесIащ: уи унагъуэр Щамил къыузэритыжын щыIэкъым, ар езыми къыбжиIэнкIи хъунщ; укъигъэгугъэнкIи хъунщ уи къуаншагъэхэр къанэ щымыIэу къыпхуигъэгъуну, пIыгъа уи къулыкъухэри къыуитыжыну; уигъэшынэнкIи хъунщ, бгъэзэжу гъусэ зыхуумыщIыжмэ, уи анэри, уи щхьэгъусэри, уи бынихри зэтриукIэну жиIэу.

ИтIанэ сеупщIащ: «Мо къезгъэкIуэкIахэр Щамил къыппиубыдмэ, пщIэнумкIэ жэуап къызэптыфын, нехьэкI-къехьэкI хэмылъу?» – жысIэри. Хьэжмурат къыдэплъейщ, и Iэхэр уафэмкIэ иIэтри, жэуапу къызитаращ: «Псоми хуитыр Алыхьыращ, ауэ си бийм и IэмыщIэ сэ зэи зислъхьэнукъым, сыту жыпIэмэ, шэч къытесхьэркъым Щамил, псори къысхуигъэгъуу, къызэрызэмыкIужынум икIи абы куэдрэ сызэримыгъэпсэунум».

И бынунагъуэр зэтраукIэн Iуэхум ар зэреплъыращ: и фIэщ хъуркъым Щамил апхуэдэу акъыл кIэщIу къыщIэкIыну, сыту жыпIэмэ, япэрауэ, и бийр нэхъри нэхъ шынагъуэж зыхуимыщIын папщIэ; етIуанэрауэ, Дагъыстаным щыгъунэжщ пщIэрэ щхьэрэ зиIэ цIыху лъэщхэр, апхуэдэ лей зэримыхьэну абыхэм Щамил къагъэдэIуэфынущ. КъимыдэкIэ, мызэ-мытIэу къытригъэзэжурэ къызжиIаращ: дяпэкIэ къэхъунур Алыхьым сыт хуэдэу иухауи къыщIрекIи, иджыпсту абы гупсысапIэу иIэр зыщ – и унагъуэр

къэщэхужа зэрыхъуну щIыкIэращ; ар къызолъэIу, Алыхьым хьэтыр иIэххэмэ, сыдэIэпыкъуну икIи Шэшэным и Iэгъуэблагъэхэм игъэзэжыну хуит сщIыну, абдежхэм щыдиIэ унафэщIхэр хигъэлIыфIыхькIэрэ, абыхэм къратыну хуитыныгъэм ипкъ иткIэ, и унагъуэм запищIэфын е, нэгъуэщI мыхъуми, я Iуэху зыIутыр зригъэщIэфын, ахэр хуит къэщIыжыным ехьэлIа Iэмалхэр къигъэсэбэпыфын хуэдэу; а щIыпIэхэм щиIэу жеIэ езыр жагъуэу къэзымылъагъу цIыху Iэджэ, къыфIэбгъэкIмэ, апхуэдэхэр яхэтщ, жи, дэ къыдэбий лъэныкъуэм щыщ нэIибхэми; урысхэм къаубыда цIыхухэм е зэкIэ зыми IэщIэмылъу а лъэныкъуэмкIэ щыпсэухэм, дэри дыдэIэпыкъуу щытмэ, абы псынщIэ къыщащIыфынут и унагъуэм запищIэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэу ар жэщи махуи зи бэлыхь иукIхэр зэфIэхыныр; и мурадхэр къехъулIамэ, и гур зэгъэжынурэ, ди сэбэп зыхэлъхэр илэжьу щIидзэнут, итIанэ дэри нэхъ тыншу зэхэдгъэкIыфынут абы дзыхь егъэз хъунрэ мыхъунрэ. КъыдолъэIу аргуэру Грознэм дгъэкIуэну, икIи жиIэращ: лIыгъэ зыхэлъ къэзакъ шу тIощIырыпщI гъусэ къысхуэфщI, япэрауэ, сэ си бийхэм сыщахъумэнщ, мыдрейуэ, фхуэзлэжьыну фыкъызэрызгъэгугъэхэр зэрыпэжыр я нэгу щIэкIынщ.

ПщIэшхуэ зыхуэсщI джыназ, а псоми гупсысапIэм сыхадзащ, сыту жыпIэмэ, дауи сыгъэщIи, си пщэм къалэнышхуэ къыдэхуащ. Хьэжмурат жиIэ псор занщIэу уи фIэщ пщIынри дзыхьщIыгъуэджэщ; ауэ, щIэмыпхъуэжын папщIэ жытIэу, и Iэри и лъэри тпхыну дыхуежьэным къикIри гурыIуэгъуэщ: ар щIэубыдауэ Iыгъын хуейуэ аращ; си гугъэмкIэ, ар икIи захуагъи хъунтэкъым икIи политикэ и IуэхукIэ щыуагъэт. Апхуэдэу щIыным фIы къишэнукъым: а хъыбарыр занщIэу Дагъыстан псом щызэлъащIысынущ, икIи ар а щIыпIэм икъукIэ зэран къыщытхуэхъунущ: щэхуу е нахуэу Щамил и бийуэ къэувыну хьэзырхэм (ахэр куэд мэхъу) я мурадхэр яхъуэжынщ. КъимыдэкIэ, ахэр щIэчэ имыIэу къыкIэлъоплъ Iимамым и къуэдзэу щыта зауэлI нэхъ хахуэ, нэхъ Iэмалшы дыдэм, нэгъуэщI хэкIыпIэ имыгъуэту, дэ зыкъыдэзытам, ди деж щиIэ псэукIэр зыхуэдэм. ГъэрыпIэм ихуам пэтщIу Хьэжмурат дыхущытамэ, ар Щамил зэрепцIыжам хэлъ мыхьэнэшхуэр зыми щымыщыжу жьым ихьыжынт.

Аращ къызыхэсхари а зэрысщIам хуэдэу Iуэхум сыбгъэдыхьэныр, ауэ къыжыIэни хуейщ, Хьэжмурат щIэпхъуэжу щытмэ, щыуагъэшхуэ сIэщIэщIам папщIэ сагъэкъуаншэми зэрысхуэфащэм сызэрегупсысар. Къулыкъу зепхьэу, апхуэдэ Iуэху зэхэзэрыхьахэр щызэфIэпхым деж, утемыкIыу гъуэгу захуэ закъуэм урикIуэныр зэрымыщIагъуэр гурыIуэгъуэщ; ауэ къыхэпха гъуэгур захуэу къэплъытэмэ, абы утету укIуэн хуейщ – къэхъуну иухар кърырехъу.

СынолъэIу, пщIэшхуэ зыхуэсщI джыназ, зи щIыхьыр ин пащтыхьыр хэплъэн папщIэ, мыр абы и пащхьэм иплъхьэну. СынасыпыфIэу зыслъытэжынущ, псоми хуит ди унафэщI лъапIэр сэ злэжьахэм арэзы техъуэмэ. ИщхьэкIэ зи гугъу пхуэсщIауэ хъуар яхуэстхащ генералхэу Завадовскэмрэ Козловскэмрэ; Козловскэм езым и щхьэкIэ Хьэжмурат зыпищIэн папщIэ, иужьрейм унафэ быдэ хуэсщIащ генералым и Iизыныншэу зыри илэжь икIи

зыщIыпIи кIуэ зэрымыхъунумкIэ. Апхуэдэуи абы гурызгъэIуащ, ди цIыху и гъусэу быдапIэм къыдэкIыурэ зигъэлъагъуэмэ, дэркIэ зэрынэхъыфIыр, арыншамэ Щамил игъэIункIэ мэхъу Хьэжмурат, дунейм къытедмыгъэхьэу, хьэпсым щытIыгъыу; мыри зыщызгъэгъупщакъым: псалъэ бидэ къеIысхащ Воздвиженскэм зэи мыкIуэну, ситу жыпIэмэ, япэу зызритауэ щыта си къуэр абы щыIэщ, ар и ныбжьэгъууи ебж, ауэ а щIыпIэм и унафэщIыр си щIалэракъым, апхуэдэу щыщыткIэ, зэгурымыIуэныгъэ гуэрхэр къэхъункIэ зыхуэIуа щыIэкъым. КъыжытIэпэнщи, мыри хэлъщ Iуэхум: Воздвиженскэр пэгъунэгъубзэщ дэ къыдэбийхэр гъунэжу зыщыпсэу щIыпIэхэм; мыдрейуэ, Хьэжмурат зыщыгугъ цIыхухэм нэхъ тыншу яIущIэн, абыхэм зыгуэр къаригъэщIэн папщIэ, нэхъыфIыр Грознэращ.

Езым и лъэIукIэ гъусэ хуэсщIа, зы лъэбакъуэкIи абы къыкIэрымыкIыу, темыплъэкъукIыу щIыгъуну пщэрылъ зыхуэсщIа къэзакъ хахуэ тIощIым нэмыщIкIэ, абыхэм ядэзгъэкIуащ зэи укъэзымыгъэщIэхъун офицер гъуэзэджэ Лорис-Меликовыр. Абы къумыкъубзэр дэгъуэу ещIэ, Хьэжмурати фIыуэ ецIыху, къызэрысщыхъумкIи, мыдрейми дзыхь къыхуищI хуэдэщ. Хьэжмурат мыбы зэрыщыIа махуипщIым къриубыдэу зы унэм дыщIэсащ подполковник джыназ Тархановым, Шушинскэ куейм и унафэщIым, лэжьыгъэ IуэхукIэ къэкIуауэ мыбы щыIэм; ар пщIэшхуэ къэзылэжь цIыхущ, уи дзыхь зэбгъэз хъунщ. Абыи къилэжьащ Хьэжмурат и дзыхь, икIи къумыкъубзэ фIы дыдэу зэрищIэм къыхэкIкIэ, ар тэрмэш тхуэхъуурэ, шыIэныгъэ хэлъу дытепсэлъыхьащ нэхъ бзыщIыпхъэ дыдэ Iуэхухэми.

Хьэжмурат теухуауэ сэ сечэнджэщащ Тархановым, си Iуэху бгъэдыхьэкIэмкIэ арэзы къыздэхъуащ ар: Хьэжмурат зэрыхущытыпхъэр е а сэ зэрысщIам хуэдэущ, е лъэхъуэщым щIэдзауэ, нэхъ хабзэ ткIий дыдэхэм тету, хъумэнырщ, ситу жыпIэмэ, IейкIэ и ужь уихьэмэ, ар тыншу пхуэIыгъынукъым, е хэкур къегъэбгынэн хуейуэ ращ. А иужьрей Iуэху бгъэдыхьэкIитIым фIы къытхудэкIуэнукъым: ХьэжмуратрэЩамилрэ я зэщыхьэныгъэм къытхуихьыну сэбэпыныгъэ псори абыкIэ щIэтIэжа хъун къудейм къыщынэркъым, атIэ Iэмал имыIэу къызэтеувыIэнущ Щамил хущIэбжэу бгырысхэм ирагъэкIуэкI псалъэмакъхэри. Джыназ Тархановым къызжиIащ Хьэжмурат зэрызахуэм шэч къызэрытримыхьэр, икIи Щамил зэрепцIыжар игъащIэкIэ абы къызэрыхуимыгъэгъунур езы Хьэжмурати къызэрыгурыIуэр, минрэ къигъэгугъэми, яригъэукIыну унафэ зэрищIынур. Хьэжмурат теухуауэ Тархановыр зытегузэвыхьар зы закъуэщ: мор и диным зэритхьэкъуущаращ, абы езыми ибзыщIыркъым Щамил мис а тIасхъапIэр къигъэсэбэпу и хъым Хьэжмурат иригъэпкIэнкIэ зэрыхъунур. Ауэ, ищхьэкIэ къызэрыхэзгъэщащи, Хьэжмурат зы мэскъалкIэ шэч къытрихьэркъым ар Щамил зэрыIэщIэукIэнум – е нобэ, е, игъэзэжауи дощIри, зэман гуэр дэкIа нэужь.

Мис ахэращ, щIыхьышхуэ зыхуэсщI джыназ, мыбы щекIуэкI Iуэхухэм ящыщу мы зэкIэ зи гугъу пхуэсщIыну сызыхуеяр».

## XV

А письмор Тифлис щаутIыпщащ декабрым и 24-м. 52 гъэ ИлъэсыщIэм и пэ къихуэу, шы пщIы бжыгъэхэр игъэувыIарэ гущхьэIыгъ пщIы бжыгъэхэми удынкIэ я пэм лъыр кърихуауэ, фельдъегерым ар Iэригъэхьащ а зэманым зауэ IуэхухэмкIэ министру щыта Чернышёвым.

Езы Чернышёвым ар, нэгъуэщI тхылъхэм ящIыгъуу, пащтыхь Николай и деж ишащ 1852 гъэм январым и 1-м.

Чернышёвым фIыуэ илъагъуртэкъым Воронцовыр. Игу техуэртэкъым абы псоми пщIэ къызэрыхуащIыр, и къулеягъым щхьэкIи ефыгъуэрт, Воронцовыр зэрызиусхьэн нэсми иризэгуэпырт. Езы Чернышёвыр, зыми щымыщу, дыгъуасэ къыдэцIэфтея гуэрт, нэхъыщхьэ дыдэу ар Воронцовым теплъэ щIэмыхъур пащтыхьым абы пщIэ лей къызэрыхуищIрат. А псоми къыхэкIыу, Чернышёвым лъэкI къигъанэртэкъым Воронцовыр игъэулъиин, зэран хуэхъун папщIэ.

Кавказым щекIуэкI Iуэхухэм теухуауэ мыбы и пэкIэ доклад щищIам щыгъуэ Чернышёвым къехъулIат пащтыхьыр джыназым щIыхуэмыарэзын гуэрхэм щIигъэдэIуну: урыс унафэщIхэм я зэкIэлъымыкIуэныгъэм къыхэкIкIэ, бгырысхэм къанэ щымыIэу зэтраукIат сэлэт гуп цIыкIу. Иджы Чернышёвым и мурадт Хьэжмурат ехьэлIауэ Воронцовым къищта унафэр мытэмэму пащтыхьым къыщигъэхъуну. Ар хэтт Николай и фIэщ ищIыну: урысхэм хэщIыныгъэ яритми къыфIэмыIуэхуу, сыт щыгъуи бгырысхэм къащхьэщыж, щабэу яхущыт Воронцовым Хьэжмурат Кавказым къызэрыринар мыхъумыщIагъэщ; Хьэжмурат урысхэм закъыщIритар ди тIасхъэхэр щIихыну арагъэнущ, абы къыхэкIыуи ар адэ Урысейм кIуэцIрышамэ нэхъыфIщ, икIи абы къыпыкIыну хъуар къыпыхын щыщIэдзэн хуейри и унагъуэр къаутIыпщыжауэ тлъагъуу, езыр къызэрытхуэпэжым шэч къытедмыхьэж дыхъуа нэужьщ.

Чернышёвым и мурадхэр къехъулIакъым. Ар къызыхэкIаращ: январым и 1-м, зэи хуэмыдэжу гукъыдэжыншэу Николай нэху къекIати, абы и мурадтэкъым къыжраIэм едэIуэну, ар хэт къыбгъэдэкIауэ щытми, сыт хуэдиз гупсысэ хэлъми; щIемыдэIуэнури и псэлъэгъум арэзы дэмыхъун папщIэт; псом хуэмыдэу Чернышёвым и чэнджэщрат абы къимыщтэххэнур. Пащтыхьым ар щIишэчыр мызэкIэ зэрыпхъуэж хъун щымыIэу къызэрилъытэрт, икIи, декабристхэм я Iуэхур щызэхагъэкIым, Захар Чернышёв хригъэлъафэу, и мылъкур зыIэригъэхьэну зэрыхэтар ищIэрти, цIыху напэншэу ибжырт. НтIэ арати, Николай а пщэдджыжьым гукъыдэж лъэпкъ зэримыIам и фIыгъэкIэ, Хьэжмурат Кавказым ирамышу къэнащ, икIи абы и гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ лъэпкъ игъуэтакъым. Ауэ Николайрэ Чернышёврэ я зэIущIэр, а пщэдджыжьыр мыхъуу, нэгъуэщI зэман гуэрым екIуэкIамэ, апхуэдэу мыхъункIи хъунт.

Сыхьэтыр пщIым и ныкъуэ хъуат. ЩIыIэр градус тIощI хъурт. Чернышёвым и шыгуху лIы пIащэ жьакIацэм Iэжьэр, – апхуэдабзэ

Іэжьэт езы Николай Павлович зэрызекІуэ хабзэр, – ирехулІэ пащтыхьым и хэщІапІэ уардэунэм и щІыхьэпІэ цІыкІум. Абдеж щытт джыназ Долгорукэм и шыгузехуэри. Куэд лъандэрэ зэрыцІыху «зэкъулыкъущІэгъуитІым», сэлам зэрахыу, я щхьэхэр ящІ. Іэжьэм иригъэкІа и зиусхьэныр унэм зэрыщІыхьэрэ Іэджэ щІати, сыт хуэдизкІэ хуабэу мыхуэпами, шыгузехуэр щІыІэм зэрисыр нэрылъагъут: зызэщІиуфауэ щыст.

Чернышёви, хуабэ дыдэу хуэпа пэтми, щІыІэр къехьэлъэкІат. ЗызэфІиш-зиукъуэдийурэ ар Іэжьэм къокІ, итІанэ зиутхыпщІ хуэдэу зещІ – и лъыр къызэщІигъаплъэурэ нэжэгужафэ зытригъауэу.

Швейцарым пщІэшхуэ къыхуищІу къыхузэІуиха бжэм щІохьэри, и шыгъэцІывхэр игъаджэу, алэрыбгъум ирокІуэ. ПэІущІэ пэшым нос. Щыгъын щІыІутелъыр зыщех, ар хуедз щхьэщэ зыщІу къыбгъэдэлъэда камер-унэІут лІыжьым. Езыр гъуджэм бгъэдохьэри хуэсакъыпэурэ и пыІэр зыщхьэрех. Гъуджэм йоплъэ. ЗызэфІеш. АдэкІэ-мыдэкІэ зоІусэж: и лІыжьыІэмкІэ ирелъэщІэкІ и нэжьгъуцхэр, и натІэцыр, пщІэхэлъ жорри и дамэтелъхьэри зэрегъэзахуэ. ИкІи жыІэмыдаІуэ хъуа и лъакъуэхэр ерагъыу зэблихыурэ алэрыбгъукІэ щІэгъэна дэкІуеипІэмкІэ хуэм-хуэмурэ зеІэт.

Фащэхэр къызыщцылыдыкІ Іуэхутхьэбзащіэхэм зыкъыхуагъэщхъ, зыкъыхуагъэфэрыщІ. ЗищІысыр ищІэжрэ и пщІэр ихъумэжу, Чернышёвыр абыхэм яблокІри, пэІущІэ пэшым щІохьэ. Къызэрагъэуврэ куэд мыщІа, зи щІэщыгъуэр иджыри имыкІа, дахэу зэщыхуэпыкІа щІалэр гуапэу, пщІэ къыхуищІу къыІуощІэ Чернышёвым. Зи нэгум делэ плъэкІэ къиищ, зэрезэшари зыхуэмыгъэпщкІу джыназ Василий Долгорукэр къотэджри фІэхъус кърех.

– Пащтыхьыр щыІэ? – флигель-адъютантым французыбзэкІэ зыхуегъазэ Чернышёвым, нэкІэ щІэупщІэ щІыкІэрэ бжэмкІэ плъэуэ.

– Зи щІыхьыр иным иджыпсту къигъэзэжа къудейщ, – къызэреупщІа бзэмкІэ жэуап къетыж модрейми. Ар апхуэдизкІэ Іэсэу, щабэу зекІуэрти, псы зэрыз стэкан и щхьэм тебгъэувами, ткІуэпс икІутынтэкъым. Іэуэлъауэ лъэпкъ иримыгъэщІу ар бжэм бгъэдохьэ, хуэсакъыпэу Іуехри, умылъагъужу мэбзэх.

Долгорукэри апщІондэху Іуэхуншэкъым – и портфелыр зэтрихауэ тхылъымпІэхэм хопщІэпщІыхь.

Зи нэщхъыр зэхэукІа Чернышёвыр къокІукІ-нокІукІ, пащтыхьым жриІэну зыхуей псори игу къегъэкІыж, ахэр аргуэру зэрегъэзахуэ. Абы нэхъ къыпэгъунэгъу бжэр къызэІуожри, пэшым къыщІэкІа флигель-адъютантыр Чернышёвым и пащхьэм къохутэ. ПсалъэкІэ мыхъуу, и плъэкІэмрэ и зыІыгъыкІэмкІэ абы къарегъащІэ щІыхьэ зэрыхъунур.

КІуэд щІат мафІэсым къела Зимнэ дворецыр щІэрыщІэу зэрызэрагъэпэщыжрэ. Николай абы щылажьэ къудейтэкъым – ищхьэ къатым щыпсэурт. Министрхэри нэгъуэщІ къулыкъущІэхэри къыздригъэблагъэ хабзэ пэшыр хуабжьу лъагэт, щхьэгъубжэшхуиплІи хэлът. Пащтыхь Александр Езанэм и сурэт абрагъуэ фІэлът блын ІуплъапІэм. Щхьэгъубжэхэм я зэхуакум хуэзэу стІолышхуитІ щытт. Блынхэм егъэувэкІат шэнтхэр. Пэшым и кум

итт зытетхыхь стIол зэрамыщIэжыр, абы и гупэм къитт Николай и шэнтиуэмрэ къригъэблэгъахэм папщIэ шэнтхэмрэ.

Николай стIолым бгъэдэст, дамэтелъ зытемылъ щыгъын щIыIутелъ фIыцIэр и ныбэ къежьам тешэщIарэ, псэ зыхэмытми ярей и нэхэмкIэ къыщIыхьэхэм къеплъу. И щхьэ джафэр щIихъумэн хьисэпкIэ «къытрагъэкIа» щхьэц Iэрыщ I къелэлэххэм къыщIэплъырт и натIэбгъуэшхуэ къещIэхар къызыщхьэщыт и нэкIу хужь кIыхьыр. Арыншами сыт щыгъуи утхъуауэ щыт и нитIыр нобэ нэхъри къэутхъуати, нэхугъэ лъэпкъ щIэплъагъуэртэкъым. Зи кIапэхэр дэгъэджэрэзея и пащIэ щIагъым къыщIэщ Iупэхэр зэтекъузат… ЖыпIэнурамэ, ар зыгуэр щхьэкIэ мыарэзы къудейтэкъым, атIэ егъэлеяуэ къызэрыгубжьар нэрылъагъут. Апхуэдэу щIэгукъыдэжыншэм и щхьэусыгъуэр зэрешарат. ЩIешари ныжэбэ кIуам зыхэта нэгузыужьыпIэ ехьэжьар къызэрытехьэлъэщарат.

ЦIыхушхуэхэм я щхьэхъумэ шууейхэм зэрахьэ хабзэ гъущI пыIэ папцIэ бзу сурэт зытетыр щхьэрыгъыу, зэрихабзэу, нэгузыужьыпIэр къызэхикIухьу здыхэтым, ар къэзыуфэрэзыхьхэм икIи абы къыпэзыкIухьхэм яхэту шокъу жиIэу аргуэру Iуоуэ мыпхуэдэ зэIущIэ кIуам щыгъуэ напэIупIэ зыIулъу и нэм къыфIэнауэ щыта бзылъхугъэм. И хужьыбзагъымкIэ, и Iэпкълъэпкъ зэкIужымкIэ, и бзэ IэфIагъымкIэ мо лIы тIорысэм и лъыр къызэщIигъаплъэщ, зэIущIэ къакIуэ дызэхуэзэнщ жиIэри зигъэбзэхыжауэ щытати, иджы дыгъуэпшыхь зыкъыбгъурегъахуэ а бзылъхугъэ телъыджащэм. Ауэ иджы ар зыIэщIигъэкIыркъым, атIэ хуеунэтI игу ирихьа цIыхубзхэм щахуэзэн щхьэкIэ хьэзыру хуаIыгъ пэш щэху пхыдзам. Щымыбзэу кIуэхэурэ, бжэм щынэсхэм, Николай къызоплъэкI – хабзэхэр тэмэму зехьэным хуэсакъыныр зи пщэм дэлъ лэжьакIуэр нэкIэ къилъыхъуэу арат. АрщхьэкIэ къыхуэлъэгъуакъым. Николай и нэщхъыр зэхеукIэ. Езыр йоIунщIри, бжэр Iуех, и гъусэ бзылъхугъэр япэ ирегъэщри, щIегъэхьэ.

– Мыбы зыгуэрхэр щIэсщ, – жиIэу бзылъхугъэр французыбзэкIэ къопсалъэ. Пэж дыдэу, егъэзыпIэ щэхур нэщIтэкъым. КъэдабэкIэ къищIыкIа диван цIыкIум гъунэгъубзэу зэбгъэдэсу цIыхуитI ист: зыр офицерт, адрейр нэкIуIупхъуэкIи щIэмыхъума, щхьэц сырыху утIэрэза дахэ зытет бзылъхугъэ щIалэ дыдэ цIыкIут. Къащхьэщыт лIышхуэр къыщилъагъум, и псэр IукIарэ пIащIэтхъытхъыу нэкIуIупхъуэмкIэ зыщIехъумэж бзылъхугъэм, офицерыр, къащтэри и пIэм ижыхьащи, диваным зэрису, псэ зыхэмытыж и нэхэмкIэ Николай худоплъей.

ЦIыхухэр зэрызыщигъащтэм есэжа пэтми, Николай фIэфIт мобыхэм я псэ махагъыр илъагъуну. Пэжщ, абы игъэщтахэр къыщигъэуIэбжьи къэхъурт къызыкъуих и бзэ IэфIагъымкIэ. Иджыпстуи аращ абы ищIар.

– Уэ тIэкIу унэхъыщIэщ, къуэш, – зыхуегъазэ абы къащтэу зи псэр IукIауэ щыт офицерым, – зыгъэпсэхупIэр иджы сэ хуит къысхуэпщIамэ хъунт.

Офицерыр къыщолъэтри, зэм хужь хъум, зэми плъыжь хъужурэ, пхъэхым хуэдэу гъэшауэ щIокI, и бзылъхугъэр щIыгъуу. Николай сымэ къыщIонэ.



5 Заказ №791

НэкIуIупхъуэ зыIулъыр дзыгъуэ джанэр зыщамыха, илъэс тIощI ныбжьым ит хъыджэбз дахэ дыдэу къыщIокI. Ар Швецием щыщт, и анэр сабий гъэсакIуэ-егъэджакIуэт. Хъыджэбзым Николай къыжреIэ зэрыщIыкIу лъандэрэ и сурэтхэмкIэ къызэрицIыхур, и псэм фIыуэ зэрилъэгъуар, ар зыпищI зэрыщымыIэр, нэхъ ин къэхъумэ, сыт хуэдиз гугъуехь абы пымыщIами, гулъытэ зыхуримыгъэщIауэ мыпсэуну мурад ищIауэ зэрыщытар. Иджы, мис зыхуригъэщIащ а гулъытэр. ЗэрыжиIэмкIэ, ар зыхуей нэгъуэщI щыIэтэкъым. Бзылъхугъэхэм Николай щаIущIэ хабзэ щIыпIэм къашауэ арат а хъыджэбзыр. Сыхьэтым щIигъукIэ зэгъусащ ахэр.

А жэщым и пэшым къигъэзэжри зэрыгушхуэ и гъуэлъыпIэ гъур цIыкIум игъуэлъхьэжат, Наполеон и шляпэм хуэдэу цIэрыIуэ хъуа (апхуэдэуи жиIэрт абы) и плащыр зытрипIэжри, ауэ зикI жейм езэгъыртэкъым. Абы и нэгум зэм къыщIыхьэжырт зи гъуса хъыджэбз щтэIэщтаблэм, ауэ гуфIэгъуэм зэрихьэм, и напэ хужьыбзэр, зэми – сыт щыгъуи и щхьэм къыхуищтэу иIэ и щIасэгъу Нелидовэм и дамащхьэ зэпэхъурей дахэр. АитIур къызэдигъажэрти, къытригъэжынур къыхуэмыщIэу бэлыхьым иукIырт, армыхъумэ физ зиIэ лIым къэхьпагъэ зэрихьэныр зэрыемыкIур жыжьэуи игу къэкIыртэкъым, къыфIэбгъэкIмэ, абыкIэ зыгуэрым къигъэукIытэну хуежьамэ, ар гъэщIэгъуэн щыхъунт. А гупсысэхэм зэщIаIыгъэ пэтми, абы шэч къытрихьэртэкъым имыщIапхъэ зэримылэжьам, атIэ зэрыхъун хуейм хуэдэу псори зэрекIуэкIам. Абы и щхьэм къихьэрт зыцкIэ хуэмейуэ зыIууа блэкIагъэжьхэм ехьэлIа гупсысэ мыщхьэпэхэр. Апхуэдэхэр ирыщIихъумэн папщIэ, сыт щыгъуи и гур зэригъэфIу иIэр иджыпстуи тегъэщIапIэ зыхуещI: ар езым зыдилъагъуж и цIыхушхуагъырат.

Жэщыр хэкIуэтэхукIэ жейм емызэгъа пэтми, сыт щыгъуи хуэдэу, ар сыхьэтийхэм деж къэтэджащ. Зэрихабзэу, зитхьэщIщ, зилъэщIыжри, и Iэпкълъэпкъ удэфа пIащэшхуэр мылкIэ иIуэтащ, итIанэ, къибжхэм мыхьэнэ лъэпкъ ямыIэу къилъытэ пэтми, зэрысабийрэ зэресам тету, тхьэ елъэIуащ. Цейр зыщитIагъэщ, фурашкIэр зыщхьэритIагъэри къыщIэкIащ.

Псы Iуфэм Iутурэ къыздикIухьым, ар хуозэ езым хуэдизу цIыху абрагъуэ. И фащэмкIэ къапщIэт ар правоведенэмкIэ училищэм зэрыщеджэр. А еджапIэм щIэсхэр Николай Павлович фIыуэ илъагъуртэкъым, щIимылъагъур я гупсысэкIэхэмкIэ зэрыIэубыдыпIэншэрт. Училищэм щеджэхэм я фащэр къызэрилъагъуу, абы и нэщхъыр зэхиукIат, ауэ щIалэр зэрыщхьэпэлъагэм, и Iэпкълъэпкъыр екIуу зэриIыгъым, и IэфракIэпэр зэрылъэкIкIэ ишэщIарэ и Iэпхъуамбэхэр нэжьгъым хуихьауэ екIуу сэлам къызэрырихам тIэкIу къегъэтIэсхъэж пащтыхьым и губжьыр.

– Уи унэцIэр хэт? – йоупщI.

– Полосатовщ, зи щIыхьыр ин пащтыхь!

– Афэрым!

И Iэр зэрыIэтауэ щытт еджакIуэр. Николай къоувыIэ.

– Зауэм къулыкъу щыпщIэну ухуейт?

– Хьэуэ, зи щIыхьыр ин пащтыхь.

– Ахьмакъ! – и щIыб къегъазэри, йожьэж Николай. Япэу и щхьэм къихьа псалъэхэр ину жиIэурэ макIуэ. «Копервейн, Копервейн, – къытригъэзэжурэ зыкъомрэ жеIэ дыгъуэпшыхьрей хъыджэбзым и цIэр. – ЩIагъуэкъым, щIагъуэкъым».

Ар жиIэм егупсысыртэкъым, ауэ а къипсэлъхэм яхуищI гулъытэмкIэ ириупIэхыжырт и гурыщIэхэр. «Пэж дыдэу, Урысейр сэрыншэу сытым щыщт? – зоупщIыж ар, зэрызыхуэмыарэзыж гурыщIэр аргуэру Iэгъуэ къызэрыхуэхъур зыхищIауэ. – Пэж дыдэу, Урысейм и мызакъуэу, Европэр сэрыншэу сытым щыщт?» Игу къокIыж Пруссием и пащтыхьыр, и фызым и дэлъхур, абы и щыщIэныгъэхэр, и акъылыншагъыр, икIи и щхьэр егъэкIэрахъуэ.

Я унэбжэм гъунэгъу щыхуэхъум, къелъагъу: Еленэ Павловнэ и гуимэр Салтыковкэ щIыхьэпIэмкIэ унэм къекIуэлIэжырт. Абы къызэрилъытэмкIэ, Еленэ Павловнэ нэхъ мыхьэнэншэ дыдэу дунейм тетхэм я щапхъэт. Загъэгубзыгъащэу, апхуэдэхэр зытепсэлъыхыр щIэныгъэм, усыгъэм я закъуэтэкъым, атIэ цIыхухэм ехьэлIа унафэхэр тэмэму щIынми нэсхэрт, икIи закъыщыхъужырт Николай нэхърэ нэхъыфIу Iуэхухэр яхузехьэну. Абы ищIэрт, апхуэдэ цIыхухэр сыт хуэдизкIэ щIримыгъэлъафэми, ахэр щIэмытIысыкIыу, къыдэсеижурэ, аргуэру ищIыIу къызэрыхъужыр. Дунейм зэрехыжрэ куэд мыщIа и къуэш Михаил Павлович игу къокIыжри, ар зэщIеубыдэ гурыщIэ хэплъэгъуэм икIи нэщхъеягъуэм. И нэгур зэхеуфэри, аргуэру къиIущэщу щIедзэ и щхьэм япэ къихьэ псалъэхэр. И Iущэщэныр щызэпигъэуар унэм щIыхьэжа нэужьщ.

Езым и пэшым щIохьэж, гъуджэм бгъэдоувэри, и пащIэ-жьакIэм толъэщIыхь, щIеIуантIэ. ИтIанэ занщIэу еунэтI къулыкъущIэхэм щаIущIэ пэшымкIэ.

Япэу къригъэблэгъар Чернышёвщ. Пащтыхьым и нэгум зэрипльэу, псом хуэмыдэу и нитIым зэрыщIэплъэу, и зиусхьэныр дыгъуасэ зыхэтахэм щыгъуазэти, Чернышёвым къыгурыIуащ Николай гукъыдэж зэримыIэр. ЩIыIэ-щIыIэу сэлам кърихщ, тIысынуи къыжриIэри, Николай и нэ псэншэхэр Чернышёвым триубыдащ.

ЯпэщIыкIэ Чернышёвыр зытепсэлъыхьар дзэхэм я мылъкум и тет къулыкъущIэхэр зэрыдыгъуэр къызэрыщIагъэщаращ; итIанэ – Пруссием и гъунапкъэхэм щыIэ ди дзэхэм я гъэIэпхъуэныгъэм ехьэлIа Iуэхухэращ; адэкIэ – ИлъэсыщIэм ирихьэлIэу тыгъэхэр зыхуащIа япэ гупым хэмыхуэу къэнахэм яхуэфащэ гулъытэ яхуэщIыжынырщ; икIэм-икIэжым нос Хьэжмурат урысхэм закъызэрыритам и IуэхукIэ Воронцовым къитхам; иужь дыдэу къытоувыIэ медицинскэ академием щеджэ студент гуэрым профессорыр иукIыну зэрыхэтам теухуа Iуэху гурымыхьым.

Николай и Iупэхэр зэтрикъузауэ, и пащхьэм къилъ тхылъымпIэ напэхэм и Iэ хужьышхуэхэмкIэ телъэщIыхьурэ, йодаIуэ дыгъуакIуэхэм ятеухуауэ Чернышёвым жиIэхэм, икIи и нэр тедияуэ йоплъ абы.

Николай шэч къытрихьэртэкъым псори зэрыдыгъуэм. Дзэхэм я мылъкум Iэ щIыIэкIэ хэIэбэ къулыкъущIэхэм къуэды ятелъхьэн зэрыхуейм егупсысакIэт ар, иджы, ари фIэмащIэти, къанэ

щымыIэу тегъэкIауэ, ахэр сэлэтхэм яхэгъэхьэным триухуат, ауэ мыри ищIэрт: абыхэм я пIэм иувэнухэми я Iэхэр пхуэубыдынукъым – дыгъуэнухэщ. Дыгъуэным еса къулыкъущIэхэм а хьэлыр зэи зыханынутэкъым, езым и къалэныр абыхэм къуэды егъэхьынрати, ар сыт хуэдизкIэ имыужэгъуами, игури и псэри етауэ игъэзащIэрт и пщэ илъ а къалэныр.

– Нэрылъагъущ: ди Урысейм цIыху пэжу исыр зы закъуэщ, – жи абы.

ЛIы делэтэкъыми, Чернышёвым занщIэу къыгурыIуащ а цIыху закъуэр хэтми. Ар езы Николайти, абы жиIам арэзы техъуэу, и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI. ИкIи жеIэ:

– Аращ зэрыщытыр, зи щIыхьыр ин.

– Къэгъанэ, сэ унафэ тесщIыхьынщ мыбы, – жиIэу, Николай тхылъымпIэхэр къещтэри стIолым и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ егъэтIылъ.

Абы и ужькIэ Чернышёвыр нэхъ пыухыкIауэ топсэлъыхь наградэхэмрэ дзэхэр гъэIэпхъуэнымрэ. Николай тхылъымпIэхэм хоплъэ, унэцIэ гуэрхэр хетхъыкIыж, итIанэ кIэщIу, ауэ хэкъузауэ, унафэ ещI дивизитI Пруссием и гъунапкъэм ешэлIэным теухуауэ.

Николай Пруссием и пащтыхьым хуигъэгъуфыртэкъым 48 гъэм и ужькIэ абы къищта конституцэр, икIи, письмохэмкIи, зэхуэзауэ щепсалъэхэм дежи, и щыкъум сыт хуэдизкIэ хуэмыбзэIэфIми, абы зэи зыщигъэгъупщэртэкъым Пруссием и гъунапкъэхэр гъэбыдэн, абдежхэм ди дзэхэм щыщ щыIыгъын зэрыхуейр. А дзэхэм нэгъуэщI IуэхукIи уахуеинкIэ зэрыхъунуми егупсысырт ар: Пруссием и цIыхубэм зыкъаIэт хъужыкъуэмэ (Николай къыфIэщIырт зэщIэхъееныгъэхэр дэнэ дежи къыщыпхиудынкIэ хъуну), и щыкъу пащтыхьым ди дзэхэмкIэ зыщIигъэкъуэнут, венгрхэм япэуву Австрием зэрыдэIэпыкъуам хуэдэу. А дзэхэр Пруссием и гъунапкъэхэм щыIыгъын щIыхуейм мыри хэлът: Николай прусс пащтыхьым ирихьэлIэ чэнджэщхэм я пщIэр, я мыхьэнэр нэхъ лъагэ ищIыну пылът.

«Пэж дыдэу, сэр мыхъуамэ, сыту пIэрэт иджы Урысейм и щхьэм кърикIуэнкIэ хъунур?» – йогупсыс ар аргуэру.

– Сыт иджыри? – щIоупщIэ ар.

– Кавказым фельдъегер къикIащ, – жиIэу кърегъажьэри, пащтыхьым гупсэхуу хуеIуатэ Хьэжмурат урысхэм закъызэрыритам теухуауэ Воронцовым къитххэр.

– ГъэщIэгъуэн жыпIаи. ЩIэдзэкIэфIщ ар, – жи Николай.

– Зи щIыхьыр иным зэхэплъхьа планым IуэхуфIхэр кърикIуэу зэрыщIидзар нэрылъагъу хъуащ, – цым и кIуапIэмкIэ йоуэ Чернышёвыр.

Стратегие и лъэныкъуэкIэ иIэ зэфIэкIхэм щытхъу къызэрыхуагъэфэщар Iыхьэлейм икIауэ и гуапэ хъуащ Николай, сыту жыпIэмэ, стратегическэ зэфIэкIышхуэхэр зэриIэм иригушхуэми, абы и гущIэм къыщIэпIастхъэрт апхуэдэхэм зэрыхуэхейм ехьэлIа гупсысэхэр. Ауэ иджы и гуапэ дыдэ хъунут и зэфIэкIхэм теухуауэ щытхъу нэхъыбэIуэ къылъагъэсамэ.

– Уэ дауэ къыбгурыIуэрэ ар? – щIоупщIэ.

– КъызэрызгурыIуэращ: зи щIыхьыр иным зэхэплъхьа Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр нэхъ пасэу къагъэсэбэпамэ, хуэм-хуэмурэ, ауэ зэпымычу, япэкIэ укIуатэ хъуну щытащ. Бгырысхэм я мэзхэр ирагъэкъэбзыкIыу, я гъэтIылъыгъэхэр Iисраф зэтращIэу къекIуэкIамэ, Кавказыр ди IэмыщIэ къызэрихуэрэ куэд щIат. Хьэжмурат зыкъитынри сэ зыхуэсхьыр уи Iуэху зехьэкIэращ. Абы къыгурыIуащ адэкIэ къызэрытпэщIэмытыфынур.

– Ар пэжщ, – жеIэ Николай.

Мэзхэр ирагъэкъэбзыкIыурэ, ерыскъыпхъэхэр Iисраф зэтращIэурэ хуэм-хуэмурэ бийм и гущIыIу ихьэным ехьэлIа Iуэхухэр зыубзыхуар Ермоловымрэ Вельяминовымрэт. Ар зыкIи бгъэдыхьэртэкъым, къыфIэбгъэкIмэ, пэувырт Николай и Iуэху бгъэдыхьэкIэм. Абы къызэригъэувыр нэгъуэщIут: Щамил и зыгъэбыдапIэр зэ ебгъэрыкIуэгъуэкIэ зыIэрыгъэхьэн, хъунщIакIуэхэм я абгъуэр Iисраф зэтещIэн. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэрат 1845 гъэм екIуэкIа Даргин зекIуэм хэтахэр зытекIуэдауэ щытари: цIыхупсэ мащIэ ихьатэкъым абы. Иджы, мис, Николай езым зыкIэщIетхэ, епIэщIэкIыныгъэ хэмылъу, мэзхэр иупщIыкIыным, бийм и мылъкур Iисраф зэтещIэным хузэхалъхьауэ щыта Iэмалхэр.

ЕмыпIэщIэкIыурэ япэкIэ кIуэтэным, мэзхэр иупщIыкIыным, бийм и мылъкур Iисраф зэтещIэным теухуа Iуэху еплъыкIэр къызыбгъэдэкIар сэращ жиIэу щиукъуэдийкIэ, Николай ибзыщIын хуейуэ къыщIэкIынт абы и баштекъузэкIэ 45 гъэм ирагъэкIуэкIа ебгъэрыкIуэныгъэм кърикIуа гуауэмкIэ къуаншэр езыр зэрыарар. Ар къэхъуныр къызыхэкIар абы иубзыхуа Iуэху бгъэдыхьэкIэр нэхъапэкIэ яубзыхуауэ щытахэм жыжьэрэ гъунэгъуу зэремыкIуалIэртэкъым, атIэ пэщIэувэу зэрыщытырт. АрщхьэкIэ, ибзыщIыныр къэгъэнауэ, а Iуэху еплъыкIитIыр зыр адрейм пэщIэувэ пэтми, итIани абыхэм иригушхуэрт. Езыр къэзыухъуреихь цIыху фэрыщIхэм, пцIыупсхэм я щытхъу зэпымычыжхэм, гущыкIыгъуэхэм ар апхуэдизкIэ зэщхьэщахуати, сыт жимыIами, сыт имыщIами, ахэр екIуэкI Iуэхухэм зыкIи темыхуэу щытми, шэч къытрихьэртэкъым ахэр зэрыпэжым.

Медико-хирургическэ академием и студентым и Iуэхум теухуа унафэри апхуэдэут абы зэрищIар.

Чернышёвым пащтыхьым хуиIуэта Iуэхур зэрыщытрат: экзаменым тIэунейрэ щыхэуа щIалэм ещанэуи къытригъэзат, арщхьэкIэ хуэтакъым, апхуэдэу щыхъум, зи узыншагъэри зи нервхэри мыщIагъуэж студентым, лей кърахыу къыщохъури, къэрэндащ зэраупэпщI сэ жан цIыкIу стIолым телъыр къепхъуатэри, профессорым зредз, уIэгъэ мыхьэнэншэхэр тредзэ.

– И унэцIэр? – щIоупщIэ Николай.

– Бжезовскэщ.

– Поляк?

– Поляк лъэпкъщ икIи католикщ, – жи Чернышёвым.

Николай и нэщхъыр зэхеукIэ.

Абы и зэран куэд екIат полякхэм. Ахэр ауэ сытми зэримылэжьам щхьэусыгъуэ къыхуигъуэту езым зигъэзэхуэжын папщIэ, полякыу хъуар хьэбыршыбыр защIэу къыщIрегъэдз. Николай, пэж

дыдэу, полякхэр къилъытэрт апхуэдэу. ИкIи абыхэм якIэлъызэрихьа лейм пэкIуэм хуэдиз лъагъумыхъуныгъи яхуиIэт.

– Зэ тIэкIу къыспэплъэ, – жеIэри, пащтыхьым и нэхэр зэтрепIэ, и щхьэр ирехьэх.

Чернышёвым зэтэкъым икIи тIэутэкъым Николай апхуэдэ щытыкIэм зэрихуэр щилъэгъуари зэрызэхихари. Зы Iуэху бэлыхь гуэр щызэфIихынум деж, ар напIэдэхьеигъуэ хуэдэкIэ хэгупсысыхьырт, икIи, ищхьэкIэ къехыу къыпкърыхьами ярейуэ, абы нэхърэ нэхъ захуэ умыгъуэтыну, напIэзыпIэм унафэ гуэр къищтэрт. ЩIэн хуейр макъ нэрымылъагъум къыжриIа хуэдэт. Ар иджыпсту егупсысырт полякхэм яхуиIэ лъагъумыхъуныгъэр нэхъ щызу къызэригъэсэбэпыным. А гукъэкIыр абы езыгъэщIар студентым теухуа хъыбарырати, макъ щэху нэрымылъагъум къыжриIам тету, Чернышёвым къыхуихьа тхылъымпIэхэр къещтэри, тритхэращ: «УкIкIэ и суд ящIэну къелэжь. Ауэ, Тхьэм и шыкуркIэ, ди деж укIкIэ суд щащIэркъым, икIи а хабзэр сэ къыщIэзублэн щыIэкъым. СатыритIу щыт цIыху миным я зэхуакум 12-рэ дэшын. Николай.» Iэ щIедзыж, егъэлеяуэ ин и тхэкIэмкIэ.

Николай ищIэрт: мин 12-рэ чыкIэ узэуар псэууэ къемылыныр щыгъэтауэ, ар лIэкIэ Iейт икIи гъунапкъэ зимыIэ гущIэгъуншагъэт, сыту жыпIэмэ, нэхъ цIыху лъэщ дыдэри букIын щхьэкIэ, удын минитхур ирикъунут. Ауэ Николай зыхуейр сытыт? Егъэлеяуэ гущIэгъуншэу щытыну фIэфIт абы, икIи я деж укIкIэ суд зэрыщамыщIэм егупсысыни и жагъуэтэкъым.

Студентым ещIапхъэр зытритха тхылъымпIэр Чернышёвым хуегъэкIуэтэжри:

– Мэ, еджэ, – жи.

Чернышёвыр къоджэ икIи, унафэ тэмэм къэзыщтам и губзыгъагъэр зэрыфIэгъэщIэгъуэныр къикIыу, и щхьэр егъэщхъ.

– Зыщумыгъэгъупщэ: студенту хъуар утым кърырашэ, мобы къуэдыр зэрихь щIыкIэр иралъагъу, – ари щIегъуж Николай.

«Абыхэм дерс яхуэхъунщ ар. Ящызгъэгъупщэнщ я революционерыгъэр, я псэри дэкIуэу, къыхэстхъынщ а къуэпсыр», – йогупсыс ар.

– СынывoдаIуэ, – жеIэ Чернышёвым, тIэкIурэ щымщ, итIанэ, и натIэцым толъэщIыхьри, Кавказым теухуа псалъэмакъымкIэ егъэзэж:

– Михаил Семёнович хуэстхыжынумкIэ сыт хуэдэ унафэ пщIын?

– Си Iуэху еплъыкIэхэм быдэу тетын: Шэшэным я псэуалъэхэм хьэлэчыпцIэр къахуэгъэкIуэн, ерыскъыпхъэхэр гъэсын, ятеуэурэ псэупIэ емытын.

– Хьэжмурат теухуауэ сыт щIэн хуейр? – щIоупщIэ Чернышёвыр.

– Воронцовым къитхыр плъагъуркъэ? Ар Кавказым къыщигъэсэбэпыныр нэхъ фIэтэмэмщ.

– Ар мыдзыхьщIыгъуэджэу пIэрэ? – жи Чернышёвым, Николай и плъэкIэм зыщидзейурэ. – Михаил Семёнович тIэкIу жыIэзыфIэщыIуэкIэ сошынэ.

– Уэ сытыт-тӀэ уи гугъэр? – ткӀыбжьу щӀоупщӀэ Николай. Абы гу лъитат Чернышёвым и мурадым: Воронцовым и унафэр мыхъумыщӀэу къыщӀригъэдзыну арат.

– Сэ си гугъэрат: ар Урысейм кърагъэшамэ, нэхъ шынагъуэншэ сфӀэщӀт.

– Уэ уи гугъэт, – мор ауан ищӀ щӀыкӀэу, къопсалъэ Николай. – Сэ апхуэдэу си гугъэкъым-тӀэ, икӀи Воронцовым жиӀэмкӀэ сыарэзыщ. Апхуэдэуи хуэтх абы, – пегъэз пащтыхьым.

– СынодаӀуэ, – жеӀэ Чернышёвым, къотэджыжри Николай сэлам ирехыж.

Дзэхэр гъэӀэпхъуэным теухуауэ алъандэм псалъитӀ-щы фӀэкӀа къызыжьэдэмыкӀа Долгорукэми аращ ищӀэр.

Чернышёвым и ужькӀэ, Николай деж къыщӀохьэ КъухьэпӀэ куейм и тет генерал-губернатор Бибиковыр, къыщӀэкӀуар пащтыхьым сэлам ирихыжын папщӀэт. Ар здэщыӀа куейм щыпсэу мэкъумэшыщӀэхэр къызэрыӀэтат чыристэн диным и унэтӀыныгъэ нэхъыщхьэхэм икӀи нэхъыжь дыдэхэм ящыщ православиер къащтэн ямыдэу. Апхуэдэу щыхъум, зыкъизытӀахэм ехьэлӀауэ Бибиковым унафэ къещтэ, икӀи ар пащтыхьым къыдеӀыгъ. Унафэ ещӀ зэщӀэхъеенып ъэм хэтауэ хъуам я судыр зауэм щызекӀуэ хабзэмкӀэ щӀэн хуейуэ. Абы къикӀрат: православиер къэзыщтэн зымыдахэр, чыкӀэ еуэурэ, сатыритӀым яку дэхун. КъимыдэкӀэ, унафэ ещӀ къэрал мэкъумэшыщӀэ мин зыбжанэр цӀыху щхьэхуэхэм зэрыратам теухуа тхыгъэр газетым къытезыдза редакторыр сэлэту дзэ къулыкъум ираджэну.



– Ар апхуэдэу щӀэсщӀыр апхуэдэу щӀын хуейуэ къызолъытэри аращ, – жеӀэ абы. – ИкӀи яхуэздэнукъым абы тепсэлъыхьу.

Бибиковым къыгурыӀуэрт диным ехьэлӀауэ къыхуащӀа унафэм и гущӀэгъуншагъэри къэрал мэкъумэшыщӀэхэм, а лъэхъэнэм щхьэхуиту убж хъуну щытахэм, я хуитыныгъэр къатепхыу, ахэр бейхэм я уней пщылӀ пщӀыныр зэрымызахуагъэри. Ауэ мобы упэрыуи чэнджэщ епхьэлӀи хъунутэкъым. Николай ищӀ унафэмкӀэ умыарэзыным къикӀри къыгурыӀуэрт абы: илъэс плӀыщӀым кърибыдэу зэригъэпэща икӀи тхъэжу зыхэпсэукӀ псоми кӀэ игъуэтынут. Ар къыщымыщӀын папщӀэт тхъугъэ зыхидза и щхьэр мобы щӀыхуигъэщхъыр, абыкӀэ къигъэлъагъуэрт, сыт хуэдиз гущӀэгъуншагъэрэ акъылыншагъэрэ хэмылъми, пащтыхь унафэр зэрыдиӀыгъынури зэригъэзэщӀэнури.

Бибиковыр щӀигъэкӀыжа нэужь, и къалэнхэр дэгъуэу игъэзэщӀауэ зибжыжу, Николай къотэдж. Зеукъуэдий. Сыхьэтым йоплъри, зихуэпэну макӀуэ – щӀэкӀынущ. Дамыгъэ лъапӀэхэмкӀэ гъэщӀэрэщӀа и фащэр зыщетӀагъэри, хьэщӀэхэр къыщригъэблагъэ пэшхэмкӀэ еунэтӀ. ТемыпыӀэжхэу, абы къыпэплъэрт зэщыхуэпыкӀа цӀыхухъухэу, бзылъхугъэхэу щэм щӀигъу.

И нэгур хьэдафэу, и бгъэр къигъэкӀауэ, зэрызэщӀэкъузэӀуам къыхэкӀыу, и ныбэр зэкӀэщӀэпӀиеу ар яхохьэ къежьэу зэхэтхэм. Абы зыхещӀэ фэрыщӀыгъэм къызэщӀиӀэтэу псори къызэреплъыр. Аращ гухэхъуэшхуэ иӀэ хуэдэу езыми фэ щӀызытригъэауэр. И нэр и цӀыхугъэ гуэрхэм щахуэзэкӀэ, хэтми къищӀэжыну здыхэтым,

къабгъэдэувыIэрти, хэт урысыбзэкIэ, хэти французыбзэкIэ псалъитI-щы яжриIэрт, икIи, и нэ псэншэ дияхэмкIэ зэпхрилыгъукIыу, къепсалъэхэм жаIэм едаIуэрт.

Псалъэ гуапэ къызэрехъуэхъухэм щIэдэIуа нэужь, Николай члисэмкIэ егъазэ.

Алыхьми, и Iуэхутхьэбзащ Iэхэм я псалъэкIэ, Николай фIэхъус кърех, къыщотхъу. А псалъэ дыгъэлхэр иужэгъуа пэтми, хуэфащабзэу къылъысу къыщыхъуу, ар йодаIуэ къыжраIэхэм. А псори апхуэдэу екIуэкIын хуейт, сыту жыпIэмэ езым елъытауэ ибжырт дуней псом ифIри и насыпри. Абы иригъэш пэтми, ар зэи къыпикIуэтыртэкъым дунейм хуилэжь IуэхуфIхэм. Члисэм щекIуэкI хабзэ Iуэху нэхъыщхьэхэр зэфIэкIа нэужь, чыристэн дин лэжьакIуэр Николай къохъуэхъу, абы и псалъэхэр я макъ жыгъыру дахэхэмкIэ зэдэууэ даIыгъ члисэм и уэрэджыIакIуэхэм. Абыхэм едаIуэу, зиплъыхьу здэщытым, Николай и нэр тохуэ щхьэгъубжэм бгъэдэт Нелидовэм. Зи дамащхьэхэр зэпэхъурей дахэ мо цIыхубз дэгъуэмрэ дыгъуэпшыхьрей хъыджэбзымрэ зэрегъапщэ, зэпелъытри, бжьыпэр мыбы ирет.

Члисэ нэужьым и унэгуащэм деж макIуэ. И щхьэгъусэми и бынхэми ядэгушыIэу тIэкIурэ ябгъэдос. ИтIанэ, ЭрмитажымкIэ кIуэцIрокIри министр Волконскэм деж щIохьэ, икIи, Iуэхум щымыщ хуэдэу, унафэу мыр хуещI: езым и ахъшащхьэ хэхам къыхэкIыу дыгъуэпшыхьрей хъыджэбзым и анэм илъэс къэс пенсэ хуэгъэувын. Абы къыщIокIыжри, зэрихабзэу, зигъэпсэхун мурадкIэ йожьэ.

А махуэм шэджагъуашхэр щащIырт Помпей пэшышхуэм. И къуэ нэхъыщIитI Николайрэ Михаилрэ нэмыщI, абы кърагъэблэгъат барон Ливен, граф Ржевскэр, Долгорукэр, Пруссием и лIыкIуэр, Пруссием и пащтыхьым и флигель-адъютантыр.

Пащтыхьымрэ абы и щхьэгъусэмрэ къыщIыхьэным пэплъэу здэщысым, Пруссием и лIыкIуэмрэ барон Ливенрэ я кум псалъэмакъ гъэщIэгъуэн къыдэхъуащ. Ар зытеухуар Польшэм къикIауэ къаIэрыхьа иужьрей хъыбар узыгъэпIейтейхэрат.

– Польшэмрэ Кавказымрэ узыфитIу къофыкI Урысейм, – жи Ливен французыбзэкIэ. – А къэралитIым щыщ дэтхэнэ зыми, икIэ къихуарамэ, цIыху минищэ зырыз щыдиIэн хуейщ.

Ар гъэщIэгъуэн къыщыхъуа хуэдэу фэ зытрегъауэ лIыкIуэм:

– Польшэм жыпIа?

– НтIэ. Дэ гугъу дригъэхьын щхьэкIэ, Меттерних къигупсыса Iэмалщ ар…

Псалъэмакъыр абдеж нэсауэ, зи щхьэр сыс хъуа, зи къыпыгуфIыкIыкIэри зи нэкIум тедияуэ къыпщыхъу пащтыхь гуащэр къыщIохьэ, абы и ужь итщ Николай.

Iэнэм здэщысхэм, Николай жиIэращ: Хьэжмурат зыкъитащ; Кавказ зауэм иджы куэд ихьыжын хуейкъым, сыту жыпIэмэ, езым и унафэм ипкъ иткIэ, мэзхэр ираупщIыкI, быдапIэщIэхэр яухуэ, бгырысхэр нэхъри дэкъуза мэхъу.

ЛIыкIуэр нэбгъузкIэ хуоплъэкI прусс флигель-адъютантым. Нышэдибэ абы къыжриIа къудейт Николай стратегышхуэу зэры-

зилъытэжыр и насыпыншагъэу зэрыщытыр. Ауэ, дауэ мыхъуми, щотхъу Николай ищIа унафэм, икIи къелъытэ унафэ щIынкIэ пащтыхьым зэфIэкIышхуэ зэриIэм ар и щыхьэту.

Шэджагъуашхэ нэужьым Николай макIуэ щэкI Iэпэхъым къыхэщIыкIа щыгъынкIэ хуэпа бзылъхугъэ ныкъуэпцIанэхэр зыхэт балетым. И нэм къыфIонэ абы ящыщ зы. Балетмейстерыр къреджэри, фIыщIэ хуещI, икIи налмэскIэ гъэщIэрэщIа Iэлъын мобы тыгъэ хуищIыну жреIэ.

ЕтIуанэ махуэм Чернышёвыр къыхуэкIуауэ екIуэкI Iуэхухэм щыгъуазэ щищIым, Николай аргуэру къытоувыIэ Воронцовым и пщэ дилъхьа унафэм: Хьэжмурат закъыщритакIэ, иджы Шэшэныр быдэу гъэпIейтеин, быдапIэхэмкIэ нэхъри къэухъуреихьын хуейщ.

Чернышёвми мис ахэращ хуитхар Воронцовым. Иджы нэгъуэщI фельдъегерым, шыхэм я фэр ирихрэ гущхьэIыгъхэм я пэхэм лъыр кърихуу, а письмор Тифлис ишэрт.

XVI

**Н**иколай Павлович и унафэр ягъэзащIэкIэрэ, 1852 гъэм и январым урысыдзэр Шэшэным тоуэ.

А Iуэхум хухахат лъэсыдзэ батальону плIы, къэзакъ щитI, топу 8. А гупышхуэр гъуэгум тету кIуэрт. Абы и бгъуитIыр кIапсэлъэрышэу яIыгът зи къалэным хуэIэкIуэлъакIуэ фочауэ полкым и сэлэтхэм, абыхэм шырыкъу лъапщэ кIыхь ялъыгът, хъурыфэ пыIэ ящхьэрыгът, фочхэмрэ шалъэхэмрэ я плIэм идзат. А псори яIыгъыу, зэми дэгъэзеигъуэхэм дэкIыу, зэми къехыжу, я гъуэгуанэр зэпачырт.

Сыт щыгъуи хуэдэу, бийм и щIым тету кIуэхэрти, Iэмал зэриIэкIэ замыгъэIэуэлъэуэну пылъхэт. Пэжщ, языныкъуэхэм деж зэхэпхырт къуэбэкъухэм зэпраш топхэм ягъэIу жыгъыжгъ макъхэр, мыIэуэлъэуэным теухуа унафэр къызыгурымыIуэ, гъуэгу къуейщIейхэм топхэр щызезылъафэ шыхэм я пырхъ, щыщ макъхэр. Е щызэхэпх щыIэт зыгуэр щхьэкIэ къэгубжьауэ и макъ итхъунщIыкIамкIэ командирыр и къуэдзэхэм зэратекIиер.

Iэуэлъауэ мыщIыным хуэунэтIа унафэр зэ закъуэщ гъэзэщIа щымыхъуар. АбыкIи лажьэ зиIэр зауэлIхэратэкъым – мэз бжэн цIыкIуитIт. А псэущхьэ дахитIыр сыткIэ къуаншэт? КIапсэлъэрышэу гъуэгубгъуитIыр зыIыгъхэмрэ мыдрей гупымрэ я зэхуакум къыдэщхьэрыуа хъуахэщ. ЗэрымыщIэкIэ къажьэхэлъэда псэущхьэ телъыджитIым щаIуплъэм, сэлэтхэм зэрыгъэкIийуэ щIадзэ, итIанэ ирахужьэ, фоч бгъауэ хъунутэкъыми, мыжурэхэр кIуэцIахуэу мохэр къаукIын мурад яIэу. АрщхьэкIэ мэз бжэнхэм уалъэщIыхьэнт? Лъэсри шури якIэрыщIауэ, яIэщIокIхэри бгым йохьэж.

ЩIымахуэр икIыпа щIыкIэтэкъым, ауэ дыгъэм лъагэу зиIэту щIидзат. Нышэдибэ жьыуэ къежьа гупым километрипщI хуэдиз гъуэгуанэр щызэпичам, дыгъэр дзакъэ хъуат. АпхуэдизкIэ гуащIэу къепсырти, мыжурэхэм къателыдыкI бзийхэм уи нэр щIасыкIырт, топхэм якIэрылъ гъуаплъэхэми дыгъэ цIыкIухэр теджэгухьырт.

Гупым я щIыбагъкIэ къэнат къызэранэкIа псы уэр къабзэ цIыкIур, япэкIэ къапэщылът къуэ чэнжхэмкIэ «зэхэтхыхьа» гъавэ щIапIэ губгъуэхэр, хъупIэхэр, адэIуэкIэ щыплъагъурт зи щэхухэр къэщIэгъуей, мэзхэмкIэ щIэгъэна бгы фIыцIэхэр, а бгы фIыцIэхэм я щIыбагъым къыкъуэщырт къыр хужьхэр, а псоми къащхьэщытт сыт щыгъуи телъыджэ, зи нурыр уафэ лъащIэми щIылъэми теджэгухь, зи дунейр нэхуу зыхь къурш щхьэхухэр.

Етхуанэ ротэм ипэ иту кIуэрт къэптал фIыцIэ кIыхь зыщыгъ, хъурыфэ пыIэ къуацэ зыщхьэрыгъ, сэшхуэр зи плIэм идза Бутлер. Ар офицер щхьэпэлъагэ зэкIужт, гвардием къызэрыхэкIыжрэ куэд щIатэкъым. ГъащIэм и гуфIэгъуэхэри лIэныгъэм пыщIа шынагъуэри зи зэхуэдэ цIыху нэжэгужэт. Зы унафэшхуэу щыт, ауэ псоми зэдай Iуэхум езыри зэрыхэтым иригушхуэрт. Мыпхуэдэ IуэхукIэ ар иджы етIуанэу ежьэу арати, иригуфIэу егупсысырт моуэ иджыпсту езыхэм къахэуэу зэрыщIадзэнкIэ хъунуми, топышэ щхьэщылъэтхэмрэ фочышэ къыжьэхэфиехэмрэ ягъэшынэу абы и щхьэр зэрыримыгъэзыхынуми, зэрызимыухуэнуми. Апхуэдэу имыщIыныр щыгъэтауэ, япэхэми зэрихабзауэ, и щхьэр нэхъ лъагэу иIэтынущ, и пащIэкIэ къыщIэгуфIыкIыу, яхэплъэнущ и ныбжьэгъухэмрэ сэлэтхэмрэ, икIи, къыфIэIуэху щымыIэу, пIейтеифэ лъэпкъи думылъагъуу, Iуэхум щымыщ гуэрхэм яхутепсэлъыхьу щIидзэнущ.

ГъуэгуфIым траIуэнтIыкIри, гупыр тохьэ щIагъуэу мыпкIауэ нартыхупкъэм кIуэцIрыкI гу лъагъуэм. КIуэхэурэ, мэзым гъунэгъу щыхуэхъухэм, къыздикIари ямыщIэу, дунейр икъутэрэ фийуэ, топышэ ящхьэпролъэт, гухэм я кум дэхуэу щIым тохуэри кумбышхуэ къреуд.

– ЩIидзакIэщ, – нэжэгужэу къыпыгуфIыкIыу, Бутлер хуоплъэкI и ныбжьэгъум.

Пэж дыдэуи, щIидзакIэт: топышэм и ужь иту, ныпхэр зыщхьэщыт шэшэн шууей гупышхуэ мэзым къызэрыщIох, и курыкупсэм нып щхъуантIэшхуэ щыхуарзэу. ИкъукIэ жыжьэрыплъэ, Iэджи зи нэгу щIэкIа фельдфебель лIыжьым Бутлер набгъэм зыхуегъазэ, а ныпыр езы Щамил ейуэ къыщIэкIынщ, жери.

Гупыр къегъэзыхыгъуэм къызэрохьэх, итIанэ къытохутэ нэхъ гъунэгъу дыдэ къуэкIийм и щыгум, абы къехыуи щIадзэ. Къэптал фIыцIэ хуабэ зыщыгъ генерал цIыкIур и шы кIуэрым тесу къыбгъэдохьэ Бутлер и ротэм. Унафэ къахуещI ижьырабгъуумкIэ зрату, лъагапIэм къех шуудзэм япэувыну. Бутлер и зауэлIхэр псынщIэу ирешажьэ кърагъэлъэгъуа лъэныкъуэмкIэ. АрщхьэкIэ къуэкIийм дыхьэну хунэмыс щIыкIэ, я щIыбагъымкIэ къыщоIу зэкIэлъхьэужьу ягъэуа топитIым я макъыр.

Бутлер зэплъэкIмэ, къелъагъу: щIыхуфэ зыщIэт Iугъуэ лъагъуитI щыукъуэдият къуэкIиибгъум. ТопхэмкIэ къахэуэным пэмыплъа шууейхэр зэрогъащтэ, икIуэтыжхэу щIадзэ. Бутлер и сэлэтхэр бгырысхэм якIэлъоуэ, аузыр зэрыщыту Iугъуэм зэщIещтэ. КъуэкIиищхьэм щыплъагъурт шуудзэр псынщIэу зэрикIуэтыр, икIи къакIэлъыжэ къэзакъхэм къызэуэкIхэурэ къазэрыхэуэр. Бгырысхэм я кIэм иту, урысыдзэри адэкIэ мэкIуатэ, икIи етIуанэ къуэкIийм щыдэкIым къуажэр къалъагъу.

Къэзакъхэм я ужь иту, Бутлер и зауэлIхэри къуажэм долъадэ. Абы зыри дэсыжтэкъым. Сэлэтхэм унафэ хуащIакIэт гъавэри, мэкъури, псэуалъэхэри зэтрагъэсхьэну. Къуажэр зэрыщыту Iугъуэ Iувым щIигъэнат, а Iугъуэ фIыцIэм сэлэтхэр щызэхэзежэрт, къаIэрыхьэу хъуар унэхэм къыщIалъэфу, псом хуэмыдэу зыхуэнэпсейуэ зэтраукIэр зейхэм яхудэмыша джэдхэрат.

Iугъуэм нэхъ пэIэщIэу щитIысыкIа офицерхэр шхащ, ефащ. Фельдфебелым абыхэм къахуихьащ фо хьэкIуэ. Шэшэнхэм я Iэуэлъауэ щыIэтэкъым. Шэджагъуэ нэужьым тIэкIу къикIуэтыжынхэу унафэ щыIэт. Ротэхэр къуажэм адэкIэ сатырсатыру щоувыкI. Бутлер и пщэ къыдохуэ  сэлэтхэр хъумэн къалэныр. Гупым зрача къудейуэ шэшэнхэр къызэрыкъуох икIи сэлэтхэм къахэуэурэ къакIэлъокIуатэ.

ЗауэлIхэр тафэм щытехьэм, бгырысхэм абыхэм зыкъыкIэрагъэхуж. Бутлер и сэлэтхэм ящыщу зыри уIэгъэ хъуатэкъым, арат и гур щIэгуфIэри, езыри щIэнэжэгужэри.

Нышэдибэ къызэрыкIа псы цIыкIум щынэсыжхэм, гупым зытраукъуэдие мэкъупIэхэм, нартыхупкъэхэм. Ротэхэм я уэрэджыIакIуэхэм япэ зрагъэщри, я макъым зрагъэIэт. Жьы лъэпкъ къепщэртэкъым, хьэуар щIыIэтыIэт, ущызэкIэщIэплъу къабзэт, къурш щхьэхухэр хуиту плъагъурти, къыпщыхъунт ахэр гъунэгъубзэу. УэрэджыIакIуэхэр зэщIэщыма нэужь, зэхэпхырт зэдэууэ бакъуэ сэлэтхэм я лъэ макъри яшэ топхэм я Iэуэлъауэ макъри. Бутлер и етхуанэ ротэм жиIэ уэрэдыр зэхэзылъхьа юнкерым ар щIиусар полкым и пщIэр иIэтын щхьэкIэт, зэрагъэзащIэри къафэ макъамэм щIэтут. И ежьурат: «То ли дело, то ли дело,  егеря, егеря!»

И унафэщI икIи зи гъусэу псэу майор Петровым бгъурыту шууэ кIуэрт Бутлер. Дуней гуфIэгъуэр иIэт гвардием къыхэкIыжу Кавказым къызэрыкIуам щхьэкIэ. Гвардием къыщIыхэкIыжам щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъуарат: Бытырбыху щыдэсам куэзыр джэгуным дихьэхри  ахъшэшхуэ иригъэхьэхуати, нэгъуэщI хэкIыпIэ иIэжакъым. Ар гузавэрт  гвардием къыхэнэмэ, и куэзыр джэгуныр хузыхэмынынкIэ, ауэ щыхъукIи, иригъэхьэхуни бгъэдэлъыжтэкъым абы. Иджы а псоми  кIэ ягъуэтащ. И гъащIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зихъуэжащ, езым и щIалэгъуэ дахэщ. ЩыгъупщэжакIэщ мылъкуншэ зэрыхъуари щIыхуэшхуэ къызэрытехуари. Кавказыр, зауэр, офицерхэр, сыт щыгъуи чэф, ауэ хэлэл икIи хахуэ майор Петровыр – а псори и псэм и щIасэти, языныкъуэхэм деж езы дыдэм и фIэщ хъужыртэкъым иджыри Бытырбыху дэмысу, Iугъуэм щIигъэна пэшхэм щIэсу куэзыр мыджэгуу. Иджы лIо?! Хэку телъыджэм щыIэщ, нэхъ телъыджэж бгырысхэм яхэтщ.

«То ли дело, то ли дело, егеря, егеря!» – батэр ягъэш и уэрэджыIакIуэхэм. А макъамэм зыдригъэкIуурэ, щIэджэгукIыу макIуэ ишри. Ротэм я хьэ гъуабжэ къуацэ Трезорки, унафэщIыр езыращ жыпIэну, и кIэр щIэгъэджэрэзарэ зы бэлыхьлажьэ гуэрым егупсыс щIыкIэу, Бутлер и гупым и пэ иту жэрт. И псэр зыгъэпIейтеин щыIэтэкъыми, Бутлер и гур къигуфIыкIырт. Ар

зауэм зэреплъыр мырат: шынагъуэм пэIэщIэ зымыщIын, ажалым щымышынэн, уи псэр птами, дамыгъэ лъапIэхэр къэхьын, мыбы ныбжьэгъу щыпхуэхъуахэми япэм уи ныбжьэгъуу щытахэми я пщIэ къэлэжьын. Ауэ зауэм и адрей лъэныкъуэр: ажалыр, сэлэтхэр, офицерхэр, бгырысхэр уIэгъэ зэрыхъур, гъэщIэгъуэныракъэ, абы и акъылым къыхуигъэтIасэртэкъым. КъыфIэбгъэкIмэ, усакIуагъэщхьэпсыгъэ хэлъу зауэм зэрыхущытым зримыгъэхъуэжын папщIэт укIыгъэхэми уIэгъэхэми ар зэи щIемыплъыр. Арат ноби ищIар: дыдейхэм ящыщу щы къаукIат, уIэгъэхэри пщыкIутI хъурти, гууэщIу щылъ хьэдэм нэбгъузкIэ хуеплъэкIри блэкIащ, шэхум хуэдэу фагъуэ абы и IитIри и щхьэм телъ удын фIыцIафэ-плъыжьыфэри къэувыIэу зэпимыплъыхьу. Бгырысхэр сыт щыгъуи абы къызэрыщыхъур зызыщыпхъумэн хуей шууей къудейуэт.

– Аращ-тIэ, къуэш, – жеIэ майорым, уэрэдхэр зэпыуа нэужь, и гъусэм гуапэу хуоплъэкIри: – Мыр фи Бытырбыху ещхькъым: ижьырабгъумкIэ зыгъазэ, сэмэгурабгъумкIэ зыгъазэ жыпIэкIэ зэфIэкIыркъым. Гугъу зебгъэхьа – екIуэлIэж… Ди Машуркэ хьэлывэрэ лэпсыфIкIэ дигъэтхъэжынщ иджы. Аращ-тIэ, апхуэдэурэ гъащIэр макIуэ. Пэжкъэ? Феуэт, къыщIэвдзэт «Пшэплъыр къызэрыщIэрэщIэжа щIыкIэр» жыхуиIэр, – унафэ ещI фIыуэ илъагъу а уэрэдыр къыхадзэну.



Майорыр дэпсэурт фельдшерым и пхъум. Ар япэщIыкIэ Машкэу щытат, иужькIэ Марье Дмитриевнэ хъуат. Бзылъхугъэ дахэкIейт: щхьэцыгъуэт, и уэгугъэ зэфэзэщыр екIупст. Илъэс щэщIт зэрыхъур. Сабииншэт. Нэхъапэхэм сыт и псэукIами, иджы майорым хуэпэжт: сабий цIыкIум хуэдэу зэрихьэрт, кIэлъыплъырт. Фадэр зи нэрыгъ, зимыщIэжу куэдрэ ефэ майорым дежкIэ апхуэдэ бзылъхугъэм уасэ иIэтэкъым.

БыдапIэм нэсыжа нэужь, майорым жыхуиIа дыдэм хуэдэу хъуащ: Марье Дмитриевнэ IэфIу игъэшхащ и щхьэгъусэри, Бутлери, я гупым щыщу кърагъэблэгъа офицеритIри. Майорыр апхуэдизкIэ ефэкъуат икIи шхэкъуати, мыпсэлъэжыф щыхъум, жеину и пэшым щIыхьэжащ. Бутлери ешат, тIэкIуи иригъэлеяти, ари и пэш цIыкIум мэкIуэж. И щхьэр щхьэнтэм зэрытрилъхьэу, жей IэфIым хилъэфащ, пщIыхьэпIи имылъагъуу икIи къэмыушу.

XVII

Зытеуэу Iисраф зэтращIа къуажэр, урысхэм заритын и пэкIэ, Хьэжмурат нэху къызыщекIауэ щытарат.

Урысхэр гъунэгъу къыщыхъум, Хьэжмурат зи хьэщIа Садо, и бынунагъуэр щIыгъуу, бгым ихьэжат. Къигъэзэжа нэужь ар къызрихьэлIэжар узижэгъуэн и махуэт: унэм щхьэ телъыжтэкъым, бжэхэри блыпкъхэри мафIэм исат, унэ кIуэцIыр хьэлэчу зэтрауцIэпIат. Садо и къуэм, зи нэ цIыкIухэр къицIыщхъукIрэ зыщимыгъэнщIу Хьэжмурат еплъу щыта щIалэщIэм, и хьэдэр, щIакIуэ зытеубгъуа шым телъу мэжджытым кърашэлIащ. Абы и щIыбымкIэ мыжурэ щыхахуат. Хьэжмурат къащыхуеблэгъа жэщым хьэщIэм гуапэу хузежа бзылъхугъэр къыпхуэцIыхужынтэкъым: и щхьэцхэр зэбгрып-

хъауэ, и бостеиплIэр чэтхъауэ и къуэм и хьэдэм щхьэщытт, и напэхэр къритхъыжарэ лъыр къежэхыу, гъыбзэ гущIыхьэр кърищу. И Iыхьлыхэр щIыгъуу, Садо мащэтIым макIуэ. ЯукIа щIалэ цIыкIум и адэшхуэр унэ зэтекъутам и блын фIыцIэм кIэрысщ, баш еупсри, илъагъуIаи зэхихIаи щымыIэу, делэ-делэу япэкIэ плъэуэ. Ар бжьахъуэ пщыIэм къикIыжа къудейщ. Абы щаIа мэкъу IэтитIри ягъэсащ; дадэм игъэкIауэ хуэсакъыпэу зэрихьэ хуэрэджейхэри балиейхэри мафIэкIэ ягъэлынцIащ, нэхъ гуауэжраща, бжьэ матэу хъуар, бжьэхэри зэрыдэсу, зэтрагъэсхьащ.

ЦIыхубзхэм я гъыбзэ макъыр унэ къэскIэ къыщIэIукIырт, утым аргуэру хьэдитI кърашэлIати, ахэри жылэ псом ягъейрт. Анэхэм я гъусэ сабийхэми я хьэдагъэшхуэт. Iуси мэкъуи къызыхуамыгъэна Iэщ ныбаджэхэм я гъуахъуэ макъми гущIэр къыщIаIуэнтIыкIырт. Нэхъ къэжэпхъа сабийтанэхэми джэгун я Iуэхужтэкъым – щтэIэщтаблэу балигъхэм еплъырт.

Псы къигъэхъуапIэр апхуэдизкIэ зэхауцIэпIати, абы узэфэ хъун псы къабзэ щыбгъуэтынутэкъым. Мэжджытри апхуэдабзэу псыунэ ящIати, молэмрэ абы и къуэдзэхэмрэ ар къагъэкъэбзэжырт.

Нэхъыжьхэр утым щызэхуэсауэ, къатепсыха гузэвэгъуэшхуэм иритхьэусыхэу хьэмбыIуу зэхэст. Урысхэм хуаIэ лъагъумыхъуныгъэм зыри тепсэлъыхьыртэкъым. Инми цIыкIуми – шэшэн псоми я гум щыщIэр лъагъумыхъуныгъэм нэхърэ нэхъ лъэщыжти, ар псалъэкIэ къэIуэтэгъуейт. Ар лъагъумыхъуныгъэ къудейтэкъым – хьэм пащI урысхэр цIыхуу къалъытэртэкъым. Абыхэм я дежкIэ ахэр мэзым щIэт хьэкIэкхъуэкIэхэм нэхърэ нэхъ Iеижт. ХьэкIэкхъуэкIэ дыдэми ящIэнтэкъым а джаурхэм лейуэ зэрахьам и фэгъу. АпхуэдизкIэ гущыкI хуаIэти, ялъэкIамэ, дзыгъуэхэм, щхъухьзехьэ бэджхэм, дыгъужьхэм пащIурэ, зэтраукIэнт, зэтрапIытIэнт гуIэгъуэрэ лажьэ инрэ зи Iэужь а хьэщхьэрыIуэдзэр. Бгырысхэм я гущIэм апхуэдэ мурад бзаджэхэр къыщызыгъэушыр щIэх-щIэхыурэ къатепсыхэ гуауэшхуэхэрат, а гуауэхэм ехьэлIа гупсысэ хьэлъэ жагъуэхэрат.

Къуажэдэсхэр хэплъэгъуитIым ехулIа хъуат. Япэр: я лъапсэ къинэжу, дуней хьэзабыр пыщIауэ игъащIэ лъандэрэ къаугъуеяуэ, апхуэдизу хьэлэч зыхалъхьар гугъуехьышхуэ ятелъу зэрагъэпэщыжын, урыс джаурхэм къытрагъазэу ардыдэр кърашIэнкIэ хъунуми. ЕтIуанэр: динми, лъагъумыхъуныгъэу урысхэм хуаIэми емыплъауэ, абыхэм я IэмыщIэ зралъхьэн.

Я псэм гузэвэгъуэр телъ пэтми, лIыжьхэм я нэмэз уахътыр ящI. ИтIанэ зэдэарэзыуэ псоми зытраухуаращ: къадэIэпыкъуну елъэIуну Щамил деж лIыкIуэхэр утIыпщауэ, хьэлэч зэтращIахэр зэгъэпэщыжыным занщIэу щIэдзэн.

## XVIII

Къуажэм зэрытеуэхэрэ махуищ дэкIат. А пщэдджыжьым Бутлер жьыуэ къэхъеякъым. ИужькIэ, жьы къабзэкIэ бэуэн мурад иIэу, шындэбзиймкIэ щIокI, уэрамым тохьэ, Петров и гъусэу

пщэдджыжь къэс зрагъафэ шейр къагъэхьэзырыху зиплъыхьыну. Дыгъэр бгыхэм къащхьэдэхакIэт. Абы и бзийхэр тридзэрт уэрамым и ижьырабгъумкIэ щыт унэхэм я блын хужьхэм, ахэр нэм къыщIэлыдэрти, уеплъыну тынштэкъым, уздэплъэну фIыр псэр зыхьэху сэмэгурабгъумкIэт – мэзхэм щIауфэ бгы фIыцIэхэм заIэтым-заIэтурэ, къурш щхьэхухэм я лъапэхэм щIэкIуасэрт. А лъэныкъуэмкIэ къриху акъужьыр псэм къедэхащIэрт, гур игъэнэщхъыфIэрт.

А бгыхэм щеплъкIэ, Бутлер и гур хэхъуэрт, и бгъэм щызу хьэуа къабзэр зыжьэдишэрт, мы дуней дахэм зэрытетым щыгуфIыкIырт, ар насыпышхуэу къилъытэу. И гуфIэгъуэшхуэт зэрыпсэур, нэгъуэщIхэр мыхъуу, езыр зэрыпсэур. Дыгъуасэрей Iуэхум мыIейуэ зэрыхэтами щыгуфIыкIырт, псом хуэмыдэу щебгъэрыкIуэхэми къыщикIуэтыжхэми мыхуэмыхуу зикъыщигъэлъэгъуауэ зилъытэжырт. ЩыгуфIыкIырт и гукъэкIыжхэм: дыгъуасэрей зекIуэ гуащIэм къыхэкIыжу къагъэзэжа нэужь, Петровым и щIасэ Машэ, ухуеймэ Марье ДмитриевнэкIэ еджэ, псоми гуапэу къаIущIат, икIи, къызэрыщыхьуамкIэ, а цIыхубзыр нэхъ нэлейкIэ зэплъари, нэхъ бзэ IэфIу зыхущытари езырат. ТхьэхужыIэу жыпIэмэ, Марье Дмитриевнэ зрамыпэсын хуэдэ бзылъхугъэтэкъым: зэкIужт, бгъэшхуэт, шхужь лъагэт, плIабгъуэт, и щхьэц Iув ухуэнар и пхэщIыщхьэм къытеуэрт. Бутлер а псоми гъэпщкIуауэ кIэлъыплъырт. ЩищIалэгъуэкIэ, щикъару илъыгъуэкIэ, щыфызкъэмышэкIэ бзылъхугъэ дахэм уехъуэпсэным емыкIу пылъуи къыщIэкIынтэкъым. АтIэми, езыми шэч къытрихьэртэкъым мо бзылъхугъэ дэгъуэр къызэрехъуапсэм, къыфIэбгъэкIмэ, зрипщытыну хуежьэми, «хьэуэ» къыхимыгъэкIыну къыфIэщIырт. АрщхьэкIэ езым фIэемыкIут къыхуэгуапэ, къыхуэпсэхьэлэл и ныбжьэгъум бзаджэнаджагъэ кIэлъызэрихьэну, арат Марье Дмитриевнэ пщIэ щIыхуищIыр, хьэрэмыгъэкIэ щIыпимыхьэр. ИригуфIэу, ари и напщIэм телът Бутлер. Арат ар иджыпсту зэгупсысыр.

А гупсысэхэр щхьэщихуащ и тхьэкIумэм къиIуа шы лъэ макъышхуэм. И щхьэр къиIэтрэ плъэмэ, уэрамыкIэм къытехьа шу гупыр къелъагъу. Зи бжыгъэкIэ тIощIым нэсын къэзакъ шу гупым я пэ шууитI итти, зым адыгэ цей хужь щыгът, щэкI къызэшэкIа хъурыфэ пыIэ лъагэ щхьэрыгът, адрейр урыс офицер лIы фIыцIэ пэ къуаншэшхуэт, абыи адыгэ цей щIыху щыгът, и фащэри и Iэщэхэри дыжьынкIэ щIэгъэнат. ЩэкI къызэшэкIа пыIэ зыщхьэрыгъыр зытесыр пщIэгъуалафэ зытет, зи сокури хужь шыгъуэ дахэт, и щхьэр цIыкIурэ и нэхэр телъыджэу; офицерым ейр ермэлыш лъэпкъ зыкъизыхт. Шы и пIалъэ фIыуэ зыщIэ Бутлер и нэм занщIэу къыфIэнэу зэхъуэпсар япэрщ. Шухэр хэтми зригъэщIэн хьисэпкIэ къэувыIащ ар. Офицерым Бутлер зыкъыхуегъазэ:

– Мы унэр зауэлIхэм я унафэщIым ей? – къоупщI ар, щIопщыр Иван Матвеевич и унэмкIэ ишийурэ. Ар зэрымыурысыр и псэлъэкIэмкIэ къапщIэрт.

– Ущыуакъым, аращ, – жи Бутлер. – Мори хэт? – иджы езыри йоупщI гъунэгъуу зыбгъэдыхьа офицерым, зи шым ехъуэпсам хуеплъэкIыурэ.

– Хьэжмуратщ ар. Мыбы къыщIэкIуар зауэлIхэм я унафэщIым хуэхьэщIэну аращ, – зэрыурысыбзэ ныкъуэу жэуап къет офицерым.

Бутлер зэхихакIэт Хьэжмурат и гугъу, абы урысхэм закъызэрыритами щыгъуазэт, ауэ и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым ар мы быдапIэжь цIыкIум щилъагъуну.

Хьэжмурат гуапэу къеплъырт абы.

– Сэлам алейкум, – жи Бутлер, къумыкъухэм я деж щызригъэщIа бзэмкIэ.

– Уалейкум сэлам, – жери, и щхьэр ищIурэ хьэщIэм жэуап къретыж. Абы и шыр Бутлер ирехулIэри, щIопщIыр зэриIыгъ IэмкIэ сэлам ирех.

– УнафэщIыр уэра? – къоупщI.

– Хьэуэ. УнафэщIыр къездджэнщ иджыпсту, – жеIэ Бутлер, офицерым зыхуигъазэу. IуегъэзыкI. ДэкIуеипIэмкIэ дэжейрэ бжэм екъумэ – гъэбыдащ. Бжэм тоуIуэ. Iэуэлъауэ щыIэкъыми, шындэбзиймкIэ йокIуэкI. И IуэхутхьэбзащIэм йоджэ. Зэрыжэуапыншэщ. ПщэфIапIэм щIохьэ. ЩхьэфIэпхыкI телъу, и Iэщхьэхэр дэгъэджэрэзеяуэ, Марье Дмитриевнэ пщафIэу хьэкум кIэрытщ.

– Дэнэ щыбзэха IуэхутхьэбзащIэхэр?

– ЕфакIуэ кIуахэщ. ЛIот зэрыпщIынур?

– Бжэр Iуезгъэхынут, бгырыс хъушэ къыфхуеблэгъауэ зэхэтщ. Хьэжмурат къэкIуащ.

– Иджыри зыгуэр къэгупсыс, – къыпогуфIыкI цIыхубзыр.

– Сэ сыгушыIэркъым. КIуэ, плъэ. БжэIупэм Iутхэщ.

– Хъунтэкъэ ари Iуэху, – жиIэурэ Марье Дмитриевнэ и Iэщхьэхэр кърехьэхыж, и щхьэхэIухэр и щхьэц Iувым къыхехыж. – НтIэ, сыкIуэнщи Иван Матвеевич къэзгъэушынщ.

– Хьэуэ, сэ езыр сыкIуэнщ. Уэ, Бондаренкэ, кIуэи бжэр Iух, – жи Бутлер.

– Ари хъарзынэщ, – жери, и Iуэхум пещэж Марье Дмитриевнэ.

«Хьэжмурат Грознэм щыIэщ» жаIэу зэхихати, иджы ар езым къызэрыхуеблэгъар зыкIи игъэщIэгъуакъым Иван Матвеевич. Ар къызэфIоувэри, тутын ешыхь, абы йокъури, зихуапэу щIедзэ, ину псчэурэ, яхуохъущIэ «а шейтIаныр» къыхуэзыгъэкIуа унафэщIхэм.

Зихуэпауэ здэщытым, и IуэхутхьэбзащIэм унафэ хуещI «хущхъуэ» къыхуихьыну. IуэхутхьэбзащIэм, апхуэдэ унафэм есагъэжьти, къыгуроIуэ и зиусхьэныр зыщIэупщIэ «хущхъуэр». Аркъэ къыхуехь.

– ЗэхэпкIэным нэхъ Iей щыIэкъым, – жиIэу гъумэтIымэурэ аркъэр ирефри щIакхъуэ фIыщIэм йодзэкъэж. – Дыгъуэпшыхь зэхэскIахэр сэмызэгъауэ, си щхьэр узырти, сыхъужащ, – жери Хьэжмуратрэ абы и гъусэ офицерымрэ Бутлер здыщIиша хьэщIэщымкIэ еунэтI.

Хьэжмурат и гъусэ офицерым Иван Матвеевич ирет сэмэгурабгъумкIэ щыIэ дзэхэм я унафэщIым кърeгъэхьа тхылъымпIэр. Абы итрат: ныпхуэдгъакIуэм гуапэу къыIущIэн, хьэщIагъэ кIэлъызехьэн, тIасхъэщIэххэмкIэ бгырысхэм запищIэну

хуит щIын, къэзакъ шу гъусэхэр щIымыгъуу быдапIэм дэмыгъэкIын.

ТхылъымпIэм итым къоджэри, Иван Матвеевич и хьэщIэр быдэу зэпеплъыхь. ИтIанэ аргуэру гупсэхуу йоплъ тхылъымпIэм. Апхуэдэу, зэм тхылъымпIэр, зэми Хьэжмурат зыбжанэрэ зэпиплъыхьа нэужь, и нэхэр хьэщIэм треубыдэри жеIэ:

– Хъарзынэщ. Щрепсэу ди деж. Ауэ, – тэрмэшым зыхуегъазэ, – быдэу гурыгъаIуэ: унафэ ткIий къысхуащIащ ар быдапIэм дэзмыгъэкIыну. А унафэр сэркIэ Тхьэм и унафэ пэлъытэщ. ЕгъэзыпIэ дэнэ деж щыхуэтщIын? Уэ дауэ уеплърэ, Бутлер? Канцеляриер хъун?

Бутлер жэуап къитыну хунэмыс щIыкIэ, пщэфIапIэм къыщIэкIыу къэкIуауэ алъандэм бжэм деж щыта Марье Дмитриевнэ къопсалъэ:

– Сыт канцелярием щIэвгъэкIуэнур? ЩывгъэIэ мыбы. ХьэщIэщымрэ гуэн цIыкIумрэ еттынщ… НэгъуэщI мыхъуми, фи нэIэ ятетынщ, – жери хьэщIэм хуоплъэкI, тIуми я плъэгъуэр щызэтехуэм, пIащIэу йоплъэкIыж.

– Си гугъэмкIэ, Марье Дмитриевнэ захуэщ, – жи Бутлери.

– Хъунщ, хъунщ! Зегъэхь адэ. Фыз Iуэхукъым ахэр, – Иван Матвеевич и нэщхъыр зэхеукIэ.

А псалъэмакъыр екIуэкIыху, Хьэжмурат щысащ, и Iэр и къамэ Iэпщэм телъурэ, мобыхэми щIыIэ-щIыIэу ящыгуфIыкIыу. «Дэнэ сыщыпсэуми си зэхуэдэщ, – жиIащ абы. – Ауэ фи дзэпщым, пащтыхь лIыкIуэу Кавказым щыIэм, къызит хуитыныгъэр къыспэвмыубыд: бгырысхэр къысхуэвгъазэ». «Хъунщ, абыкIэ дыппэрыуэнкъым», – жи Иван Матвеевич. ИкIи Бутлер пщэрылъ щещI: зэдзэкъэн къыхуахьыху, пэшхэр хуагъэхьэзырыху, хьэщIэхэр умыгъэзэш. Езыр канцелярием макIуэ, зыхуеину письмохэр итхыну, унафэ щIыпхъэхэр ищIыну.



Хьэжмуратрэ бысымхэмрэ я зэхущытыкIэр занщIэу наIуэ къэхъуащ. ЩызэрыцIыхуа дакъикъэм щыщIэдзауэ, Хьэжмурат Иван Матвеевич гущыкI хуищIащ, цIыхуфи ириплъакъым, икIи ар и бысымым зэрепсалъэр хуабжьу зигъэпагэут. И псэм къыдыхьат хуэпщафIэурэ зыгъашхэ Марье Дмитриевнэр. Игу ирихьырт ар зэрыцIыху къызэрыгуэкIыр, псом хуэмыдэу хуэмыухыу фIэгъэщIэгъуэныр зытеплъэ мыхъу лъэпкъым апхуэдэ цIыхубз дахэ зэрахэтрат. ПсэкIэ зыхищIэрт езы Марье Дмитриевни ар игу зэрырихьыр. Iэмал зэригъуэткIэ, абы Iумыплъэну, емыпсэлъэну хэтт, арщхьэкIэ и нэхэр къедаIуэртэкъым – мор щэхуу ягъэхъурт.

Бутлеррэ абырэ занщIэу ныбжьэгъу зэхуэхъуащ. Ар абы и гуапэу псэлъэгъу ищIырт, и гъащIэр къызэрекIуэкIамкIэ еупщIырт, езым и дунейми щыгъуазэ ищIырт, и унагъуэм теухуауэ къыIэрыхьэ хъыбархэр хуиIуатэрт, ищIэнумкIэ щечэнджэщи щыIэт.

ТIасхъэщIэххэм къыхуахь хъыбархэр узыщымыгуфIыкIынт. БыдапIэм зэрыдэса махуиплIым къриубыдэу, мохэр тIэу къыхуэкIуати, а тIэуми къыхуахьа хъыбархэм фIы лъэпкъ хэплъагъуэртэкъым.

*ЗэзыдзэкIар* **ЕЛГЪЭР Кашифщ**

*КъыкIэлъыкIуэнущ*



*Усэхэр* ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ



## ХЪУЭХЪУ

Ди щIылъэ анэу дахащэ,
Си хъуэхъур уэркIэ соIэтыр:
ФIыгъуэр уи куэщIым къищащэу,
ЩIэблэм уи щIыхьыр яIэту,
Мамыру дыгъэ къыпхуепсу,
Зауэм пэIэщIэ ухъуауэ,
Зэшхэр уи щIыгум щыбагъуэу,
УкIэрэхъуэну солъаIуэ!

Ди нэхъыжьыфIхэу Iумахуэ,
Ди тхьэмадэфIхэу жьакIэхухэ,
Фи псалъэ Iущхэм дадекIуу,
Фи щIыхьыр тхъумэ зэпыту,
Фи фо махъсымэр пщIыпщIыжу,
ГуфIэгъуэр лъагэу тхуэфIэту,
Ди ущиякIуэу псэм щыщхэр,
Фытхуэпсэуну сохъуахъуэ!

6 Заказ №791

Ди щIэблэ дахэм сехъуэхъуу,
Нобэ уэрэдыр соIэтыр,
Гукъыдэж дахэ фиIэну,
Лъэпкъыр вгъэбагъуэу лъэщ фщIыну,
ФыздэкIуэм нэмыс къыщыфхьу,
Фи щытхъур жыжьэ нэIусу,
Хэкум и набдзэ фыхъуну,
Си хъуэхъур сэ фхузоIэтыр!

Си къуэш, си шыпхъухэ, сохъуахъуэ,
Си хъуэхъур ди Тхьэм сIихыну,
Мы дунеишхуэр щытыхукIэ,
ФIылъагъуныгъэр псэуну!

## СИ УНАГЪУЭР – КЪЭБЭРДЕЙЩ



Си Хэкум и къежьапIэр
Си жьэгу пащхьэрщ,
Зэтесхмэ си напIэр,
Къызэубзэу,
Си шхыIэн кIапэр си анэ
ЩIэзыупщIэрщ.
Си Хэкум и къежьапIэр
Си щхьэгъубжэм,
Схуэусэу, Iущэщэжу къыIут
Щихурщ,
Абы и щIагъым
Таурыхъхэр жиIэу,
Зым хуэзмыгъадэу
ЩIэс си дадэ Iущырщ.
Си Хэкур – си унагъуэу
Псэм ефIэкIырщ.
Си Хэкум хуэдэ
Теткъым мы дунейм,
Абы зэреджэр
Си псэу Къэбэрдейщ.

## АРЩЫДАН

Си къуажэжь, си жылэжь, си гущапIэ,
Си пщIантIэжь, си уэрам, си джэгупIэ.
Сабиигъуэ, щIалэгъуэ псынщIащэ,
Бжьыхьэ пасэ... зэрехьэ жьым пщIащэр.

МащIэ дыдэщ щысщIар сэ мы щIылъэм,
Ауэ си гум сыт щыгъуи уэ уилъу,
СыщIэкъуащ хэсшыжыну си лъагъуэ,
ЩIыху техьам къысхуамыщIу сэ дагъуэ.

Си анэбзэм мы си гур щIэхъуэпсу,
Ноби си щхьэр уи куэщIым изолъхьэр.
Си щхьэц тхъуахэр пIейтейуэ, нэпсейуэ,
Iэ дэплъэным щыгугъыу къыппоплъэ.

Си къуажэжь, си жылэжь, си гугъапIэ,
Си гурыщIэ епэру дахащэ!
ЩызэтеслъэхьэкIэ жэщым си напIэр,
Псэм и IэфIыр гурыщIэм тощащэ.



## КIЭУХ ЗИМЫIЭ ПШЫНАЛЪЭ

Ди щIыналъэм и пшыналъэм
И къежьапIэр анэ бгъафэрщ.
Сакъыу анэм иIыгъщ быныр, —
Налкъут щIыкIэу шэ хужь ткIуэпсыр
Сабий Iупэхэм щоджэгур.
Ар зылъагъу ди щIылъэм гуфIэу,
И пшыналъэр ину хешыр.

Дыгъэр джэгуу уафэ къащхъуэм
Къыщытхуопсыр дигъэхуабэу.
Къуалэбзухэм я уэрэдым
Пщэдджыжь къэскIэ ди сабийхэр
Нэжэгужэу къыдоушыр.
Ар зылъагъу ди щIылъэм гуфIэу
И пшыналъэр ину хешыр.

Гухэлъ IэфIхэр зэхуаIуатэу,
Вагъуэ цIыкIухэр я щыхьэту,
ЗэгуэкIуахэм къыздакIухьыр.
Ар зылъагъу ди щIылъэм гуфIэу
И пшыналъэр ину хешыр.

ЛIыжь-фызыжьхэр жьыщхьэ махуэу,
ГъащIэ нэхум хуэIумахуэу,
ЩIэблэм фIыкIэ къытхуэхъуахъуэу,
Бын къащIэхъуэм щыгуфIыкIхэу
Зылъагъу щIылъэм хеш пшыналъэр
МыувыIэу, кIэ имыIэу.

## УМЫГЪЭПIЕЙТЕЙ КЪУРШЫБГ ЖЕЯХЭР

УмыгъэпIейтей къуршыбг жеяхэр,
Хуэм дыдэу бауэ макъым ныщIэдэIу.
Ахэм я пщIыхьхэм хэтщи ди блэкIахэр,
Ди тхыдэ жыжьэр сфIощI я нэгум щIэкI.

Бгы щIагъым щIэзщ блэкIам емыгупсысхэр,
Дахагъэм итхьэкъуахэм яйщ дунейр.
Псыкъелъэм, и салъкъынхэр зэщыпсыжу,
Еутх и ткIуэпсхэр, псэр егъэпIейтей.

УмыгъэпIейтей къуршыбг жеяхэр,
Ар, уардэу щыту плъагъуми, псэ махэщ.
Ди Хэкум и блэкIар зыхъумэ бгыхэр
Зэхэтхэщ щымхэу, нобэ къэхъури ятхыу.

Псынэпсу адкIэ-мыдкIэ къыщыщIэжхэр
КъысфIощI ди нэхъыжьыфIхэм я нэпс уэр,
Аращ щIэхущхъуэр, уи псэм къедэхащIэу,
Уи лъэ щIэмыкIыр пхуащIыжыфу жэр.

УмыгъэпIейтей къуршыбг жеяхэр,
ЯжеIэ щэхуу гущэкъу уэрэд дахэ,
Ар, уардэу щыту плъагъуми, псэ махэщ,
Ар ещхьщ сабийм, ар ещхьщ лIыжь жьыщхьэ махуэм.

## СЫДОУЭРШЭР СИ АНЭМ

Сыдоуэршэр щIэх-щIэхыурэ си анэм,
Къэхъуа-къэщIахэм ар щыгъуазэ сощI,
ИтIани, схъумэм сфIэфIщи и гур анэм,
Iуэху мыфэмыцхэр къохъур щыщызбзыщI.

Зехъуэж ди гъащIэм, ягъэфIар зэгуэрым
Иджы яубыр, иралъхьау убалъэм,
НэхъыфI ящIыну жаIэми ди гъащIэр,
ЦIыху цIыкIухэм щIощIэр махуэ къэскIэ я лъэр.

Къэралри ягуэшыжри тIэкIу-тIэкIуу,
КъагъэщIыр «парт» зэмыщхьу куэдыкIей...
Мы зэрызехьэм напэр зыфIэкIуэду,
Куэд мэхъу я бжыгъэр хъуахэм цIыху щIыкIей.

Псом нэхъ Iеижыр къуэш зэрыукIыжырщ,
ГъэпщкIуауэ Iэщэр цIыхухэм зэраIыгъырщ.
Ди бийр здэщыIэр зыми зэрыдмыщIэрщ,
Псэ хейр мафIаем гуIэу зэрыхисхьэрщ.

Сыдоуэршэр жэщ къэскIэ сэ си анэм,
Къэхъуа-къэщIахэм ар щыгъуазэ сощI,
ИтIани, схъумэм сфIэфIщи и гур анэм,
Сызыгъэдзыхэр къохъур щыщызбзыщI.

## МАМЭ

Мэхъу пщыхьэщхьэ, жэщри хокIуатэ,
Уэ итIани, мамэ, еш умыщIэ.
Дэ ди шхыIэн кIапэхэр щIэбупщIэу,
Щэху зыпщIауэ пэшым ущIокIуэтыр.

Ауэ, сэ сыжейркъым, сыпкIэлъоплъыр,
Уи псэ еш зымыщIэм седэхащIэу.
СигукIэ, мамэ, уэ узгъэщIэращIэу,
Гуапэу, щабэу си Iэхэр бдызолъэ.

Мамэ, ди къуршыжьхэм хуэдэу зи пщIэр лъагэ,
Мамэ, дыгъэ бзийхэм хуэдэу зи псэр хуабэ.
Мамэ, къуршыпс псынэу зи гурыщIэр къабзэ,
Мамэ, мазэ бзыгъэу сытым дежи тхуэблэ!

Ди жьэгу пащхьэ мафIэм урихъуаскIэщ,
Ди уэнжакъ и Iугъуэри мыкIуэщI.
Мамэ, си щхьэр ислъхьэмэ уи куэщIым,
Си насып уэрэдыр гум ешэщI.

КъодэхащIэу пщыхьэщхьэ акъужьыр,
МащIэу уи щхьэц тхъуахэр егъэсыс.
ГъащIэ жэпыр пасэу къыптехащи,
УзэрызгъэфIэнум согупсыс.

* * *



«Къэрэгъул бжыхь сыфхухъу си бынхэм», —
Ар сянэм куэдрэ жиIэрейт,
И бынхэр хуейт дыщихъумэну
Iеягъэу хэлъым мы дунейм.

ДиIэжкъым анэр, мы дунейм
Къыщыхъу-къыщыщIэм хэкIыжащ.
Иджы сэ си псэр темыпыIэу,
Си бынхэм щхьэкIэ мэгужьей.

«Къэрэгъул бжыхь сыфхухъу си бынхэм», —
Сэ жэщи махуи Тхьэм солъэIу.
Лъыгъажэ зауэр иреувыIи,
Уэрэд гуфIэгъуэ щIым щреIу.

## АНЭ

*Бейтыгъуэн Хужь и фэеплъу*

I

Гуапагъэр и нэгум кърихыу,
Бзэ IэфIкIэ ар цIыхухэм яхэтт.
Унагъуи лэжьыгъи зэдихьу,

Зыхыхьэм ар щапхъэ яхуэхъут.
Хуигъазэт зыхуеи быниблыр,
ГубгъуэщIым и Iыхьэр щилэжьт.
Игъасэрт хуэткIийуэ и щIэблэр,
Лэжьыгъэм пщIэ хуащIу къигъэхъут.
Бзэ IэфIт, и нэмыс иIыгъыжу,
И гуащэм бын папщIэ хуэхъуат,
И пщыкъуи, и пщыпхъуи хуэпэжу,
Нэмыс ядигуэшу есат.
Щхьэгъусэ унафэр и хабзэт,
Лъэпкъ нысэт, ар хэткIи гунэст,
Гъунэгъур зэрибжыр унэгъуут,
Я гуауи, я гуапи здагуэшт.
Ядилъэм и бынхэм Iэгу пхъашэр,
Псэр псэхурт, ягу цIыкIухэр къилъэтт.
Лэрыгъу зыщIа Iэхэм гумащIэу,
Къарууэ яхилъхьэр мыкIуэщIт.



II

КъэувыIэ зимыIэр зэманырщ.
Илъэтри абгъуэм бын псори,
ХущIэкъухэу цIыху гъащIэм декIуным,
ЩIадзащ щхьэж и лъагъуэ хашыным.
Хужь дахэм къыщIыхьэри жыгъэр,
Гугъуехьыр къыщIэкIуэу хуежьащ.
И бынхэм яхэплъэу, лIэныгъэм
И гугъу ищIыреи ар хъуащ:
— СылIэныр, си бынхэ, мыхьэлъэ,
Сышынэу игъащIэм си хьэлкъым.
Си бынхэр фыхъунущ спэIэщIэ...
И хабзэщ ар гъащIэм, сэ сощIэ,
ИтIани сэ фIыуэ слъагъу псори,
Къизнэнущ си ужьи — си махуэщ.
Фыщыт си бын тIэкIухэр жумарту,
«Гум пыкIыр, сыт щыгъуи похъуэж!»
Мылъку нэпцIыр зэтелъми къату,
Псэр нэщIмэ, пхуэщIынкъым къулей...

III

ФиIэжкъым фи анэр, Хужь Iущыр,
И псалъэр фухуэнщIу фопсэу,
ПсэухукIэ ар сыт хуэныкъуами,
Жумартт, и псэ къабзэри хейт.

САГЪЭУСЭ

Ныджэм зэмыфэгъуу ит гъэгъахэм,
Щхъуэуэ гъэгъа цIыкIухэр къахызох,
Акъужь мащIэм тхьэмпэ пIащIэ цIыкIухэр,
Нэр тепщIыпщIэу, лъатэу зэбгырех.

Зы гъэгъа си Iэгуми къихуащи,
СфIощIыр и гупсысэр схуэзэIуих.
Зыхуэгъагъэр псэ гуапагъэращи,
Дунеишхуэм и бжэр тхуэзэIуех.

Сэ, сабий гъэфIауэ, а гъэгъахэм
IэплIэ яхуэсщIауэ сабгъэдэсщ,
Сщыгъупщауэ ныбжьым къикIуа гъэхэр,
ЩIалэгъуэ уэрэди сагъэус.

# ЛЪЭХЪЭНЭМ ХУЭПЭЖ ТХАКIУЭ

*Ди адыгэ литературэм хэлъхъэныгъэшхуэ хуэзыщIа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм къызэралъхурэ мы гъэм илъэсищэ ирикъуащ. Абы и IэдакъэщIэкIхэм теухуауэ тхыгъэ купщIафIэ куэд дунейм къытехъащ. Псом хуэмыдэу кууuэ икIи лъэныкъуэ псори къызэщIиубыдэу Iэдэм и творчествэр щызэпкърыхащ критик цIэрыIуэ Сокъур Мусэрбий «Лъэхъэнэм хуэпэж тхакIуэ» зыфIища и тхыгъэм.*

Бахъсэныпс ябгэр яхузурэ хъийм ирахуу зыгъэгубжь къыр жьэгъу зэвхэм закъыжьэдичу Къэбэрдеишхуэм и тафэ хуитым IэплIэ зэIухакIэ къыщригъэблагъэ дыдэм деж сэмэгурабгъу Iуфэм еуфэбгъуэкIауэ къыщысщ адыгэ къуажэ дахэшхуэ. Тхыдэм елэжьхэм зэрыжаIэжымкIэ, къэбэрдейхэр илъэс 700-800 хуэдиз ипэкIэ адрей адыгэ лъэпкъхэм къагуэкIыу иджырей хэкум къыщитIысхьа лъэхъэнэм щыгъуэ а жылэр мыбы япэу бжэгъу щыхэзытIахэм ящыщщ. Абы лъандэрэ Бахъсэн псы къабзэ тыгъэу Тэрч хигъэхъуар, икIэ къинамэ, зы тенджыз мыжь-мыщIэфI хуэдизынщ, жылэм и нэгу щIэкIа псори зэкIэлъыкIуэу къетхэкIыжамэ, томипщI зыкъоми къыдрищIеинт, ипщэмрэ ищхъэрэмрэ зэпищIэу хэкум пхрыкI гъуэгужьым а жылэм и щIэблэ куэдыкIейм тралъэгъуам и бжыгъэри къыпхуэлъытэнтэкъым.

Зэрыхабзэщи, гъащIэм хэхъуэр щынэхъыбэщ, хэщIым нэхърэ; цIыху Iэужьыр гъащIэ тIысыпIэмэ, ар ажалым дапщэщи токIуэ, урысыбзэкIэ «БыдапIэжь» зыфIаща къуажэри иджырей фащэм къыдэщIэращIэу хуопабгъэ илъэс минытщIэ дызыхуэкIуэм зэкIужу IущIэным.

А фащэр хэку псом папщIэ зыгъэбжьыфIэ зы нэщэнэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, ди лъэпкъ культурэм илъэсипщI Iэджэ лъандэрэ зи гуащIэрэ зэфIэкIрэ щымысхьыжу хуэлажьэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.

Ди лIэщIыгъуэр зытехьа гъуэгуанэщIэр къэгъэшыпIэ псоми я нэхъ задапIэ дыдэм щыхуэкIуэ лъэхъэнэрщ Iэдэм зыхалъхуар: щIалэ цIыкIур зы илъэс ирикъуа-иримыкъуат Октябрым и мафIэ бзийхэр щызэщIэнам щыгъуэ...

Псалъэмрэ хьэрфымрэ къуажэ еджапIэм щызэрипхыфу, тхыбзэм Iэ ижь хуэхъуа щIалэр, щIэныгъэм и гъуэгу дыгъэлыр властыщIэм къызэIуихати, Налшык къокIуэ цIыкIухэр иригъэджэфу зигъэсэн мурад иIэу. Къалэм а лъэхъэнэм дэта техникумри институтри зэкIэлъхьэужьу къеухри, абы къуажэм егъэзэж, бзэмрэ литературэмрэ акъылрэ дахагъэу япкърылъыр щIэблэщIэм зэрабгъэдилъхьэным хуэхьэзыру. КъимыдэкIэ, щIалэм зи нэгу хуиту зэIуха дунеймрэ гъащIэмрэ псалъэ гуапэкIэ япэджэжын щIедзэри, и япэ усэхэр дунейм къытохьэ, IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ кууuэ джыным, тхэкIэм зегъэсэным зрет. Ауэ «бзаджэр дапщэщи егъэшхыдэ цIыху псэ хьэлэлым и уэрэдым». 1941 гъэм зауэр къолыдри цIыхухэм я хъуэпсапIэри, къэралыгъуэм и гъуэгу захуэри гын Iугъуэм зэщIещтэ. «Фыпсэуну фыхуеймэ, сыф-

хъумэ!» – жиIэу Хэкур къыщыджэм, Iэдэми ядошэс гъащIэр ажалым кърагъэлын папщIэ псэзэпылъхьэпIэм хуэзыунэтI шуудзэм.

Къэралым къыщхьэщыхьа гузэвэгъуэм цIыхубэр хузэщIэIэтауэ биийм тегъэгушхуэнымкIэ уэрэдыр Iэщэ мыубзэщхъухэм ягухьэрт. Iэдэм, усакIуэ нэхъыжьхэми хуэдэу, пасэу къыгурыIуат усэ псалъэм и зэфIэкIыр зыхуэдизыр икIи зэуапIэм здыIутым лъэкI къигъанэртэкъым а Iэщэр фочымрэ джатэмрэ я гъусэу гъэIэрыхуэнымкIэ.

Iэдэм и нэгу фронтым щыщIэкIауэ къиIуэтэжхэмрэ а зэманым газетхэм къытехуэу щыта хъыбархэмрэ япкъ иткIэ, Опрышкэ Олег и тхылъыщIэм гупсэхуу къыщегъэлъагъуэ зауэр ди республикэм и гъунапкъэхэм къэса нэужь, биийм пэщIэта зауэлIхэм зэрахьа лIыхъужыгъэр.

Зауэр къыщыхъеям щыгъуэ, ЩоджэнцIыкIур Къызбрун Ещанэм дэт курыт школым и директорт. А гъэ дыдэм и бжьыхьэм Iэдэм дзэм макIуэ. Езыр спортсмен жыджэрт, бэнэнрэ хьэлъэ къэIэтынкIэ зигъасэрт, зэпеуэхэм куэдрэ щытекIуэрт, шы тесынкIэ IэкIуэлъакIуэт. Арагъэнщ Новочеркасск дэт кавалерийскэ училищэм щIыщIэхуари. 1941 гъэм и кIэухым Дон Iус Ростов и Iэшэлъашэхэм деж фронтым япэу щыIухьащ Iэдэм. Курсантхэр зыIууар танкыдзэт. Мазий докIри ахэр аргуэру Iуоуэ биийм и лъэсыдзэмрэ танкхэмрэ, ауэ иджы ар къыщыхъур Кавказым и щIыналъэрщ. Езыр къыщалъхуу и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ щызэтеува Бахъсэн Iуфэ зэрыпхъуакIуэхэм ящихъумэрт иджы щIалэм. Iэдэм жеIэж: «Ди взводым ихъумэн хуейт шы заводым пэмыжыжьэу Шэрэдж телъ пхъэ лъэмыжыр. Август махуэ бзыгъэ пэтми, уэмт. Пшэху пIащIабзэхэм уэгу щIыхур къызэпхыпсырт. Зи Iухыжыгъуэр блэкI хьэм, гуэдзым хэплъагъукI къудейуэ пхыкIырт Майскэмрэ Ново-Ивановкэрэ зэпызыщIэ гъуэгур. Нартыху ныкъуэгъум и бзий зэлъэжахэр, жэз тхьэмпэм хуэдэу, зэрышхырт. Взводым и командир лейтенант Овчинниковыр мыбэлэрыгъыу кIэлъыплъырт Iэщэмрэ ди пащхьэм къилъ зэуапIэ губгъуэмрэ. Ар зэхэуэ екIуэкIахэм лIыгъэшхуэрэ зэфIэкIрэ къыщызыгъэлъэгъуа цIыхути, псоми фIыуэ тлъагъурт икIи дигурэ ди щхьэрэ хузэтелът...»

Курсант-пулемётчикым гукъинэж къыщыхъуауэ ещIэж ди щIыпIэм щекIуэкIа зэхэуэхэм командирым и хэтыкIар. «Нэмыцэхэр танккIэ къыдэбгъэрыкIуэнущ, – жиIэрт Овчинниковым, – къыпещэ Iэдэм. – АбыкIэ текIуэныгъэм гъуэгу хухашу ягъэхъыбар, зэхэуэ гуащIэ къытпэщытщ, танкхэм зетпщытын хуей хъунущ, ауэ къикIуэтыпIэ диIэкъым, кIуэдыпIэр къытхуэкIуами...

Командирым жиIэм дыщIэдэIуурэ, Дал Мухьэмэд сэрэ пулемётымрэ дискхэмрэ догъэхьэзыр, ди гупэкIэ къилъ губгъуэ нэщIыр къызэщIэчэн хьэзырщи, тхьэкIумэр тегъэхуауэ додаIуэ, доплъэ...

Шэрэдж адэкIэ мэз цIыкIум къыщIэпща танкхэм топрэ пулемёткIэ къауэу щIадзэ. Лъэсыдзэри абыхэм я кIэм ищIауэ къожьэ. Дэри ди пулемётхэр, фочхэр, автоматхэр къызэролъэлъ, танк зэракъутэ топхэр мэгъуагъуэ, танкхэм я бгъуэщIхэр щIыпцIэ гъуэз Iэтэу къызэхобатэ, биийм и сэлэтхэр, зыщымыгугъа мафIэм щыIууэм, къызэтоувыIэ, Iэнкун зэрогъэхъури, къызыщIэкIа мэзым зэрызехьэу хуаунэтIыж.

АрщхьэкIэ, куэд дэмыкIыу, биийм и топхэр къызэщIогъуагъуэри ди щIытIхэр сабэмрэ Iугъуэмрэ щIагъанэ, мэзым щIэлъэдэжа сэлэтхэм зыкъащIэжри къру кIапсэрышэу зыкъытхуаунэтI, лъэмы-

жым жэрыгъэкIэ къыхуоIэ, псы Iуфэм къыIуолъадэ. Мыбдежыр псым и бгъузапIэщи, ди зауэлIхэм, ублэмэ, фашист нэIухэр IупщIу ялъагъу. Овчинниковым командэ етри, взводым лъэкI къимыгъанэу Iэщэ псомкIи уэуэ щIедзэ.

Лъэмыжыр иубыду Майскэм хуиунэтIын мурадыр бийм аргуэру къехъулIакъым. Дунейр зы пIалъэ гуэркIэ щым хъуащи, ди ипщэIуэкIэ телъ гъущI лъэмыжыр яхузэрымыгъэгуэшу екIуэкI зэхэуэр хуиту къоIус. Куэд дэмыкIыу къызэхыдох зэхэуэм и Iэуэлъауэр зытхьэлэ щыблэ гъуагъуэ макъыр: гъущI гъуэгу лъэмыжыр дыдейхэм къагъэуэжауэ арат.

Зы сыхьэт ныкъуэ нэхъ дэмыкIауэ нэмыцэ танкхэр, аргуэрыжьти, къызэрохьэжьэ. Япэ ит танкыр ди лъэмыжым къоблагъэ, абы и щIыбагъым къыкъуэкI лъэсыдзэми кIуэрыкIуэм тету шэр къыттракIутэ, арщхьэкIэ бийр, аргуэру зэтеувыIэн хуей мэхъури, щыгъынызхъуэ хьэдэхэмрэ танк къутамрэ къытхуигъэнауэ мэзымкIэ щIопхъуэж.

АрщхьэкIэ дэнэт? Бэуэгъуэ дихуа къудейуэ, бийр нэхъ ерыщыжу къыщежьэм, командирым Далымрэ сэрэ унафэ къытхуещI псым адэкIэ къыщыт Iуащхьэм танкхэр къэмыс щIыкIэ дэ дызэпрыкIыу пулемётрэ танккъутэ гранатэрэ тIыгъыу дигъуэлъыкIыну, ахэр лъэмыжым къедмыгъэкIуэлIэну, – ирегъэкIуэкI Iэдэм и хъыбарыр. – Шэр къызэрыттелъалъэу псы уэрым дызэпросыкIри догъуэлъ. Танкхэр дэ къыттраубыдауэ занщIэпсу къытхуокIуэ... Ди топым уэуэ щIедзэ. Япэ топышэхэр апхуэдизкIэ тпэгъунэгъуу щохуэхри, щIы къиудахуэмрэ топ къутахуэмрэ дыщIавэжыну хьэзырщ. КIуэтэху бийр нэхъ гъунэгъу къытхуохъу. Абдежым Далым пулемётыр къысхуегъанэри, езым сакъыу сыкIэлъыплъыну къызолъэIу, танк зэракъутэ гранатэхэр здещтэри япэкIэ пщыуэ йожьэ. Нэмыцэхэм ар къалъэгъуащи, мафIэр къытракIутэ, щIы щхьэфэм ираIулIым хуэдэу. Сэ пулемётыр кIыхьу согъэлъалъэ, ауэ асыхьэтым и бзэр еубыд, сеплъмэ – шэр сухащ. Гранатэхэр къызощтэри Далым сыкIэлъопщ, занщIэуи къызолъагъу си гъусэм зыкъыхиIэтыкIыу гранатэ зэпхар зэриутIыпщыр. Япэ иту къэпщ танкыр Iугъуэм зэщIищтауэ зэщIоувыIыкI... А дакъикъэм мэз бгъуэщIымкIэ пулемёт макъ къыщоIу, Далым Iэнкуну си дежкIэ зыкъегъазэри и пкъыр хуэмурэ хощIэ.

– Сыт, Мухьэмэд, уIэгъэ ухъуа?

Ар зыри жимыIэу игъуэлъыкIащ, сэри щIалэр къызытеслъхьэри бдзапцIэ уэшхым сыхэту псым къисхыжащ (лъэмыжыр дыдейхэм якъутат). Мухьэмэд и Iэпкълъэпкъым шэ уапIэу телъыр пхуэбжынтэкъым. Абы и псэр госпиталым щыхэкIащ.

Зэхэуэр зэфIэкIа нэужь, сэ сыкъеджащ Мухьэмэд и щхьэгъусэмрэ и къуэ Хьэмидрэ яхуитха щхьэкIэ, иутIыпщыну зыхунэмыса письмом. Абы мыпхуэдэ псалъэхэр итт: «Сэ сыкъыщалъхуа къуажэри фэри фыкъызэзнэкIащ. Ауэ хуиту сыщIэплъэфынущ фи нэгуми, адрей цIыхухэм я нэгуми, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди Хэку иным и щIыхьымрэ и хуитыныгъэмрэ папщIэ си псэр нэхъыфIщ жызмыIэу созауэ. Хьэкъыу спхыкIауэ сощIэ – иджыпсту дыкъыщIикIуэтыр къарууэ диIэр зэщIэдгъэуIуэу бийр ди бгы лъанэхэм щетхужьэжын мурадкIэщ. Совет щIыналъэм зы бий къинауэ сэ си гум пыIэпIэ игъуэтынкъым».

Ди взводым и зэхуэдитIыр хэкIуэдащ а лъэхъэнэм екIуэкIа зэхэуэхэм», – нэщхъейуэ жеIэ Iэдэм.

Бахъсэн зэпрыкIыу бийм и щIыбагъым лIыгъэшхуэ хэлъу зыкъомрэ зыщахущыхьа нэужь, Кавалерийскэ училищэм щыщу къелахэр Налшык къагъакIуэ, абыхэм Iэдэми яхэтащ. 1942 гъэм и бжьыхьэм щыщIэдзауэ курсантхэр 4-нэ Кубанскэ къэзакъ шу корпусым хохьэ, иужькIэ 4-нэ механизированнэ корпусым щыщ мэхъури, зауэурэ Кавказ Ищхъэрэм щыщIэдзауэ Румынием, Венгрием, Чехословакием нос. Iэдэм Краснэ Звезда орденымрэ медалхэмрэ къехь, текIуэныгъэр илъэс 40 щрикъум и цIэкIэ Хэку зауэ орденыр кърат. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, литературэм хилъхьа ехъулIэныгъэхэмрэ нэгъуэщI лэжьыгъэфIхэмрэ папщIэ Iэдэм къыхуагъэфэщащ Трудовой Краснэ Знамя ордену тIу, Дружба народов ордену зы, Знак Почета орденыр, медалхэр. Гуапэщ зауэм щыгъуэ бийм щыпэщIэта Майскэм щыпсэухэм тхакIуэр ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и депутату мызэ-мытIэу зэрыхахар.

* * *

Зауэ IэнатIэр кърихьэлIэу щалъхуа лъахэм 1946 гъэм къигъэзэжа нэужьщ Iэдэм и гур зыкIэрыпщIа IэщIагъэм зыщритыжар. УсакIуэр пединститутым егъэджакIуэу щыщыIа илъэсхэм щыгъуэ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ япкърылъ пшынэбзэ гъуэзэджэхэр абы и жьакIуагъкIэ къызэригъэлъэлърэ къызэщIигъастэу зи нэгу щIэкIахэм нобэми а псор гукъинэжу яхъумэ, щабагъэр къызэмыбэкI ди бзэм Iэдэм «шырыху тхъурымбэ» къыхищIыкIын зэрылъэкIыр ягъэщIагъуэу жаIэж. Иригъэджахэр дэнэ къэна, ЩоджэнцIыкIур псалъэу зэхэзых дэтхэнэми къыбжиIэфынущ хъыбар гъэщIэрэщIар «ФэрэкIнапэншэу» къэIуэтэным ар зэрыхуэIэзэр, абы анэдэлъхубзэр пшынэ Iэпэ бжыгъэншэу къызэригъэпсалъэр, адыгэ псалъэр гущIэм щыубзэу зэриулэнтIыр.

ГъащIэм и уафэ лъащIэхэм нэхугъэ фIэкI пшагъуэ лъэпкъ щыземыуэ хуэдэт, усакIуэм зауэм и адрыщI илъэсхэм тхэн щригъэжьам щыгъуэ. Гъавэр бэвт, Iэщыр хъушэт, жыг хадэхэр, махуэшхуэ нысащIэу, зэщIэгъагъэрт, цIыхухэм пкъырэ псэкIэ заукъуэдиижат, щIэрыщIэу къалъхужам хуэдэу – жыпIэнуракъэ, лъэхъэнэм и къару къэкIуэгъуэт. Арагъэнщ адыгэ усэр, Iэдэм и щыпэтхыгъэхэри хэтыжу, блэкIам и гуауэмрэ зауэщIэ гурыщхъуэмрэ зэзэмызэ къалыпщI пэтми, сэхуранысхьэм зэрихабзэу, дыгъэм дапщэщи зыхуриIуэнтIэкIыурэ къыщIэтэджар.

Дауэ хъуми, лIэщIыгъуэ хъыжьэм и нэбзий гуащIэхэрт а усэм и пкъыр зыпсыхьыну къыхуиухар, е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зауэм и мафIэр зи нэгу щIэлыдэу зи гъащIэм къедзэкъа усакIуэхэрщ ди литературэм пIалъэ кIыхькIэ пашэ щыхъуар.

Iэдэм зауэ нэужьым къызыхыхьэжа гъащIэр сыт и лъэныкъуэкIи къызэщIэрыуэжырт: цIыхухэр нэхъ сакъыу икIи нэхъ нэхъуеиншэу бгъэдэтт ажалым кърагъэла псэукIэ хуитым, лэжьыгъэм, псэр зэкIэрызыгъапщIэ зэкъуэтыныгъэм, къуэшыгъэм. А псом есэжа хуэдэурэ къекIуэкIа литературэри, и нэгу щIэкIа зэхэгъэкIыпIэ шынагъуэхэм къахузыныр щигъэтауэ, дунейм нэхъ тегушхуауэ хэплъэ

хъуат, лIэщIыгъуэм и дерс гугъусыгъухэмкIэ и зэхэщIыкIыр зэриузэдын Iэмалхэмрэ гупсысэхэмрэ къыщIиIукIыну лъэпIастхъэрт, псэлъафэ тегъалэрэ щхьэфэ тегъэцIэфткIэ гъащIэ мытыншыр къэхута зэрымыхъунур кIуэтэху къыпкърыхьэрт. Ауэ пыIэ дэдзеймрэ дзэлыфэтI нэпцIымрэ и кIэм нэсу зыхинэн папщIэ, литературэми поэзиеми къапэщыт зэхэгъэкIыпIэхэри къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм зыкIи нэхъ щабэ хъуртэкъым, цIыхухэм я дуней еплъыкIэми, дуней тетыкIэми щIэгъэхуэбжьауэ захъуэжырт, литературэм и пщалъэхэри къадэкIуэу.

Iэдэми къыпэщытт и усэ псалъэхэр гупсысэщIэхэмкIэ иукъуэдиину, тегъэщIапIэщIэхэмрэ IэмалыщIэхэмрэ къилъыхъуэну, нобэрей философиемрэ эстетикэмрэ я нэщэнэ щхьэхуэхэр къигъэIурыщIэну.

Зауэм хэта усакIуэм и нэгу щIэкIар и гъащIэмрэ и дуней тетыкIэмрэ хэмышыпсэу къэнакъым. Аращ ЩоджэнцIыкIум и тхыгъэхэм зауэ макъамэр къащIыхэIукIри, мамырыгъэр хъумэн пшыналъэм абы зыщIритари, дунейм и IэфIымрэ и дахэмрэ емызэшу щIигъэлъапIэри. Iэдэм и тхыгъэ куэдым зэдаIэт къару фIыцIэхэр хэзыгъащIэ цIыхухэм лIыгъэрэ бэшэчагъыу къакъуэкIыр, мелуан куэдым я лъы уасэкIэ псыхьа текIуэныгъэшхуэр. ГуфIэгъуэмрэ гупсысэгъуэмрэ щызэхэпщащ а текIуэныгъэм, абы и гуфIэгъуэр нэпсыншэкъым, атIэ «абы ноби гур доуз», – етх Iэдэм. Зауэм епха темэр зэм нэрылъагъуу, зэми кулуэ щIэтIысыкIа хуэдэу нобэми къыдогъуэгурыкIуэ усакIуэм, ардыдэмкIэ ди гъащIэр дапщэщи зыгъэуардэ цIыхугъэ лъапIэм и нэщэнэхэмрэ Iуэхугъуэ узыншэхэмрэ тхыгъэхэм щегъэдахэ.

«Гухэлъ усэ» (1951), «Гумызагъэ (1958), «Гъуэгуанэ усэхэр» (1961), «Бгыщхьэ мафIэ» (1968), «ЩIылъэ гуапэ» (1974), «ГурыфIыгъуэ» (1977) – а тхылъхэм я цIэ къудейхэми къаIуатэ я купщIэм щытепщэ макъамэ нэхъыщхьэри, Iэдэм иджырей лирик нэхъыфIхэм зэрагухьэри. Абы и плъэкIэри, и гупсысэкIэри, и псэлъэкIэри псом япэу хузэIухащ иджырей дунейм. И усэхэм щигъафIэ цIыху щхьэхуэм и псэм тегуплIауэ итIэщIыхь усакIуэкъым ЩоджэнцIыкIур: мыбы и хьэл нэхъыщхьэщ цIыхум и гукъыдэжыр дэIыгъыныр, гъэгушхуэныр, гъэгуфIэныр, дуней зытетымрэ илэжь Iуэхугъуэмрэ дапщэщи щIэщыгъуэ щыщIыныр. Лъэхъэнэмрэ щIыналъэмрэ хуэхьэщыкъ усэхэм зыубгъуауэ къызэщIаубыдэ щIэгъэхуэбжьауэ епIэщIэкI зэманым къишэ налъэщIэхэмрэ зэхъуэкIыныгъэмрэ. Ар и щыхьэтщ Iэдэм лирик «зэпэкъабзэу» къэмынэу, публицистикэм и Iэмалхэми зэрахуэIэижьым, уи щхьэм хужыпIэж дзапэ уэрэд щэхур иджырей дунейм зэрыхэмыIуэнур къызэрыгурыIуэм. Уеблэмэ, публицистикэ жанымрэ гумащIагъ щабэмрэ ди лъэхъэнэм апхуэдизкIэ щызэхэшыпсыхьыжащи, цIыхум и щхьэ закъуэ гъащIэм егъэзыпIэ щэху иIэжкъым, и гуращэхэм я нэхъ гъэпщкIуахэри хэIущIыIу къыфIохъу, «ЦIыхур цIыху щIыжщ» псэлъафэр нобэм и махуэ къэс нэщэнэ мэхъу – а гупсысэр къудамэ Iэджэу яхэухуэнащ Iэдэм и тхыгъэхэм. Абы епхащ лэжьыгъэ IэнатIэм махуэлыншэу бгъэдэт цIыхухэр лъагэу, бжьыфIэу Iэтыныр, абыхэм я зыужьыкIэр, дунейм хуаIэ щытыкIэр, я гъащIэм езыхэр зэрыIыгъыу тепщэ зэрыхуэхъуж Iэмалхэр – а псори зыубгъуауэ зэщIэкъуэжауэ къэгъэлъэгъуэныр. Iэдэм и тхылъ нэхъ пасэхэм щынэхъыбэщ анализым нэхърэ синтезым нэхъ тегъэщIа усэхэр, гупсысэм и къэхъукIэм

нэхърэ езы гупсысэ хьэзырыр къэIуэтэныр нэхъ я хабзэщ, лъэхъэнэм и гупсысэ IэплIакIуэхэр нэхъ я гъуазэщ.

«Шууейуэ щытахэм бгыр зэрыпхахри», къэралым щыцIэрыIуэ шофёр пашэхэм я зэIущIэри, Iуэху пIэщIэгъуэр къыщыкъуэкIым ар зи пщэ иралъхьэ иджырей щIалэщIэри, шыщIэ цIыкIум IурыткIапщIэу ар «щыхьым хуэдэу бгырыжэу, жагъэм хыхьэм хьэ джафэу» къэзыгъэхъу сабийри, бэкхъ чылъэрыкIуэм и пIэм зыкъыщызыIэт Iэщыхъуэ щIалэри, лэжьапIэм хуэпIащIэ жэмыш хъыджэбзри, трактористхэм я тет цIыхубзри, зэрышэну зэпыхьа ныбжьыщIитIыр пIалъэ зыхуагъэувыжам зэрыхуэпабгъэри – гъащIэ къызэщIэрыуэм и налъэ куэдкIэ гъэнщIащ Iэдэм и усэ тхылъхэр. Къигъэлъагъуэ теплъэгъуэхэмрэ цIыхухэмрэ блэкIакIуэ плъэкIэу лъэныкъуэкIэ къахущыткъым езы усакIуэри:

*И Iэ бзиймкIэ дыгъэм щIылъэм*
*Гъатхэ фащэр щетIэгъэж.*
*Езы гъатхэр сфIэщIу псалъэ,*
*ЦIыкIухэр бзабзэу къыщIохъэж.*
*Зыр къэрабзэу щхъэху баринэщ,*
*И нэ цIыкIухэр хы жэбзащ;*
*ЕтIуанэр фIамыщIынэщ,*
*ПцIащхъуэ хуэдэщ къобзэбзам.*
*Мис а цIыкIухэм, жэп стехами,*
*Бжьыхьэ гугъэ самыгъэщI;*
*ЗылI и ныбжьыр сэ исхами,*
*Япэ гъатхэр схьы къысфIощI.*

**(«Къазшырыфэу тIэпIа гулъхэм»)**

Нэ жанкIэ къыхэубыдыкIа налъэ зырызхэми, гукъыдэжым къытрихьэ пшагъуэ мащIэми, усэр зэрыIу макъ зэпIэзэрытми къагъэлъагъуэ махуэ къэс псэукIэм и нэщэнэ къызэрыгуэкIхэр зэрыгурыхьыр, гъащIэм и мащIэри зэрыщIэщыгъуэр. Апхуэдэ теплъэгъуэхэм лирическэ геройм и гукъэкIхэмрэ гулъытэхэмрэ зэрахэухуэнам и сэбэпкIэ езы къэIуэтэкIэми пкъырэ псэрэ егъуэт, цIыху хьэлэлыр дунейм и IэфIхэм зэрыдахьэхыр егъэтэмэм.

Техьэ-текI Iэджэу захъуэж цIыхум и гурыщIэхэм, ауэ абыхэм къатекIуэ гукъыдэжым дапщэщи хэкIыпIэу иIэр щIым и берычэтагъырщ, дунейм и дахагъырщ, цIыхубэм я гуащIэдэкI узыншэрщ. Гурылъ-гуращэхэм я къэхъупIэр е гъатхэ щIэращIэм и нэщэнэ насып пэлъытэхэрщ, и хэкум и теплъэ гухэхъуэгъуэхэрщ, е лэжьыгъэм бжыпэр щызыIыгъхэм къагъэлъагъуэ зэфIэкIымрэ псэ къулейхэмрэщ. Уеблэмэ, геройр дэзыхьэх бзылъхугъэри нэгум къызэрыщIыхьэр щIыпIэм, лъахэм, хэкум «хэгъэпщIауэщ»:

*Иджы хэкум и нэгу сиплъэ хуэдэу,*
*Соплъмэ, гугъэр уэ насып схубощI.*
*Уэри Хэкури сигу фыхэлъщ фызгъафIэу,*
*Си нэм, си псэм сыткIи фыпызощI.*

**(«Гъэгъа напIэ пылъэлъахэм хуэдэу»)**

Лъагъуныгъэр дапщэщи пшагъуэншэ защIэу екIуэкIмэ, е ар «зэзыгъэзахуэ» Iущагъ щIыIэр къыхыхьэмэ, фэрыщIыгъэ къытемыуэу къанэркъым. ЦIыхур псэуфынукъым лъагъуныгъэ «къэгупсысакIэ», ар щыгъынкъым, бзарэ дауэ бгъэтIылъыжыну. Лъагъуныгъэр зэзэгъ дунейм теткъым... езым фIэкI, ар зыгуэркIэ «къебгъэзэгъыну» упыхьамэ, пцIы къыпIэщIохъуэ, «хуэгъэфащэ» тхэкIэр абы и хьэрэмщ, псэм хэмылъ лъагъуныгъэр «зыфIэбгъэщIыныр» щхьэгъэпцIэжщ, ар зыми и фIэщ хъуркъым, абы Iэ щIыIэ езэгъынкIэ Iэмал иIэкъым икIи ар ущимыIэм деж, зэбгъэгъуэтыну уелIалIэри губгъуэ нэщIым щызеуэ жьыбгъэр уи Iэбжьыбым къыибгъэзэгъэнри зыщ.

Iэдэм и поэзиер зэи епцIыжыркъым нэхугъэм, хъуэпсапIэ гурыхьым, псэ къабзагъэм, ауэ абы къегъэлъагъуэ «гурэ гурэ лъагъуэ зэхухашыныр» зэрымытыншри:

*Уэ зырт си гугъэр гъатхэ хуабэу*
*ГурыщIэ нэхукIэ щIызэIусхар,*
*Ауэ си гъащIэр уэ бгъэибэу,*
*Гу щIыIагъ уаещ къысхуэбухар.*
**(«Сигу уилъ къудейми узымейуэ...»)**

«Поэзиер къэзылъхур нэхугъэрэ гуапагъэрэщ», – жызыIэм пэжыр нэгъэсауэ къиIуэтакъым. Пэжщ, литературэм къигъэлъагъуэр а нэщэнитIырщ, ауэ а тIур тепщэ хъун папщIэ, кIыфIыгъэмрэ гуауэмрэ ебгъэрыкIуэныр Iэмал зимыIэщ. Iэдэм и тхылъхэм гъатхэпэ жьыбгъэ къабзэри щызэпреху, лIыгъэри макъ шэщIа ткIийкIэ къыщопсалъэ, гъащIэм и дыгъэмыхъуэм пыщIа гурыгъу-гурыщIэхэри щымащIэкъым. Абыхэм щыкуэдщ дыгъэмрэ мазэмрэ хуабагъэкIэ зэхуэмыдэу къапих нурхэри, цIыху псэукIэм къепIэскIу къару бзаджэхэр хэгъэщIэн гупсысэри; щызэхуэхьэсащ лIэщIыгъуэм и нэщэнэ куэдыкIей икIи къагъэлъагъуэ зэманым и теплъэ зэмыщхьэмрэ тхэкIэ IэщIагъэр зыхуэгъэпса мурадхэм зэрызахъуэжымрэ. Iэдэм и нэгу щIэкIащ ди поэзием цIыху гъащIэр тыншыгъуэ зэфэзэщу къыщигъэлъэгъуа илъэсхэри, ар гъащIэм и гугъупIэхэм щхьэуназэ щащI лъэхъэнэхэри, абыхэм тегушхуауэ икIи ерыщу щабгъэдыхьэ махуэхэри... Дуней гъащIэр социализмэмрэ капитализмэмрэ я лъабжьитI зэмызэгъым тету зэрекIуэкIыр гулъытэншэу къигъэнакъым ди усакIуэм. ТхэкIэ къэухьым кIуэ пэтми зригъэужьурэ, абы тегушхуэу къеIэт иджырей цIыхубэ пэрытыр зэщIэзыIэтэ гупсысэхэр.

Европэм и къэрал щхьэхуитхэмрэ хуитыныгъэмрэ демократиемрэ иджыри здынэмыса хэкухэмрэ егъэщIылIауэ Iэдэм 1961 гъэм къыдигъэкIащ «Гъуэгуанэ усэхэр» жыхуиIэ тхылъыр. ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа публицистикэр мы тхылъым щытепщэщ, мыбы дунеитI щотэдж, а тIум я зэгъэпщэкIэ-зэпэщIэтыкIэмкIэ тэмэм мэхъу ди зэманым екIуэкI бэнэныгъэм, и теплъэр ихъуэжми, щынэхъыщхьэ социальнэ къарухэр зэгурыIуэным иджыри гугъуехь Iэджэ зэрыпыщIар. Iэдэм дежкIэ зы къупхъэ закъуэм ижыхьа фащэ щхьэхуэм, сыт хуэдизкIэ ар мыкъулейми, къизэгъэнукъым лъэхъэнэр ди лIэщIыгъуэм зыIут IэнатIэ нэхъыщхьэр. Ауэ гурыIуэгъуэщ а IэнатIэхэм зыдаунэтIыпхъэ гъуэгуанэ нэхъыщхьэр. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ ди

литературэ псом дежкIэ: лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я гъунапкъэхэр иджыри пхъэрыгъажэкIэ зэпыIухами, лъэпкъхэм я лэжьакIуэ цIыхубэр буржуазием и тетхэм ягъэплъакъуэ щхьэкIэ къэмынэу, гурэ псэкIэ зэрощIэ, щIым елэжьхэм бзэ зэхуагъуэт, я мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ зэтохуэ. ДунеищIэм епха гупсысэ къабзэкIэ усакIуэм къепщытэ хамэщIхэм и нэгу щыщIэкI Iуэхугъуэхэмрэ нэщэнэхэмрэ, и нэр зытеплъэм хуэфащэ уасэ хуещIыф. «Вальсхэм я щыхьэр» усэ гупым хэтщ «Уэрэдыжьым и щIалэгъуэкIэ» зэджэр. Мыр усэу тха хъыбар цIыкIущ, ауэ а хъыбарым и лъабжьэм тхыдэр къыщопсалъэ, фIыгъуэр щIы щIагъым къыщIэзых лэжьакIуэхэм илъэсипщI зыбжанэ ипэкIэ ягъафIэу щыта уэрэдыр къыщоджэ, уеблэмэ, а щIы щIагъ уэрэдыр хьэщIэ еблэгъахэм я щIыхькIэ къыхадзэ. Уэрэдым хэтщ мыпхуэдэ сатырхэр:

*«Дунейм пэIэщIэу*
*ЩIы щIагъщ ди гъащIэр,*
*ЩIы къат нэхунщэм*
*Щыдохъ фызыншэу,*
*Щыдохъ бынышэу,*
*Щыдохъ жьэгуншэу...*
*Уни димыIэ*
*Дигъэхуэбэну,*
*Мы щIыIэ-псыIэм*
*Дыщихъумэну...»*



Уэрэдыр авторым, пцIы хэмылъу, зэрызэхихами ар жызыIэ цIыхухэр зэригуапэми шэч къытепхьэну ядэркъым кIэух едзыгъуэхэм:

*«Фытэдж цIыхубэр,*
*Дыдейщ щIыгу фIыгъуэр –*
*Къэсащ дэр щхъэкIэ*
*Ротфронт тетыгъуэр!»*

ИкIи авторым и нэгу къыщIоувэ 20-30-нэ гъэхэм поэзием нагъыщэу игъафIэу къекIуэкIа теплъэгъуэ ткIийр:

*«МакIуэ блын плIащIэу*
*ЦIыхухэр зэкъуэту,*
*МакIуэ пшэплъ ныпыр*
*Хуарзэу щхъэщыту!»*

Тхыдэм лъагэу иIэт гугъапIэр къэзыгъэщIэрэщIэжыр, дауи, нобэрей махуэрщ, ар дыдэмкIэ гуащIэрыпсэухэм я гущIэм куэд щIауэ щагъафIэ уэрэдыр пщэдейм хуопабгъэ. Дахагъэмрэ узыншагъэмрэ пыщIа нэщэнэхэр зэхуэдэу ягъафIэ икIи яхъумэ дэнэ хэкуи щыпсэу цIыху хьэлэлхэм, Тиролым и бынхэм тхьэпалъытэ бзылъхугъэу икIи насыпым и нагъыщэу къащохъу гуэл Чэщейм зыщызыгъэпскI урыс пщащэ тхьэIухудыр, абы «урыс гъатхэ» къыфIащ. Австрием и бгырысхэм макъ жьгъырукIэ зэдаIэт «Орлёнок», «Катюша» уэрэдхэр, езыхэр зэсэжа вальсым пкърагъэзагъэри, псыпыху щIыкIэу къызэдофэ. Усэхэм

щытэдж хьэщIэр иропагэ езыр ди къэралыгъуэм и лIыкIуэ ину бгырысхэм къызэралъытэм, абыхэм фIэфIыпсу яхуеIуатэ здикIа Хэкушхуэм тепщэ щыхъуа цIыхугъэ хабзэхэм я хъыбар, я нэгум, я гъащIэм хелъагъуэ Кавказым къыпэджэж нэщэнэхэмрэ дамыгъэхэмрэ:

*Къелъэлъэхыу сыхъэр*
*Солъагъу Iуащхьэмахуэ,*
*ХузощI абы IэплIэ,*
*Анэ бгъафэ хуэдэ,*
*СигъэщIащ а бгышхуэм*
*СыткIи гугъэ махуэ,*
*Сапсыхъащ и уэсхэм*
*ЛIыгъэкIэ сэ куэдрэ.*
**(«Зальцбург къалэм»)**

Щалъхуа хэкум къигъэзэжауэ IэфIу здэгупсысэм, макъамэ щэхухэм ятхьэкъуа цIыхум и гум пшынэбзэ дахэхэр щоушэ, зи гущэ ихъукIа псыхъуэри, лъэпкъым и гъэфIэн уэрэдри, Моцарт и музыкэ гуакIуэри – псори зы макъ Iэрамэу зэхыхьэжауэ бгъэм щошэрашэ. «Ауэ зэуэ къысIуроупщIыIуэ», – жеIэ усакIуэм. Сыт къэхъуар? Псэр зыхэт пщIыхь IэфIыр сытым къикъута? Уэгуми щхьэ зиуфа, вагъуэхэри щхьэ кIуэда?

Псэ зызыгъэпсэхум щыушэ дуней IэфIым езэгъынкIэ Iэмал имыIэу сыринэ гущIыхьэр къофий, хамэщI сэлэтхэр зэрегъэфащи, хьэщIэщыр зытет уэрамым къыдозэрыгуэ, ахэр зэрыс хьэлъэзешэм и уэздыгъэхэр дыгъужьынэу кIыфIым къыпхолыдыкI:

*Къалэм мамырыгъэр*
*Щачэтхъащ аргуэру...*
*Жэщ мазэхэр Зальцбург*
*Нэхъри щокIыфIыж.*

ХамэщI щхьэзыфIэфIу щызеуэ сэлэт удэфахэм «бысымыр» ирашхыкI къудейкъым: абы Iэщэншэ-лъыгъажэншэу зэхауплIанщIэ цIыхупсэр, зэхакъутэ гъащIэр, зэхапIытIэ насыпыр, хаутэ напэри, нэмысри, цIыхугъэри, укIытэри... «Фызабэ» усэм мыпхуэдэ псалъэпэ иIэщ: «Дэ къыджаIащ Зальцбург къалэм и закъуэ негр сабий зеиншэу 600-м щIигъу американскэ сэлэтхэм къыщызэранэкIауэ». АдэкIэ цIыхубз Iэджэми абыхэм «хабзэншэу» ягъуэта сабийхэми я трагедиер къеIуатэ усэм. Анэмрэ бынымрэ зэкIэрач – я фэр зэрызэмыщхьым щхьэкIэ, цIыхугъэм и лъагапIэ дыдэр фIеягъэм хаутэ къэкIуа сэлэтхэми, къыздэкIуа къэралым и «хабзэщIэкъухэми», – я напэр зы цыргъуейкIэ мыджылу. Залымыгъэмрэ фитIнагъэмрэ щытепщэ къэралхэм я «демократиер» здынэсыр къыбгурыIуэну гугъукъым апхуэдэ щапхъэ щыплъагъукIэ.

«Гъуэгуанэ усэхэм» я публицистикэр жанщ икIи ткIийщ. Абы хузэфIэкIащ махуэ екIуэкIым къыздишэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм я пщтырагъыр мыкIуэщIу, я пэжагъым хэмыщIу дунеитI зэпэщIэтым я тегъэщIапIэ лъабжьэхэр зэрызэмыщхьыр гъэкууауэ ди пащхьэм



7 Заказ №791

къырилъхьэн, ардыдэмкIи адыгэ поэзиер ЩоджэнцIыкIу Алий иужькIэ зэзэмызэ фIэкI зыхунэмысу щыта темэхэр къиIэтын.

Иужьрей илъэс зытIощIырыпщIым ди обществэр зыхуэкIуэ зыужьыкIэщIэхэр цIыхум и психологием зыгуэркIэ къемыIусэу къанэркъым. ЦIыху щхьэхуэм и гъащIэм кIуэ пэтми нэхъ ерыщу къыхохьэ дунеймрэ обществэмрэ зэрызауж хабзэхэм я къудамэхэр. Политикэм, социологием, щIэныгъэ зэхуэмыдэхэм я бзийхэр хэухуэна мэхъу иджырей цIыхум и гупсысэми, и акъылми, и псэукIэми, и дуней еплъыкIэми. Езы обществэм и зыужьыкIэр зыхуэунэтIа гъунапкъэхэр здынэсыр кIуэ пэтми нэхъ IупщIу къэзыгъэлъагъуэ пщалъэхэм ящыщ мэхъу цIыху щхьэхуэм и къэухьымрэ и зыужьыкIэмрэ, абы и зэхэщIыкIым зиукъэбзурэ нэхъ къулейуэ зэрызиузэд нэщэнэхэр. А псори зыхуэунэтIар, кIэщIу жыпIэмэ, цIыхум и цIыхугъэр сыт и лъэныкъуэкIи егъэфIэкIуэнырщ.

ГурыIуэгъуэщ литературэм и пащхьэм псалъэ мыухкIэ къит а къалэныр нобэ егъэлеяуэ гъэтIылъыпIэншэ зэрыхъур. Дауи, ар зы махуэм зыкъиIэту етIуанэм еужьыхыж къалэнкъым, ауэ иджыпсту нэхъри нэрылъагъу мэхъу обществэм щIэгъэхуэбжьауэ зезыгъэуж къару псоми цIыхум нэхъыщхьэ зэрахэмытыр.

ЦIыху щхьэхуэм псэкIэ игъэв гурыщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр Iэзагъэм и пщалъэ нэгъэсахэмкIэ къэхутэнырщ лирикэм къыдалъхуауэ и гъащIэр зэтезыIыгъэ хабзэхэм я нэхъ къаруфIэр. Ауэ авторым и тIолъхуэныкъуэгъу хуэдэу лирикэм хэт персонажыр характер щызкIэ гъэнщIауэ герой хъун папщIэ Iэмал имыIэу игъэзэщIэн хуейщ зы дерс: геройм и псэм щызэхуэхьэсауэ щытын хуейщ езыр халъхуауэ зыхэхъукI обществэмрэ лъэхъэнэмрэ ягъафIэ цIыхугъэм и нэщэнэ пэрытхэм щыщ гуэр, абыхэм я гъуазэ лъапIэхэм языхэз. Арыншамэ, герой щыIэкъым, лирикэри купщIэншэщ. Апхуэдэм деж, нехьэкI-къехьэкI хэмылъу жыпIэмэ, усакIуэр усэтхыу къонэ, усакIуэ нэгъэса мыхъуарэ а цIэ лъапIэр щхьэгъэпцIэжу зыфIищыжауэ.

ГъэщIэгъуэнщ лирикэм и геройр Iэдэм и усэ тхыгъэхэм зэрыхэхъукI гъуэгуанэм укIэлъыплъыну. Литературэм щрихьэкIа япэ лъэхъэнэм щыщу илъэс тIощI хуэдиз къапщтэмэ, Iэдэм хабзэ нэхъыщхьэу иIащ езым и Iуэху яхимылъхьэ хуэдэу, лъэныкъуэкIэ къыщытым ещхьу къэгъэлъэгъуэныр. Хьэуэ, тхыгъэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм авторыр хуэгулъытэншэу аратэкъым, и гулъытэр е псалъэ къыхэхыкIэм, е макъ IукIэм, е нэгъуэщI нэщэнэ щхьэхуэхэм хэпщауэ къекIуэкIырт, ауэ «сэ» цIэпапщIэм и пкъыгъуэ зэхуэмыдэхэм усэ хъыбарым бжьыпэр щаIыгътэкъым, ар къыщиIуатэкIэ еплъыкIэ пыухыкIахэр къигъэлъагъуэ пэтми. Мыбдежым къыщекIущэу къыщIэкIынкъым прозэ тхэкIэм и нэщэнэ щхьэхуэхэмрэ и къалэн зырызхэмрэ ди поэзиер яхуэмыхамэу щIыщытам и щхьэусыгъуэхэр зыубгъуауэ къетхэкIыныр: абы лэжьыгъэ щхьэхуэ хуэфащэщ. Ауэ мы зым гу лъыптэну гъэщIэгъуэнщ: лирикэр дэзыхьэхыу щыта къэIуэтэкIэ гъущэм къыбгъэдэкIыурэ гупсысэным щыхуэкIуэмрэ прозэм и къызэщIэрыуэгъуэмрэ зэманкIэ зэгъунэгъущ (щызэтехуапхъэри хэдзыпхъэкъым) – а IуэхугъуитIыр къэзыша щхьэусыгъуэхэм я лъабжьэр литературэ къабзэм къыщымынэу, гъащIэм и нэгъуэщI IэнатIэхэм къыщежьэ пэтми.

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и лэжьыгъэр къапщтэмэ, мыбы литературэм и пкъыгъуитIыр – лирикэмрэ прозэмрэ – щхьэж и къалэн хэха иIэжу «щызэбгъэдэкI» пIалъэр 60 гъэхэм я пэщIэдзэм техуэу хуэбгъэфащэ хъунущ. Дунейм и IэнатIэ гуэрхэр лъэхъэнэм и лIыкIуэ хуэдэу къызэфIэувэ цIыху щхьэхуэм и зэхэщIыкIхэмрэ гупсысэхэмкIэ щIэпщытыкIыныр Iэдэм и лирикэм а гъэхэм къыщыщIедзэри, кIуэ пэтми кумылэ хуэхъуурэ, и тхыгъэхэр къызэщIэзыкъуэ къарууэ зэроубыд. АпщIондэху авторым и гъащIэм щыщ нэщэнэ щхьэхуэхэр усэхэм мет зырызу якIэрыда фIэкI мыхъумэ, абыхэм лъынтхуэу пкърызагъэ я хабзэкъым. НэгъуэщIу жыпIэмэ, 60 гъэхэрщ Iэдэм и лирическэ геройм зиукъэбзурэ пкъырэ псэкIэ щызэрыубыдар, ар хъугъэ щихьар.

1968 гъэм къыдэкIа «Бгыщхьэ мафIэ» тхылъыр усакIуэм тхьэусыхафэкIэ къызэIуех: сатырхэр шэщIами, псалъэхэр лъэтэн хьэзырми, абы зеумысыж:

*Ауэ быдакъым си Iэр шэжыпкъыу,*
*Си нэм яльагъукъым нэщанэр Iэзэу.*
**(«ВакIуэлIу, зауэлI шэрыуэу»)**

Иджырей дунеймрэ гъащIэмрэ я зыужьыкIэр зыунэтI къарууитI абрагъуэхэрщ Iэдэм и геройм пкъырэ псэрэ къезытыр: ар вакIуэлIщ икIи зауэлIщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, гъащIэм и ухуакIуэщ икIи и хъумакIуэщ. УсакIуэм и гъащIэм махуэ къэс къыдэгъуэгурыкIуэ пкъыгъуэ цIыкIуфэкIухэр кIэрыщэщыж хуэдэурэ, лъэхъэнэм и нэщэнэ уардэхэр къыхэгъэкъэбзыкIа щIыкIэу зи псэукIэм анэлу хэпщIа цIыхурщ зэманым бжьыпэр щызыIыгъ герой лирикэм хэхъукIыр. Ауэ апхуэдэ характерыр тип нэгъэса хъун папщIэ, езыр адрейхэм емыщхь нэрыбгэ щхьэхуэ зыщI нэщэнэхэмрэ пкъыгъуэ щхьэхуэхэмрэ ягъэтэмэму щытын хуейщ. А псом зэреджэр цIыху щхьэхуэм и ухыгъэщ. Лъэхъэнэр зезыгъакIуэ хабзэхэмрэ къарухэмрэ цIыху щхьэхуэм и гъащIэм хэпща Iэмалхэмрэ пкъыгъуэ щхьэхуэхэмрэ зэмыщхьынкIэ мэхъу, езы цIыхухэр зэрызэмыщхьым хуэдэу. Iэдэм и лирическэ геройр адрей усакIуэхэм ягъафIэ цIыхум ещхь зыщIыр зи гугъу тщIа IуэхугъуэшхуэхэмкIэ я зехьакIуэ зэрыхъурщ, ауэ а Iуэхугъуэхэм хэзышэ гъуэгуанэр езы геройм и нэщэнэхэми зыми емыщхь ящI. Мис апхуэдэ егупсысыкIэр зыгъэтэмэм щапхъэ:

*СыцIыкIут сэ, щIагъуэу сыхэмыхъуэу,*
*Си ныбжькIэ жаIэрт сынэхъыщIэу:*
*Мес, уи ныбжьэгъухэр, лIы умыхъуу,*
*ЛIы хъуащ, я Iуэхухэр дэни щащIэу...*
*... ЖысIэнщи пэжыр – къуэш нэхъыщIэу*
*СиIам иратырт нэхъыжьыгъуэр,*
*Ауэ лэжьэнкIэ еш сымыщIэу,*
*Хуэм-хуэму сищIырт спортым игъуэ.*
*СывакIуэу, аурэ сохъэ лIыпIэ,*
*Аргъынэ кIыхьхэм сащIыр лъэч.*
*БэнэнкIэ, штангкIэ си хэку напэ*
*Схъумэу къурш гъуэгухэр зэпызоч.*
**(«СыцIыкIут сэ, щIагъуэу сыхэмыхъуэу»)**

Нэрыбгэ щхьэхуэр щIэблэ псоми къыхэзыгъэщхьэхукI нэщэнэхэр мы усэм щыкуэдщ: усакIуэм и биографиер геройм и гъащIэм хэпщащ, а тIум зэгуэхыпIэ яIэкъым, ауэ «цIыкIуж» къыхужаIэу къэнэнкIэ зэрышынэр къэгъани, хэт зымыщIэр 30 гъэхэм къызэфIэува щIэблэм дежкIэ спортым иIа мыхьэнэм и инагъыр? ИтIани ди поэзием щыгъуэтыгъуейщ Iэдэм и геройм хуэдэу спортыр зи гъащIэм налъэ хуэхъуа нэгъуэщI цIыху. ВакIуэлIым и гуащIэдэкIымрэ зауэлIым и лIыгъэ гуащIэмрэ я гъащIэм щызэхэпщауэ къэхъуащ дяпэ ит щIэблэ нэхъыжьхэр. Уеблэмэ, ди лъэпкъ тхыдэм а IуэхугъуитIыр щызэгуэухуэнауэ гъищэ IэджэкIэ къекIуэкIащ, ауэ лIэщIыгъуэ дызэрытым хуэдэу зауэр дунейкъутэжым щыхуэкIуа лъэхъэнэ зэи щыIагъэнкъым. Ар зи нэгу щIэкIа дэтхэнэми и гъащIэм къыхэнащ, зауэм ижь къыщIимыхууи къанэркъым а щIэблэм и гупсысэхэмрэ и Iуэху лэжьыкIэмрэ. Зауэм и фэбжьыр текIыжынкIэ мэхъу щIы щхьэфэми, цIыху Iэужьми, дунейм и нэщэнэ дэтхэнэми, ауэ гум ар икIыжыркъым. УсакIуэм куэдрэ къыфIыдокIуеиж псэзэпылъхьэпIэм щыгъуэ зыхэта хьэзабыр, нобэми абыхэм йогупсыс, и нэкIэ зэгуэр илъэгъуауэ щытахэр къэзыгъэщIэрэщIэж скульпторым хуэмыарэзыуи къанэркъым:

*Мэдым, мэпсалъэ*  
*Уадэ уэ макъыр,*  
*Къыр фагъуэм лIыгъэр*  
*КъыхотэджыкI.*  
*Уахътыншэ нэхуу*  
*Хахуагъэ щыпкъэр*  
*ЗауэлIхэм я нэм*  
*КъыщIолыдыкI.*

**(«ТхьэкIумашэ М. хузотх»)**



ВакIуэлI и гъащIэмрэ зауэлI и лIыгъэмрэ зэгуэхыпIэ щамыIэ лъэхъэнэр кIыхьу къыщIэкIащ, къыкIэлъыкIуэ щIэблэхэм я гъащIэми ар дамыгъэу къытонэ. Iэдэм къызэрыщыхъумкIэ, а IэнатIитIыр цIыхум димыIыгъмэ, тхыгъэм IэщIокI лIэщIыгъуэм и купщIэр, лъэныкъуабэ мэхъу псалъэр. ИкIи а макъамитIырщ усакIуэр иужьрей илъэсипщIхэм нэхъыбэу зытхьэкъур, а тIур иджырей дунейм нахуэ хуэхъуауэ къелъытэ. «Еруугъэм уи нэр къыщебгъапхъуэу, цIыху пэжыгъэм ар къыумыгъэIусэ!» – пасэрей джэгуакIуэжьхэм зэрахабзэу, и усэр еущий Iэдэм. И лэжьыгъэм кIуэ пэтми нэхъ ткIийуэ зэрыбгъэдыхьэм, Iэзагъэм хигъэхъуэну зэрыщIэкъум, гупсысэ жаныр кууэ дапщэщи игъэшэрыуэну зэрыщIэхъуэпсым усакIуэр хагъэзыхь иджыри къэс хузэфIэмыкIам ткIийуэ кIэлъыплъыжыну.

Итх псори къызыхуэтыншэу къехъулIэу къилъытэж хъуамэ, тхакIуэр «къэсыжауэ» аращ. «Хэплъыхьыпауэ жылапхъэ псалъэр» къыхэхыным ар хэгъэзыхьауэ егупсыс щыхъур илэжьым нэсу щыхуэмыарэзыж лъэхъэнэрщ. Псалъэр пэжыхукIэ нэхъ шэрыуэщ, мащIэхукIэ уэсыр «усэр нэхъ IэфIщ», апхуэдэщ «лIэщIыгъуэм хуэмыгуащIэмащIэ» уэрэдыр къэзыгъэщIыфынур. Езым и эстетическэ еплъыкIэ къыщIиуIукIыжа нэужьщ тхакIуэри зэрыхъупхъэ хъуауэ къыщалъытэр. Лъэхъэнэм щытепщэ еплъыкIэ гуэрхэм Iэдэжу ядэкIуэ къудейкIэ

тхакIуэм хузэфIэкIын щIагъуэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр кIуэ пэтми нэхъ ерыщу къэзылъагъухэр я IэщIагъэм къыпыщэтыжу аращ. IэмалыщIэхэмрэ еплъыкIэщIэхэмрэ псэухукIэ къэзылъыхъуэрщ зи IэщIагъэм уанэгу хуэхъу хабзэр, абы къэувыIэпIэ иIэкъым. Гупсысэр щIэщыгъуэ щыхъур псэлъафэ пкъыфIэм щыпкърызагъэрщ – аращ Iэдэм кIуэ пэтми нэхъ зыщIэхъуэпс унэтIыкIэр. Иужьрей тхылъхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, ЩоджэнцIыкIум и усэхэм бжыпэр щызыубыдыр дунеймрэ цIыху гъащIэмрэ ткIийуэ щIэпщытыкIын хьэлырщ:

*Сыхоплъэ хадэ пхъэщхъэмыщхъэм,*
*ПцIащхъуэ лъэтэжхэм сакIэлъоплъ:*
*«ИкIащ ар зы гъэу гъащIэ пащхъэм», –*
*Iэнкуну жысIэу сигу ироплъ.*
*А гъэр лъхуадэншэу сэ згъэщIамэ,*
*И гъащIэ хадэм кIуэнкъым цIыху,*
*Абгъуэ бгынари згъэнэщIамэ,*
*КъитIысхьэжынкъым пцIащхъуэ бгъэху.*

**(«Сыхоплъэ хадэ пхъэщхьэмыщхьэм»)**

ЦIыхухэр куэд щIауэ зэсэжа дунейм и нэщэнэхэм иджы къаIуатэ ижь-ижьыж лъандэрэ ягъэлъапIэ цIыхугъэ лъагэр, щIы щIыIум лъэужь щыпхышыныр, дунейм гуапагъэ къытенэныр. Мыбдежым псалъэ пкъыгъуэхэр нэрылъагъу къудейкъым – ахэр усакIуэр зыхуейм хуолажьэ, езыхэр джафэ къызэрыгуэкIыу къэнэжыркъым: нагъыщэ мэхъу, я теплъэр я купщIэм къегъэхуабэ, дэнэкIэ «къэбгъэкIэрахъуэми» акъыл зэхуэхьэсыпIэу къонэ. Iэдэм тхэн къызэрыщIидзэрэ лъыхъуа хуэдэщ псалъэр акъылкIэ зэрапсыхь щэхухэм. Псалъэр щытэмэмым деж къыпкърыкIыр усакIуэр зыхуейм и закъуэкъым, абы пкърызэгъэнкIэ мэхъу еджэм и гукъэкIхэр, гукъэкIыр къыщыушым, цIыхум и зэхэщIыкIми хохъуэ. АтIэ цIыху зэхэщIыкIым хигъэхъуэныркъэ образыр къызыхуигъэщIар? Пхъэщхьэмыщхьэр хъуащ, пцIащхъуэр мэлъэтэж, дунейр бжьыхьэхуэкIуэщ, гъэр и кIэм нэсащ, цIыхур илэжьамрэ хузэфIэкIамрэ щегупсысыж пIалъэщ – апхуэдэм деж гукъыдэжым нэщхъеягъуэ мащIэри къыщIэлъэдэнкIэ мэхъу. Акъылыр зыгъэуш щхьэусыгъуэхэри гъэщIэгъуэнщ: цIыхур дуней зытетым и курыкупсэщ, щIыгур дахагъэрэ угъурлыгъэкIэ игъэнщIыным хуалъхуащ, ауэ дахагъэ псоми я къежьапIэр езы цIыхум и цIыхугъэм кIэ имыIэу хигъэхъуэнырщ. Дунейм и нэщэнэ псори щапхъэ ищIыпхъэкъым цIыхум, абыхэм узыхуэмей Iэджэ къахокI. Къапщтэмэ, сыт жьыбгъэр зыхуэмейм къыщIэпщэу, къыщIэбгым щIылъэмыIэсыр? Тафэ гъуркIыр къызэщIибзаеу сабэмрэ пхъэнкIиймрэ къигъэукхъуэ нэхърэ нэхъыфIтэкъэ зи хъурзэр зэлымпIауэ хым тет кхъухьым щIэпщамэ? Е къуршыбгъэр къыр члисэ уардэхэм къаблэкIыу жыг дакъэжь сахуэм щхьэ тетIысхьэрэ? Е Дездемонэ мазэгъуэ нэкIум игъуэтыртэкъэ мавр вындрыжьычым фIэкIа? ПщIэнукъым – мазэр зыхэлыдыкIыр жэщ кIыфIыгъэрщ. УсакIуэри апхуэдэхэм ещхьу щыпхъэщ зыгуэркIэ: мыбыи хабзэ мыкъутэж хухахакъым, и щхьэмрэ и псэмрэ щыхуитыжым деж, езым и IэщIагъэр хабзэщIэхэмкIэ еунэтIыф.

Сыт уафэр «Iу гъущIакIэ щIэгъуагъуэр?» Щхьэ жьыбгъэ сэбэпыншэм кърихьэкIрэ Iэбгъэ удэфам ещхьу уэгур къэзыджэдыхь пшэ бэгыжахэри?

Апхуэдэ упщIэхэр зыгъэуш усэ мащIэ итхакъым Iэдэм иужь лъэхъэнэм, абыхэм я жэуапу иукъуэдийхэми гурыхь куэд къахокI:

*Ухуейми гъуагъуэ нэсу уафэм,*
*ЗыщыщI дэндежи джэрпэджэж...*
*Уэ зумыгъэIуу уи IуэхущIафэм*
*И макъыр гъащIэм преджэж.*

**(«МэIу борэныр жьапщэ нэщIкIэ»)**

Пэж дыдэщ: умыгъуапэрэ умыпщампIэу уи цIэр бгъэIужу къэпкIухьыныр щIагъуэкъым, уеблэмэ, нэгъуэщI усакIуэм зэрыжиIащи, «Жьыбгъэр зыхуэлъэр чей нэщIырщ, псы лъэмыIэсмэ, мэгъущIэ»,

Iэдэм нэхъапэм гупсысэм тегъэщIа усэхэр нэхъ и натIэу щытамэ, иужькIэ зритащ гупсысэныр зи нэрыгъ тхэкIэм, абыкIи КIыщокъуэм ишэщIа макъыр къыдепхъуатэ. Iэдэм тхэн зэрыщIидзэрэ дехьэх дунейм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм япыщIа фащэхэмрэ теплъэгъуэхэмрэ, ауэ дахагъэ нэщэнэхэр къигъэлъагъуэ къудейкIэ къыщызэтеувыIэж къэхъуу щытамэ, иужьым ахэр къызэкIуэцIыхыныр хабзэ ещIри къегъэпсалъэ, и бзэр цIыхухэм япкърыхьэн хуэдэу.



*УаIуоплъэ розэм, Iущхъэ пкъыщIэм,*
*Узэплъым пщIэркъым я нэхъ дахэр.*
*Шылэрэ данэу фащэ ящIым*
*Хэлэжьыхь хуэдэщ езы гъатхэр.*

**(«Уи нитI зытеплъэ цIыху лэжьыгъэр»)**

«Дунейм хэплъэфым сыти къыхех», – жаIэу щыташ пасэрейхэм. Ауэ цIыхум «къыхихыр», дауи, езыр зыхуейрщ, хилъагъуэри езым и Iумэтрэ и шыфэлIыфэрэщ. Къызэрыхъу лъандэрэ лэжьэн, псэун зи натIэ цIыхубэр гугъапIэ IэджэкIэ кIэлъоплъ зи куэщI къихъукI нэщэнэхэм, и Iуэху сыт хуэдэ лъэхъэнэми зыIутым елъытауэ зыхуэныкъуэхэр щIым хелъагъуэ.

«Уафэ нэзым и лъагагъыр узэреплъым елъыташ», – жеIэ лIы Iущ гуэрым. ЦIыху пэрытым и Iэужьым езы дуней дыдэр догуфIэ, езыр къэзыхутэфымрэ зэпкърызыхыфымрэ акъылэгъу къадохъу. Дауи, щIэныгъэмрэ техникэмрэ я къарур гъунапкъэншэу щыхэхъуэ лъэхъэнэрщ, ахэр цIыхубэм я гъащIэ мытыншыр дагъэпсынщIэу къащыдэлажьэ обществэрщ зи гугъу тщIы макъамэхэм я хэкIыпIэр:

*Гухэхъуэр бгыхэм я бгъэм щыджэу,*
*Абы я плъапIэщ нобэ уэгур:*
*Ялъагъу телъыджэм я телъыджэу*
*РакетэкIэ цIыхум пхаха гъуэгур.*

**(«Гъэгъэныр щIылъэм иухащи»)**

ЦIыхур мэгубжь, мэубзэ, мэгуIэ, мэгуфIэ – ар зы пIэрэ зы хьэлрэ итщ жыхуаIэр жьэгу пащхьэм щытэмэмми, литературэр зыхуэмей

гупсысэщ. ИкIэм-икIэжым цIыхубэ псом и гукъыдэжыр къыдэуейми еухыжми зыпыщIар дунейр лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм зэрыхьэ щыты-кIэрщ, абы гуапэмрэ гуауэмрэ щаIыгъ увыпIэмрэ мыхьэнэмрэщ. Дунейр мамыру зэтетми, къару зэпэщIэтхэр абы щызэрыземыкъуэмэ, цIыху щхьэхуэм къыщыщIэдзауэ лъэпкъыбэ псоми нэсыху я псэукIэр нэхъ гупсэхуу йокIуэкI, ауэ цIыхум и щытыкIэр и пIэм иувыIыхьауэ зэи къанэркъым. Iэдэм и тхыгъэхэм я «щIагъыбзэм» дэ щызэхыдох а пшынэбзэ зэхуэмыдэхэр – зыр зым ихъуэжу, зыр адрейм тегуплIэу, щызэхэшыпсэжи къэхъуу. Ауэ усакIуэм нэми псэми хуихьу дапщэщи игъафIэхэм бжьыпэр щаIыгъщ цIыху IэщIагъэ уардэм, IущагъкIэ узэда гуащIэдэкIым, абы и лIэужьыгъуэ зэмыщхьхэм. Мис абы «Сурэт гупу» и пащхьэм щызыфIигъэщI дэрбзэр ныбжьыщIэхэм яхужиIэр:

*Жэщу напIэр яIэтам хъыджэбзхэм,*
*Ныхолъадэ кIыфIым я нэ вагъуэр.*
*Е хэплъамэ махуэ зэIумыбзым,*
*Егъэнэху а махуэр я Iуплъэгъуэм...*
*Бзу пшыналъэу зэдаIэт уэрэдыр,*
*ЗэдаIэт моторхэр ягъэпIащIэу.*
*Нэр пIэпахыу ядри фащэ куэдыр,*
*ГъащIэр щIылъэм щахъумэф щIэращIэу.*

**(«Жэщу напIэр яIэтам хъыджэбзхэм»)**

А усэхэм я пкъыр апхуэдизу зэгъэкIуащ, зэрыгъэбыдащи, зэпкърыпхыну ухуеежьэмэ, зы повесть курытыфI и гупсысэ къапкърыкIынщ. Усэм хэщIа кIапсэ нэрымылъагъуэхэм цIыхур дуней псом ирапх, абыхэм я лъынтхуэр зэтехуэу зэдобауэ, зэдолажьэ, зэдопсэу, я гухэлъ зэхуаIуатэ, зыр зым щIэгъэкъуэн хуохъу. Гупсысэ къабзэкIэ къищIыкIа теплъэгъуэ мыинхэм акъыл куу кърегъэIуэтэф Iэдэм, гур зыгъэжан жыIэгъуэ гуапэхэмкIэ щIэщыгъуэ ещI зытепсэлъыхьыр:

*Гъэгъащ жыг хадэр гур пIэпихыу,*
*Гъэгъам фоупсхэр щодыгъэпс.*
*КъапщIий абджыхур жьэм Iуимыхыу,*
*Иреф чэф хъуауэ жьым уэсэпс.*
*Нэхущым щIыгъуу къэушауэ*
*Уэрэдхэр, мэфIхэр щIым егуэш.*
*Гъэгъам бжьэ бынхэр ятеуауэ,*
*IэфIыкIэ маер къыздыхаш.*
*Бжьэм хуэдэу, сэри сыгуащIафIэу,*
*Сыплъохъу, сымыдэу сигу нэщIын.*
*СыбжьапцIэу схъыркъым. СыбгъэгуфIэу*
*Схуэгъагъэ – фокIэ узгъэнщIынщ.*

**(«Гъэгъащ жыг хадэр гур пIэпихыу»)**

ЦIыхум и псэр зыхуэжэ гуращэ къабзэхэр ягъэуэр псэлъафэ нэхухэм, дунеймрэ цIыху гугъапIэмрэ апхуэдизкIэ зэподжэжри, гъащIэр гукъыдэж защIэу екIуэкI къыпфIагъэщI, а гукъыдэжри зэи блэмыкIын хуэдэу уагъэпхъэр. Зэманым и напIэзыпIэ гурыхьхэр жану къаубыдри, езы зэманым ещхьу дунейм и лэжьыгъэри зэрыгъунапкъаншэр

гукъинэ ящI мыпхуэдэ сатырхэм:

*Пщыхьэщхьэм махуэр ешыпауэ*
*Ирелъхьэ дахэу жейм и IэплIэ.*
*Пшэм, дыхьэрэнкIэ захуэпауэ,*
*Тралъхьэ я щхьэр бгыхэм я плIэ.*
**(«Пщыхьэщхьэ»)**

ПсэкIэ зызыгъэпсэху дунейр иджыпсту тебэяуэ къудейщ, абы «цырхъкIэ» зэран ухуэмыхъу: и фэм куэд дэкIащ, къызэрыушу лэжьыгъэ нэхъыбэжи къыпэщытщ... Куэдым урагъэгупсыс апхуэдэ усэ «щэхухэм», ущие пцIанэм къыхуэмыIэтын гурыщIэ къаруушхуи япкърылъщ, дэтхэнэ псалъэ «Iэрысэми» мыхьэнэ зэхэлъхэр щопэкIу, дунейм и бэуэкIэр зыщIашэу.

Iэдэм дунейм и пкъыгъуэхэр къыхигъэнэхукIыурэ, хузэфIокI, сурэтыщI Iэзэм къипхъуатэурэ зэхуихьэсам хуэдэу, теплъэгъуэ зэщIэхъаехэр ди пащхьэм щигъэпэкIун. Усэхэм дунейр щобауэ, щопсэу, щолажьэ, щогуфIэ, щонэщхъей, абы гуауэри гуапэри зыхещIэ, и дахагъыр зымыужэгъу цIыхури псэкIэ нэхъ сакъ ещI, ар ихъумэну, игъэщIэрэщIэну. Анэдэлъхубзэм куэд щIауэ къыдекIуэкI жыIэгъуэ гуапэхэм а дунейр нэхъри хуабэ, лъагъугъуафIэ ящI, нэгум пкъыфIэу къыщIагъэувэ. «Йос бдзэжьейхэр, хым зыщамыгъэнщIу», «къазшырыфэу тIэпIа гулъхэр щабэу, быбу тесщ къудамэм», н. Iэдэм и усэр лантIэ хъуащ, абы зешэщI, зеплъыхь, пкъыгъуэ нэхъыбэрэ гупсысэ нэхъ Iэрыхуэрэ къелъыхъуэ. Абы дунейм и пIалъэ псори щызэблокI, ауэ дапщэщи нэхъ я гуапэу гъатхэр, къэушыгъуэр, щIалэгъуэр, лъагъуныгъэр ягъэдэхэну, ахэр гъуэбжэгъуэщ мыкIуэдыж ящIыну. Дыжьын уэзджынэр зыхэIукI макъкIэ а усэхэм къаIуатэ иджырей цIыхур зэщIэзыIыгъэ пабгъапIэхэр, мурадхэр, хъуэпсэгъуэхэр, псэукIэм и гъэгъапIэхэр. Езы ди усакIуэм хуэбгъэфэщэж хъунущ абы Расул Гамзатовым папщIэ жиIахэр:

*Уи усэм бзухэр щобзэрабзэ,*
*Щогъагъэ гъатхэ, щонэхущ.*
*ЦIыхугъэ лъагэр щогукъабзэ,*
*Щыхуейм – жыр гуащIэщ – ер пегъэщ.*

Иужь лъэхъэнэм ЩоджэнцIыкIур, шэч хэмылъу, усэ тхыным и гъуэгуанэщIэ техьащ. Гупсысэр шэщIауэ унэтIынымрэ псалъэр щысхь хуэдэу зэригъэзэхуэнымрэ къашауэ къытфIощI Iэдэм иужь илъэс 20-25-м сонет фащэр къызэрыхихар. Сатыр пщыкIуплIу псыхьа усэ тхыгъэм Iэмал къыуитыркъым псалъэр жьым хэпхъа куэнсапIэу зэбгрупхъыну, ауэ Iуэхур абыкIэ зэфIэкIыркъым. Языныкъуэхэм къащыхъуу къыщIэкIынщ сонетыр бжыгъэ зызымыхъуэжым тетмэ, е пычыгъуитху ямбым къытемыкIмэ, е зэ къыхиха кIэух щIэжьыуэр япэ катренитIым щызэщхьрэ иужь терцинитIыр рифмэ зэблэдзакIэ зэпхамэ, е нэгъуэщI нэщэнэ къэубыдыгъуафIэхэмкIэ тхыгъэр зэщIэбгъапсэмэ, Iуэхур зэфIэкIыу. Апхуэдэ нэщэнэхэм я гугъу пщIымэ, Шекспир деж къыщыщIэдзауэ, ар Iэджэм къыпхуэмыцIыхужыну зэрахъуэкIащ, со-

нет рифмэншэхэр зытхи щыӀащ, зызымыхъуэжу тхыдэм къыхэнар усэм и сатыр бжыгъэрщ, Пушкин и «Евгений Онегин»-р зэрызэхэлъ сатыр пщыкӀуплӀ пычыгъуэхэр сонет мыхъу пэтми е Лермонтов и «Тамбовская Казначейша»-р абы емыкӀуэлӀэххэми.

АтӀэ сонетым лӀэщӀыгъуэкӀэрэ иубзыхуа хабзэ мыкъутэжхэр сыт хуэдэ?

Япэрауэ, сонетым и пкъыгъуэ псоми пхыкӀыр зы гупсысэ закъуэщ, етӀуанэу, а гупсысэм и хэпщэкӀэрщ сонетым и ухуэкӀэр къызэзыгъэпэщыр: япэ сатыриплӀым гупсысэр «къыхадзэ», етӀуанэм абы зыщеужь, къару къыпэщӀэувахэм ятекӀуэурэ, иужьрей терцинитӀым гупсысэр зыхуэкӀуэ гъунапкъэхэр щхьэдэхыпӀэ имыӀэжу иралъэ. Апхуэдэщ классическэ сонет зыфӀащыжам и зэхэлъыкӀэр. Дауи, езыр къыщежьа XIII-XIV лӀэщӀыгъуэ лъандэрэ (Данте, Петраркэ) сонетым, зэрыжытӀащи, Ӏэджэу зихъуэжащ, уеблэмэ, лъагъуныгъэр игъэуардэу къыщӀидзамэ, зэманыщӀэм абы сатирэмрэ ауанымрэ купщӀэ щыхуэхъу щыӀащ, (Гейне, символистхэр), ауэ гупсысэ «зэмызэгъхэр» зэунтӀэӀуурэ фӀыр щытекӀуэ драматизмэр и Ӏэпкълъэпкъыу сонетыр нобэми къокӀуэкӀ. Ар сонетым купщӀэкӀэ и ухуэкӀэм хабзэ мыкъутэу иӀэщ.

А хабзэм тетщ, зэрыщыту къапщтэмэ, Ӏэдэм и сонетхэри. Авторым и гъащӀэ дерсхэр зыхэпща лирическэ геройр Ӏэдэм деж нэхъ ӀупщӀу щытэджыр сонетхэрщ жыпӀэ хъунущ. Иджырей адыгэ цӀыху пэрытым ерэ фӀырэ къыгурыӀуэу щыщӀидзам къыщегъэжьауэ лӀэщӀыгъуэм и дауэдапщэхэмкӀэ зипсыхьыху къикӀуа гъуэгуанэр хэӀэтыкӀауэ къапщытэж сонет гупышхуэм. Абыхэм къаӀэтыр геройр зыпэщӀэхуахэмрэ абы и нэгу щӀэкӀахэмрэ къапкърыкӀ гупсысэхэм я закъуэкъым. Ӏэдэм егъэтэмэм тхэн ӀэщӀагъэм епха Ӏуэхугъуэхэри, цӀыхугъэм пыщӀа нэщэнэ лъапӀэхэри, мурад щхьэхуэхэр къызэмыхъулӀэ цӀыхум и гуныкъуэгъуэхэри, дунейм и теплъэ щӀагъыбзэхэри, н., уеблэмэ лӀэщӀыгъуэ псом и шыфэлӀыфэм нэсыху.

Сонетыр икъукӀэ ӀэщӀагъэ гугъущ, псом хуэмыдэу зи поэтикэм лантӀэу зимыужьа бзэхэм дежкӀэ. Ауэ Ӏэдэм абы къагъэшынакъым икӀи и сонет нэхъыфӀхэм хабзэ гуакӀуэм тету гупсысэхэм зыщаужь. Пэжщ, Ӏэдэм «классическэ» сонет итхыркъым, атӀэ итхыр Шекспир и сонет ухуэкӀэм къиша «щхьэхуитхэм» хуэдэщ: сатыр плӀырыплӀу зэхэлъ едзыгъуищым щхьэж и рифмэ ухуэкӀэ иӀэжщ, иужьрей сатыритӀыр нэгъуэщӀ рифмэкӀэ зэпхащ.

Ӏэдэм и сонетхэм я ухуэкӀэм пыщӀа нэщэнэхэр нэхъ ӀупщӀу къэзыгъэлъагъуэхэм ящыщщ «Анэм и гур»:

*БжьыхьэкӀэ жэщу, гуауэ ӀэлъэщӀыр*
*ИреуфэкӀри и нэкӀущхьитӀым,*
*ХутеӀыгъэжкъым анэм гурыщӀэр,*
*ХуогуӀэ зауэм щыхэщӀа къуитӀым.*

*Зауэр фӀэкӀауэ, мамыру щытми,*
*ФӀэгузэвэгъуэщ дунейр а анэм.*
*Гурыгъу ӀэлъэщӀыр фӀыцӀэу щхьэщытми,*
*Щогугъ нэхъыфӀкӀэ гъащӀэ нэхунэм.*

*Игъэва гуауэм и нэпс жэбзамкIэ*
*Игъэкъэбзащи гурыгъу IэлъэщIыр,*
*Анэгу хъэлэлыр хэщIыжкъым уэкIэ,*
*Нэхъ нэхуи хуаби зыщещI гурыщIэр.*

*Гу нэхущи, анэр и хъэлэлагъкIэ,*
*Нэхъ гуауэ кIыфIми токIуэ гуапагъкIэ.*

Зэрытлъагъущи, сонетыр къызэрыщIидзэ едзыгъуэм нэхугъэ гуэри хэлъкъым, анэгур къутащ, гъащIэр къытеукIуриящ, анэм къыхуэнэр гуIэнырщ.

АрщхьэкIэ «зыр лIэ щхьэкIэ адрейм зилIэжыркъым», – а хабзэр езы анэ дыдэм дежи щыкъутэркъым, гъащIэр гъащIэщ, цIыхур псэуху мэгугъэ, анэм хуэмурэ зыкъещIэж, гуауэ IэлъэщIым есэж хуэдэу, «гъащIэ нэхунэр» гуауэ кIыфIым къыхопсэ.

ИкIэм-икIэжым анэр къызэрогъуэтыж, нэхур кIыфIым токIуапэ, анэм и псэмкIэ къару къегъуэт гъащIэм и хуабэр ихъумэну.

Иужьрей сатыритIым а псори зэхалъхьэжри, «анэгур щабэми, мывэр хуогъэткIу», – гупсысэр ягъэбыдэ.

Сонетыр «егъэбыдылIащ» и кIыхьагъкIэ пхрыкI «гуауэ IэлъэщI» жыIэгъуэм, абы и лэжьэкIэм, и къалэным зэрызихъуэжым. Ар Iэзагъым и лъагапIэ дыдэщ.



Сонетыр дапщэщи зэхуэдэу къыдэгъуэгурыкIуакъым поэзием. «Классицизм» жыхуаIэ литературэ унэтIыныгъэм ар и мащIэ дыдэу щытащ, япэ къихуэ лъэхъэнэм Ронсар, Шекспир, Камоэнс хуэдэхэм абы зрагъэужьа пэтми. ИужькIэ Францием и романтикхэм сонетыр къыдахыж, Мицкевич ар лъагэу еIэт. Россием сонет япэу тхын щыщIидзащ Тредиаковский В. К., абы ущрохьэлIэ Жуковский В. А., Пушкин А. С., Лермонтов М. Ю., Дельвиг А. А., Баратынский Е. А., нэгъуэщI куэдым я деж. Дызэрыт лIэщIыгъуэм усэ тхыкIэ «щхьэхуитхэм» заубгъури сонетыр нэхъ мащIэ мэхъу, ауэ усакIуэ цIэрыIуэ куэдым къагъэнапэркъым (Брюсов В., Блок А., Бехер И., Сельвинский И., Мартынов Л., Вышеславский Л., Пальчиков В., Рыльский М., Рождественский Вс. нэгъуэщIхэр).

Iэдэм сонет фащэм езышэлIар езым и поэзием къыхиха зыужьыкIэм и закъуэкъым. КIыщокъуэ Алим и шыпщэрыкI философскэ лирикэм зэрыубыду зэрыщIидзэрэ къэбэрдей поэзием сонетыр гувэщIэхми къыхыхьэн хуеящ, сыту жыпIэмэ гупсысэныр къызэбэкI усэхэм дежкIэ а фащэр икъукIэ ткIийуэ бгъэдохьэ псалъэ къыхэхыкIэм, гупсысэр шэщIыным, гъэкууным, гъэжаныным. КъыжыIэпхъэщ Гамзатов Расул и сонетхэри ди усакIуэр тезыгъэгушхуа щапхъэхэм зэращыщыр.

* * *

Iэдэм махуэ екIуэкIым нэхъуеиншэу пхыплъ тхакIуэхэм зэращыщыр зыкIи къагъэтIасхъэркъым и поэмэхэмрэ прозэмрэ. Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым усэхэм я мызакъуэу, тхэкIэм и адрей пщалъэ нэхъ инхэмкIи ар зэманым зэрыкIэлъеIэм, лъэхъэнэ епсынщIэкIым къишэ гупсысэхэмрэ къигъэув къалэнхэмрэ тхыгъэ пIащэхэми лъабжьэ зэрахуищIым. Мыр ди литературэр нобэми нэгъэсауэ зыпэмы-

лъэщ IэнатIэщ. Нобэрей зэманым и теплъэмрэ и нэрыгъхэмрэ къэзыхутэфынур иджырей цIыхум и хьэлым, и псэукIэм игъуэт унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм жану хэзыщIыкI тхакIуэрщ, ахэр Iэзэу къэзыIуэтэфырщ.

Я къарукIэ зэхуэдэкъым Iэдэм и поэмэ зытхухыр, абыхэм языныкъуэм гъащIэр хэгупсысыхьауэ къэхутэным къыщытокIуэ къетхэкIыныр, къэIуэтэн гъуещэр. Къапщтэмэ, а ныкъусаныгъэм зыкъом щIауэ къигъэдзыхэр къэбэрдей поэмэм и закъуэкъым, ауэ иджырей цIыхум и характер пкъыгъуэ Iэджэу зэхэлъыр ди поэмэм нэгъэсауэ зэримыпсыхьыфыр абы и тIасхъапIэ псоми я лъабжьэщ. Хэт цIыхухэр залымыгъэкIэ зэрегъэунтIэIури ямылэжьыпхъэ ярегъэлэжь, хэт зыри яригъэлэжьыххэркъым, хэти къэIуэтакIуэ гуэр къегупсысри, абы и хъыбар бзыхьэхуэхэм поэмэ яфIещ, хэти нобэрей Iуэхугъуэ гуащIэхэр щIагъыбзэ пэIудзэ зыхуэхъу шыпсэ кIыхь кърегъэкIуэкI, ауэ езыхэр нэбэнэушэу зыщыгъуазэ пэжыр тхыгъэм и лъыр тэмэму зезыгъакIуэ лъынтхуэ тхакIуэ псоми ящIыфыркъым.

А Iуэху пщхьэмыпэм Iэдэми хуэмыхей пэтми, и поэмэхэр езыр зыщыгъуазэ щIэблэмрэ къыкIэлъыкIуэ щIалэгъуалэмрэ ятреухуэ. Iэдэм, шэч хэмылъу, щыгъуазэщ поэмэхэм къыщиIэт гъащIэ IэнатIэхэмрэ ахэр езыхьэкI цIыхухэм я шыфэлIыфэхэмрэ. Абы и щыхьэт нэхъ зэIубзхэм ящыщщ «Бгыщхьэ мафIэ» поэмэр.

Мыбы усакIуэм къыщеIэт куэд щIауэ и нэIэ зытригъэт иджырей щIалэгъуалэм я псэукIэм, я лэжьэкIэм, я гупсысэкIэм епха Iуэхугъуэхэр. МыпIащIэу, хабзэ зэрыхуэхъуам тету, дунейм и теплъэгъуэ къулейхэм хэгъэпщIауэ усакIуэм кърегъэкIуэкI Лусанэ дохутыр пщащэмрэ шахтёр щIалэ Аслъэнрэ я псэм щыуш лъагъуныгъэм и хъыбарыр. Лъагъуныгъэр зэрыщхьэцпэщтэри, таучэл мыщIымрэ гурыщхъуэщI дыджымрэ абы зэрыпыщIари щIалэм и гум къыбгъэдэкI хуэдэу къеIуатэ тхыгъэм:

*ЕмыкIущ, дауи, а дохутыр хъыджэбзыр*
*Шахтёр къудей щIалэм егуэкIуэну,*
*Аращ и ныбжьэгъухэм зэрахуэзэу,*
*ЩIежьэжари сымаджэщым кIуэну.*

*Ауэ сытми къегуэкIуа фIигъэщIу,*
*А Лусанэ фэкIэ зищIагъэнщ.*
*Бзииху цыбэу, жьы тIэкIу зэреIунщIу*
*Пылъэлъыжу ар кIуэдыжагъэнщ.*

НыбжьыщIитIым я бгъэм щыушэ гухэлъ къабзэмрэ я IэщIагъэм тIури зэрыбгъэдэтымрэ щабэу, сакъыу зэгъэкIуауэ къегъэлъагъуэ поэмэм. Iэдэм хузэфIэкIащ, тхыдэжьхэм, IуэрыIуатэм епха нэщэнэхэр къытемыкIуэу, нобэрей щIэблэм и хъуэпсапIэхэр къиIуэтэн, лирикэм и пшынэбзэ гумащIэмрэ и гупсысэ къабзэмрэ тхыгъэм уэру хилъхьэн. Геройхэм я зэхущытыкIэр куу зэрыхъум, ягухэр къызэдеуэу зэрызэбгъэдыхьэм гурыхьу епхащ шахтэ щIагъым и фащэхэри, фIыгъуэбэ бгыжьхэм я теплъэри. А псори геройхэм я гур зыхуэплъэ мурадхэм я Iэпэгъу мэхъу, поэзие гуакIуэм и щапхъэм къозагъэ.

Зэман куэд тригъэкIуэдащ Iэдэм «ГъащIэм къыпызыщэ» поэмэм, ауэ езы тхыгъэр зытриухуа къэхъукъащIэхэмрэ цIыхухэмрэ зэхуэдэу къехъулIащ жыпIэныр тэмэмыщэкъым. Езым и нэгу щIэкIа зэхэуэхэм я теплъэгъуэхэри, адыгэ щIалэм лъыкIэ къуэш къыхуэхъу урыс зауэлIри, фронтым и махуэ къэс псэукIэм пыщIа нэщэнэхэри – а псор усакIуэм, пцIы хэмылъу, къигъэлъэгъуэфащ. Ауэ уи фIэщ пщIыну ущIэкъу пэтми, шэчыр къыпфIытокIуэ Азимэрэ Орловрэ я хъыбарым. УсакIуэр зыхуэерыщ психологиер мыбдежым зэхэгъэкIыпIэ гугъум щыIуоуэ: зауэр еухри, Орлов и ныбжьэгъу адыгэ щIалэр фIэкIуэдауэ адыгэ къуажэм къокIуэ, абы къыдонэж, бынуни щохъу. Апхуэди къэхъуагъэнщ, дэ дымыщIэми, арщхьэкIэ шэч хэлъкъым мыбдеж усакIуэм и пшынэм езым фIэфIыр къызэрыригъэкIым: тынш дыдэу зэфIегъэкI цIыхум и гъащIэ псор къызэзыгъэдзэкI Iуэхугъуэ гуащIэр.

Зэ тедгъэзэжынщи, поэмэкIэ зэджэж жанр лIэужьыгъуэр ди иджырей поэзиер зыхуэшэрыуэ IэщIагъэхэм ящыщкъым. Апхуэдэ тхыгъэм и сюжетыр, зэрафIэфIу зэрагъэпцI мыхъумэ, ди усакIуэхэм яунэтIыфыркъым, къэхъугъэ нэхъыщхьэ къыщыхахым дежи пкъыгъуэ жьгъейхэм ирагъэтхьэлэж, цIыху къагъэлъагъуэхэр гъэрыпIэм ирадзами ялейуэ, езы авторхэм зэрыхуейуэ къыщIрагъэдз, схемэмрэ кIийгуомрэ къатокIуэ. ЛIыхъужьыгъэ, гуауэ, махуэшхуэ фащэ, гуфIэгъуэ егъэлея, таурыхъхэм япэджэж къэхъукъащIэ, блэкIам и къэгъэшыпIэ гуащIэ, зекIуэлI щхьэщытхъум ехьэехуэу гъэпса цIыхухэр – аращ ди поэмэр иджыри къэс нэхъыбэу зэлIалIэр. Ауэ хэт жиIэфын иджырей гъащIэм и къуэпс налъэхэр, хабзэщIэ къэхъухэр гугъусыгъуу зэрызэрыубыдыр, щIэуэ къэхъу IэщIагъэхэмрэ абы къащIэтаджэ цIыхухэмрэ нобэрей лъэхъэнэм тету къэзызыгъэлъагъуэ поэмэхэр Iэзагъ хущымыщIэу? Iэдэм фIыщIэ хуэфащэщ а Iуэхугъуэ мытыншхэм гъунэ ярилъыну зэрыщIэкъумкIэ, абыкIэ къигъэлъагъуэ дерсхэм я фIыпIэми, я тIасхъапIэми егупсысыпхъэщ адрей усакIуэхэр.

Iэдэм и лэжьыгъэ псоми гуапагъэ къыхэзылъхьэ нэщэнэхэм ущегупсыскIэ, япэ гулъытэр зылъысыр абыхэм псэ яхуэхъу лирикэрщ. Мыр, уеблэмэ, прозэми щынэхъ махэкъым усэхэм нэхърэ, сыту жыпIэмэ тхакIуэм дежкIэ хабзэ нэхъыщхьэщ зытетхыхь псори езым и еплъыкIэм пыщIа гурыщIэхэмкIэ ипсыхьыныр.

ЖыпIэ хъунущ поэзием япэ лъэбакъуэхэр щыхичэ дыдэм деж Iэдэм прозэмкIи тхэн къыщIидзауэ. 1939 гъэм абы итхыгъащ «Губжь» зыфIища къэIуэтэгъуэ цIыкIу. А лъэхъэнэми къыкIэлъыкIуэхэми ди щIыпIэм тепщэныр щамыухауэ щекIуэкIырт диным пыщIа нэщэнэ куэд. Iэдэм и рассказри треухуэ апхуэдэ хъыбар цIыкIум: фыз Iэзэ емынэм лIэ нэпцI зещIри къохъуж, абы хьэдрыхэ щилъэгъуахэр иIуэтэжурэ цIыху къыкIэрыхуахэр къегъапцIэ, яфIошхэ, ауэ тхьэр зи фIэщ мыхъухэр куэдыкIей хъуащи, фызым и гъэпцIагъэр къыщIагъэщ.

1941 гъэм Iэдэм итхауэ щытащ партизанхэм ятеухуа «Япэ лъэбакъуэ» рассказыр. ТхакIуэ щIалэм Iэмал куэдыщэ иIэтэкъым и тхыгъэр Iуэхугъуэ белджылыхэмкIэ игъэнщIыну, рассказри, а лъэхъэнэм дунейм хъушэу къытехьэу щыта тхыгъэхэм я джэрпэджэж мыхъумэ, къызэрыхэщхьэхукI щыIэтэкъым.

ЩоджэнцIыкIум и усэхэми къыдэкIуэу, прозэр нэрыгъ щищIыр зауэ нэужьырщ. 1954 гъэм япэу дунейм къытехьащ иджырей лъэхъэ-

нэм теухуа ди прозэм налкъут жылапхъэм хуэдэу къыхэна «Софят и гъатхэр». Лиризм берычэткIэ зэщIэгъэпса а повестым хужаIэу щIадзэ «къэбэрдей прозэм и гъатхэри», дахагъэ нэсым и щапхъэри, гурыщIэ къабзэм и тепщэри, псэукIэ къэщIэращIэм и гимнри, нэгъуэщI псалъэ гуапэ куэди. Повестыр занщIэу хэIущIыIу мэхъу, ди къэралым и лъэпкъыбэ литературэр а лъэхъэнэм зэрыгушхуа щапхъэхэми хабжэ, ехъулIэныгъэ мыжыжьэхэм я япэ нагъыщэри траIуэ. ЖыпIэнурамэ, зауэ нэужьым дэ тхыгъэ куэд диIакъым апхуэдэу фIыкIэ зи цIэр Iуа. Ауэ хужаIа псоми я нэхъыщхьэжщ повестыр зытеухуа лъэхъэнэм дэмыбзэхыжу къыкIэлъыкIуэ зэманхэми зэрыхэпщIэр. Хьэуэ, сюжет ямылейкIэ, характер лIыхъужьхэмкIэ, е къиIэт гъащIэм и гуащIапIэхэмкIэ цIэрыIуэ хъуакъым тхыгъэр. Ар щIэблэ зэхуэмыдэхэм Iэпэгъу гурыхь яхуэзыщIыр Софят и образым и тэмэмагъымрэ и дахагъэмрэщ.

Мыбы и сюжетри къызэрыгуэкI дыдэщ, еджэр зытхьэкъу нэщэнэхэмкIи гъэщIэрэщIакъым: адыгэ хъыджэбз цIыкIум и мурадыр къохъулIэ – зауэм хэкIуэда и дэлъхур зытесу щыта тракторым къытохутэ. Гугъуехь куэд зэпичурэ, абы къегъэлъагъуэ бзылъхугъэр пкъы махэми, лIыгъэкIэ цIыхухъум я нэхъ хъыжьэхэм зэрапэувыфыр. Абы и гъащIэм пищI псэгъу игъуэт къудейкъым, атIэ фIыгъуэу щыIэм я нэхъ лъапIэу  къещIэ, цIыхупсэм хуиту зыкъызэкIуэцIихмэ, дуней псор къызэрыдэщIэращIэр, гъащIэр зэрыщIэщыгъуэр, гуащIэдэкIыр зэрынасыпыр, мурадым гугъуехь нэхъыбэ текIуэдэху, ар зытехуэр зэрынэхъ IэфIыр.

Повестым и гупсысэ нэхъыщхьэр ди хэкум щыпхъашэу къекIуэкIа Iуэхугъуэхэм япыщIащ, абыхэм я лъабжьэр иджыри гъужауэ тхужыIэнукъым, я щхьэкIэм къыпыкIэ лъхуадэхэм захъуэжми, цIыхур нэгъэсауэ щхьэхуит хъунукъым, псэр хабзэжь икIэхэм, диным и уэрдыхъу зэвхэм, щIэныгъэншагъэм зэщIаIулIауэ къэнэхукIэ. Куэд щIауэ гулъытэ хуащIащ Iэдэм лирикэр къызэребэкIым, ауэ абы къокI Софят хуэдэ цIыхухэр къыщихутэм деж, тхакIуэм психологием зэрытригъащIэр, псэр зезыхьэ къарухэмрэ гукъэкIхэмрэ я къэхъукIэри къитIэщIыну зэрыхузэфIэкIыр. Аращ «Софят и гъатхэм» Iуэхугъуэшхуэ егъэлеяхэр къимыIэтми, езы цIыхубз цIыкIур тхылъеджэхэм я псэм щIыдыхьэр, аращ тхылъыр къызэрыдэкIрэ илъэс щэщIым щIигъуа пэтми, а лъэхъэнэ мыкIэщIым Софят IузыгъэкIуэтын иджырей цIыхубз образ ди литературэм къыщIыхэмыхьар. И хъуэпсапIэхэр нахуапIэ ищIын папщIэ зи гъащIэ псор Iуэхум езыхьэлIэ цIыху иджырей дунейм щыгъунэж пэтми, ди литературэм икъукIэ щымащIэщ, а мащIэхэм я пашэри Софятщ.

Прозэм къыщиIэт Iуэхухэр Iэдэм бгъэдыхьэкIэ гъэщIэгъуэнкIэ зэпкърех: къару зэпэщIэувэхэм я зэрыдзапIэ конфликтыр абы дапщэщи налъэ IэджэхэмкIэ зэхэухуэнауэ, зэхегъэшыпсауэ, къэгъэш-нэгъэшыр и куэду къызэпкърех, конфликтыр къэIуатэ гъущэхэмкIэ къимыгъэлалэу, атIэ езыр-езырурэ зыкъитIатэ щIыкIэу йокIуэкI.

Повестыр гурыхь зыщI нэщэнэхэм ящыщщ гуащIэдэкIым и теплъэгъуэхэр зыгъэдахэ Iэмалхэр. Мис жэщ кIыфIыгъэм исеижа губгъуэм пхрыкI пхъэIэщэ зыкIэрыщIа тракторыр, ауэ жэщым вэныр Софят и гъэунэхупIэ емынэхэм щыщ пэтми, хъыджэбзым ар къыщохъу и пщIэр Хьэжпагуэ, Мурид, Чэмал жьэрэIурэм сымэ къызэралъытэн цIыхугъэ

пщалъэу. Япэ дакъикъэхэм абы и нитIыр тенауэ япэкIэ маплъэ, и бгъуитIымкIэ зыщеплъыхь, мыбэуэжу моторым щIодэIу. Уэздыгъэхэм ядз нэхур апхуэдизкIэ махэщи, жэщыр къытеуэу япIытIын къыфIощI. Ауэрэ йосэжри и гур къызэрогъуэтыж, вагъэмбэкъур зыгъэнэху бзийхэри ныбжьэгъу пэж къыхуэхъуам хуэдэу къогушхуэж, иужькIэ гуфIэм зэщIащтэ...

ТхэкIэм зэрыхуэшэрыуэм къыдэкIуэу, Iэдэм гурэ псэкIэ фIэлъапIэщ зытетхыхьыр, абы гъащIэм и пкъыгъуэ узыншэхэр гукъыдэж мыухыжкIэ егъэдахэ, дэтхэнэ зы нэщэнэри нэмрэ псэмрэ хуихьу зэпеплъыхь, мыхьэнэ лъэпкъ имыIэу къыпфIэщI налъэ цIыкIухэри гуапагъэ къабзэкIэ къегъэнэху, икIэм-икIэжым хьэлэлагъ къибыргъукIкIэ уи фIэщ ещI дунеймрэ гъащIэмрэ цIыху узыншэм махуэшхуэ насыпу зэрыбгъэдэлъыр.

ЛъагъугъуафIэщ псэлъэгъуейуэ гурымыкъыфэ зытет Мурид и образри. Мыбы гъащIэм и щэху куэдыкIей къыгуроIуэ, зэхэщIыкIкIэ къулейщ, гу сакъ иIэщ, тхьэгурымагъуэм хуэдэу, кIуэцIроплъ зыхуэзэ цIыхухэми, Iуэхугъуэ къэкIуэнухэми. Ар Iэдэб щхьэкIэ, и нэм щынэсым, пхъашэщ, ткIийщ, ауэ захуагъэм зэи епцIыжыркъым, псэукIэм и фащэ цIырушырухэм дахьэхыркъым, цIыхугъэ лъагэм псэр щIитыфынущ, фIыгъуэу щыIэ псом къыхихыр напэ къабзэу дунейм тетынырщ. Мурид щIалэщ, ар хьэщыкъ ищIащ Софят, ауэ хъыджэбзыр езыр къызэрыхущытыр зэхимыгъэкIауэ и гурыщIэхэр щхьэтеч ищIыркъым. Уеблэмэ игу илъхэр абы занщIэу хуиIуатэркъым, псалъэкIи жиIэххэркъым, ауэ езыр-езыру IупщI мэхъу, цIыхубзыр къыхуэныкъуэу къищIа нэужь.



«Софят и гъатхэр» хуэхейщ IэщIагъэ щIыIэкIэ «пIащIэIэрупщэфIу» зэгъэпцIа цIыху образхэмрэ гъащIэ теплъэгъуэхэмрэ. Ар ди прозэ ныбжьыщIэм и фIыпIэ щапхъэ мыкIуэдхэм языхэзщ, еджэхэр нобэми куэдым ирегъэгупсыс, куэдым я гулъытэр фIыгъуэм хуегъэуш. Абы и Iэпкълъэпкъым хэлъ нэщэнэ щхьэхуэхэр зэманым ефэгъуэкIми, а псом ящIэт гурыщIэ нэхухэр щIэщыгъуэншэ хъуркъым.

Махуэ екIуэкIым мычэму зэрыпыщIар игъэнэрылъагъуу Iэдэм и лэжьыгъэм хабзэфI гуэр къыдогъуэгурыкIуэ: гуащIэрыпсэухэм я Iуэху зехьэкIэмрэ я псэукIэмрэ езы тхакIуэр дэлэлыншэу щыгъуазэу щытын папщIэ, абы мыувыIэу къызэхекIухь къуажэхэр, колхоз губгъуэхэр, Iэщыхъуэ фермэхэр, заводхэр, еджапIэхэр, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэр. Абы и сэбэпкIэ хузэфIокI цIыхухэр махуэ къэс зыбгъэдэт IэнатIэм, къалэнхэр зэрефIакIуэм, зыхущыщIэ Iуэхугъуэхэм, я гъащIэр зезыгъакIуэ къэхъукъащIэхэм ятеухуа очеркхэр итхын, нэщэнэщIэхэмрэ зыужьыкIэм и налъэхэмрэ тэмэму къиубыдын, тхыгъэ пкъы жанхэмкIэ фIыр ядиIыгъын, бзаджэр утыку къищIын. Депутат къалэныр игъэзащIэурэ, и хэхакIуэхэм куэдрэ зэраIущIэр хэплъхьэжмэ, гурыIуэгъуэ мэхъу и тхыгъэхэм сюжет лъабжьэ яхуищI къудамэхэм я хэкIыпIэр. УмыгъэщIагъуэу къанэркъым ар къуажэдэсхэм я зэIущIэ гуэрхэм IуэхукIэ ирихьэлIауэ къыщыпсалъэм деж зытепсэлъыхьым фIыуэ зэрыхищIыкIыр, Iуэхум лъэныкъуэкIэ хущымыту, и щхьэкIэ елэжьым хуэдэу цIыхухэм ирагъэкIуэкI псори зэрадиIыгъыр. И тхыгъэхэм Iэпкълъэпкъ яхуэхъу лэжьакIуэ пэрытхэм я цIэ-унэцIэхэри, абыхэм я IэщIагъэри, я зэфIэкIыр здынэсри бжыгъэхэмкIэ къэлъытауэ – псори Iэдэм гукIэ ещIэ, псори зэрегъэзэхуэф, езы къуажэдэс-

хэм ягъэщIагъуэу, дзыгъуэ гъуанэ зыдихьа къимыгъанэу, я Iуэхухэмрэ я псэукIэмрэ щыгъуазэу къыщIокI. Апхуэдэ нэхъуеиншагъэр дэтхэнэ тхакIуэм дежкIи насыпщ, абы IэщIагъэм тезыгъэгушхуэ къарурэ гукъыдэжрэ къыхокI, гъащIэ нэщэнэхэр тхылъ напэкIуэцIым къыщимылъыхъуэу е езым и Iэпэм къыщIимыфыкIыу, ахэр зыхэхъукI щIыналъэм и лъынтхуэ къеуэкIэр псэкIэ зыхищIэу егъасэ.

ЩытхэкIэ къигъэсэбэп пкъыгъуэ налъэхэмрэ къэхъукъащIэ нэрылъагъухэмрэ искусствэм и хабзэхэм тету захъуэжурэ, тхыгъэм зэрыхэшыпсэ Iэмалхэр Iэдэм тхылъеджэхэр зыщIэупщIэм и жэуап хуэдэу куэдрэ къеIуэтэж.

Къапщтэмэ, дэ дыщыгъуазэщ «Софят и гъатхэми», «Уэлбанэ дыгъэми», я къэхъукIэм, ауэ «Залинэр» жылапхъэ зыхуэхъуа «Уи цIэр фIэсщынщ» повестыр къызыхэкIам теухуауэ езы Iэдэм къыжиIэжыр мис:

«ХыщI гъэм и пэщIэдзэ мазэхэм я зы махуэ гуэрым Нартан къуажэм сыкIуауэ срихьэлIэгъащ хъыджэбз гуэрым суд тращIыхьу. А судым и пэ къихуэу, ди газетхэм ящыщ зым къытрадзауэ щытащ фельетон, фIэфIу хъыджэбзыр дэкIуауэ, иужькIи щIегъуэжри къикIыжауэ къиIуатэу.

Хъыджэбзыр ирахьэжьат щIалитIым, ауэ Iэмал хуекIуэри, къаIэщIэкIыжат езыхьэжьахэм. Хъыджэбзым щIалэхэр игъэкъуаншэри ягъэтIысат. Iуэхур судым щыхуэкIуэм, ягъэтIысахэм я Iыхьлыхэр лъэIукIэ къытезэрыгуэри, хъыджэбзым пцIыкIэ щIалэхэр иригъэгъэтIысауэ псалъэр зэрихъуэкIыжати арат, Нартан сыщыкIуам, а хъыджэбзым суд щIытращIыхьыр. Ауэ Iуэхур зытетыр тэмэму зэхагъэкIри, унэидзыхьакIуэхэр жэуап гуащIэм ирашэлIат...

И анэ-адэм зэрахьа залымыгъэм папщIэ, мафIэгум зыщIидзэжри зиукIыжауэ щытащ Нарткъалэ дэса хъыджэбз гуэрым.

А IуэхугъуитIыр лъабжьэ хуэхъуами, повестым нэгъуэщI Iуэхугъуэ зыбжани къешэлIащ, гъащIэм и къэхъукъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъэкууащ...»

КъиттхыкIар тIэкIу дгъэкIыхьами, Iэдэм абыкIэ къеIуатэ и тхэкIэм хабзэ нэхъыщхьэ хуищIар: цIыху гъащIэм къыщыхъуа Iуэхущ и дэтхэнэ тхыгъэми жылапхъэ хуэхъур, ауэ, езыми жиIащи, тхакIуэр сурэттехкъым, атIэ гъащIэр зезыгъакIуэ къарухэмрэ хабзэхэмрэ я къэхутакIуэщ, къэхъукъащIэр зыхэхъукI лъэхъэнэмрэ псэукIэмрэ цIыхухэм зэрыхэпща Iэмалхэм я къыщIэгъэщакIуэщ.

Аращ Iэдэм и дэтхэнэ повестми псэукIэм и пычыгъуэ щхьэхуэхэр щытепщэ щхьэкIэ, лъэхъэнэр зэщIэзыгъэжьыуэ гупсысэшхуэхэм я тхьэгъушыр къыщIыхэIукIыр.

А тхьэгъушым и макъамэ бжьыпэщ цIыхум и цIыхугъэр псыхьын къалэныр. Обществэм зиужьурэ иджыпсту здынэса лъагапIэхэр ягъэджафэу ди гъащIэм къыщохъу Iуэху щхьэмыпэхэр. Ахэр цIыхугъэ моралым дапщэщи къемызэгъщ, ауэ мылъкукIэ ефIакIуэ псэукIэм цIыху щхьэхуэхэм я напэмрэ я зэхэщIыкIымрэ къызэрыкIэрыхум шэч хэлъкъым. Мис Залым щIалэ цIыкIум къолыж зыхуеймрэ зыхуэфIымрэ, адэшхуэм ар и нэ-и псэщ, нэхъыжьхэр къытохъушашэ, кIуэаракъэ, IэплIэкIэ кърахьэкI: куэдщ нэхъыжьхэм бэлыхьу яшэчар, иджы щIэблэщIэр щхьэхуитрэ зыхуейр къелыжу кърырехъу. ЖькIэфэкIэхэм акъылкIэ зэхащIыкI щIэблэм и гъащIэр езым иухуэ-

жу гъэсэн зэрыхуейр, арыншамэ, дыгъэмыхъуэ удзу къызэрытэджынур, ауэ Iуэхум щыхуэкIуэм деж, а Iущагъ тэмэмыр пщIыхьэпIэ лъэужьыншэу мэбзэхыж, Мэзан лIыжьым къыгурыIуэркъым и къуэрылъхур гу щIыIэ-псэ щIыIэм щIитхьэлэ щхьэусыгъуэхэр. Iуэхур и нэм нэсу дадэм зыкъищIэжа нэужь, егъэщIагъуэ къуэрылъхум зэрызихъуэжыр.

ЦIыхугъэ напэм и къэгъэлъэгъуапIэ къэхъукъащIэхэр Iэдэм и къэIуэтэкIэм и «бынжэ» ещI, е Iэдэб псэлъэкIэм къытемыкIыу, фIэмыIуэхущэ хуэдэурэ хъыбарым къыщIегъэлъадэ. «Щхьэгъубжэ нэхум» и лIыхъужьыр псэзэпылъхьэпIэм ихуащи, и нэгум нэбэнэушэу къыщIохьэж гуауэр къылъымыс ипэкIэ къигъэщIар. Апхуэдэ щытыкIэм щихуэм деж, цIыхум и гукъэкIхэр нэхъри къызэщIэроуэри нехьэкI-къехьэкI хэмылъу къепщытэж и псэм щызэхуэхьэсауэ хъуар, нэхъ IупщIуи къыгуроIуэ зыхуэза цIыхухэмрэ зыхэта Iуэхухэмрэ. Хъыбарым и зэрыдзапIэ щхьэхуэхэмрэ теплъэгъуэ зэкIэлъыхьахэм языхэз Iыхьэхэмрэ куэдрэ пкъы яхуохъу цIыху зэхуэмыдэхэм къакъуэкI хьэлхэмрэ еплъыкIэхэмрэ. Мис, шхапIэм зэрымыщIэу щызэрохьэлIэ къуажэдэс гуп. Фыз гуэр къыщIохьэри псоми зэхахыу мэлъаIуэ зи зэфIэкIыгъуэр къэса гъунэгъу цIыхубзыр лъхуапIэм ишэнымкIэ зыгуэр къыдэIэпыкъуну. Зыгъэпсэхугъуэ махуэщи, машинэ зиIэхэр дэгу сагъро мэхъу, нэхъ щIалэIуэхэми я тхьэкIумэ ирагъэхьэркъым, щымыхъужым, лIы хэкIуэтам нэгъуэщI зы зыщIегъури йожьэ, щIымахуэ жьапщэм зэпиуда телефон кIапсэр зэпищIэжын и мураду, ауэ борэн Iэлым хохуэри зэфIодыкъэ... «ЦIыхугъи гущIэгъуи ямыIэжу щхьэхуещагъэм» итхьэкъуахэр псэууэ къонэ... Е жэщ кIуам щыIа унэидзыхьэм къуажэр зэлъищIысащи, къулыкъущIэу дэсыр пщэдджыжьым зэхуос къэхъуам унафэ тращIыхьыну. Ауэ абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри адрейм гуращэкIэ техуэркъым: зыр и къулыкъур улъиинкIэ зэрыхъунум ирогузавэри, жейбащхъуэ нэIурэ ныбэф тхьэIуншэу къыщысщ, адрейр партыцIэм нэхъапэм пщIэуэ иIамрэ зэрыхъуамрэ зыщымысхьыжу топсэлъыхь, ещанэр щIыIэрыс-псыIэрыхьщи, къыхихынур ищIэркъым, мыдэкIэ зи лъэкIыныгъэр мащIэ щIалэ цIынэр, псэ хьэлэл нэмыщI нэгъуэщI къару иIэкъыми, утыкум къонэ («Уи цIэр фIэсщынщ»)...

ЦIыхугъэ напэр зэзыгъэкIуэкI нэщэнэхэр щымащIэкъым Iэдэм и тхыгъэхэм. Апхуэдэ нэщэнэхэм я джэдыкIампIэм захъуэж щхьэкIэ, я кугъуэр зэрыгущыкIыу дапщэщи къонэ. ТыншыпIэ къэзымылъыхъуэр, гъащIэ екIуэкIым и архъуанэхэм щымышынэр напэ къабзэмрэ цIыхугъэ нэсымрэ зи гъуазэ гуащIэрыпсэухэрщ. Ахэрщ гъащIэм и къуэпсри, дунейм и купсэри, апхуэдэхэм яхужиIэнрэ яригъэлэжьынрэ берычэту къегъуэт тхакIуэм.

Литературэр цIыхубэм я ущиякIуэщ, цIыхупсэр зыузэщI къарущ. И къалэныр хьэлэлу зыгъэзащIэ тхакIуэми щIэгушхуэн щхьэусыгъуэ иIэщ, абы и макъыр цIыхухэм зэхахрэ я псэм къыхэнэмэ.

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и гуащIэдэкI Iэрыхуэ хелъхьэ ди лъэпкъ литературэм, гупсысэ щхьэпэхэр псэлъафэ лыдкIэ къеIуэтэф, адыгэ усэри прозэри гурыщIэ псалъэм и лъынтхуэ узыншэкIэ егъэбагъуэ. Ар зэманым хуэпэжу дэгъуэгурыкIуэурэ, нобэм и дахэр зыIэт, пщэдейм и нэхум хуэпабгъэ тхакIуэщ.

**СОКЪУР Мусэрбий**
*1987*

# ИЗРАИЛЫМ ЩЫПСЭУ АДЫГЭХЭР

*Израилыр журт лъэпкъым и хэкущ. КъуэкIыпIэ Гъунэгъум хиубыдэ къэралщ, ЩIыкурытыхым и Iуфэм Iусщ. Ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ – Ливаныр, ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ – Сириер, къуэкIыпIэмкIэ Иорданиер, ипщэ-къухьэпIэмкIэ Мысырымрэ Газэ ЩIыналъэмрэ къыщысщ. ЖыпIэнуракъэ, экономикэ и лъэныкъуэкIэ фIыуэ зызыужьа къэралщ. Къапщтэмэ, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум хиубыдэ къэралхэм ящыщу Израилращ зи псэукIэр нэхъ зэIузэпэщыр. Журт къэралыгъуэ щхьэкIэ, мыр лъэпкъ куэд щызэхэс, демократиер щытепщэ щIыналъэщ. Абы нэхъыбэу исыр журтхэрщ (процент 75,4-рэ), хьэрыпхэр – процент 20,6-рэ, нэгъуэщI лъэпкъ мащIэхэр проценти 4 ирикъуу аращ. Журт лъэпкъымрэ Израиль щIыгумрэ зэпыщIэныгъэшхуэ яIэщ, ращ здэщыIэр журтхэм я дежкIэ лъапIэ щIыпIэ псори.*

Зи хэку иIэпхъукIа лъэпкъ куэд зэрыщызэхэсым къыхэкIыу, мыр бзэ куэд «зыIурылъ» къэралу къалъытэ. Абы исхэм шэрыуэу ящIэ ивритыр, инджылызыбзэр, хьэрыпыбзэр, уеблэмэ уэрам, къалэ гъэнэхуапIэхэм бзищымкIи тетхащ.

Езы журтхэм къадэкIуэу, хуитыныгъэ зэхуэдэ щаIэщ хьэрыпмуслъымэнхэми, хьэрып-чыристэнхэми, друзхэми, бедуинхэми, самаритянхэми, ермэлыхэми, адыгэхэми.

Тхыдэ и лъэныкъуэкIэ Израилымрэ адыгэхэмрэ зэпыщIа зэрыхъуам щхьэхуэу и гугъу тщIынщ. Иджыпсту сызытепсэлъыхьынур хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщIэныгъэр нобэ здынэсарщ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгэ Республикэмрэ икIа лIыкIуэ гуп абы тхьэмахуэкIэ зэрыщыхьэщIарщ.

Израилым ит адыгэ къуажитIым – Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ – гъэ къэс чэзууэ Адыгэ щэнхабзэм и фестиваль щрагъэкIуэкI. Абы кърагъэблагъэ Тыркум, Сирием, Иорданием, нэгъуэщI къэралхэм щыхэхэс адыгэхэм я уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гупхэр. Мы гъэм Кфар-Камэ и жылэ Хасэм къызэригъэпэща а фестивалым ирагъэблэгъат «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблымрэ «Ислъэмей» уэрэджыIакIуэ гупым хэтхэмрэ.

Налшык аэропортым къэкIуа «Ислъэмей» ансамблым хэт ди лъэпкъэгъухэри гъусэ тхуэхъужри, Истамбыл и «Ататюрк» кхъухьлъатэ къэтIысыпIэм дылъэтащ, адэкIэ Истамбыл – Тель-Авив рейсым дитIысхьащ. Тель-Авив дызыхьыну кхъухьлъатэм и теплъэ, и инагъ къудейм къыбжиIэрт дыздэкIуэ къэралым и къулеягъыр. СыхьэтитIым дакъикъэ 20 хуэдиз нэхъ щIимыгъуу гъуэгу дытета нэужь, дыздынэса аэропортым, Бен-Гурион Давид и цIэр зезыхьэм, къуигъащIэрт журтхэм я псэукIэр зыхуэдэр. Лъэс гъуэгур зыгъэпсынщIэ траволаторхэм дытету дыкIуэ пэтми, щIэкIыпIэр къэблагъэртэкъым, аэропортыр апхуэдизкIэ инти. Зы мэскъали къыхуэмыту зэгъэпэща кхъухьлъатэ къэтIысыпIэр, ауи цIыху зэтрихьэ щымыIэу узыблэкI къэпщытапIэхэр, техникэкIи лэжьакIуэкIи зэщIэузэда IуэхущIапIэ иныр дыздикIа Налшык ейм пхуегъэпщэнутэкъым. ГуфIэжу къытпежьащ Кфар-Камэ жылэ Хасэм и лэжьакIуэ



8 Заказ №791

**Нэпсо Норэ,** адыгэ музейм и тхьэмадэ **Тхьэухъуэ Зухьер,** сабийхэр къафэм хуэзыгъасэ **Іэпщэ Рустам** сымэ. Гуапэу драгъэблагъэри, ди нэ къызыхуикI адыгэ жылэм дыкIуэну дежьащ.

## ХЬЭЩIЭХЭМРЭ БЫСЫМХЭМРЭ ЗЭIУОЩIЭ

Кфар-Камэ Тель-Авив и ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ километри 120-кIэ, Тберие гуэлым километр 20–25-кIэ пэIэщIэу щысщ. СыхьэтитI нэблагъэкIэ пкIу гъуэгур къызэднэкIри, къуажэм дэт шхапIэм драгъэблэгъащ. Хьэрып, журт шхыныгъуэ куэд тхузэблахащ а пщыхьэщхьэм, щIэщыгъуэу дагъэхьэщIэмэ яфIэфIу, ауэ ди лъэпкъ шхыныгъуэхэри зэраIэщIэмыхуар нэрылъагъуу адыгэ кхъуей зыдэлъ хьэлывэ, лым къыхэщIыкIа ерыскъыгъуэхэр, пIастэ, щIакхъуэ Iэрыпщ хуэдэхэр Iэнэм къытралъхьащ. Мы Iуэхум нэхъ щхьэпэу, гуапэу хэлъахэм ящыщщ Къэбэрдеймрэ Адыгеймрэ икIыу Кфар-Камэ кIуа гупыр цIыху тIурытIу унагъуэхэм зэрызэбграшар. А пщыхьэщхьэм хьэщIэ къызылъымыса унагъуэм насыпыншэу зилъытэжми ярейт. Бысимхэр иригушхуэрт  хэкум къикIа цIыху махуэ бжыгъэкIэ я жьэгу зэрыдэсынум, хъыбар гъэщIэгъуэн зэрызэхуаIуэтэнум, ныбжьэгъу зэрызэхуэхъунум.



Атэбий Игорь, Къумахуэ Мухьэдин, Нэпсо Закарие, Битокъу Владимир, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сымэ зэIущIэм хэтщ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэр куэдым кърацIыхуу хэлъа хьэщIэ егъэблэгъэкIэмрэ гъэхьэщIэкIэмрэ къуажэдэсхэм ди нэгу щIагъэкIащ а махуэхэм. БысымкIэ ехъулIауэ зибжыжырт ди гупым щыщ дэтхэнэ зыми, пщэдджыжьым зэIущIэж къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ зыхуаIуатэр я бысимхэм я гуапагъымрэ гумащIагъымрэт. Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, АР-м и телевиденэм и лэжьакIуэ ТIэш Светланэ сэрэ зы Iуэху зэрызэдэтщIэм, дызэрызэныбжьэгъум къыхэкIкIэ, зэгъусэ зытщIыну дызэгурыIуат. Бысым тхуэхъуари ди гупсысэкIэм къытехуэ, уеблэмэ шыпхъу пэлъытэ тхуэхъуауэ зи унэ дыкъикIыжа Нэпсо-Натхъуэ Симэщ. Симэ и цIыху щIыкIэкIэ гуфIэнэгуу, узыщимыгъэукIытэрэ и нэIэ

къыптримыгъэкIыу, и Iэнэгур зэтетрэ и унагъуэр хъуэпсэгъуэу апхуэдэт. Езыр гъунэгъуу къэзмыцIыху щIыкIэ сигу щIыдыхьами зы щхьэусыгъуэ иIэт. И адэ Нэпсо Нихьэт илъэс зыбжанэкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтат, Израилым щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэу. Лъэпкъым гууз-лыуз хузиIэ, Мейкъуапэ унэ щиIэу абы щыпсэу, адыгэм папщIэ Iуэху щхьэпэ куэд зэфIэзых лIыт (мазэ зыбжанэ ипэкIэ дунейм ехыжащ, и ахърэт дахэ тхьэм ищI). Апхуэдэ адэм и бынхэри хуэфэщэн защIэт. Симэ и дэлъхухэри и шыпхъухэри езым хуэдэу адыгэгущ. Ар апхуэдизкIэ жанти, сыт хуэдэ Iуэхури гупсысэри къыддигъэпсынщIэрт, и машинэмкIэ дызыхуей щIыпIэм дынигъэсырт, гъащIэм хуэIущти, и дэтхэнэ псалъэми купщIэ хэлът. И къуэ Натхъуэ Саусэр илъэс 22-м итщ, полицэм хыхьагъащIэ щIалэ щыпкъэщ. Ипхъу Нэхунэ илъэс 14 и ныбжьщ, курыт школым щIэсщ. Къуажэм дэтлъэгъуа дахагъэмрэ фIыгъуэмрэ ди бысымхэм я деж къыщежьэрт.

## АДЫГЭБЗЭ ФIЭКIА ЩЫЗЭХЫУМЫХ ЖЭНЭТ ЛЪАХЭ

Кфар-Камэ жэнэт лъахэ цIыкIу хуэдэщ, хэкум зэрыпэIэщIэр думыгъуэмэ. Куэбжи бжыхьи щумылъагъу жылэщ ар, и жьэгу пащхьэр зэщIэгъэнарэ берычэтыр дэзу. Махуитхум къриубыдэу зы хьэрыпыбзи журтыбзи щызэхэтхакъым, я нэхъ цIыкIухэри щIалэгъуалэри зэрызэпсалъэр адыгэбзэщ, я нэхъыжьыр зэрыущиер анэдэлъхубзэрщ. Къуажэ дэлъэдапIэм къыщыщIэдзауэ абы щызыхэпщIэ адыгагъэм уи хэкужь уисыж хуэдэу къыпщегъэхъу. АдыгэбзэкIэ «Фыкъеблагъэ» зэрытетхар умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым, къатищу зэтету къуажэкум ит Хасэр, дэ администрацэкIэ дызэджэр, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзащ, библиотекэ хэтщ. Къалэм и кур зыхуэзэ а щIыпIэм куэбжэ зэIуха ин удз зэмылIэужьыгъуэхэр къегъэтIысэкIауэ щытщ. А зы куэбжэрщ Кфар-Камэ щыплъагъунур, ари зэIуха зэпыту зэрыщытым къыбжеIэ ди лъэпкъэгъухэм ягури я псэри зэIухауэ дунейм зэрытетыр.

Къулей, къулейсыз псалъэхэм къарыкIыр ящIэ хъункъым абыхэм, псоми я унэхэр зы ухуакIуэм ищIа хуэдэу зэщхьщ. Езыхэр гъунэгъу къалэхэм щыIэ фабрикэхэм, заводхэм щолажьэ, дзэм, полицэм къулыкъу щащIэ, абы къыдэкIуэуи тыкуэн, шхапIэ, щхьэц щIэщапIэ хуэдэхэр къызэIуахауэ ягъэлажьэ, щIыгум толэжьыхь, былым ягъэхъу, жыг-хадэ хасэ. Къыхэгъэщыпхъэщ унагъуэ Iуэху гуэр зэфIагъэкIын е цIыхур зыхуей хъу Iуэхутхьэбзэр игъуэтын папщIэ ахэр нэгъуэщI къалэ кIуэн зэрыхуэмейр. Кфар-Камэ псори щыбогъуэт, курыт еджапIэ, сабий гъэсапIэ, сымаджэщ, банк, пощт – псори дэтщ, тыншу ущопсэу. ПщIантIэхэм машинэ зыбжанэ зэбгъурыту дэтщ, зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа ныбжьыщIэм (щIалэми хъыджэбзми емылъытауэ) машинэ къехуэкIыным зыхуегъасэри, щыхьэт тхылъыр къыдех. Хъыджэбз цIыкIухэри, зи ныбжь хэкIуэта бзылъхугъэхэри машинэ исщ. «Фи дежкIэ цIыхубзыр машинэ дэмытIысхьэр пэж?!» – щыжаIэм, иужьрей илъэсхэм нэхъ къызэраублар яжетIащ. ТоккIэ лажьэ электромобилхэр къуажэм дэзу дэтщ, ахэр

нэхъ тыншщ уи Iуэху иризэфIэбгъэкIыну. Абы тесхэр щызэблэкIкIэ, адыгэбзэкIэ сэлам зэрахыу зэрызэхэпхыр гухэхъуэт. ИужькIэ десэжащ: къуажэм дэс псори зэроцIыху, адыгэбзэ фIэкIа нэгъуэщIыбзэ щызекIуэркъым. Ауэ...

Хэкужьым ит адыгэ къуажэ уикIауэ, адыгэбзэр зэхэпх щхьэкIэ къыпфIэIуэхун хуейкъым, ауэ къысфIэIуэху къудейм къыщымынэу, сыкъигъаскIэрт журт къэралым ис адыгэ къуажэ цIыкIум дэсхэм я анэдэлъхубзэм пщIэ зэрыхуащIым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхэсх адыгэбзэ никъуэм, нэгъуэщIыбзэм худиIэ пыщIэныгъэм, ди бзэр хамэ псалъэхэмкIэ зэрыдуцIэпIым, адыгэбзэ зымыщIэ адыгэ зэрысцIыхум, адыгэбзэр егъэджыным пыщIа гугъуехьхэм езгъапщэрт. Анэдэлъхубзэр ди школхэм щаджыну сабийхэр, адэ-анэхэр зэрыхуэмейм, ар зэрызэрамыпэсым щхьэусыгъуэ къыхуэзгъуэтырт – школ нэужьым еджапIэ щIэтIысхьэнуми, лэжьапIэ увынуми, къулыкъу ирахьэкIынуми адыгэбзэр зыщIыпIи къыщысэбэпыркъыми, аращ щIамыджыр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, абы гугъу зыщIрагъэхьын щхьэусыгъуэ яIэкъым, икIи къэслъытэрт а щхьэусыгъуэр властым къигупсысын хуейуэ, адэ-анэм нэгъуэщI къащыгурымыIуэкIэ. Кфар-Камэ адыгэбзэм и гъусэу бзищ щадж. Курыт школым и класси 9-р къызэраухыу, хьэрыпхэмрэ журтхэмрэ яхохьэри, ядоджэ, адэкIэ я щIэныгъэм хагъахъуэ, итIанэ лэжьэн щIадзэ… Къуажэм зэрыдэбэкъукIыу къагъэсэбэпыр зыхэс къэралым и бзэхэрщ, ауэ пщыхьэщхьэм къызэрагъэзэжу я анэдэлъхубзэм тохьэж. Абы хьэкъ сщищIащ: уи бзэр пщIэн щхьэкIэ гукIи псэкIи уадыгэн хуей къудейуэ аращ, армыхъумэ, ар къэралми властми елъытакъым.



## ЛЪЭПКЪ ХАБЗЭР ЯХЪУМЭ

Кфар-Камэ цIыху 3330-рэ дэсщ, ар унагъуэ 1130-рэ мэхъу. Абыхэм я процент 90-р шапсыгъщ, абазэхэхэр, хьэтыкъуейхэр, бжьэдыгъухэр унагъуэ зыбжанэ мэхъу. Зи лъэпкъым къыкIэрыча хъуа, нэгъуэщI дин, политикэ, бзэ зезыхьэ гупым хэхуа, зи бжыгъэкIэ мащIэ ди къуэшхэм я щэнхабзэмрэ псэукIэмрэ а псоми яжь къыщIимыхуу къэнауэ къыщIэкIынкъым. Абы щыпсэу адыгэхэм езыхэм я хабзэ зехьэкIэ, псэукIэ щхьэхуэ зэрагъэпэщыжащ. Езыхэр, дэ дэщхьу, зэрызэджэжыр адыгэщ, «шапсыгъ», «абазэхэ» псалъэхэр къыщагъэсэбэпыр зыщыщ лIакъуэр щызэхагъэкIым дежщ.

Ахэр къызыхэкIа лъэпкъым, я адэжьхэм, адыгэ мамлюкхэм яхэлъа лIыгъэмрэ яIа щIыхьымрэ, я хабзэ дахэмрэ нэмысымрэ ирипагэу мэпсэу нобэр къыздэсым икIи къыдэкIуэтей щIэблэр абы зэрыщIапIыкIыр нэрылъагъущ. Къуажэм адыгэбзэ фIэкIа зэрыщызэмыкIуэр щыхьэт тохъуэ я лъэпкъ зэхэщIыкIым зэрызиужьам. ИтIанэ я лъэпкъыр, я бзэр, щэнхабзэр зэрахъумэжыфар зи фIыгъэр я лъэпкъ лIыхъужьыгъэмрэ къэмылэнджагъэмрэ арагъэнущ. Арыншамэ, ахэр зэпымыууэ къэзыухъуреихь я бий куэдым – псыр, гъавэр, щIыр трахын щхьэкIэ кIэншэу къатеуэу щыта бедуинхэмрэ друзхэмрэ – япэщIэтыфынкIэ Iэмал иIакъым. Ди лъэпкъэгъухэр къыщIызэтенэфам и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ я лъэпкъыр

яхъумэжын щхьэкIэ, Iэмал зэриIэкIэ, нэгъуэщI лъэпкъ зэрызыхамыгъэхьэр. Япхъухэр нэгъуэщI лъэпкъ зэрырамытыным, щIалэхэм хамэ пщащэ къызэрырамыгъэшэным пылъхэщ. НэгъуэщI къэрал щыпсэу адыгэ къашэныр, дэкIуэныр я гуапэщ. Израилым щыпсэу адыгэ цIыхубзхэм, апхуэдэ лъэпкъ хабзэ димыIэ пэтми, щхьэтепхъуэ ятелъщ, ауэ иджырей пщащэхэм щхьэтепхъуэ зэрахьэжыркъым. Унагъуэ ихьа цIыхубз псоми «щамий» жари щэкI хужьым къыхэщIыкIа IэлъэщI зытралъхьэ, зэхуэс, джэгу кIуэн хуей хъуамэ, я щхьэцри я пщэри щIихъумэу.

Ахэр я лъэпкъ щэнхабзэм хуосакъ, адыгэ хабзэр зэрахузэфIэкIкIэ яхъумэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, нэхъыжьым тхьэмадэ тIысыпIэр ейщ, япэ псалъэр ират, и жыIэм йодаIуэ. ПщIэшхуэ хуащI адэ-анэм.

Кфар-Камэ и псэукIэр зэрызэIузэпэщыр щыхьэт тохъуэ зы Iуэхугъуэм – къэралыгъуэр зей журтхэмхэмрэ ди лъэпкъэгъухэмрэ зэгурыIуэрэ лъытэныгъэрэ я зэхуаку дэлъу зэдопсэу. Журтхэми пщIэ къыхуащI адыгэхэм, зэгурыIуэу, зэдэIуэжу, я жылэр зыхуей хуэзэу, къабзэу зэрахьэу зэрыщытым гу лъатэ, абы нэхъри зиужьын папщIэ мылъкукIэ зыкъыщIагъакъуэ зэпытщ.

## ЛЪЭПКЪЫБЗЭР ЯПЭ ИРАГЪЭЩ

Километр мин бжыгъэ зэпыбупщIу, кхъухьлъатэхэр зэпхъуэкIыу нэгъуэщI къэрал укъыщыхутауэ къыпщыхъуркъым Кфар-Камэ ущыдэткIэ. Абы и хьэуами адыгэмэ хэтщ. Зи бзэ пщIэ хуэзыщIыж хэхэс адыгэ дунейм тетмэ, ар Израилым исхэрщ. Адыгэбзэр зэраджыр дэ къэдгъэсэбэп алфавитырщ – кириллицэрщ. Ар нэхъ къыщIыхахари я адэжь щIыналъэм щыпсэухэм а Iэлыфбейр къызэрагъэсэбэпыр аращ. Щыпсэу къэралыгъуэр фIыуэ къазэрыхущытыр къагъэсэбэпурэ, абы щыщ адыгэхэр я бзэм и пщIэр къызэраIэтыным хущIокъу.

Къуажэм ущыдыхьэкIэ гъуэгугъэлъагъуэхэм тет псалъэхэр журтыбзэкIи адыгэбзэкIи тетхащ, IуэхущIапIэу дэтми уэрамхэми я цIэр адыгэбзэщ зэрытетыр икIи адыгэцIэщ зэрахьэр – Къэбэрдей, Шапсыгъ, Iуащхьэмахуэ, Хъан гъуэгу, Налшык, Псы, Мазэ…

Кфар-Камэ щыпсэухэм я псэлъэкIэр шапсыгъ псэлъэкIэщ. Я бжэкIэми зы гъэщIэгъуэн хэлъщ. Псалъэм папщIэ, дэ щэщI, плIыщI жытIэмэ, абыхэм пщIырыпщIыбжэр ящIэркъым: щэщIым и пIэкIэ тIощIрэ пщIырэ, щэ ныкъуэм щхьэкIэ тIощIитIрэ зыпщIрэ жаIэ.

Абы дыщыIэху гугъу зыкъыддезыгъэхьахэм ящыщщ Израилым ЭкономикэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ, Кфар-Камэ щыIэ Адыгэ Хасэм жыджэру хэт Нэпсо Айбэч. ЗыплъыхьыпIэхэмрэ щIыпIэ дахэхэмрэ я хъыбарыр къыджиIэурэ дишащ икIи дигъэлъэгъуащ абы. Айбэч ящыщщ къуажэ уэрамхэм адыгэцIэ зэрахьэнымкIэ жэрдэмыр къыхэзылъхьэу ар пхызыгъэкIахэм.

– Илъэс зыбжанэ ипэкIэ щIалэ гуп дызэхэсу ди хъуэпсапIэу къэтIуэтауэ щытащ, ди уэрамхэм адыгэцIэ зэрахьэныр насыпыщхуэу къызэрытлъытэр. Ди щIалэгъуэт, ди къару илъыгъуэти, ды-

зэрыгъэгушхуэри Iуэхум дыхуежьащ. УэрамыцIэхэм ятеухуауэ Израилым и къэрал хабзэхэр зэдгъащIэщ, абы папщIэ зызыхуэгъэзапхъэхэм депсалъэри, ди мурадым яужь дихьэмэ, зэрытхузэфIэкIынур къыдгурыIуащ. ЩIалэ хъарзынэхэр хэтт Хасэми, дызэхэтIысхьэри, къэдгупсысащ уэрамхэм цIэуэ хуэдгъэфащэхэр. Нэхъыщхьэу хэтлъагъуэр уэрамым и цIэм укъеджэмэ, адыгэр уигу къигъэкIын зэрыхуейрт, ди сабийхэм ялъагъурэ щыщIэупщIэкIэ псалъэм къикIымрэ ар къыздитхамрэ яхуэтIуэтэныр щхьэпэнут. Хабзэм тету программэ дгъэпса нэужь, Хасэм етхьэлIэри, тхузэрагъэзэхуащ, здегъэхьыпхъэхэм ирагъэхьащ. Зэман текIуэдащ, ауэ зыми къытпиубыдаIакъым, зэрыфлъагъущи, нобэ нэр игъэгуфIэу, гур хигъахъуэу фIэлъщ. Ди щIалэгъуалэм я гугъу пщIымэ, и нэхъыбэр гъунэгъу къалэхэм дэт университетхэм щIотIысхьэ. Зыхуеджэр сыт жыпIэмэ, дохутыр, уэчыл, инженер, егъэджакIуэ IэщIагъэхэр нэхъ къыхах. Дэ куэд диIэщ заводхэм, фабрикэхэм инженеру щылажьэу, бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ егъэджакIуэу, унафэщIу IуэхущIапIэхэм щыIэу. Нэхъыбэр щылажьэр Хайфэрэ Тбериерэщ, ахэр нэхъ ди гъунэгъущи. Ди щIалэ куэдым дзэм, полицэм къулыкъу щащIэ, – жеIэ Айбэч.

Я нэхъ цIыкIу дыдэри адыгэбзэкIэ зэрыпсалъэм, Кфар-Камэ къуажэм нэгъуэщIыбзэ зэрыщыземыкIуэм хуэдэ нэгъуэщI зы къэрали ущрихьэлIэнукъым, Урысей Федерацэри яхэту. Абы теухуауэ Айбэч къыджиIар мыращ: «Къуажэ щIыбым ди Iуэху щыдэдгъэкIыу хамэбзэкIэ дыщыпсалъэ щхьэкIэ, дыкъызэрыдыхьэжу адыгэбзэм дытохьэж. Ар къыщежьар нобэкъым, икIи дыгъуасэкъым. АтIэ ди адэжьхэм къытхалъхьам дытету аращ. Уи анэдэлъхубзэм хуэпщI пщIэращ псоми лъабжьэ хуэхъур, армыхъумэ нэгъуэщI лъэпкъ ухэс щхьэкIэ ар пфIэкIуэдын хуейкъым. Дэ, адыгэхэм, ивритыр фIыуэ къыдощтэ, зыдогъэщIэф, уеблэмэ езы журтхэм ягъэщIагъуэу нэхъ пэжу дропсалъэ. Ауэ абы къикIыркъым бзэ ныкъуэу дыщытын хуейуэ, уи бзэр умыщIэжу, дауэ «сыадыгэщ» жыпIэн?! Къапщтэмэ, узэрыадыгэр къащIамэ, нэхъ гулъытэ, дэчых къыщыпхуащIынущ мыбы. Сэ нэгъуэщI лъэпкъ щыщхэм жаIэу куэдрэ зэхэсхащ адыгэр зэрыцIыху пэжыр, и лэжьыгъэр гугъэзагъэу зэрызэфIигъэкIыр, дзыхь хуэпщIар езым и щхьэ Iуэху хуэдэ зэрызэфIихыр. «Iуэху гуэр адыгэм и пщэ дэплъхьамэ, угъуэлъыжу ужей хъунущ», – жаIэ журтхэм».

Айбэч лэжьыгъэ зэманым къыщыдэхуэкIэ, Адыгэ музейми щолажьэ. Бзэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрищIэм къыхэкIкIэ, Кфар-Камэ къыдыхьэ туристхэми адыгэм и блэкIамрэ нобэ и щыIэкIэмрэ ирегъэцIыху, музейм щIэлъ хьэпшыпхэм я мыхьэнэмрэ къызэрагъэсэбэпу щытамрэ яжреIэ, адыгэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я къулеягъыр яхуеIуатэ.

## ЛЪЭПКЪ ТХЫДЭМ И ДЖЭЛЭС

Кфар-Камэ дэсхэм я тхыдэмрэ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэмрэ щахъумэу яIэщ Адыгэ музейр. Ар тIууэ зэтет унэшхуэщ, езы къэралыгъуэм нэхърэ нэхъыжьу, 1900 гъэм ящIауэ щытащ. ГъэщIэгъуэнщ

илъэсих ипэкIэ музей ящIыжа унэшхуэм и хъыбарыр. Ар Щхьэлахъуэхэ ейуэ щытащ. КъуажэдэсхэмзэрыжаIэжымкIэ, зэкъуэшхэу Iэсхьэдрэ Саидрэ хуабжьу къулейуэ, щIэныгъэ яIэу щытащ. Тырку къэралыгъуэм къикIыу Кфар-Камэ къэкIуауэ зы министри, генерали, сатуущIи кIуэжыртэкъым, Щхьэлахъуэхэ емыблэгъауэ. Зэшхэм щхьэлитху ягъэлажьэрт, щIыгу гектари 100-м щIигъу яIыгът, унэIут щэныкъуэ яIэт.

Иджы музейуэ ягъэпсыжа а унэм и тхьэмадэу щыта Щхьэлахъуэ Iэсхьэд къытехъукIыжахэр Иорданием щопсэу, абы и къуэш Саид къытекIахэми Иорданиемрэ Америкэмрэ псэупIэ яхуэхъуащ. Кфар-Камэ жылэ Хасэм унэмкIэ хуитыныгъэхэр къыдихри, музейуэ ягъэпсыжауэ, къуажэдэсхэми къакIуэ туристхэми адыгэм и хъыбар щыхуаIуатэу мэлажьэ.



Кфар-Камэ дэт Адыгэ музейм щIэлъ хьэпшыпхэм ящыщщ.

Музейм и къалэн нэхъыщхьэм, лъэпкъ тхыдэм и джэлэсу иджырей гъащIэми зэрыхэтым теухуауэ къыддэгуэшащ абы и унафэщI, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэт Тхьэухъуэ Зухьер. «Музейр къызэрызэIутхрэ илъэсипщI мэхъу. 2006 гъэращ къежьапIэ хуэхъуауэ къэплъытэ хъунур. Япэу унэр къэдгъуэту хьэпшыпхэр щыщIэдгъэзэгъам мазищкIэ бадзэ щымыдыму дыщIэсащ абы. ЦIыхухэр къакIуэу щIадза нэужь, ягъэщIагъуэ пэтми яхуэухыртэкъым ди щхьэм кърикIуамрэ ди хабзэм щыщу яхуэтIуэтахэм я дахагъымрэ. Абы щыгъуэм Израилым щыхэхэс адыгэхэм Iэмал имыIэу музей диIэн зэрыхуейр хьэкъ тщыхъуащ».

Иджы тIууэ зэтету ягъэпса унэшхуэм зы махуи и бжэр зэхуащIыркъым. Нэхъапэм зы илъэсым цIыху 1-1,5-рэ къекIуалIэу щытамэ, нобэ ар мин 50-м нэсащ. ЗыплъыхьакIуэхэм я процент блыщIыр абы ис журтхэращ. Абыхэм я нэхъыбэр адыгэм и хъыбар зэзыгъэщIэну хуейхэрщ. Процент 14 хуэдизыр хьэрыпщ. Адрей къэ-

нар, туристхэращ – итальян, урыс, нэгъуэщI лъэпкъхэрщ. IуэхукIэ Тель-Авив, Иерусалим кIуа адыгэ къэкIуэж къыщIэкIынкъым, Кфар-Камэ дэс и лъэпкъэгъухэмрэ адыгэ музеймрэ зримыгъэлъагъуу.

– Ди музейм зэ къэкIуа журтым Iэмал имыIэу зыгуэр къыздишэнурэ къытригъэзэнущ. Е апхуэдэу зэ щыIахэм я ныбжьэгъухэм, я благъэхэм жраIэжри, зэхэтхащ музей гъэщIэгъуэн зэрыщыIэр, жаIэу къокIуэ. Ди тхыдэм, ди хабзэм, ди щыIэкIэм фIыуэ щыгъуазэ тщIа журтым жиIэр пщIэрэ: «Фэ сабий нэхъыбэ къыфщIэхъуэн хуейщ, фэ фхуэдэхэр нэхъыбэу тетын хуейщ мы дунейм». Ар дэ догъэщIагъуэ, журтым, дэ муслъымэнхэм, ар къыджаIэ. Абы къегъэлъагъуэ цIыхур лъэпкъ, дин зэхэгъэж пщIы зэрымыхъунур. Мыбы къыдыхьэхэм ди лъэпкъ хабзэмрэ ди Iэщэ-фащэхэмрэ апхуэдизкIэ ягъэщIагъуэ, ягъэхъыбарыжу зэхыдохри, нэхъыбэ къыткIэлъыкIуэну сыхуейщ. Ауэ нэхъыбэ къыпкIэлъыкIуэн папщIэ къыздэкIуэни, абыхэм япежьэни, ядэлэжьэни хуейщ. КъищынэмыщIауэ, си лъэпкъыр схъумэжынымкIэ Iэмал хъарзынэщи, зезгъэужьмэ сщIэркъым, армыхъу хэзгъэкIуэдэжынукъым, – къыддогуашэ Зухьер.

## ГУФIЭГЪУЭ ДАУЭДАПЩЭХЭР – НЭЧЫХЬЫТХ

Дэнэ щIыпIэ укIуэми лъэпкъ хабзэмрэ зэхэтыкIэмрэ кърипщIэну Iэмал хъарзынэщ хьэгъуэлIыгъуэр, гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр. Кфар-Камэ дыщыдэса махуэхэм къриубыдэу Щэджащэхэрэ ХъутIэжьхэрэ благъэ зэхуэхъуащ. Къуажэм хьэщIэ зэрыдэсыр ящIэрти, щIалэм и лъэныкъуэм – Щэджащэхэ – хъыбар къыдагъэщIащ.



Журтхэм яхэс ди лъэпкъэгъухэм я гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр зэрыдахыр ди деж щекIуэкIым техуэртэкъыми, тлъагъу псори тфIэгъэщIэгъуэну дыхэтащ. Щауэми нысащIэми я унэхэм махуэм шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, IэфIыкIэхэр щагъэхьэзыр. Щауэм и Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ щауэм и унэм, пщащэм ейхэр – пщащэм деж пщыхьэщхьэм щызэхуос. Япэу дыздэщыIар щIалэм и унагъуэрщ, щауэр зэдгъэцIыхун мурад диIа щхьэкIэ, ар унэм истэкъым, и ныбжьэгъу щIалэм я деж щыIэт, джэгу хуащIу…

А пщыхьэщхьэм нэхъыщхьэр нэчыхь тхынырти, ар муслъымэн диным къызэригъэувым хуэдэу ятхащ. Хэкужьым ис ди лъэпкъэгъухэм нэчыхь щатхыр нысащIэр къыщашэм дежмэ, Израилым щыщ адыгэхэм нэчыхьытхыр псом япэ ирагъэщ. ЗэгуэкIуа щIалэмрэ хъыджэбзымрэ зэгурыIуа нэужь, адэ-анэм нэчыхьытх махуэр яубзыхури, къуажэдэсым хъыбар ирагъащIэ. Гу зылъыттари гъэщIэгъуэнщ, телефони, унащхьэ чэзуи хэткъым, конвертым дэлъу егъэблагъэ тхылъыр зэбграгъэхыу аращ.

Нысэ къэзышэ Щэджащэхэ я пщIантIэм къуажэдэсхэри Рихьэние щыщ я благъэхэри щызэхуэсырт. ХьэщIэхэм адэ-анэм я Iэр яубыд, куэд щIауэ зэрымылъэгъуахэр зэщIоупщIэ, благъэ зэхуэхъухэр куэдрэ зэрыIыгъыну мэхъуахъуэхэ. АпщIондэху молэр щыхьэтитI и гъусэу нысащIэм и унэм кIуэри, арэзырэ мыарэзырэ еупщIащ, тхылъым Iэ щIрагъэдзащ. ИтIанэ молэмрэ щыхьэтхэмрэ щауэм деж кIуэри, апхуэдэ дыдэу абыи щIрагъэдзащ. Ар зэфIэкIа нэужь, Щэджащэхэ къагъэзэжри, лъэныкъуитIми я щыхьэтхэр щысу нэчыхьыр

ятхащ. Апхуэдэ махуэхэм Iэнэ къаузэдыркъым, атIэ IэфIыкIэ, псы, шей, кофе хуэдэхэр пщIантIэм щагуэшу аращ.

А зэманым къриубыдэу щIалэр здэщыIэ унагъуэм джэгушхуэ щокIуэкI. Абдеж дэри щауэ Родин щызэдгъэцIыхури дехъуэхъуащ. СыхьэтитI хуэдизкIэ джэгухэри, щIалэм и ныбжьэгъу гупыр и гъусэу хъыджэбзым я деж кIуащ.

ХъутIэжьхэ я пщIантIи уэрами гъэщIэрэщIат. Европей щыгъынкIэ хуэпа нысащIэр и ныбжьэгъухэм ящIыгъуу къафэу дэтт. Щауэр и ныбжьэгъухэр и гъусэу къэсри, нысащIэм сэлам ирихащ, Iэлъыни IэритIэгъащ. Хабзэр арати, Динэ дыщэхэкIхэр тыгъэ хуищIащ. Сурэтхэр зытрагъэхщ, ныбжьэгъухэр бгъэдыхьэурэ ехъуэхъури, торт яупщIэтащ. НыбжьыщIэхэм я Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ торт яшхыну ирагъэблагъэри, нысащIэм и ныбжьэгъу хъыджэбзхэм къахьа IэфIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэри ягуэшащ.

Нэхъапэм мыпхуэдэ пщыхьэщхьэм щIалэр хъыджэбзым я деж жэщым къыщынэу щытащ, иджы махуэ зыбжанэкIэ нэгъуэщI къалэ макIуэ загъэпсэхуну.

КъыкIэлъыкIуэ махуэхэм зэблагъэхэм яубзыху кIэух хьэгъуэлIыгъуэр – нысэишыж джэгур – щыщыIэнур. Дэ хьэгъуэлIыгъуэм дыхэтакъым, ауэ дыкъэкIуэжа нэужь, Родинрэ Динэрэ я сурэтхэр къытхурагъэхьащ. Абы щыщ адыгэхэм я хьэгъуэлIыгъуэр щекIуэкIыр ресторанращ, цIыху мин нэблагъэ кърихьэлIэу.

## АДЫГЭ ЩЭНХАБЗЭМ И ДУНЕЙПСО ФЕСТИВАЛЫМ



Израилым адыгэу исыр зыпэплъа махуэр къэсащ. Бадзэуэгъуэм и 30-м, щэбэтым, Кфар-Камэ щекIуэкIынут гъэ къэс къызэрагъэпэщ дунейпсо фестивалыр. БлэкIа илъэсхэм Тыркум, Иорданием щыIэ адыгэ къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэр кърагъэблэгъамэ, иджы утыкум итынур «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблымрэ «Ислъэмей» уэрэджыIакIуэ гупымрэт.



АР-м и «Ислъэмей» уэрэджыIакIуэ гупыр.

Концертым щIидзэным иджыри сыхьэт бжыгъэ иIэу цIыхухэм къызэхуэсын щIадзащ. ГуфIэгъуэ пшыхьым хэтынур ди бысым къуажэдэсхэм я закъуэтэкъым, атIэ абы къеблэгъэнут Рихьэние щыщхэри, гъунэгъу къалэхэм, къуажэхэм дэс нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIахэри. ЦIыху мини 5 зэрыхуэ стадионым щагъэува сценэм къекIуэкI тIысыпIэхэр хуэмурэ яубыдырт. Фестивалым щIидзэн гъунэгъу щыхъум, зэблэкIыпIэ имыIэжу цIыхур щызэхуэсат концерттыпIэм. Я IутIыжт а махуэм ди лъэпкъэгъухэм, сыту жыпIэмэ, ахэр иджы япэу я лъэгу щIэплъынут Къэбэрдей-Балъкъэрым и набдзэу ялъытэ, щытхъу зиIэ, къэрал куэдым къыщацIыху, адыгэм и щэнхабзэмрэ макъамэмрэ дахэу утыку къизыхьэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым, абыхэм ящIыгъут лъэпкъым и IуэрыIуатэ-макъамэ гъуазджэр екIуу зыгъэIу, адыгэ лъэпкъ щэнхабзэр хъумэным, зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщI «Ислъэмей» уэрэджыIакIуэ гупыр.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIар Кфар-Камэ дэт Адыгэ музейм и унафэщI, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэт **Тхьэухъуэ Зухьерти,** абы къызэхуэса псоми сэлам гуапэ ярихри, утыкум иригъэблэгъащ Кфар-Камэ жылэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Закарие,** Израилым щIыналъэ зэдэлэжьэныгъэмкIэ и министр **Къарэ Iэюб** (друз лъэпкъым щыщщ), Рихьэние къуажэ хасэм и тхьэмадэ **Гъыш Сулеймэн,** КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Битокъу Владимир,** КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** сымэ.



– Сэлам гуапэ фызох адыгэм и бынхэ! – къызэIуихащ пщыхьэщхьэр Нэпсо Закарие. – Нобэ ди махуэшхуэщ, дэ къытхуеблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм я къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэр. ФIыщIэ яхудощI фэ фыкъэзыутIыпща, гуп дахэу гъуэгу фыкъытезыгъэхьа, адэжь лъахэу къэтлъытэ хэгъуэгухэм я тхьэмадэхэм. Щэнхабзэм дызэрызэпищIэ лъэмыжыр нэхъ быдэ тщIын мурадкIэ дызэхыхьащи, Тхьэм къыдигъэхъулIэ. Израилым ис адыгэхэм ди щхьэр лъагэу дывгъэлъагъужащ, ди щIыбагъ уардэу фыкъызэрыдэтыр дызыхэс лъэпкъхэм дахэу евгъэлъэгъуащи, фIыщIэ мыухыж фхудощI.

Мыпхуэдэ зэхыхьэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, адыгэр сыт и лъэныкъуэкIи псоми фIыкIэ къазэрыхэщыр, я хабзэкIэ, зэхэтыкIэкIэ зэрыдагъуэншэр, я щэнхабзэм и беягъым и гуапэу зэрыкIэлъыплъынур жиIащ щIыналъэ зэдэлэжьэныгъэмкIэ министр Къарэ Iэюби.

– Адыгэ зэрыс хэгъуэгуищми, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, я тхьэмадэхэмрэ щыпсэухэмрэ къабгъэдэкI сэлам гуапэ фызохыж Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ дэсхэм, – захуигъэзащ Битокъу Владимир къызэхуэсахэм. – РеспубликитIым щыщу щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр ди гъусэу гупышхуэ дыкъыфхыхьащ фызэрыдиIэр, дызэрывиIэр тщIэжын щхьэкIэ, адэжь лъахэм исхэр къызэрыфкъуэтыр фщымыгъупщэн папщIэ, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ ди зэпыщIэныгъэр едгъэфIэкIуэн, ди бзэмрэ щэнхабзэмрэ тхъумэжын, зедгъэужьын мурадкIэ. НыбжьэгъугъэкIэ, благъагъэкIэ, щэнхабзэкIэ, мурадхэмкIэ дызэпыщIауэ щытмэ, зэи дызэрыхэмыкIуэдэжынум шэч хэлъкъым.

Фестивалыр зэпыщIэныгъэ быдэм лъабжьэ хуэхъуну хъуахъуэу къэпсэлъащ Къумахуэ Мухьэдинрэ Гъыш Сулеймэнрэ.

ХьэщIэхэм Налшык ираха саугъэтхэр тыгъэ хуащIащ Нэпсо Закариерэ Къарэ Iэюбрэ.



«Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр утыку итщ.

«Кабардинка»-р нэхъапэм гуп мащIэурэ кIуами, ансамбль псор зэгъусэу иджыт Израилым щихьар. АтIэми, хамэ къэрал щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм я зэхуаку щэнхабзэ зэпыщIэныгъэ дэлъынымкIэ а къэфакIуэ гупым игъэзэщIа къалэнхэр къыпхуэмылъытэнщ, къызэхикIухьа къэралхэм ис адыгэхэм ягу къызэрагъэгъуэтыжу. Ди бысымхэм ящIэрт «Кабардинка»-р лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэм и налкъутрэ адыгэ жьэгум и дэп мыужьыхыу илъэс 80 хъуауэ къызэрыгъуэгурыкIуэр.

Дунейпсо, къэралпсо фестивалхэм я лауреат, Иордан Хьэшимит Пащтыхьыгъуэм и орден нэхъыщхьэу тIу, «Адыгейм и щIыхь» медалыр зыхуагъэфэща ансамблым концерт дахэ итащ а пщыхьэщхьэм. Iэгуауэм я нэхъ иныр зыхуаIэту деса «Кабардинка»-м Iэгу хуеуэр ди лъэпкъэгъухэм я закъуэтэкъым, атIэ журтхэри, хьэрыпхэри, друзхэри, бедуинхэри къыдихьэхат. ХьэхъупащIэ Iэмырхъан игъэзэщIа уэрэдхэм, бэрэбаным гухэхъуэу еуа щIалэхэм, пшынауэхэм, накъырапщэхэм, къэфакIуэхэм я зэфIэкIыр щIэщыгъуэт абыхэм еплъхэм я дежкIэ.

ГуфIэгъуэр зыIэтыр къафэмэ, фестивалыр зыгъэбжьыфIар «Ислъэмейм» и уэрэдхэрщ. Макъамэ Iэмэпсымэхэмрэ уэрэджыIакIуэ макъ жьгъырухэмрэ къуажэ псом щызэхахырт. Ахэр нэхъапэми щыIат Израилым, фIыуэ къалъагъунуи хунэсати, Iэгуауэр мыухыжт. Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ ар-

тисткэ ХъуакIуэ Сусаннэ, АР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Шэшэным щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Агъыржанокъуэ Саниет, АР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Къумыкъу Шамсудин, Щамырзэ Къазбэч, пшынауэ Iэзэ, АР-м и цIыхубэ артист Мыщэ Анзаур сымэ ягъэзэщIа уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ гуимыхужт, лъэпкъ щэнхабзэм и фIыпIэр гурэ псэкIэ зыхозыгъащIэт.

Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ я жэрдэмкIэ фIащауэ «Адыгэхэм (Шэрджэсхэм) я лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэ» цIэ лъапIэр зезыхьэ «Кабардинка»-мрэ «Ислъэмеймрэ» ягъэгушхуащ а пщыхьэщхьэм Израилым ис адыгэхэр, апхуэдэуи ахэр зыхэс нэгъуэщI лъэпкъхэм я нэгу зрагъэужьащ.

Хэхэс гъащIэр я натIэ хъуами, зи бзэмрэ зи щэнхабзэмрэ хуэсакъыпэу зыхъумэ ди лъэпкъэгъухэми а пщыхьэщхьэм дагъэлъэгъуащ адыгэ къафэмрэ макъамэмрэ зэрыхуэпэжыр, ныбжьыщIэхэри сабийхэри зыхэт къэфакIуэ ансамбль зэраIэр. Кфар-Камэ щыпсэу, щылажьэ къэбэрдей щIалэ Iэпщэ Рустам игъасэ гупитIри екIуу утыку итащ. «Ди псэ» ансамблым и гуп нэхъыжьым фащэ дахэхэр ящыгъыу къэфэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыхуэIэзэр къызэхуэсахэм ирагъэлъэгъуащ. Гур хэзыгъахъуэр нэхъ цIыкIу дыдэхэрат. КъакIухьыф хъуауэ къэмыфэф къуажэм зэрыдэмысыр сабий гъэсапIэм щытлъэгъуат, ауэ гуп хэту, утыкушхуэм иту къэфэныр иджы щыщIэдзауэ зэращIэм дыщыгъуазэтэкъым. Гухэгъуэт а цIыкIухэм уакIэлъыплъыну. Нэхъыщхьэрати, хэкурыс къэфакIуэ Iэзэхэмрэ хэхэс къэфакIуэ ныбжьыщIэхэмрэ зы утыку зэрызэдитымрэ я зэфIэкI зэрызэхалъхьэмрэ уамыгъэгушхуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Аракъэ зэпыщIэныгъэ хъужри, аракъэ щIыпIэ куэдым щикъухьа адыгэр зэзышэлIэжри?!

«Кабардинка»-м и къафэр, «Ислъэмейм» и уэрэдыр, «Ди псэм» и гуащIэр, Кфар-Камэ и Iэгуауэр щызэхыхьэм уэгур «къигъачэрт», жэщыр игъэнэхуу къыпщыхьурт. Фестивалым кърихьэлIахэм сыхьэтитIым щIигъукIэ загъэпсэхуам, я нэгу зиужьам и закъуэкъым, атIэ иджыри куэдрэ яхурикъун къарурэ дэрэжэгъуэрэ яIэу зэбгрыкIыжащ.

Къафэм и мыхьэнэр, уэрэдым и купщIэр, лъэпкъым и щIыхьыр, бзэм и къарур – а псор хьэщIэхэми бысымхэми нэхъ кууужу зыхащIауэ иухащ Кфар-Камэ щекIуэкIа Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалыр!

А пщыхьэщхьэм хэта хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ ялъэгъуамкIэ я гуапэу къыддэгуэшащ.

Кфар-Камэ жылэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Закарие:**

– Хуабжьу дигу щыхэхъуа пщыхьэщхьэщ ныщхьэбэ. Израилым ис адыгэ мащIэм дызэримызакъуэр евгъэлъэгъуащ фестивалым кърихьэлIахэм. Ди хъуреягъым щыс жылэхэм лIыкIуэ къызыдэмыкIа къинакъым. Мыбы кърихьэлIащ журтхэри, хьэрыпхэри, друзхэри, бедуинхэри, муслъымэни, чыристэни. «Кабардинка», «Ислъэмей» гупхэр куэдрэ пашэу Тхьэм щигъэт. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ я Iэтащхьэхэу КIуэкIуэ Юрийрэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрийрэ. Абыхэм я фIыгъэщ мы къетхьэжьа Iуэхур къызэрыдэхъулIар. Ахэращ дунейм адыгэу тетыр

зыхуеплъэкIыр, ахэращ дэ ди тхьэмадэхэу, лъэпкъым и пашэхэу къэтлъытэр. Зауи, бани, узи, жьыбгъи дымылъагъуу ди уэгур къащхъуэрэ ди щIылъэр щхъуантIэу куэдрэ Тхьэм дыздигъэпсэу!

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин:**

– Егъэлеяуэ гум дыхьэу, екIуу екIуэкIащ фестивалыр. «Ди псэ» ансамблым хэтхэр, къэфакIуэ Iэзэхэм зыкъыкIэрамыгъэхуу, къызэрыфар гуапэ тщыхъуащ. А ныщхьэбэ тлъэгъуа цIыкIухэращ хэхэс адыгэм и щэнхабзэр пщэдей нэзыхьэсынур, и къэкIуэнум щIэгъэкъуэн лъэщу иIэнур, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщIэныгъэр нэхъри зыгъэбыдэнур. КъищынэмыщIауэ, фIыщIэ хэха яхуэсщIыну сыхуейщ мы къуажэм дэс дэтхэнэ зыми. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къытхуащIэр яфIэмащIэу дагъэхьэщIащ. Дызэкъуэтмэ, дызэрыщIэмэ, лъэпкъ уардэу дунейм дытетынущи, Тхьэм къытхузэпищэ.

Кфар-Камэ щыщ, егъэджакIуэ **Нэпсо-Натхъуэ Симэ:**

– Ныщхьэбэ тлъэгъуам ди гур хигъэхъуащ. Къафэ дахэхэр дагъэлъэгъуащ, макъамэщIэхэр зэхыдагъэхащ. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэр дымыгъэкIуэдыжу тхузехьэтэмэ, тхузэфIэкIрэ ар нэхъри едгъэфIакIуэтэ, си фIэщ мэхъу, жыжьэ дыщыпсэу щхьэкIэ къэмынэу, ди лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэр, ди бзэр зэрытхуэхъумэжынур. Нобэ утыку итахэр зылъэгъуа ди щIэблэми абыхэм зэрызрагъэщхьэнум иужь итынущ, адыгагъэр зэи яфIэкIуэдынукъым.

Рихьэние щылажьэ Адыгэ Хасэм хэт **Тырку Наим:**

– Дэ гупышхуэу Рихьэние дыкъикIащ. Лъэщу дигу хигъэхъуащ тлъэгъуам. Хабзэ хъуа мы фестивалыр дгъэувыIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Мыр хуабжьу Iуэху щхьэпэщ. Илъэсий ипэкIэ Рихьэние и «Iуащхьэмахуэ» ансамблыр хэкум натшэри, Къэбэрдейми Адыгейми дыщыIауэ щытащ. Абы щыгъуэм ди сабийхэм ялъэгъуар нобэр къыздэсым ягу ихужыркъым.

Кфар-Камэ и къэфакIуэ цIыкIухэр зыгъасэ **Iэпщэ Рустам:**

– Ныщхьэбэ «Кабардинка»-мрэ «Ислъэмеймрэ» зэрыт утыкум къидгъэхьа цIыкIухэм куэдкIэ дащогугъ. «Кабардинка»-мрэ «Налмэсымрэ» я хъыбар жыжьэу зыщIэ а цIыкIухэр хуейщ езыхэри къэфакIуэ Iэзэ хъуну. Ахэр зи гугъу тщIы ансамблхэм яхуумыгъэдэфынуми, налкъут шыру аращи, я бгъэм адыгэгу къызэрыщеуэм ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Гупищ щызогъасэ сэ иджыпсту Кфар-Камэ, абы нэмыщI адыгэ къафэр апхуэдизкIэ я псэм хэльщи, сабий гъэсапIэм сыкIуэурэ илъэси 3-4 зи ныбжьхэр къызогъафэ. Мы зэхыхьэм сыт и мыхьэнэ жыпIэмэ, адыгэм и дунейм и дахагъыр нэхъыбэм къедгъэщIэныр арaщ. Зы лIыжь Iущ гуэрым жиIэу зэхэсхат: «Тхьэм игъэпсэу пшынауэхэр!». «Ар сытым щхьэкIэ къыхэпха пшынауэр»? – жысIэу сыщыщIэупщIэм, жэуап къызитыжащ: «Пшынэм и гъусэу уэрэдыр макIуэ, уэрэдым и гъусэу бзэр макIуэ!». Бзэр щыIэмэ, лъэпкъыр кIуэдыжынукъым. Израилым исхэм дыкъацIыхункIэ пщыхьэщхьэ хъарзынэт мыр, уи щэнхабзэр ящIэмэ, уи хабзэр ялъагъумэщ лъэпкъым лъытэныгъэ нэхъ щиIэр. УзыщыгуфIыкIын Iуэхугъуэу мыри диIэщ: Израилыр къэралыгъуэ зэрыхъуар, абы и тхыдэр, псэукIэр курыт школым зэрыщрагъэджыну тхылъыщIэ ягъэхьэзырырти, къэралым хуитыныгъэ къыдитащ мыбы адыгэхэр

зэрисым, абыхэм я лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, щыIэкIэ-псэукIэм теухуаи хагъэхьэну. Мис апхуэдэурэ ди пщIэр нэхъ къэIэта хъунущ, нэхъыбэм дыкъацIыхунущи – ар узыгъэгушхуэщ.

«Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэ **Битокъу Науркъан:**

– Дахэу екIуэкIащ пшыхьыр, дыкъызыхыхьахэм ягу зэрырихьар я Iэгуауэмрэ яIэ дэрэжэгъуэмкIэ тлъэгъуащ. Быдэу къызгурыIуащ зэкIэлъыкIуэным, зэрыщIэным, мис мыпхуэдэу зы утыку узэдитыным иIэ мыхьэнэр. ДяпэкIэ дегугъун хуейщ хамэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу ди къуэшхэм нэхъыбэрэ дакIэлъыкIуэным, езыхэри ди хэкужь къедгъэблэгъэжыным. Кфар-Камэ къапщтэмэ, мыбы щыдгъэкIуа махуэхэр зэи дигу ихужынукъым. Ди бысымхэм я гуапагъыр псалъэкIэ къыпхуэIуэтэнукъым, апхуэдизкIэ арэзы дыкъащIу, къытхуэсакъыу дагъэхьэщIащ, ди нэгу зрагъэужьащи. Уэрамым уздрикIуэм «Фыкъеблагъэ!» къыбжезымыIэ урихьэлIэркъым. Псом нэхърэ нэхъ згъэщIэгъуар адыгэбзэ шэрыуэ зэраIурылъырщ, апхуэдэу зи щхьэ, зи лъэпкъ, зи бзэ зыхъумэжам пщIэ хуумыщIынкIэ Iэмал иIэкъым.

## ПЭ ЗИIЭМ КIЭИ ИIЭЩ

Адыгэ щэнхабзэм и фестивалыр дахэу щекIуэкIащ Кфар-Камэ. Джэгумрэ къафэмрэ я закъуэкъым мы Iуэхум хэлъар, аратэкъым къызэгъэпэщакIуэхэм нэхъыщхьэу халъагъуэри. АтIэ фестивалыр Iэмал хъарзынэщ хамэщIым щыпсэу хэхэс адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэр яхъумэнымкIэ, анэдэлъхубзэр яIурылъынымкIэ, хабзэр зэрахьэнымкIэ. Апхуэдэуи а зэхыхьэшхуэм и фIыгъэкIэ зэхуозэ, зэроцIыху дуней псом щикъухьа адыгэхэм я лIыкIуэхэр.

А жылэм щыдгъэкIуа тхьэмахуэм мыхьэнэшхуэ иIащ ди дежкIи. Дэ тлъэгъуащ журтхэм яхэс адыгэхэм я бзэр зэрышэрыуэр, я хабзэм зэрытетыр, я пщIэр яIыгъыжу хамэ лъэпкъым зэрахэсыр. ЯзыныкъуэхабзэхэмзэхъуэкIыныгъэ мащIэхэр ягъуэта пэтми, шэч къызытумыхьэжыныр зыщ – адыгагъэр яIэщIэхуакъым, журтхэм нэхъыщхьэу къызэрацIыхури арауэ жыпIэ хъунущ. Ахэр къабзэхэщ, цIыхуми Iуэхуми хуэпэжхэщ, зэгурыIуэ я зэхуаку дэлъхэщ, хамэхэм къэзэуатыншэу ядогъуэгурыкIуэф, я щхьэ яхъумэжыф, я щIэблэр къызыхэкIам хуэфащэу ягъасэ.

Къуажэдэсхэр хуейтэкъым дыкъаутIыпщыжыну… ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, дэри дыдахьэхат, куэд щIауэ зэрымылъэгъуа зэблагъэхэр зэрыгъуэтыжауэ фIэкIа умыщIэну дызэхэтащ. Махуэ псом ди нэгу зрагъэужьу, дагъафIэу дыкърашэкI пэтми, жэщми загъэпсэхуну хуейтэкъым.

Фестивалыр къызэзыгъэпэщахэм я фIыгъэкIэ щIыпIэ дахэ, лъапIэ куэд зэдгъэлъэгъуащ. ЩIыкурытыхым и Iуфэм Iус Израилым зыщуплъыхьынрэ уи нэгу зыщебгъэужьынрэ и куэдт. КъэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ а махуэхэм щыIащ хы Iуфэм Iут Рош-ха-Никра бгъуэнщIагъ телъыджэм. Бгы гъуанэм иIэ бгъуэнщIагъым метр 200 хуэдиз и кIыхьагъщ. Абы и щIыпIэ зэхуэмыдэхэр хы толъкъунхэр къыжьэхэуэурэ гъуанэ ящIауэ ЩIыкурытыхым ухэплъэрт. Хуэмурэ бгым къеуалIэ хы щхъуантIэм и макъыр бгъуэнщIагъ кIуэцIым щы-

шынагъуэт. ИтIани, къуэгъэнапIэ къэс узыщрихьэлIэ бгы гъуанэмрэ абы къыщIэуэ толъкъунымрэ нэр пIэпихыу дахэщ.

Пасэрей быдапIэхэр, члисэхэр, лIыхъусэжь пэш гъэщIэгъуэнхэр, мэжджытхэр зыдэт Акко къалэмрэ абы и лъабжьэм къыщагъуэтыжу зэфIагъэувэжа, иджы туристхэм я зыплъыхьыпIэ хъуа щIыщIагъ къалэжьымрэ гъэщIэгъуэн куэд къыщытщIащ. Пэш къэс зы тхыдэ къыщыпхуаIуатэ абы.

Динищым я къалащхьэу ялъытэ Иерусалим зыхуэбгъадэ хъун къалэ куэд дунейм теткъым. Ислъамым и унэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм хабжэ, уеблэмэ абыхэм я ещанэу къалъытэ аль-Акса мэжджытышхуэм дыщIыхьащ, зэдгъэлъэгъуащ иудейхэм, чыристэнхэм я тхьэелъэIупIэ нэхъыщхьэхэри.



УэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ Иерусалим зыщаплъыхь.

Жеякъым Кфар-Камэ а махуэхэм. Пщыхьэщхьэм дыкъекIуэлIэжа нэужьи, жэщ-щысхэр тхузэхашэрт. Дэ зи унагъуэ дыщыхьэщIа Нэпсо-Натхъуэ Симэ пщыхьэщхьэ къэс хьэщIэ и  куэдт, и Iэнэр зэтетт. Ди гъусэ къэфакIуэхэм, пшынауэхэм, бэрэбэнауэхэм зыкъыкIэрагъэхуртэкъым къуажэдэсхэми. Езыхэм я пшынэхэр, бэрэбанэхэр, пхъэцIычхэр яIыгъыу къакIуэрти, зэгъусэу джэгухэрт, къафэхэрт.  Пшынэ емыуэфрэ къэмыфэфрэ Кфар-Камэ дэскъым. Я нэхъ цIыкIури адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэм хуэIэзэщ. Выщхьэ Iэдэм и къуэ Iэсаи цIыкIу  «Кабардинка» ансамблым и бэрэбэнауэм бгъурытIысхьэрти, зыкъыкIэримыгъэхуу еуэрт, езым и пхъэцIычыр дэгъуэу игъэбзэрабзэрт, къэфэнкIи хуэмыхутэкъым, «Ислъэмейм» и пшынауэ Iэзэ Мыщэ Анзаур и пшынэ еуэкIэми кIэлъыплъырт.

Мис апхуэдэу нэгузыужьу екIуэкIащ махуэхэри жэщхэри, «Кабардинка»-р зыщигъэпсэхуми къафэрт, «Ислъэмейм» уэрэд жиIэрт, къуажэдэсхэрати, я дэрэжэгъуэр кIэншэт.

Иужьрейуэ Кфар-Камэ щыдгъэкIуа пщыхьэщхьэм жылэм джэгу щытхузэхашат. ЦIыкIуи ини къеблэгъати, «Кабардинка» ансамблым хэт щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ щIалэгъуалэр къагъэуджащ. Гъуни нэзи иIэтэкъым къуажэм дэлъ гуфIэгъуэм. Жэщыбг хъуху екIуэкIа джэгум иужькIэ унагъуэхэм екIуэлIэжахэр нэхущ хъуху зэбгъэдэсыжащ.

Ди гупым хэтхэр зыхэсахэр унагъуэ етIуанэ яхуэхъуат. Дыкъыщежьэжыну пщэдджыжьым щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ къыдэзышыж цIыхухъухэр, цIыхубзхэр, щIалэгъуалэр нэщхъейт. Хуейтэкъым къаутIыпщыжыну. АпхуэдизкIэ зэсати, сэлам зрахыжхэр къэзылъхуа, къыдалъхуа фIэкIа пщIэнтэкъым. «Дывгъэтхъэжащ», «Ди тхьэмахуэр пщIыхьым хуэдэу кIуащ», – жаIэрт бысымхэм. Къызэрытпежьа гуапагъэмрэ къыдаха хьэщIагъэмрэ фIыщIэ дагъэщIыртэкъым, абы насыпыфIэ ирихъуар езыхэрауэ ялъытэрти. НапIэдэхьеигъуэу блэлъэтащ а махуэхэр. Ауэ зэи тщымыгъупщэну дигу къинащ ныбжьэгъу, къуэш, шыпхъу тхуэхъуауэ Израилым къыщыдгъэна ди лъэпкъэгъухэр. Сэлам зэтхыжу дызэбгъэдэкIыжа пэтми, километр мин бжыгъэхэр ди зэхуаку дэлъми, дызэрызэпыщIа лъынтхуэр зэрымымахэр хьэкъ сщыхъуащ. БлэкIа лъэхъэнэхэм елъытауэ нобэрей зэпыщIэныгъэр фIыкъэ?! Налшык дыкъыщыщетIысэхыжа пщэдджыжьым щегъэжьауэ зэпыукъым ди зэхуэтхэнымрэ зэпсэлъэнымрэ. Нобэ телефоным дызэпищIэу арами, пщэдей ахэри ди унагъуэ къеблэгъэнущ, дэри иджыри тедгъэзэнущ. Пэ зиIэм кIэи иIэщ жаIэ, ауэ Кфар-Камэ щекIуэкIа фестивалым зэпищIа псэхэр зэи зэрыутIыпщыжынукъым!



**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист*

# САБИИПСЭМ ЗЕЗЫГЪЭУЗЭЩI



Адыгэ сабий литературэм и тхыдэм уриплъэжмэ, абы зыужьыныгъэ ин дыдэ игъуэтауэ пхужыIэнукъым. Апхуэдэу щытми, абы и япэ лъэбакъуэхэр щича XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм къыщегъэжьауэ иджырей лъэхъэнэм къэсыху сабийхэм яхуэгъэзауэ адыгэ тхакIуэхэм я Iэдакъэ тхыгъэ куэд къыщIэкIащ.

ЦIыкIухэм я къэухьым къызэIуихар куэд мэхъу, абы зезыгъэужьа тхакIуэхэм ящыщщ: ЦIыкIухэм я къэухьым къытIэсэн, абы зезыгъэузэщIын литературэ зэфIэгъэувэным япэу гукъэкI хуэзыщIар лъэпкъ узэщIакIуэхэрщ, нэхъ тегъэчыныхьауэ жыпIэмэ Нэгумэ Шорэщ. Абы къыкIэлъыкIуэу а Iуэху мытыншым телэжьащ Берсей Умар, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, ЩэрэлIокъуэ Талъостэн, Цагъуэ Нурий, ЩоджэнцIыкIу Алий, ДыщэкI Мухьэмэд, Щомахуэ Амырхъан, Уэзы Мухьэмэд, КIуантIэ Iэзид, Гъубжокъуэ Лиуан, Жаным Борис, АфIэунэ Лиуан сымэ, нэгъуэщIхэри. Зи цIэ къитIуа тхакIуэхэм сабийхэм яхуэгъэпса тхыгъэ куэд я Iэдакъэ къыщIэкIами, цIыкIухэм яхуэтхэн къалэныр абыхэм я творчествэм и зы къуэпсу аращ. Абыхэм къащхьэщыкIыу, Щоджэн Леонид и гъащIэри и гуащIэри ныбжьыщIэхэм яхуэтхэным, ахэр зэреджэн тхылъхэр анэдэлъхубзэкIэ зэридзэкIыным триухуащ.

Пасэу тхэн щIидзащ Щоджэным, нэхъыбэу и Iэдакъэ къыщIэкIри сабий усэ цIыкIухэрщ. Абы и тхыгъэ зыбжанэ сабий садхэм, курыт еджапIэхэм, колледжхэм, КъБКъУ-м я программэхэм хагъэхьащ. ПэщIэдзэ классхэм щадж «Сабиигъуэ», «Адыгэ сабий литературэ», «Вагъуэбж» хрестоматие тхылъхэм абы и усэ пщIы бжыгъэхэр итщ. Апхуэдэуи, усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр – сабийхэм папщIэ усэхэр, псалъэрыджэгу-псынщIэрыпсалъэхэр, къуажэхьхэр – щызэхуэхьэсауэ тхылъ щхьэхуэхэр къыдэкIащ: «Лъэмыж» (1987), «Кърушырхэр» (1993), «Псей щхъуантIэ» (1996), «Моцэрэ Бацэрэ» (2001), «Нэхунэ цIыкIухэр» (2007), «Еджэрей цIыкIухэр» (2010), «ПсыIэрышэ» (2012), «Къуажэхьхэр» (2015), «Псынэ цIыкIу», нэгъуэщIхэри.

Ди республикэми Къэрэшей-Шэрджэсми я композитор цIэрыIуэхэу Къэбэрдокъуэ Борис, Даур Аслъэн, Балэ Мухьэдин, Къардэн Хьэсэн, Къул Амир сымэ, нэгъуэщIхэми я гъу-



9 Заказ №791

сэу Щоджэн Леонид сабий уэрэд щэ бжыгъэхэр итхащ. Абы къищынэмыщIауэ, Тыркум адыгэбзэкIэ къыщыдэкIащ абы и уэрэди 127-рэ щызэхуэхьэса тхылъ. Щоджэным и уэрэдхэм ящыщу псом хуэмыдэу цIэрыIуэ хъуащ «Ди бзэр», «Нэпсей цIыкIу», «Мышэ мышынэ», «Къру ширхэр», «КIэпхъ», «Псынэ», «Гъудэ», «ЩакIуэ Iущ», «Вакъэжь», «Бэдж» жыхуиIэхэр. Ахэр радиокIэ, телевиденэкIэ щIэх-щIэхыурэ къат.

Щоджэным и усэхэм нэхъыбэу лъабжьэ яхуэхъур щIэблэр дахагъэм хуэущииныр щ, анэдэлъхубзэр фIыуэ ялъагъуу, хэкупсэу гъэсэнырщ. А къалэнхэр гъэзэщIа хъуным хуэунэтIащ тхыгъэхэм я ухуэкIэ-гъэпсыкIэри. Ахэр къеджэгъуафIэу, гум иубыдэгъуафIэу, я купщIэкIэ сабийхэр дахьэхыу, гъэщIэгъуэну, макъ жьгъыру зэщIэжьыуэр ебэкIыу гъэпсащ. Усэхэм ящIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэхэр образ щIэщыгъуэхэмкIэ къэгъэлъэгъуащ.

Щоджэн Леонид и усэхэм я ухуэкIэр IуэрыIуатэм щыщ тхыгъэ щхьэхуэхэм, нэхъыбэу таурыхъхэм щапэджэж щыIэщ. «Хэт сыт жиIар», «Мышэ мышынэ» жыхуиIэ усэхэм я гъэсэныгъэ-ущиинныгъэ мыхьэнэр зэрыиным къыдэкIуэу, ахэр адыгэ IуэрыIуатэм къыхэщыж «Улъэщ-улъэщ?» таурыхъым и гъэпсыкIэм тету ухуащ: упщIэрэ жэуапу зэхэлъщ, и кIэм деж гупсысэр зы псалъэкIэ е псалъитIкIэ къыщызэщIэкъуэжауэ. Къэтхьынщ «Мышэ мышынэ» усэм щыщ пычыгъуэ:



*– Мышэ, умышынэу,*
*Бгы щыхупIэм укъелъэн?*
*– Сыкъелъэнщ,*
*– Псы къиуами*
*Ухэлъэн?*
*– Сыхэлъэнщ.*
<…>
*– Умышынэу,*
*Жэщым мэзым*
*УкIуэфын?*
*– СыкIуэфынщ,*
*– Дыгъужь плъагъумэ,*
*Ушынэн?*
*– Сышынэнщ.*

НыбжьыщIэхэм адыгэбзэм и IэфIагъымрэ и къулеягъымрэ зыхащIэнымкIэ мыхьэнэ ин иIэщ усакIуэм IуэрыIуатэм и усэ гъэпсыкIэр, нэхъ пэжу жыпIэмэ IуэрыIуатэм и рифмэр (адыгэ рифмэр), апхуэдэуи макъ зэщIэжьыуэр (аллитерацэр), къытегъэзэжыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр (анафорэ, эпифорэ) куэдрэ къызэригъэсэбэпым. Псалъэм папщIэ, ар щынэрылъагъущ «Хъарбыз» усэм:

*Ныбэ**ф** цIыкIур*
*Уэсэпс йо**ф**э,*
*Псыуэ зэ**ф**эр*
***Ф**оупс ещI…*
<…>
***И**гъуэ нэ**с**мэ –*
***И** кур **с**ыхъэщ,*
***С**эр еIусэмэ,*
*ЗэщIо**тхъэ**,*
*Унагъуэшхуэри*
*Дегъа**тхъэ**.*

Усэхэмрэ уэрэдхэмрэ нэмыщI, Щоджэным и Iэдакъэ къыщIокI къуажэхьхэр, хъуэрыбзэхэр, псысэхэр. Къуажэхь щэ бжыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ 2009 гъэм абы къыдигъэкIащ «Къуажэхь 400» зыфIища тхылъ цIыкIур. Тхылъыр гъэщIэгъуэну зэхэгъэуващ: абы ит къуажэхьхэм я жэуапхэр занщIэу сабийм и нэм къыIуидзэркъым, атIэ ар къиищIэн хуей псалъэм иригъэгупсыса нэужь, и кIэм деж къыщыхьауэ аращ. Къуажэхьхэр сабийм и къэухьым къитIэсэну зэрыухуам къыдэкIуэу, ахэр я гъэпсыкIэкIэ къеджэгъуафIэу, гум къинэжу зэхэлъщ. А псом нэмыщIыжкIи, къуажэхьхэм цIыкIухэр нэхъ зэрыдригъэхьэхын Iэмалу псэущхьэхэм я образхэр къегъэсэбэп усакIуэм. Псалъэм папщIэ:



*Мэзым*
*И лэжьакIуэ,*
*Дохутыр*
*IэкIуэлъакIуэ.*
**(ЖыгыуIу)**

Щоджэным етIуанэу къыдигъэкIа «Къуажэхьхэр» тхылъым къуажэхьу 2000-м щIигъу итщ. Мы тхылъым и ухуэкIэм гъэщIэгъуэнагъыу хэлъщ абы ит къуажэхьхэр гуп-гупурэ зэщхьэщыхауэ зэрызэкIэлъыхьар. Апхуэдэщ «ЦIыхумрэ абы нэхъ къехьэлIахэмрэ», «Хьэпшып, Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр», «Псэущхьэ», «КъэкIыгъэ», «ЩIыуэпс» къуажэхь гупхэр, абыхэм языхэзри «Жэуапхэр» Iыхьэмкlэ зэхуэщIыжащ.

2015 гъэм дунейм къытехьа «Псынэ цIыкIу» тхылъым и гъэсэныгъэ-ущиинығъэ мыхьэнэр зэрылъагэм къыдэкIуэуи, абы ит усэ цIыкIухэмрэ псалъэрыджэгу-псынщIэрыпсалъэхэмрэ сабийм и къэухьым и мызакъуэу, и бзэми зегъэужьынымкIэ къалэнышхуэ ягъэзащIэ. Псом хуэмыдэу псалъэрыджэгу-псынщIэрыпсалъэхэм цIыкIухэм я бзэр шэрыуэ ящI. Абы нэмыщI, сабийр

дунейм хэзыгъэгъуазэ гупсысэхэмкIэ ахэр гъэнщIащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Щэху» фIэщыгъэцIэ зиIэ псалъэрыджэгу-псынщIэрыпсалъэр:

*Щэху зимыIэ*
*Зы щымыIэ,*
*Ауэ щэхухэм*
*Хуеджэн хуейщ,*
*Щэху къэзыщIэр*
*Ар цIыху Iущщ,*
*ЩIэныгъэлIхэм*
*Ар ящыщщ.*

Щхьэхуэу къытеувыIэпхъэщ Щоджэн Леонид и зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэми. Сабийхэм зэрахуэтхэм къыдэкIуэу, абы пэщIэдзэ классхэр курыт еджапIэм зэрыщеджэн тхылъхэр адыгэбзэкIэ Iэзэу зэредзэкI, хамэ лъэпкъ усакIуэхэм я тхыгъэхэри ди бзэм къерегъэтIасэ. Псалъэм папщIэ, адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ Клепининэ З. А. ещанэ, еплIанэ классхэм щаджыну зэхигъэува «Дунейрыгъуазэ» («Природоведение») тхылъхэмрэ абыхэм ящIыгъу зэрылажьэ тетрадхэмрэ.



А псом къадэкIуэуи, Леонид щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэ-ущииныгъэ Iуэхум жыджэру холэжьыхь, ныбжьыщIэхэм бзэр, лъэпкъыр, хэкур фIыуэ егъэлъагъуным ехьэлIауэ къалэн пыухыкIахэр егъэзащIэ: еджакIуэ цIыкIухэмрэ студентхэмрэ яIуощIэ, псалъэмакъ щхьэпэхэр ядрегъэкIуэкI. Иджырей лъэхъэнэм анэдэлъхубзэр, хабзэр щIэблэм яIэщIэмыхунымкIэ, абыхэм зегъэужьынымкIэ, цIыхубэм лъэпкъ гупсысэр япкърыгъэшыпсыхьынымкIэ лэжьыгъэшхуи зэфIегъэкI. А Iуэхугъуэхэм теухуауэ Щоджэным и Iэдакъэ къыщIэкIа статьяхэр ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ къытохуэ, езыри радиокIэ щIэх-щIэхыурэ къопсалъэ.

ЩIэджыкIакIуэ ныбжьыщIэхэм яхуэгъэзауэ тхэныр тыншкъым: я гупсысэкIэр, дуней еплъыкIэр зыхищIэу абыхэм усэбзэ дахэкIэ яхуэтхэфынур зи псэр, сабиипсэм хуэдэу къабзэу зыхъумэфырщ. Апхуэдэщ Щоджэн Леонид.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# АДЫГЭЛІ ХАХУЭ

ХьэтІохъущокъуэ Исмел адыгэ лъэпкъ цІэрыІуэм къыхэкІащ, 1787 - 1791 гъэхэм екІуэкІа Урыс-Тырку зауэм хэтащ, иужькІэ, епщыкІуиянэ лІэщІыгъуэм и кІэухым щыщІэдзауэ, дунейм ехыжыху, Къэбэрдейм къыщыхъуа Іуэху псоми хузэфІэкІ хилъхьащ, и цІэр адыгэхэм ящыгъупщакъым нобэр къыздэсым. (Къыщалъхуар ХьэтІохъущыкъуей Ипщэрщ (иджы Зеикъуэ) – 1760 гъэм).

Бытырбыху щІэныгъэ щигъуэта нэужь, ХьэтІохъущокъуэр 1787 гъэм тыркухэм Очаков къалэр яфІэзыубыда дзэм хэтащ, абы и ужькІэ и мурадащ шведхэм иращІылІа зауэм хыхьэну. Дзэпщ Потёмкин-Таврическэм пащтыхь гуащэм, Екатеринэ ЕтІуанэм, хуитхыгъащ абы щыгъуэ: «Измаил-бей къэбэрдей лъэпкъ цІэрыІуэм къыхэкІащ, подполковникщ, Очаков деж лІыгъэ къыщигъэлъэгъуащ, налкъутналмэскІэ гъэщІэрэщІа медаль хуэфащэщ...»

ХьэтІохъущокъуэр швед зауэм хэтарэ хэмытарэ дыщыгъуазэкъым; 1790 гъэм ар тырку фронтым къыщыхутэжащ, Измаил быдапІэр къэзыщтахэм яхэтащ, абы щхьэкІэ кърατауэ щытащ Георгий орденым и еплІанэ нагъыщэр.

Дзэпщ цІэрыІуэм, Потёмкин-Таврическэм, гъунэгъу дыдэ хуэхъуауэ щытащ ХьэтІохъущокъуэр. Бутков П. Г. зэритхымкІэ, Потемкиным деж щыІэ «кавказ депутатхэмрэ лІыкІуэхэмрэ» ящыщащ ХьэтІохъущокъуэ Исмел. Потёмкиныр лІа нэужь (1791 гъэм) «кавказ депутатхэмрэ лІыкІуэхэмрэ» хэкум къагъэзэжащ.

ХьэтІохъущокъуэ Исмел Къэбэрдейм къыщихьэжар 1794 гъэрщ. Къэбэрдейм и Іуэхур хэплъэгъуэ хъуауэ кърихьэлІэжащ ХьэтІохъущокъуэр: лъэпкъ унафэр ІэщІахыпэным нэсат, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадекІуэкІ хабзэхэм урыс дзэпщхэр къыхэІэбэ хъуат, абыхэм я Іизынынншэу хасэ зэхашэну хуиттэкъым... Ар ягу темыхуэу, къэбэрдей лІакъуэлІэшхэр къызэрыІэтащ. КъызэрыІэтахэр «я пІэ ирагъэтІысхьэжын щхьэкІэ», Къэбэрдейм дзэ кърашащ. Абы нэхъри къызэщІигъэплъащ къэбэрдейхэр.

А псом дауэ хущыта ХьэтІохъущокъуэ Исмел – ар ІупщІ дыдэкъым.

Дызыщыгъуазэр мыращ: Къэбэрдейм къигъэзэжри, куэд мыщІэу ХьэтІохъущокъуэ Исмел хэкум ирагъэкІауэ щытащ, езым и къуэш майор Адэлджэрийрэ майор Хьэмырзэ ХьэтІохъущыкъуэрэ щІыгъуу, – Екатеринославскэ губернэм ягъэкІуащ, «темыплъэкъукІыу» абы

щаIыгъын щхьэкIэ. Щыми щхьэусыгъуэ хуащIар «дзыхь ебгъэз зэрымыхъунурт».

1794 гъэм къигъэзэжа нэужь, зэман кIэщI дыдэщ ХьэтIохъущокъуэ Исмел и хэкум зэрырагъэсар, «дзыхь щIыхуэпщI мыхъун» гуэри абы илэжьауэ дыщыгъуазэкъым.

1795 гъэм и гъатхэпэ мазэм ХьэтIохъущокъуэ зэшитIымрэ Хьэмырзэ ХьэтIохъущыкъуэрэ Новороссийск дагъэтIысхьащ. 1798 гъэм генерал-лейтенант Горич (Бэджыдэ) шэс ихьэри, Хьэмырзэ ХьэтIохъущыкъуэ езым деж иригъэшащ – Слободской губернэм; Адэлджэрий а гъэ дыдэм къэкIуэсэжри урысыдзэм пэщIэува къэбэрдейхэм пашэ яхуэхъуащ.

1801 гъэм гъатхэпэ мазэм и 12-м и ужькIэ (Александр I пащтыхь хъуауэ) ХьэтIохъущокъуэ Исмел Бытырбыху кIуэри, абы зыбжанэрэ щыпсэуащ. Пащтыхьым «и нэфI къыщыхуащ» ХьэтIохъущокъуэм: «Урысейм и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» полковник цIэр къыфIащащ, сом минитхуи къратыжын хуейуэ унафэ ящIащ. Абы и ужькIэ илъэситIым щIигъукIэ Бытырбыху зыщиIэжьэн хуей хъуащ, и лъэпкъэгъухэм я Iуэху зэрихуэу. Къэбэрдейхэм я Iуэху зытетымрэ я Iуэхур дяпэкIэ зэтеубла зэрыхъунумрэ теухуауэ тхылъ игъэхьэзырри, ар Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм щIилъхьащ ХьэтIохъущокъуэм. Пащтыхьми министрми щыгъуазэ зыхуащIа нэужь, тхылъыр Кавказым и дзэпщ Цициановым деж къагъэхьащ. Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъ зыбжанэр зэрызехьэ хъуат, Урысейм и сэбэп хэлътэкъым абы, ауэ ахэр «IэщэкIэ бгъэбэяуну игъащIэкIэ пхузэфIэкIынутэкъым», абы къыхэкIкIэ, Урысейм къыдихьэхын хуейщ а лъэпкъхэм ящыщ зы, ар и пIэ итIысхьэжмэ, абы щапхъэ трахынущ адрей лъэпкъхэми, итхырт ХьэтIохъущокъуэм. Абы къызэрилъытэмкIэ, псом япэ уахэзэгъэнут икIи я пIэ ибгъэтIысхьэжыфынут къэбэрдейхэр, сыту жыпIэмэ, ахэр Урысейм зэрыхыхьэрэ куэд щIати. «Урысейм и политикэр иджыри къэс зытеухуауэ щытар, – жиIэрт ХьэтIохъущокъуэм, – бгырыс лъэпкъхэм яку хьэргъэшыргъэ дэлъхьэнырщ... Ар афIэкIа уигу тебгъахуэ хъунукъым, езыхэр арэзыуэ зэбгъэувэлIэфынущ бгырыс лъэпкъхэр». Абы щхьэкIэ лэжьыпхъэхэри къегъэлъагъуэ ХьэтIохъущокъуэм, япэ игъэщын хуейуэ къелъытэ мыпхуэдэ Iуэхухэр: а) Кавказым ис лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ хабзэхэм хэмыIэбэн; б) къэбэрдейхэм траха щIыхэр етыжын, ар мыхъунумэ, я Iэщыр игъащIэ лъандэрэ щагъэхъу хъупIэхэр япэмыубыдын; в) къэбэрдеипщхэм якIэщIэкIуэсыкIыурэ Линием зэпрыкIа пщылIхэр етыжын, ахэр кIуасэу дяпэкIэ яхуэмыдэн.

ХьэтIохъущокъуэ Исмел 1804 гъэм и бжьыхьэм Кавказым къагъэкIуэжащ пащтыхьым и унафэкIэ, «бгырысхэр я пIэ игъэтIысхьэжынымкIэ абы хузэфIэкIынум еплъын папщIэ».

Кавказым и дзэпщ Цициановым Бытырбыху итхауэ щытащ къэбэрдейхэм ящIхэр етыжын жыхуэпIэр «икъукIэ егъэлеяуэ», езы ХьэтIохъущокъуэри Линием зыкIи сэбэп щымыхъуну.

Дауэ хъуами, ХьэтIохъущокъуэм Кавказ линием къулыкъу къыщратри, Гумкъалэ (Георгиевск) дагъэтIысхьащ – арат 1802 гъэм къызэрагъэпэща Кавказ губернэм и къалащхьэр. Гумкъалэ дэзагъэу щытауэ къыщIэкIынукъым ХьэтIохъущокъуэр – лъэпкъ Iуэху зэрихуэурэ, Къэбэрдейм щIэх-щIэхыурэ ихьэжырт. Абы и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъуэнщ Къэбэрдейм и Iуэхухэр зи пщэ далъхьа генерал-майор Дельпоццо итхар: «Полковник ХьэтIохъущокъуэ Исмел дзэм къулыкъу щищIащ, итIанэ Екатеринослав ягъэкIуауэ щытащ; иужькIэ Бытырбыху щыпсэуащ; Георгий орденым и 4-нэ нагъыщэмрэ медалрэ къратащ; урысыбзэкIи французыбзэкIи мэпсалъэ икIи матхэ; и улахуэр сом 3000 мэхъу. Апхуэдиз гулъытэ зыхуащIар къызэрыщIидзыжаращ мыгурыIуэгъуэр. Гумкъалэ зэрыдэсыр пэжщ, ауэ и щхьэгъусэр Къэбэрдейм къригъэкIыркъым, илъэсипщI зи ныбжь и къуэр и уэркъхэм ящыщ зым и къанщ. Къэбэрдейм щихьэжкIэ, жорри (орденыр) медалри зыкIэрехри и жыпым ирелъхьэ».

Къэбэрдейм и Iуэхур нэхъри къызэщIэплъауэ кърихьэлIэжащ ХьэтIохъущокъуэ Исмел. Пащтыхь къулыкъущIэхэмрэ генералхэмрэ бгырысхэр залымыгъэкIэ Iэрыубыд зэращIынырт зыпылъыр. Ар дыдэр паубыдащ ХьэтIохъущокъуэм – езым и лъэпкъри Къэбэрдейри къыжьэдикъуэн, иригухын, я пIэ иригъэтIысхьэжын хуейуэ. Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ яку мамырыгъэ дилъхьэн мурад иIэут ХьэтIохъущокъуэр и лъэпкъэгъухэм къащIыхыхьэжар. Ар фIырыфIкIэ къызэремыхъулIэнур щIэх дыдэ къыгурыIуащ ХьэтIохъущокъуэ Исмел: дзэпщхэм зэрахьэ лейр зигу темыхуэр куэд зэрыгъэхъуат, абыхэм яхэтт езым и унэкъуэщхэри – и къуэш Адэлджэрий, и адэ къуэшым и къуэ Аслъэнбэч сымэ, нэгъуэщIхэри.

Къэбэрдей Iуэхухэр зи пщэ далъхьа генерал-майор Дельпоццо зыбжанэрэ хуэтхьэусыхащ Кавказым и дзэпщ Цициановым: полковник ХьэтIохъущокъуэр жыIэмыдаIуэщ, сэбэпыншэщ, къытхуищIэ щыIэкъым, Къэбэрдей псор дэнэ къэна, езы дыдэм и унэкъуэщхэри къедаIуэркъым, пщIэ лъэпкъ къыхуащIыркъым… Цициановри акъылэгъут Дельпоццо ХьэтIохъущокъуэм кIэрилъхьэ пцIымкIэ. Абы къызэрилъытэмкIэ, Урысейм щIэныгъэ щызыгъуэта бгырысхэр фIыуэ ялъагъуртэкъым и лъэпкъэгъухэм, дзыхь хуащIыртэкъым, апхуэдэ

IэнатIэ Iууват ХьэтIохъущокъуэри: лъэпкъ лъэрызехьэм къыхэкIами, къэбэрдейхэр зригъэдэIуэн лъэкIыртэкъым…

1808 гъэм Кавказ линием и Iэтащхьэ хъуащ лъы гъэжэныр зи IэщIагъэ генерал гущIэгъуншэ Булгаков С. А. ЩIэх дыдэу жагъуэгъу зэхуэхъуащ абырэ ХьэтIохъущокъуэ Исмелрэ: генералым зэхищIыхь щIэпхъаджагъэ къомыр игу техуакъым ХьэтIохъущокъуэм. Булгаковыр къигъэлыбащ пщы цIэрыIуэр зэрыжыIэмыдаIуэм. Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ дахэкIэ зэгуригъэIуэн мурадым хуэлажьэ ХьэтIохъущокъуэм куэдрэ бзэгу кIэлъызэрихьащ Булгаковым, ар зэригъэулъииным пылъащ. «Къэбэрдейр и пIэ игъэтIысхьэж, уэращ псори къызэщIэзыгъаплъэр» – арат Булгаковым ХьэтIохъущокъуэ Исмел пиубыдыр. «Къэбэрдейр къызэщIэзыгъаплъэр» Булгаковым хуэдэ дзэлI лъыифхэрт – абы ХьэтIохъущокъуэр зэрыщыгъуазэр яфIэфIтэкъым Кавказым ис пащтыхь къулыкъущIэхэмрэ генералхэмрэ. 1810 гъэм и гъэмахуэм Булгаковым дзэшхуэ яриутIыпщауэ щытащ Къэбэрдеймрэ Псыжь адрыщI ис адыгэхэмрэ.

Дзэм адыгэ къуажэ 200 зэтракъутащ, цIыху минипщI яукIащ, я гъавэр ягъэсащ, я Iэщыр фIатхьэкъуащ. ЛIыгъэ зэрихьауэ илъытэжри, Булгаковыр… орден щIэлъэIуащ. Орден къратыным и пIэкIэ генерал гущIэгъуншэм езы пащтыхь дыдэр къыхуэхъущIащ, бгырысхэр нэхъри бий къытхуещI апхуэдэ «лIыгъэм», жери. Булгаковымрэ абы и дзэлIхэмрэ зэхащIыхь хьэкIэкхъуэкIагъэхэм я хъыбар къалащхьэм нэзыгъэсыфхэм ХьэтIохъущокъуэри зэращыщам шэч хэлътэкъым. Дауи, ахэр ХьэтIохъущокъуэм и псэм къемыщэнкIэ Iэмал иIакъым.

1810 гъэм и гъатхэм Булгаковымрэ ХьэтIохъущокъуэмрэ зэщыхьэпауэ къыщIэкIынущ. Кавказым и дзэпщ Тормасовым Булгаковым зэрыхуитхамкIэ, ХьэтIохъущокъуэм Псыхуабэ деж, «Бещто мэз лъапэм», езым и жылэ щигъэтIысын щIидзауэ щытащ. Ар игу техуакъым Булгаковым: жылэр зэбгрыригъэхуащ, «ар хъунщIакIуэхэм тIысыпIэ ящIынкIэ шынэри». А гъэ дыдэм Булгаковыр Кавказым и дзэпщым аргуэру хуэтхьэусыхащ ХьэтIохъущокъуэ Исмел Псыхуабэ (Бещто лъапэ деж) адыгэ къуажэ щигъэтIысын мурад зэрищIам щхьэкIэ (а къуажэри нэгъуэщI адыгэ жылагъуэ зыбжани исащ абдеж, 18-нэ лIэщIыгъуэм урыс дзэпщхэм кърахуху).

1810 гъэм и бжьыхьэм Балъкъ Iуфэ (КъалэкIыхьым деж) адыгэ куэд щызэхуэсыгъащ, «унафэ ящIын щхьэкIэ». Абыхэм яхыхьащ Булгаковыр: «Сыт фыщIызэхуэсар?» – жери. Къызэхуэсахэм ХьэтIохъущокъуэри яхэтти, генералым къыжриIащ къэбэрдейхэр езым зэрызэхуишэсар. Хуит ямыщIауэ цIыхур зэхуишэс зэрымыхъунур генералым щыжиIэм, ХьэтIохъущокъуэр абы къыхуилъащ,

къэтэмакъкIэщIри: «УгушыIэрэ уэ? Сэ пасэрей пщы лъэпкъым сыкъыхэкIащ, адрей пщыхэм нэхърэ сынэхъыжьщи, цIыхур дапщэщ зэхуэсшэсынуми сыхуитщ».

1810 гъэм и гъэмахуэм Булгаковым хъыбар кърагъэщIащ «къэбэрдейхэм я лIыкIуэ гуп» пащтыхьым деж ягъэкIуэн хуейуэ. Генералым «къэбэрдей лIыкIуэхэр» къыхэхын щыщIидзэм, ХьэтIохъущокъуэр къыпэрыуащ, абы къыхихахэмкIэ арэзытэкъыми. «Абы къыхэкIкIэ, – хуитхащ генералым Кавказым и дзэпщ Тормасовым, – унафэ сщIащ пщы Исмел ягъэтIысыну».

Булгаковымрэ къулыкъущIэхэмрэ зэрахьэ лейр кърагъэхутэн папщIэ, Къэбэрдейм къагъэкIуауэ щытащ генерал-майор Вердеревскэр. Булгаковым дзэ министр Барклай-де-Толли зэрыхуитхамкIэ, къэбэрдей лIыкIуэхэр гъуэгум хуэхьэзыр хъуауэ, ХьэтIохъущокъуэр къахэIэбэри Iуэхур зэIищIащ, «Бытырбыху лIыкIуэ щIэдгъэкIуэн щыIэкъым иджыпсту, жиIащ, ди Iуэхур япэщIыкIэ Вердеревскэм етхьэлIэнщи, итIанэ сэри сынывдэкIуэнщ пащтыхьым деж». «ЛIыкIуэхэр гуитIщхьитI хъуауэ утыкум къинащ», – итхырт Булгаковым. ХьэтIохъущокъуэм кIэримыцIэлъа къигъэнэжакъым генерал бзэгузехьэм: «Къэбэрдейр къызэщIегъэст, цIыхур егъэутхъуэ, ди Iей фIэкI, дифI зэрихуэркъым».

Генерал Вердеревскэр КъалэкIыхьым щыхуэзащ абы даубыдауэ щаIыгъ ХьэтIохъущокъуэм, ар щIагъэтIыса щхьэусыгъуэмкIи жэуап къаIихащ лей къыкIэлъызезыхьахэм. ХьэтIохъущокъуэмрэ Вердеревскэмрэ я закъуэ сыхьэтитIым щIигъукIэ зэпсэлъащ, абы и ужькIэ пщыр къригъэутIыпщыжащ. Вердеревскэм и унафэмкIэ мыарэзыуэ, Тормасовымрэ Булгаковымрэ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ министрым хуэтхьэусыхащ, ауэ я тхьэусыхафэм къикIаIакъым. Ар дэнэ къэна, ХьэтIохъущокъуэ Исмел къулыкъушхуэ къыхуагъэлъэгъуауэ къыщIэкIащ. ХьэтIохъущокъуэр абы хунагъэсакъым – яукIащ. ЗыукIар ноби IупщIкъым. IупщIыр зыщ: зыукIар лIы губзыгъэм щышина жагъуэгъу щэхурыпхъуэхэрщ.

ХьэтIохъущокъуэ Исмел Къэбэрдейми щикуэдащ жагъуэгъу: абыхэми яхузэфIэкIынут акъылрэ щIэныгъэкIэ къефIэкI лIы Iущыр ирагъэукIын. Гъуанэдэууэ яукIа нэужь, ХьэтIохъущокъуэ Исмел и орденыр Бытырбыху яхьыжыгъащ 1812 гъэм (мэлыжьыхь мазэм и 3-м нэсащ), апхуэдэу щыщыткIэ, Исмел щаукIар а гъэрщ е 1811 гъэм и кIэрщ. Лермонтовым и поэмэм зэрыщитхымкIэ, Исмел къэзыукIар и къуэш ХьэтIохъущокъуэ Аслъэнбэчщ (усакIуэр щыуащ: и къуэшкъым, и адэ къуэшым и къуэщ). ХьэтIохъущокъуэ Аслъэнбэчи полковникщ, урысыдзэм къулыкъу щищIащ, Потёмкиным деж щыIа къэбэрдей

лIыкIуэхэм яхэтащ, Къэбэрдейм къихьэжа нэужь, урысыдзэм пэува уэркъ шухэм ядэзэуащ (1802 гъэм щыщIэдзауэ); Псыжь зэпрыкIри абы щызауэурэ, 1837 гъэм къаукIащ. Аслъэнбэч и адэ къуэшым и къуэр, Исмел, щIиукIын щхьэусыгъуэ иIащ: и лъэпкъым епцIыжауэ илъытэу къыщIэкIынт, щадэмызауэкIэ. Ауэ абы щыхьэт техъуэ тегъэщIапIэ гуэри тхыдэм хъума щыхъуакъым.

19-нэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм шынагъуэ ин дыдэ хэхуауэ щыта Къэбэрдейм и Iуэху зытетымрэ ар а шынагъуэм къыхэша зэрыхъуну щIыкIэмрэ теухуауэ ХьэтIохъущокъуэ Исмел 1805 гъэм Гумыщхьэ къыщыпсэлъауэ щытащ, 1806 гъэм – Бахъсэнрэ Шэджэмрэ щызэхэта хасэм.

**КОСВЕН Марк**

*ЗэзыдзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**



*Мэз Iэниуар Аруан районым хыхьэ Джэрмэншык къуажэм 1949 гъэм июным и 12-м къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым Налшык дэт культпросвет училищэр къиухащ. Дзэм къулыкъу щищIэу къигъэзэжа иужь, щалъхуа къуажэм КультурэмкIэ дэт унэм и унафэщIу лэжьащ, нэгъуэщI IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэми пэрытащ.*

*Дэнэ щымыIами, сыт имыщIами, Iэниуар усэ тхыныр зэи IэщIыб ищIакъым – и IэдакъэщIэкIхэмкIэ сабийхэм яхуэупсэу къогъуэгурыкIуэ.*

*Сабийм и гум удыхьэу утхэныр Iуэху тыншкъым. Ауэ сабиипсэр кууэ зыхэзыщIэ Мэзым ар хъарзынэу къохъулIэ. Удэзыхьэхщ, щIэщыгъуэщ, гукъинэжщ абы и усэхэр.*

*Мэз Iэниуар и IэдакъэщIэкIхэр ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ щIэх-щIэхыурэ къытохуэ. И япэ тхылъыр – «КIущэрэ Мыщэрэ» зыфIищар – 2006 гъэм дунейм къытехьащ. Абы къыкIэлъыкIуащ «Хъэндырабгъуэ» (2009), «Псыхъуэгуащэ» (2014) жыхуиIэхэр. Мы зэманым тхылъыщIэ егъэхъэзыр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щIилъхьэну.*

*Ди гуапэу тыдодзэ Мэзым и IэдакъэщIэкIхэм ящыщ усэ гуп.*



### НАНЭ

Псапэ ищIэу
ДиIэщ нанэ,
ДиIэщ нанэ
Хьэблэдэс.
ЩIыкIухэм
Ди гур хигъэхъуэну
Ар къыдокIыр
Махуэ къэс.

Дыпожажьэри
ДыгуфIэу,
Псалъэ гуапэ
Лъыдогъэс.
Къытхуегуэш
Абы IэфIыкIэ –
Е пыченэ,
Е кIэнфет...

Дэри,
Къэсу щытмэ гъатхэр,
Нанэ сэбэп

Дыхуэхъунщ.
КъыхуэттIынщ
Бжьын хьэсэ дахи,
Гуапэу ар
Къыдэхъуэхъунщ.

ПХЪУРЫЛЪХУИТI

Зыр Лалитэщ –
Зыр Лалинэщ,
Набдзэу сиIэщ
ПхъурылъхуитI.
Щызмылъагъум
А цIыкIуитIыр,
Зэхуэмыдэ
Си махуитI…
Сэ утыкум
Сыкърашэ,
КъызащIылIэ
А тIум джэгу.
Дадэр сабий
Сыхъужауэ,
А цIыкIуитIым
Садоджэгу.



ДИ ЛАЛИТЭ

Ди Лалитэ
ЗекIуэныгущи,
Ягъэуври
КърашэкI.
КъакIуэ жыпIэм –
КъыпхуэмыкIуэ,
Нэхъри мамэ
ЗрешэкI.
Куэд дэмыкIыу
Ар зекIуэнщи,
ЗигъэщIагъуэу
Ежьэжынщ.
Къупщхьэ гуащэр
Иришажьэу,
ЗэригъакIуэу
Хыхьэжынщ.

ДАНЭ МАДЭ

Данэ дакIуэщ,
Дэрбзэр Iэзэщ,

ЩэкI бзыхьэхуэм
Йопэщэщ.
Гумызагъэщ –
Ебзыр, едыр…
«И Iэм дыщэр
Къыпощэщ».
Къупщхьэ гуащэр
Ихуэпащи,
Иджы зыр зым
ЩогуфIыкI.
ТIури
Гуащэ цIыкIум
Ещхьщи,
IэплIэ гуапэ
ЗэрашэкI.

IЭЮБ ЦIЫКIУ

Ди гуфIэгъуэщ инми цIыкIуми,
Гъатхэ щхъуантIэр къэсыжаи!
Къепсыжаи дыгъэр гуапэу,
Уэсри джэгуу щIэпхъуэжаи.

Къупэщыпэу ди джэдкъазри
ЗэщIэкъакъэу ежьэжаи.
Къаджэщ жыуэ хьэрхьупри,
Вэну дади губгъуэм кIуаи.

Еплъри ящIэм мис а гупым –
ЗекIуа пфIэщIкъэ ди Iэюби!

СИ НЫБЖЬЫР

Сяпэ йощыр
Зэм си ныбжьыр,
Къоувэжыр
Зэм си ужьым.
Дыгъэпс махуэм
Ар скIэрыкIкъым,
КъызгуроIуэ:
Игу сыпыкIкъым.
Ауэ,
Жьауэ зэрыхъуххэу,
Зегъэбзэхри –
Зегъэпсэхур.
Зэзэмызи
Сигу ар къокI,
ПщIэнкъым
Сянэ
Къилъхуа фIэкI.

## ДИ ХАДЭМ

Дадэрэ дэрэ
Дызэгъусэу
Нобэ кIэртIоф
КъыдотIыж.
Хэткъым зыри
Дыгъэрыжьэ,
Я нэхъыбэр
Инщ, зэкIужщ.
Дадэ къетIыр
КIэртIоф напIэр,
Сэ кIэртIофыр
Къызощып.
КъехъулIащи
Гъэр ди хадэм,
Дадэ жеIэ:
«Ди насыпщ».

## ТУТЕЙ

ЦIыкIуи ини игъэтхъэжу
Дэтщ ди пщIантIэм зы тутей.
Пытщ мэракIуэр гъэ къэсыхукIэ,
КъыпыкIащ мы гъэм куэдIей.

Бжэндэхъу цIыкIухэр къеуэсащи,
Ди мэракIуэм ныхотхъыкI.
Сэри ахэр къызэсащи,
Лъэтэжыну ягу къэмыкI.

Къуалэбзухэм срагъусэу
Сэ жыг щхьэкIэм сытесащ.
Бжэндэхъу цIыкIухэм садежьууэ
Сыфиифу зезгъэсащ.

## ЗООПАРК

Зоопаркым исщ дыгъужь,
Уэсчэсейуэ мыщэ хужь,
Пщэдыкъыцэу зы аслъэн,
Шыду лъахъшэу шы къуэлэн.
Номин,
Бажэ,
Мэз джэд,
Уашхэ,
Махъшэ –
МыувыIэу жьэгъуашхэу…

И цIэр дэтхэнэм къипIуэн!
Зоопаркыр гъэщIэгъуэнщ.

СыщыIат абы дыгъуасэ.
Мыращ си гум къинэжар сэ:

Iэгуауэшхуэ етщIылIати,
Къытхуэфащ дэ мыщэ хужьыр.
Сценэм ещхь гъущI хъарым иту
ЗиудынышIэрт мо иныжьым,
Дыхьэшхэну теуэрт, тепкIэрт,
ЦIыху гуфIэкIэт и гуфIэкIэр!

МЫЩЭ ЖЕЙНЭД

Къызэтех, хуэмыху, уи напIэр, –
Зэ къэуши уи гъуэм къиплъ!
Бжьэф пщIыжауэ уэ уи лъапэр,
Апхуэдизрэ хъун ущылъ?!

Къихьащ гъатхэр, хъуреягъыр,
Псэр пIэпихыу, щхъуантIэ хъуащ.
Уэ умыщIэу, умылъагъуу
Куэд дунейми къыщыхъуащ:

Уэ пщIыхь IэфIым ухэтыхукIэ,
ИлъэсыщIэр къидгъэхьаи.
Упырхъыжу ужеихукIэ,
Гъэрэ щIырэ зэхэкIаи!..

Апхуэдизу ужейнэдым,
Уэ ухэкIыжынущ куэдым.

АЖЭ

Инрэ ину
И бжьакъуитIыр
Дэтщ ди пщIантIэм
Зы ажэжь.
Ар жьакIацэщ,
Нэсрэн ЖьакIэу.
Дызэреджэр
Угъурлыжьщ.

Iэсэ дыдэщ ар,
ЖыIэщIэщ,
ДэджэгункIэ
ЗызмыгъэнщI.
КъигуфIыкI зэпытщ
И нитIыр,

Iэ щыдэплъэри
ИфIэфIщ.

IэгукIэ згъашхэу
Езгъэсащи,
Угъурлыжь сэ
СкIэрымыкI.
ЗимыхъунщIэ
СышэсакIи, –
Зигъэпагэу щIокIуэрыкI.

ДИ БЖЭН ЦIЫКIУР

Ди бжэн цIыкIур
ДахэкIейщ,
Ауэ зэранын
ФIэфIIейщ.
Жыг илъагъумэ,
Къонэпсей –
ЗанщIэу
Зынреупсей.
Гъэчи тхьэмпи
ЕухъуэнщI,
Шхэрэ пэткIэ
ЗимыгъэнщI.
ЩхьэкIэм
Хъуапсэу
Ныдолъей,
И мурадым
ЛъэIэсынут,
ИIэжатэм
Зы пкIэлъей.

ХЬЭ ХЬЭЛЭЛ

Ди хьэмыщэ
Iэсэ дыдэщ.
Къихькъым зыми
И губгъэн.
Ди джэдкъазым
Ар хуэмылъэ,
Емыдзакъэ,
Емыбэн.
Ар игъащIэм
НыбэхуэфIкъым,
Иратар
Зэримыпхъуэж.
Къыдэшхам зыгуэр,
МэгуфIэ,

Бзу нэгъунэ
Егъэтхъэж.

## ХЬЭПШЫР ЦIЫКIУ

Къыдыхьат зэгуэр ди пщIантIэм
Зы хьэпшыр ныбаджэ цIыкIу.
Абы зыкIэ сигу щIэгъуати!
СощI мурад згъэшхэну тIэкIу.

Шхыныр куэду къыщIызохыр.
Хьэпшыр цIыкIур согъэтхъэж.
Абы занщIэу игу сырохьри,
Мэхъу ди пщIантIэм дэмыкIыж.

Ар сыт хуэдэу хьэ губзыгъэ,
Лъапсэхъумэщ – хъуащ дыдей…
Ди джэджьейхэр зыхь къашыргъэм
Иджы дэ зыкъытщедзей.

## МЫЩЭРЭ КIУЩЭРЭ

ДиIэщ зы хьэ
Бэлацэшхуэ,
Дызэреджэр
Абы Мыщэщ.
ДиIэщ
Джэду къуэлэнышхуэ,
Нащхъуэ хъужрэ
Зыкъигъэпщу.

Ирохьыжыр игу
И теплъэр
Хьэ бэлацэу
Ди хьэ Мыщэ.
Ирогушхуэ
Цы Iув телъым –
Ар щIымахуэми
МыпIыщIэ.

Бзаджэщ КIущи –
Ар къищIауэ,
И щхьэ Iуэхур
Зэрехуэжыр:
«Ныбжьэгъушхуэ»
Хьэр къищIауэ
НыкIэщIэсщ,
Зигъэхуэбэжу.

КIэщIэпщхьауэ
Мыщэм
КIущэ,
Зэрыжей а тIур
IэфIыщэу!

ДИ НАУ ПАПЩIЭ УЭРЭД ЦIЫКIУ

КIущэ и къуэу дзыгъуащэ,
ТхыпхъэщIыпхъэр зи фащэ.
Ди Нау цIыкIуу нэ пIащэ,
Дэнэ кIуэми мыгъуащэ.
Нау, нау, нау!

ПащIэ цIырхъыу нэIуцэ,
КъэкIухьлъакъуэу лъэбыцэ,
Зи дзэ цIыкIухэр маисэ,
Зи кIэ цIыкIур кIэрисэ.
Нау, нау, нау!

Ди шатащхьэр зыдыгъур
Дэ дымыщIэ уи гугъэ?! –
ЗыщотIэхъури ди Нанэ,
Уэ ебгъэщIкъым гукъанэ.
Нау, нау, нау!



УщэкIуауэ жэщ кIыхьым,
УотIысхьэжыр пIэ хуабэм.
Дзыгъуэ цIыкIухэм уепщIыхьу,
Махуэ ныкъуэр уогъакIуэ.
На-на-нау!

ГУЭГУШЫХЪУ

ЗегъэбжьыфIэ,
ЗегъэлIыхъур:
ЩыIэ абы
Хуэбгъэдэн.
И гугъу пщIымэ,
«Гур-гур-гур!»-кIэ
Кърегъажьэ
Къошхыдэн.
Нэхъри зэгуэбгъэпу
ЩIэбдзэм,
Къогубжьыпэ –
Зегъэцыдж.
И жьэгъулыр
Мэплъ дэп маскIэу,
Къежыхь –
ЩIылъэр егъэзджызыдж!

И дамитIыр
ЩIым ныщихъуэу,
Зэпигъэукъым
Къэуджын, –
КIэ-жыхапхъэр
Жьым зэрихуэу,
Ди пщIантIэшхуэр
ИпхъэнкIынщ.

КЪАЗ БЫН

Ди къаз анэ
Къаз хужьышхуэм
Шыр цIыкIу
Куэду къришащ.
Зы сатыру
Игъэуври,
Мес,
Уэрамым ныдишащ.
Псыхъуэм дишэу
И шыр цIыкIухэр
Иригъэхьмэ,
Дауэ хъун?!
Къазхэм
Сэ къызогъэгъазэ,
СлъэкIкъым
Сигу ящIэмыгъун.
КъэжэпхъыхукIэ шырхэр,
ПщIантIэм
Сэ къаз быныр
Дэзгъэтынщ.
Ди тасэшхуэм,
Псы из сщIыурэ,
Шопэ-шопэ
ЩезгъэщIынщ!

АРГЪУЕЙ

ЩIыкIунитIэщ,
ИIыгъщ мастэ,
КъыпхиIуну
Къелъэтыхь.
ЖэщкIэщ,
ЖэщкIэщ
Ар щыятэр,
Нэрэ напIи
Зэхуимыхь.
Е мышынэ,
Е мыукIытэ,

ГущІэгъуншэщ,
Угъурсызщ.
АфІэкІа
Шэрей зимыІэм
Уи гум щІыхьэу
Егъэуз.

БЖЭНДЭХЪУ УНЭ

Ди унащхьэм
Тесщ кІэзызу,
Тесщ пІыщІауэ
Бжэндэхъу цІыкІу.
Ар унэншэщ,
Ар жьэгуншэщ, –
Ар емыкІукъэ?
СфІэемыкІущ.
Іэдэ, уадэ,
Пхъэх, гъущІ Іунэ –
Гуэщым сожэ,
КъыщІызох.
ИрисщІыну
Бжэндэхъу унэ
Пхъэбгъур ІэкІуэу
Зэпызох…
Унэр сщІыхукІэ
Бжэндэхъу цІыкІур
Ди унащхьэм
ТемыкІа,
Сэ жызоІэ
Абы сигукІэ:
«УпІыщІэнкъым
АфІэкІа!»

ПСЫХЪУЭГУАЩЭ

Псыхъуэгуащэ,
Псыхъуэгуащэ,
Уэ ущыІэр пэж?
Удмылъагъуу
ЗыдгъэпскІауэ
Дэ зыдохуэпэж.
Пэж уи щхьэцыр кІыхьыр?
Уи пкъыр
Бдзэжьейм ещхьыр пэж?
Таурыхъхэм
Уи хъыбархэр
Дахэу яІуэтэж.

ТхьэIухуду
Псыхъуэгуащэ,
Псыхъуэм щыпащтыхь,
ПхуэщIын хышхуэр,
БгъэIурыщIэу,
ЩIимылъафэу кхъухь?

ПСЫIЭРЫШЭ

ДрикъухукIэ
ЗыдгъэпскIыну
ПсыIэрышэр
Дэ IутщIащ.
Къэс къудейт ар
Ди лъэкIэным,
Иджы
Ди бгым къэс
Ар тщIащ.
Ди «гуэл цIыкIур»
Къэутхъуами,
Дэ тфIэфIыпсу
ЗыдгъэпскIащ.
Пшахъуэ защIэу
ЩIалэ цIыкIухэм
«ПащIэ-жьакIэ»
КъыттекIащ.

ЩIЫМАХУЭ ШЫЛЭ

Уаещ нобэ,
Уае дыдэщ.
Хъуреягъыр
ЗэщIэщтхьащ.
Сыдэтыфкъым
Куэдрэ щIыбым,
СокIуэж унэм –
СыпIыщIащ.
Бжэр Iусхыну
СыщыIэбэм,
Бжэкъум си Iэр
КIэрыпщIащ.
Игъэузри –
Сигъэгъыным
ТIэкIунитIэщ
ИIэжар…
КъыщIихщ нанэ
Псы къубгъани,
Бжэкъу дияр
Къигъэвыжащ.

## ЖЬЫР МЭПХЪАНКІЭ

Жьыр мэпхъанкІэ
И фІэщыпэу –
Чыным хуэдэу
Мэджэрэз.
КъыпэщІэхуэр
ЗэщІещыпэ,
Ар лъэныкъуэ
Ирегъэз.
Къабзэ дыдэу
КъытхуипхъэнкІри,
ПщІантІэм щэхуу
ДэкІыжащ.
Си лэжьыгъэр
ЗэфІигъэкІри,
И гъуэгуанэ
Техьэжащ.

*Таурыхъхэр*

ДАУР Зое

# ХЬЭБИД

Зы къуажэ гуэрым зылIрэ зы фызрэ щыпсэурт. Абыхэм зы къуэ цIыкIу яIэт, илъэс ебланэм иту. ЛIыр сымаджэ хъуати, и къуэ цIыкIур зыбгъэдешэри къыжреIэ: «Си щIалэ, уэ иджыри усабийщ, уи щхьэ бадзэ тепхужыфыркъым. Сэ нобэ дунейм сохыж. Иджыпсту бжесIэнухэр бгъэзэщIэн хуейщ Iэмал имыIэу.

Уи анэр уэндэгъущ, шыпхъу къыпхуилъхунущ, ауэ ар нэжыгъущIыдзэщ. Уи анэр бзаджэу, и адэ-анэр гугъу иригъэхьу, я жагъуэ ищIу, «физукIынщ, фыстхьэлэнщ» яжриIэу щыташ. Иджы езым тхьэм хьэзаб къытрилъхьэнущ — и бын къиилъхуам ишхыжынущ. Уэри, уи шыпхъум уимышхыжын щхьэкIэ, хэкур убгынэн хуейщ.

Шэщым щIыхьи, шыбзым нэхъ ин дыдэу, нэхъыфI дыдэу хэтыр къыхэш, ар сэ сызытесу щытаращи, сэбэпышхуэ къыпхуэхъунущ, дэнэкIэ умыкIуами, укъигъэпэжынущ.

Уэ дунейм утетыхукIэ цIыхум уи зэран иумыгъэкI, пхузэфIэкIыхукIэ, псоми фIы яхуэщIэ. Сыпхуэарэзыщ, хьетI жегъэIэ. Зы цIыхум и зэран цIыхуищэм йокI. Уи анэм и зэранкIэ, уи шыпхъу нэжыгъущIыдзэм ди гъунэгъуи ди жэрэгъуи ишхынущ. Сэ а гуIэгъуэр симыгъэлъагъун щхьэкIэ, тхьэм дунейм срегъэхыж».

Ахэр къыжриIэри, адэм и псэр хэкIащ.

ЩIалэ цIыкIур (Хьэбидт и цIэр) адэм и шым тотIысхьэри лъахэр ебгынэ.

КIуэм-лъэм, кIуэм-лъэурэ, хъыджэбзищ гъуэгубгъум деж щысу ирохьэлIэ, зы пхъуантэжь цы илъу къабгъэдэту. Зым цы ипщIырт, адрейм ипхырт, ещанэм иджырт.

Хьэбид шым къопсыхри, хъыджэбзищым ябгъэдохьэ, и Iуэху зыIутри яжреIэ. МэлъаIуэ ягъэпщкIуну, ауэ хъыджэбзищым мыращ жэуапу къратыжыр: «Дэ мы цы тIэкIур джын духмэ, благъуэм дратынурэ драгъэшхынущ. Уэ уи закъуэ укъэнэнущ, ахъумэ, дэлъху диIэхххэтэкъыми, ди гуапэу дэлъху утщIынт».

Хьэбид адэкIэ макIуэ, и гъуэгу хегъэщI. Куэдрэ кIуа, мащIэрэ кIуа, жыг къриуду зы щIалэжь ирохьэлIэри жреIэ: «Ей, си къуэшышхуэ, сыгъэпщкIуи сыкъегъэл, арыншамэ сэ дунейм сытрагъэтынукъым — сашхынущ».

ЩIалэм жэуап къретт: «Сыт мыгъуэр пхуэсщIэну? Сэ мы жыг зыбгъупщIыр къиудын зэрызухыу си гъащIэр абдеж щиухынущ. Уэ ущIалэщ, уи закъуэ мыбдеж псэуа ущыхъунукъым».

Хьэбид, и нэпсыкIэр щIиутхыкIыу, гъуэгу тоувэж. КIуэм-лъэм, кIуэм-лъэурэ, зы лIыжь, бгыр къитIу, ирохьэлIэ икIи йолъэIу: «КхъыIэ, дадэ, сыгъэпщкIу, сэри ин сыхъунщи, къыбдэстIынщ, уи лэжьыгъэр бдэзгъэпсынщIэнщ». «Хьэуэ, си щIалэ цIыкIу, уэ узэфэну псыр иджыри къэжакъым, сэ мы бгы закъуэр къэтIын сухмэ, дунейм сехыжынущ, уи закъуэ дунейм укъытенэ хъунукъым», — жеIэ лIыжьым.

«Сыт мыгъуэр си Iэмал?» — жери ину хощэтыкIри, Хьэбид и гъуэгум хегъэщI.

МащIэрэ кIуа, куэдрэ кIуа, гуэл ирохьэлIэ. Абы хэс хьэндыркъуакъуэм Хьэбид йолъэIу: «Сэбэп сыпхуэмыхъумэ, зэран сыпхуэхъунукъым, кхъыIэ, мы уи гуэлым сыщыгъэпщкIу».

«Алыхьым фIыуэ илъэгъуа щIалэ цIыкIу, сэ мыбы ущызгъэпщкIунт, ауэ дыгъэр къызэрытепсэу гуэлыр игъущыкIынурэ, сэ псы сымыгъуэту сылIэнущ, абы нэхърэ нэхъыфIщ уи гъуэгу хэбгъэщIмэ», — къощыхьэкIуэ хьэндыркъуакъуэр.

Сыт ищIэнт Хьэбид, адэкIэ макIуэ. Зы бжьэ матэ, бжьэр куэду епщIауэ, ирохьэлIэри бжьэхэм йолъэIу: «Фи матэм сыщывгъэпщкIу, арыншамэ си анэкъилъхум сишхынущ. Фэ фи гъусэу мы чы матэм сивгъэтIысхьи, сыкъевгъэл, сэри зыгуэркIэ сэбэп сыфхуэхъужынщ».

«Дэ зыри Iэмал диIэкъым, мы щIыпIэм дыгъэ къытепсэркъым куэд щIауи, фо къызыпытхын удз къэкIыжыркъым. Мы фо матэр шхын духмэ, псори дылIэжынущ», — жэуап кърат бжьэхэм.

КIуэм-лъэм, кIуэм-лъэурэ мэл гуартэ ирохьэлIэри йолъэIу: «КхъыIэ, сэри псэ сIутщ, фэ сызыхэвгъапщкIуи, си шыпхъум симышхыу сыкъевгъэл».

«Уэ, цIыху цIыкIу, алыхьым фIыуэ илъэгъуа, мы щIыпIэм уэшх къыщешхыжыркъым, удзи къыщыкIыжыркъым. Дэ мы удз тIэкIур тхъуэкIумэ, шхыныгъуэ диIэжынукъыми, куэд мыщIэу дызэтелIэнущ», — къыжраIэ мэлхэм.



Куэдрэ-кIуа, мащIэрэ-кIуа, гъуэгубгъум зы жыгыжь щрохьэлIэ. Абы бзу абгъуэ фIэлът, бзу шыр цIыкIухэм фIэкIа имысу. ЦIыху цIыкIур къызэралъагъуу, бзу шырхэм зыжьэу жаIэ: «Уэ, цIыху цIыкIу, ди анэр блэжьым иубыдауэ къигъэкIуэжыркъым, дэ шхын щхьэкIэ дызэтолIэ. Псапэ ин къэпхьынщ къыIэщIэбгъэкIыжмэ, уэри ар зыгуэркIэ сэбэп къыпхуэхъужынщ».

Мыбдежми и Iуэху къызэрыщимыкIар и жагъуэ хъуауэ, Хьэбид и щхьэр адэкIэ ехь. ИкIи къелагъу: блэжьыр, дыгъэм хэлъу, зишыхьауэ мэжей, абы и кум бзу анэр ириубыдауэ.

И адэм и къамэр, шым кIэрыщIати, кърепхъуэтри блэр еукI. Бзу анэжьыр, фIыщIэ къыхуищIу, и шыр цIыкIухэм я деж мэлъэтэж.

Хьэбид псапэ къызэрихьам щыгуфIыкIыжу, и гъуэгу тоувэж, бзу анэр, пIэщIэгъуэр телъу, зэрылъэтэжам кIэлъыплъурэ.

Сытми, алыхь Iэмырти, Хьэбид Дыгъэм и къуэм ирохьэлIэри и Iуэху зыIутыр хуеIуатэ.

«АтIэ, уэ уи унэ пэжыр мырати, укъэкIуэжащ, сэ сыт хуэдэ Iуэху мыхъумыщIэми ущысхъумэнущ. Нобэ щыщIэдзауэ къуэ узощI», — къыжреIэ Дыгъэм и къуэм.

Хьэбид имыгъуэт фIыгъуэ щыIэкъым, зыхуейр ешх, зыхуейр ещIэ, зыхуейр джэгуэгъу ещI, щыхуейм мэгъуэлъ, щыхуейм мэтэдж. Ауэ зыри и ни и пи къихьыркъым, щалъхуа щIыпIэм хуозэш. Махуэ къэс тIощIрэ Iуащхьэ цIыкIум докIри, я унэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ маплъэ. Зэзэмызи магъри, и нэр плъыжьу къекIухь. Абы Дыгъэм и къуэм гу лъетэ: «Уэ уи хэкум ухуэзэшауэ аращи, кIуэжи зэ яхэплъэ, ауэ уи шыпхъу нэжьгъущIыдзэм зумыгъэшхыу

къэкIуэж, итIани ухуеихукIэ узгъэкIуэжынщ», — къыжреIэ. ИкIи мыл IэшкIэ, зы дыгъэ нэбзий, псы фалъэ, ятIэ IэмыщIэ, къэкIыгъэ жылэ Iэбжьыб, зы цыпх кърет.

Хьэбид, дуней гуфIэгъуэр иIэу, шым мэшэсри, гъуэгу къытоувэж. Куэдрэ къэкIуа, мащIэрэ къэкIуа, мэл хъушэм къахыхьэжащ. Мыл IэшкIэ къыздихьар дридзейри, мылыр уафэм зэрылъэIэсу уэшх ин къешхащ, удз щхъуантIэр, нэр щыджылу, къыхэкIащ. Зызыудыгъуауэ, зэхэпщхьэжауэ шхын щхьэкIэ лIэуэ чэтым щIэс мэл гуартэр къыщIэкIри удз щхъуантIэр яхъуэкIуу хэувэжащ. Мэлхэм я гуфIэгъуэр щилъагъум, Хьэбид, дамэ къытекIа хуэдэ, адэкIэ и гъуэгу теувэжащ. Махуэ зыбжанэкIэ къэкIуауэ, бжьэ матэм къыбгъэдыхьэмэ, бжьэхэр бэуэжыркъым.

Хьэбид дыгъэ нэбзий цIыкIу закъуэр дредзей, занщIэу дыгъэр уафэгум къоувэ, дыгъэпсым дунейр егъэлыд, къегъэхуабэ. Удз гъэгъарэ сэхуран гъэгъарэ из къэхъуащ губгъуэм. Бжьэхэм, мэ дахэр къазэрыщIихьэу, я псэр къыхыхьэжри щхьэж и занщIэкIэ лъэтэжащ, фо нэхъыбэ удзхэм къыпахын я мураду. Бжьэхэм я насыпым щыгуфIыкIыу, Хьэбид гъуэгу теувэжащ.

Куэд дыди имыкIуауэ, гуэлым бгъэдохьэ — хьэндыркъуакъуэр мэджалъэри ныджэм телъщ.

ИIыгъ псы фалъэр гуэлым хекIэри, нэр щыджылу щхъуантIабзэу гуэлым псыр из къохъуж.

Хьэндыркъуакъуэм, псыр зэригъуэтыжу, Хьэбид фIыщIэшхуэ къыхуищIу, гуэлым хэсыхьу йожьэж.

Куэд къикIуа, мащIэ къикIуа, бгыр къэтIын иухыным белыпитI фIэкIа къызыхуэмынэжа лIыжьым къыхуозэж.

Хьэбид ятIэ IэмыщIэр, хуэсакъыпэурэ, дэнэкIи зэлъигъэIэсу губгъуэжьым ирепхъэ. Уафэм щIэуэу лIыжьым ихъуреягъкIэ бгы къохутэ. ЛIыжьыр, мэгуфIэри, и къэтIыным щIедзэж.

Куэдрэ кIуа, мащIэрэ кIуа, жыг пызыупщI щIалэм, зы жыг фIэкIа къыхуэмынэжауэ, и лIэгъуэр къызэрысам егупсысу, жыг лъэдакъэм тесу, кърохьэлIэж.

Хьэбид, къэкIыгъэ жылэу иIыгъыр мэзыр здита щIыпIэм ирепхъэри, мэз ин и пащхьэм къохутэ.

«Алыхьым фIыр къыпхуищIэ, си шынэхъыщIэ цIыкIу, сэ мыр пызупщIыну зы лIэщIыгъуэкIэ срикъунщ» — жеIэ щIалэм.

Хъыджэбзищым цы IэмыщIэ фIэкI къахуэмынэжарэ я щхьэр яхуэмыIэтыжу кърохьэлIэжри, цыпхыр къабгъэдегъэувэ. Нэм къиплъыхьыр, дыгъэм пэлыду, цы хужь дахэм зэщIещтэ. Хъыджэбзищым, къэгуфIэжауэ, Хьэбид къыжраIэ: «Дэлъху удощI, дыпсэухукIэ утщыгъупщэнкъым, икъукIэ Iуэхутхьэбзэшхуэ къытхуэпщIащ».

Арати, Хьэбид Дыгъэм и къуэм къыхуищIа унафэр игъэзэщIауэ, гуфIэжу я пщIантIэм дохьэж. Джэдуужьыр, и кIэр игъэкIэрахъуэу, къыпожьэ, и шыпхъур гуфIэжу къыщIожри къыбгъэдолъадэ: «Уэ тIэкIу зыгъэпсэху, сэ сыпхуэпщэфIэнщи узгъэшхэнщ».

Джэдуужьым, гузэвэгъуэр телъу, къыжреIэ: «ПсынщIэIуэу дэкI мы пщIантIэм, зыкIэлъумыгъэсу уздэкIуэфым нэс кIуэ, щIыхьэжауэ и дзэр елъ уишхыну».

Хьэбид и шым зредзри, пщIантIэм дож. И шыпхъур къыщIэкIмэ, джэдуужьым дыгъэ зрегъэури щылъщ, и дэлъхур здынэсынум нэсащ.

Хьэбид и нэм къыщхьэрипхъуауэ здэжэм, хъыджэбзищым къалъагъури къогуо: «Ди дэлъху цIыкIу, сыт ущIэгузавэр? Мыдэ къакIуэ, мы цыр зэлъыIудгъэкIуэтынщи удэдгъэпщкIуэнщ».

И шыпхъур, цы къомым пхрыкIа нэужь, кIэлъос, ауэ Хьэбид мэзыр хузэIуокIуэтри, тыншу щIокI, и шыпхъур къуацэ-чыцэм пхымыкIыфу, мэгувэ.

Хьэбид бгышхуэм щынэсым, бгыр зэгуокIри, я кум докI, шыпхъур бгышхуэм щхьэдэхыхукIэ, гуэл Iуфэм къыщохутэ. Хьэндыркъуакъуэм зытрегъэтIысхьэри гуэлым зэпрех. И шыпхъур гуэлым зэпрымыкIыфу хъурейуэ къекIухь.

АпщIондэхукIэ Хьэбид бжьэхэм я деж нос, икIи ар Iэтауэ яхь мэлхэр зыщIэт чэтым нэс.

Бжьэхэм къагъэзэжри, я шэрэзымкIэ Хьэбид и шыпхъум зыхаукIэ, ягъэгуауэщхьэуэ.

Мэлхэр зэблокIуэтри Хьэбид благъэкI, и шыпхъур къосри, Iэхъушэм ерагъыу пхропщ. КъыщыкIэлъысыпэм, бзу анэжьыр къыбгъэдолъатэри, и нэ лъэныкъуэр къреуIукI.

Шыпхъум, нэгъуэщI Iэмал щимыгъуэтыжым, бзаджагъэ хуокIуэри, жеIэ: «Иджы сэ сыхуейт си дэлъхум сэрэ нэхъ хьэлъэр къэсщIэну, тэрэзэм дызэдытеувэн хуейщ. Абы иужькIэ сапэхэтIэ, итIанэ гъуэрыгъуапщкIуэ дызэдэджэгун хуейщ. Арыншамэ сэ къысхуэщIэнукъым си дэлъхум и лIыгъэр здынэсыр».

Тэрэзэм зэдытоувэ. Хьэбид хьэфэ топым хуэдэу мэлъейри Дыгъэм и къуэм и пщIантIэм къыдохутэж, и шыпхъур мыдэкIэ къонэри, зэгуэпым къыхэкIыу зэгуоуд.

# ЕЛЫХЪУ И КЪУЭ ЕЛЫХЪУ

ЩыIащ-псэуащ ЕлыхъукIэ еджэу зы лIы щIакъуэ гуэр. Ар икъукIэ хуэщIауэ псэурт. Елыхъу и къуэжьыр щакIуэ Iэзэт. Уафэми щIылъэми зы псэущхьэ щыIэщIэкIыртэкъым, и нэм къыфIэнауэ. И ныбжьыр хэкIуэтат, ауэ фыз къиишэн идэртэкъым. ЦIыкIуи ини, къуажэм дэсым, абы фIэкI Iуэху ямыIэжу, Елыхъу ауан ящIу хуежьащ фыз къызэримышэм щхьэкIэ. Абы къыхэкIкIэ зы махуэ гуэрым Елыхъу къуажэм и щхьэр дех. Къуажэ щIыбым щежэх псы Iуфэм Iуту плъэри, шу гуп псым адрыщIкIэ къыщилъэгъуащ. ЯлъэщIыхьэн папщIэ, и шым елъэдэкъауэри, псым зэпрысыкIащ икIи нэгъуэщI хэкум къыщыхутащ.

Елыхъу мурад ещI шу гупым, закъримыгъащIэу, якIэлъыкIуэну. КъыфIэщIырт абыхэм я кIэрыхубжьэрыхумкIэ езыр псэуфыну.

Шу гупыр мэзым щIыхьащ. Елыхъу абыхэм якIэлъыкIуащ. Шухэр щIыIэнэщIым нэсри къэувыIащ. Пхъэ ласкIэ куэду зэхуахьэсащ, мафIэ ящIащ, пщафIэри, бахъейр къыщхьэщихыу шхэну тIысахэщ.

Елыхъу и гум щIыхьащ дэнэкIэ игъазэми и гугъу фIэкIа зэрамыщIыр икIи хэгупсысыхьащ: «Уэлэхьэ, мыбыи си Iуэху щымыхъуну. Къуажэ гуэрым сыдыхьэнщи, си Iуэху яужь ситынщ».

Псым къызэпрокIыж. Къуажэм нэмысыжыпауэ зы бажэ цIыкIу къелъагъу, дыгъужьым кърихуэкIыу. Елыхъу фочымкIэ йоуэри, дыгъужьыр пIэжьажьэу къреуд. КъыIэщIэхуа бажэр, дунейр тIэу пкIэгъуэ хуримыкъуу, къыбгъэдолъадэри къыжреIэ: «Сэ уэ анэкъилъху хуэдэу узгъэпэжынщ, сыкъебгъэлащ. Сыт хуэдэ IуэхукIэ укъежьами, суригъусэщ».

Бажэм жиIэр хэт и фIэщ хъунт?! Елыхъу абы жэуап иритакъым, ауэ и ужьым иувэри кIэлъыкIуащ, къуажэм дишэн къыфIэщIу. АрщхьэкIэ, къуажэм димышэу, губгъуэм иришащ. Елыхъу къигъэзэжыну хуежьат. Бажэр, къызэплъэкIри, къеджащ: «Сыт, Елыхъу, ушынауэ ара? Уэ лIыгъэ уиIэмэ, си гъусэу унэкIуэнщ, арыншамэ, ушынэкъэрабгъэу псоми уахуэсIуэтэнщ».

Елыхъу лIыгъэм зригъэхьри, бажэм и ужьым иту жэщибл-махуиблкIэ кIуащ. ЕтIысэхри загъэпсэхуащ, жеящ, шхэри къэтэджыжащ. Бажэр IубзэхыкIри, зы бгъуэнщIагъ гуэрым ипщхьащ. Елыхъу абы кIэлъихьэнути, пкъоужь гуэрым и шыр ирипхащ, къигъэзэжыхукIэ кIэрытыну унафэ хуищIри.

БгъуэнщIагъым ихьат, ауэ лъэбакъуэ зыбгъупщI нэхъ имыкIуауэ и шыр ину къэщыщащ, макъ гуэрхэри къэIуащ. КъызэплъэкIмэ, езыр ауан къэзыщIа шу гупым я пашэр тетIысхьауэ и шыр Iуишырт. «Шыр сысейщ, дэнэ здэфшэр?» — жиIэу шухэм ящIэгуэуа щхьэкIэ, къафIэIуэхуакъым.

Елыхъу егупсысащ: «Шыри щызимыIэжкIэ, бажэр къэзгъуэтыжынщ». БгъуэнщIагъыр ин дыдэт, зы къуажэшхуэ щыпсэурт. Щыпсэухэри мы ди хэкум исхэм ещхьтэкъым. Метрищ я лъагагът, я щхьэцыр щIым тралъафэрт, я щхьэц лъэныкъуэр плъыжьт, лъэныкъуэр хужьт. Псори, зы анэ къилъхуауэ фIэкI умыщIэну, зэрылъагъурт, зэрылъытэрт.

Елыхъу ахэр къыпежьащ, бажэр япэ иту, IэплIэешэкIкIэ ирагъэблагъэри къыжраIащ: «Ди Хэкум хамэ цIыху къидгъэхьэркъым, ауэ уэ ди бажэр къебгъэлащи, удукIынукъым, къуэшым хуэдэу утлъагъунущ. СыткIэ сэбэп дыпхуэхъун?»

— Пщым ауан сыкъищIащ, си шыр идыгъуащ, хамэ мылъку сыщIэнэцIу къыщыхъуащ. Сигъэпудащ, силъ сщIэжын хуейщ, — жиIащ Елыхъу.

— Пщыр дэ къыпхуэтхьынщ, абы щхьэкIэ удгъэгузэвэнкъым, — къыжраIащ ныбжьэгъу къыхуэхъуахэм.

— Ар сэркIэ лIыгъэкъым, сэ къэсхьын хуейщ, езы пщым зезгъэщIэжын папщIэ. Щыпсэур къасщIэмэ, нэгъуэщI сыхуейкъым.

Бажэм псори къыжриIащ:

— Пщыр махуищкIэ мэжей, жэщыбгым къалэм къыдыхьэнущ уи шым тесу. Шым уэ укъицIыхужынущи, аркъэн едзи пщыр къелъэфэх. Пхъэр уи яужь къиувэнущ. Япэ итынур сэ згъэлъэпэрэпэнщ, и шым и лъакъуэм седзэкъэнщи, уэ къэбгъэзэнщи, уи

шыплІэм къыдэплъхьэнщ, адрей шухэм абы яжриІэнущ уи гугъу къащІмэ я пщыр зэрыбукІынур.

Елыхъу и лІыгъэр къригъэкІри, илъ ищІэжыну ежьащ. Псы Іуфэ гуэрым носри нэху къыщокІ. Пщэдджыжь нэмэзым гуэгуэн иІыгъыу зы хъыджэбз псыхъуэм къыдыхьэу къелъагъу. Ар лъагэт, бгы псыгъуэт, зэкІужт, и нэгум уиплъэн пхузэфІэмыкІыу нэр щыджылырт, и щхьэцыр и лъэдакъэпэм теуэрт, дыгъэ къыкъуэмыкІам и пІэкІэ дунейр къигъэнэхурт.

ТэлайкІэ Елыхъурэ хъыджэбзымрэ зыр зым еплъу щытащ. ИтІанэ зыкъащІэжри, псалъэ зытІущ зэпадзыжащ.

Елыхъу илъ ищІэжыну къызэрежьар щыжриІэм, хъыджэбзми зыщыгъуазэр къыхуиІуэтащ:

— Уэ уи шыр пщым ІэхъулъэхъукІэ гуэщ кІыфІым щиІыгъщ, зыми имылъагъуу. Къалэм къыщыдыхьэнум куэдрэ упэплъэн хуейщ. Сэ гъуэмылэ пхуэзгъэхьэзырынщ: махъсымэ пхуэсщІынщ, мэжаджэ пхуэзгъэжьэнщ, ахэр мэкъум хэзгъэпщкІуэнщи, уэ къэбгъуэтынщ. Махъсымэм уемыІусэ, тІу ищІыкІи, пщымрэ и блыгущІэтхэмрэ къалъагъун хуэдэу, пабжьэм хэгъэувэ. Зэрефэу чэф ищІынурэ игъэжеинущ, езы пщыр къыпхуэнэнщи, уезэуэнщ. УтекІуэмэ, уи насыпщ.

Арати, пщыр и блыгущІэтхэр дэщІыгъуу гъуэгу теуващ. Махъсымэр здыхэт пабжьэм зэрынэсу, пщым фІэкІ къэмынэу, псори ефэри, Іурихащ.

Пщым Елыхъу пэуври, зауэ ирагъэжьащ. Шыр, Елыхъу къицІыхужри, къэщыщащ, пщыр лъагэу дридзеящ, къридзыхыжащ. Елыхъум аркъэныр идзщ, пщыр кърилъэфэхщ, шым кІэрищІэщ, езыр и шым тетІысхьэри и гъуэгу теувэжащ.

Елыхъу пхъэрхэр къыкІэлъэщІэпхъуащ. Бажэр къэсри лъакъуэпэщІэдз яхуищІурэ, шухэр игъэлъэпэрэпащ. АпщІондэхукІэ Елыхъу пщыр здынигъэсынум нигъэсащ, бажэм здиша бгъуэнщІагъым щигъэпщкІуащ. Абы щыпсэухэр Елыхъу ныбжьэгъу къыхуэхъуати, пщыр здэщыІэр зыми жраІэнутэкъым.

Пщыр гъэпщкІупІэм ирагъэсыхункІэ и мылъкур Іисраф хъуащ. И щхьэгъусэри дунейм ехыжащ, и лІым и кІуэдыпІэр къызэрыхуэмыщІэм ирибампІэурэ.

Елыхъу апхуэдэу илъ ищІэжа нэужь, зэхъуэпса хъыджэбзыр къилъыхъуэну гъуэгу теуващ. Хъыджэбзым и цІэр Дахэпст. Дэлъхуибгъу иІэти, я шыпхъу закъуэр зыхуагъэфэщэн мы дунейм темыту къалъытэрт.

Бажэм и чэнджэщкІэ, Елыхъу Дахэпс и дэлъхухэр къигъуэтри, къащІыхуэкІуам и щхьэусыгъуэр яхуиІуэтащ.

— Ди шыпхъур пшэфын щхьэкІэ, ІущагъкІэ утекІуэн хуейщ. Хъыбар гъэщІэгъуэн жепІэурэ махуищ-жэщищкІэ убгъэдэсынщи, езым нэхърэ нэхъ губзыгъэу укъилъытэмэ, уи насып къикІащ. Уи хъыбарым едэІуэхукІэ и гупэ къыпхуигъэзэнущ икІи къыпщыгуфІыкІынущ.

Елыхъу зэрыщІыхьэу, Дахэпс къыпыгуфІыкІыу къеплъащ, и дэлъхухэр, къэхъуар къахуэмыщІэу, зэплъыжащ.

Хъыджэбзыр гуфIэгъуэм зэщIиIыгъэу, Елыхъу и таурыхъхэм жэщищ-махуищкIэ щIэдэIуащ.

Зэшхэм щхьэусыгъуэ ящIын щамыгъуэтыжым, Елыхъу къыжраIащ:

— Ди пщыр кIуэдащи, къэдгъуэтыжмэ, унафэ едгъэщIынщ.

Елыхъу ину дыхьэшхри жиIащ:

— АтIэ сэ абы сыфхуеупщIынщ къызитынрэ къызимытынрэ.

Дахэпс и дэлъхухэм ар щызэхахым, Елыхъу пщыр зэридыгъуар къагурыIуащ.

Унафэ ящIащ я шыпхъу закъуэр къратыну.

Дахэпс уасэ щIэтын хуейти, уасэIыххэр Елыхъу деж къэсащ. Елыхъу абыхэм еупщIащ: «Уасэ фэстын хьэмэрэ фи хэкум фIэкIуэдар фэстыжын?» УасэIыххэр гуфIащ, я пщыр яритыжмэ, нэхъ къащташ.

Елыхъу къуажэ псор зэхуригъэшэсри пщым апхуэдиз бэлыхь щIытригъэлъар яхуиIуэтащ.

— Зи мыIуэху зезыхуэм мыхьыр хуэфащэщ, — жиIащ пщым. — Сэ «Елыхъу фыз къыхуэшэркъым» жысIэри, ныбэизыгъэм къыхэкIкIэ лажьэ зимыIэ щIалэм сыщыдыхьэшхати, ар алыхьым къысхуигъэгъуакъым: Елыхъу и шыр къыфIэздыгъуати, и шы дыдэмкIэ сэ садыгъури, мы бгъуэнщIагъым зэман кIыхькIэ сыщаIыгъащ. Мылъку и куэду, хуэщIауэ зэрыпсэуур сщIэрэ пэт «Елыхъу ди кIэрыхубжьэрыхухэмкIэ псэун и гугъэщ» жысIэри сыщыдыхьэшхати, иджы мылъкуи, щхьэгъуси, пщIэи, нэмыси симыIэжу губгъуэм сыкъинащ. Лей зевмыхьэ, маржэ, сэ нобэ схузэфIокI жыфIэу, дунейр чэзущ, цIыхур лъэпэрэпамэ, фыщIэмынакIэ, арыншамэ, къыфпекIуэкIыжынущ».

Апхуэдэу къекIуэкIащ Елыхъу и Iуэхур.

ДахэпсрЭ абырэ, зым Iэпыхур адрейм къищтэжу, нобэр къыздэсым зэдопсэу.

# ЛЪЭПКЪ ЗЭХЭЩIЫКIЫМ И НЭЩЭНЭ

Лъэпкъыр зэрыщыIэм, зэрызиузэщIым и нэщэнэщ абы и бзэм, и культурэм, и искусствэм, литературэм зезыгъэужь, абы и щыIэкIэ-псэукIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэр къызэщIэзыкъуэ, и тхыдэм хуэгъэпса тхылъхэр дунейм къызэрытехьэр. 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыщыдэкIащ усыгъэхэр, прозэ тхыгъэхэр, щIэныгъэ, публицистикэ лэжьыгъэхэр зэрыт тхылъ зыбжанэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми зытеухуа и лъэныкъуэкIэ къалэн пыухыкIа егъэзащIэ, лъэпкъым и гъащIэм увыпIэ щхьэхуэ щеубыд.

2016 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ усакIуэ, тхакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Нало Заур и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсыжа **«ПцIыIэрышэхэр. Псысэхэр. Таурыхъхэр»** тхылъыр. Ар тхакIуэм и «Тхыгъэ къыхэхахэр томищым щызэхуэхьэсауэ» къыдэкIыгъуэм и ещанэ тхылъщ (япэрейр – 2014, етIуанэр – 2015 гъэхэм дунейм къытехьащ). Ещанэ тхылъым ихуащ Налом и гушыIэхэр, ауанхэр, псысэхэр, таурыхъхэр. «ПцIыупс хьэмэрэ псысэус?» пэублэ статьям деж тхакIуэм щызэпкърех псысэ жанрым и щхьэхуэныгъэхэр, ухуэкIэр, абы лъабжьэ хуэхъур. Апхуэдэуи щIэныгъэлIым къыхегъэщ псысэхэр къэзыгъэщIу адыгэ хэгъуэгухэм (Къэбэрдейм, Шэрджэсым, Адыгейм) щыпсэуа «пцIыупс-псысэус» Iэзэхэми (Щхьэгъэпсэу Илэ, Ныр Мызэ, Бэрэгъун ХьэзрэIил, Нэгъуей Лыкъынэ, Бетрожь Хьэмел сымэ) я цIэр икIи абыхэм ябгъэдэлъа зэчийр егъэлъапIэ, нэхъ гъэщIэгъуэныжращи, Налор абыхэм «адыгэ мюнхгаузенкIэ» йоджэ.



Пэублэм къыкIэлъыкIуэу тхылъым щызэкIэлъыхьащ «ДжэгуакIуэхэм я пцIы упсыкIэр», «Бжьэ натIэхур къызэралъхужар» гушыIэ хъыбархэр. АдэкIэ Налом и тхылъыр «Иджырей пцIыIэрышэхэр», «Псысэхэмрэ таурыхъхэмрэ» фIэщыгъэхэм щIэт Iыхьэшхуит/у гуэшащ. Япэрейм къызэщIиубыдэ гушыIэ хъыбархэр цикл щхьэхуэурэ зэщхьэщыхащ: «ТIалиб», «Хьэмел», «Мызэ», «ХьэзрэIил», «Илэ», «Лыкъынэ», «Щогъур и къуэ Джэрий», щхьэхуэу къокIуэ хъыбар зыбжани. Я сюжеткIэ зэпэщхьэхуэми, япэ Iыхьэм хыхьэ гушыIэ хъыбархэр псори зэришэлIэжу лъабжьэ яхуохъу пцIыр. Зэрыдыхьэшхэным, зэрыемыкIум къыдэкIуэуи, зы хъыбарым нэхърэ адрейм деж нэхъ кууж, нэхъ иныжу пцIыр щыщIохуабжьэ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, – тхыгъэм и гъэсэныгъэ-ущиинугъэ мыхьэнэр нэхъ лъагэ мэхъу.

Зи гугъу тщIы тхылъым и етIуанэ Iыхьэм къыщыхьащ псысэхэмрэ таурыхъхэмрэ: «Шэчэрыпс и псы Iубыгъуэ», «Шыкъарэ Шу», «Акъылымрэ къарумрэ», «IэщIагъэ дахэ», «Зи нысащIэр нэщанэ уапIэ зыщIам къехъулIар», «Тхьэщэрыкъуэрэ Дыгъэрэ», нэгъуэщIхэри.

2016 гъэм, усакIуэ Бицу Анатолэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ **«Къосыр уэс»** тхылъыр. Абы щызэхуэхьэсащ усакIуэм и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэр: усэхэр, поэмэхэр, балладэхэр, зэдзэкIахэр. Усыгъэ Iыхьэм усэ Iэрамэу тIу къыхощхьэхукI – «Тырку щIыналъэ», «Си гъащIэр зырикIт, уэ ухэмытам» жыхуиIэхэр. Япэ усэ гупыр теухуащ Бицур Тыркум щыщыIам и нэгу щIэкIахэмрэ абы щыпсэу адыгэ хэхэсхэм ядилъэгъуахэмрэ. Абы-

хэм гупсысэ нэхъыщхьэу яхэухуэнар ущалъхуа хэкур дунейм фIыгъуэу тетым нэхърэ зэрынэхъ лъапIэрщ, абы пэхъуни зэрыщымыIэрщ: «Дунейм тетыр пхъуэж мыхъуну зыкIи Хэкуу зэрыщытыр си фIэщ хъуащ», – етх усакIуэм, хэхэс гъащIэ гурыфIыгъуэншэр и нэгу щIэкIа нэужь. Хэкум и образ къыщигъэщIкIэ Бицум адрей усакIуэхэм къамыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэ гуэри къигупсысыркъым, лъахэм и плъыфэ зэмыфэгъукIи и усэхэр гъэнщIакъым, ауэ, итIани, и псалъэхэр тхылъеджэм щIэщыгъуэ щымыхъуу къанэркъым. Мис, псалъэм папщIэ, блэкIа лъэхъэнэхэм я теплъэр, адэжь щIыналъэм и щхьэ кърикIуа тхыдэ гущIэгъуншэм и Iэужьхэр, усакIуэбзэкIэ къэIуэтауэ:

*ЩIым фэбжь мыхъужыр дыркъуэ хьэлъэу ехъ.*

Къыщалъхуа хэкумрэ къызыхэкIа лъэпкъымрэ я образхэр, абыхэм къакIуа гъуэгуанэмрэ къадекIуэкI хабзэхэмрэ Бицум IупщIу къыщигъэлъэгъуэжащ «Къосыр уэс» тхылъым ит лиро-эпикэ тхыгъэхэм – «Бгырыс балладэ», «Бгырысыр къызэралъхуар», «ЩIакIуэкIапэ», «Жамболэт», «НэхъыщIэ» балладэхэм, нэгъуэщIхэми. «Бгырыс балладэм» и сюжетыр зэIубз дыдэщ: лIыфIыпIэ зэримыгъахуэу щIакIуэ кIапэ зэдытеува лIитIым хъыбар къаIэрохьэ я жылэм бийр къытеуауэ. А тIум я зэзауэр зэпагъэу, зэгъусэу бийм поув, ар хагъащIэ, жылэр кърагъэлри, аргуэру щIакIуэ кIапэм зэдытоувэж. Къэдгъэлъэгъуа сюжет кIэщIым усакIуэм апхуэдэ щIыкIэкIэ къригъэтIэсащ лъэпкъым и тхыдэри, хэкур зыхэта бэлыхьхэри, адыгэм хабзэ дахэу лIэщIыгъуэкIэрэ къадекIуэкIахэри.

*Зэтес хуэщIыжкъым ар удз къытекIэжми...*

«Си гъащIэр зырикIт, уэ ухэмытам» циклыр Бицум и щхьэгъусэ Людэ и фэеплъ усэ зыбжанэу зэхэлъщ. А усэ Iэрамэр зи гугъу тщIы тхылъым и мызакъуэу, усакIуэм и лъагъуныгъэ лирикэм и фIыпIэщ, и усыгъэр къызэщIэкъуауэ къапщтэмэ – и куупIэщ. Усэхэм психологие лъэщ я лъабжьэу гъэпсащ, абыхэм езы ажал дыдэми хуэмыгъэужьых гухэлъ къабзэм икIи пэжым и щапхъэ нэс къыщыгъэлъэгъуащ:

*Телъакъым уи цIэр махуэ къэс си Iупэ –*
*Апхуэдэр си щхьэ къысхуемыгъэзэгът.*
*КъысхуегъэкIуакъым мыпхуэди си напэ –*
*Уи Iэблэр сэ уэрамхэм щызмыIыгът...*

*ИтIани, сэ уэ сызэрыпхущытыр*
*Гухэлъ уэрэдкIэ куэдрэ къэсIуэтащ.*
*ЖызоIэр нобэ, зыкIи сымыукIытэу:*
*«Си гъащIэр зырикIт, уэ ухэмытам!».*

**(«Телъакъым уи цIэр махуэ къэс си Iупэ...»)**

Бицу Анатолэ и тхылъым щIыпIэ хэха щаубыд ныбжьэгъухэм, лъэпкъылI щэджащэхэм, цIыху цIэрыIуэхэм яхуэгъэза усэхэми. Апхуэ-

дэщ, къапщтэмэ, Хьэшыр Чылар, МэшбащIэ Исхьэкъ, КIуащ БетIал, Хьэх Заурбий сымэ ятеухуахэр.

«Къосыр уэс» тхылъым зы Iыхьэшхуэу хэуващ усакIуэм зэридзэкIа тхыгъэхэр: Пушкин Александр и «Къэзакъ» усэр, «МэшбащIэ Исхьэкъ и усибл», «Къэшэж Иннэ и усибл», Гамзатов Расул, Мечиев Кязим, Шахмурзаев Сэид, Гуртуев Берт, Отаров Керим, Геттуев Максим, Кулиев Къайсын, Зумакуловэ Танзиля, Макитов Сафар, Боташев Исса, Бабаев Ибрэхьим, Мокаев Магомет, Гуртуев Сэлихь, Созаев Ахъмэт, Моттаевэ Светланэ, Байзулла Алий сымэ я усыгъэхэр. Зэрынэрылъагъущи, усакIуэм и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэр, и тхыгъэ, лэжьыгъэ къыхэхахэр щызэхуэхьэсыжа «Къосыр уэс» тхылъыр абы и творческэ зэфIэкI иным, адыгэ литературэмрэ культурэмрэ щиубыд увыпIэ хэхам и щыхьэт наIуэщ.

2016 гъэм и къыдэкIыгъуэ нэхъыфIхэм ящыщщ Мыкъуэжь Анатолэ илъэс 60 щрикъум ирихьэлIэу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм зы том хъууэ къыщыдэкIа **«Си лIэщIыгъуэ»** тхылъыр. Абы щызэхуэхьэсащ усакIуэм и усэ къыхэхахэмрэ «Си уэрэд мыух, си гъыбзэ кIэншэ» поэмэ-элегиемрэ. Иужьрейуэ зи цIэ къитIуа тхыгъэм щхьэхуэу къытеувыIэпхъэщ, сыту жыпIэмэ ар зэрытха жанрыр – поэмэ-элегиер – адыгэ литературэм щыщIэщыгъуэщ. Дызэрыщыгъуазэщи, элегиер – ар гупсысэ нэщхъейхэмкIэ гъэнщIа усэщ. Мыкъуэжьым и поэмэ-элегиер и щхьэгъусэ Маринэ и фэеплъ усэ гупу, усакIуэм и гукъэкIыж щхьэхуэхэу зэхэтщ. Тхыгъэр Iыхьищу гуэшащ: «Сэ нисхьэжынщ уи пащхьэ си гур къабзэу», «Маринэ деж», «Таурыхъым ещхьт къызэдэдгъэщIар». Япэ Iыхьэр усакIуэм и гукъэкIыжу гъэпсащ, етIуанэр – усиблу, ещанэр – усэ пщыкIузу зэхэлъщ. КъызэщIэкъуауэ и гугъу пщIымэ, «Си уэрэд мыух, си гъыбзэ кIэншэ» поэмэ-элегием и лъабжьэр гухэщI, гупсысэ нэщхъей къудейкъым, атIэ мы тхыгъэм зэщхьэгъусэ-зэпсэгъусэхэм я дунейр психологие куу хэлъу къыщыгъэлъэгъуащ. Абы щыгъуэми, усакIуэм егъэлъапIэ зи IэфIи щIэмыкIыу, зэманми хуэмысеижу гъащIэм къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэр – псэ къабзагъэр, лъагъуныгъэр, гуапагъэр, гущIэгъур, напэр.

*Мылъкур уи нэрыгъмэ – уIэщIэмыкIыну,*
*ЩIэлъщ щIы щIагъым Iэджэ, дыщэм текIуэдауэ.*
*Псэм и къулеигъэрщ мылъкукIэ узэджэнур,*
*ГъущIыкIэжьи дыщэр, абы елъытауэ.*
**(«Мылъкур уи нэрыгъмэ – уIэщIэмыкIыну...»)**

ГъащIэм кууэ хэплъэф, абы и дэтхэнэ къэхъугъэри псэкIэ зыхэзыщIэ, зыгъэв усакIуэм пэжу гу зэрылъитащи, цIыхур зыхуэныкъуэр цIыхущ – езым и акъылэгъуу, и псэгъуу:

*НэгъуэщIыпсэм*
*И хуабагъ-гуапагъыщ*
*МафIэ щэхукIэ*
*Ди псэр тхуэзыгъаблэр,*
*Къытхилъхьэжу*
*Мыух жыджэрагъ,*

*Гукъыдэжхэр*
*Арщ къытхуезыгъэблыр.*
**(«Мылъкури щIыхьри...»)**

Апхуэдэуи «Си лIэщIыгъуэ» тхылъым ихуащ Мыкъуэжьым иужьрей зэманым и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэри.

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, хабзэ зэрыщыхъуауэ, **«Школ библиотекэ»** серием хэту, 2016 гъэм къыщыдэкIащ усакIуэ, тхакIуэ щхьэхуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр. Апхуэдэщ Къагъырмэс Борис и тхыгъэ къыхэхахэр зэрыт тхылъыр. Абы хыхьащ усэхэмрэ тхыгъэ кIэщIхэмрэ (миниатюрэхэмрэ). «Нэхъ цIыкIухэм папщIэ» фIэщыгъэм щIэту Iыхьэ щхьэхуэу тхылъым къыщыхьащ сабий усэхэр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, зи гугъу тщIы тхылъым Къагъырмэсым и IэдакъэщIэкIхэм ящыщу еджакIуэ цIыкIухэм я ныбжьымрэ я къэухьымрэ къытIэсэн тхыгъэхэр щызэхуэхьэсащ. Абыхэм языхэзри сабийр гъащIэм хуэнабдзэгубдзаплъэу зыгъасэщ, ущииныгъэ мыхьэнэ зыщIэлъщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Си гъащIэм и лъабжьэ», «Жьы хъуа жыг», «Телъыджэ», «ПсыIэрышэм и псалъэ» усэхэр, «Нэхъ цIыкIухэм папщIэ» Iыхьэм хэту «Лэгъупыкъу», «Мазэмрэ сэрэ», «Бжэндэхъур згъэгуфIэнущ», «Нанэрэ цыжьбанэмрэ», нэгъуэщI куэди. Я философие лъабжьэр куущ, я гъэсэныгъэущииныгъэ мыхьэнэр лъагэщ тхылъым увыпIэшхуэ щызыубыд тхыгъэ кIэщIхэми: «ГущIэгъулы», «НасыпкIэ ирикъуа щыIэкъым», «ЖьындууэрэджыIакIуэ», «ФIыщIэр зейр», «Укъызэрынэжыну зыщI», «Бгыщхьэм телъа мывэжь» жыхуиIэхэр.

Тхылъым и «ЦIыхугъэр зыгъэлъапIэ» пэублэ статьям критик Шэвлокъуэ Пётр пэжу къызэрыхигъэщыгъащи, Къагъырмэс Борис «и гулъытэр зэтар цIыхугъэр, пэжыгъэр, лIыгъэр зыгъэлъапIэ IуэхуфIхэм цIыхум и псэр хуэгъэушынырщ, абы и дунейр зыгъэдахэ хабзэхэр, гъащIэм и нэщэнэ угъурлыхэр нэIурыт щIынырщ». А псалъэхэр зэрыпэжым и щыхьэтщ тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм языхэзри, и тхылъ щхьэхуэхэри: «УафэхъуэпскI къудамэ», «Гуапагъэ», «МахуэщIэ», «ГъащIэ лъэужьхэр», нэгъуэщIхэри.

2016 гъэм адыгэ усыгъэм макъыщIэ щыIуащ – Гугъуэт Заремэ и **«Хьэуа Iубыгъуэ»** усэ тхылъыр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ. Заремэ и усэхэм куэд щIауэ лъэпкъ щIэджыкIакIуэр щыгъуазэщ, ахэр мызэ-мытIэу ди республикэми, нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуащ, «КъудамэщIэ», «Шыхулъагъуэм и вагъуэ» сборникхэм хагъэхьащ. «Хьэуа Iубыгъуэ» тхылъыр Гугъуэтым и япэ лъэбакъуэщ. Абы ихуа усэхэм гъащIэм и плъыфэ куэд къыщызэщIэкъуащ: гухэлъ къабзэри, гуапагъэри, гущIэгъури, фIыщIэри, губгъэнри, гуфIэгъуэри, нэщхъеягъуэри. Абы щыгъуэми усакIуэр сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэ иримыхьэлIами, дунейм и дахапIэр къыхелъагъукIыф. Абы езым и гъуэгу екIуж, дэтхэнэ лъэпощхьэпоми къыпекIуэкIыфу. Зи гугъу тщIыр щынэрылъагъущ «СыгущIыIэу жызыIэм» усэм. Абы образ гъэщIэгъуэнхэмкIэ къыщыIуэтащ усакIуэм и псэкупсэ дунейм и щытыкIэр, абы и гъащIэм гъуазэ хуэхъу гупсысэхэр:

*Пщэдджыжьыпэм и джийм*
*Ирегъэх уэсэпс щIыIэ.*

11 Заказ №791

*СыблэкIынущ иджы*
*СыгущIыIэу жызыIэм.*
<...>
*СыблэкIынущ зэгуэр*
*СыгущIыIэу жызыIэм.*
*Хэт хищIыкIрэ зыгуэр*
*А гу щIыIэм ишыIэм.*
**(«СыгущIыIэу жызыIэм»)**

Усэхэм нэмыщI, «Хьэуа Iубыгъуэ» тхылъым итщ адыгэ литературэм щыщIэщыгъуэ жанркIэ тха тхыгъэхэр – прозэу тха усэхэр: «Щэху», «Гугъэ», «Зимычэзу бжьыхьэ», «Мазэм ихъумэр», «Гу щIыIэ», нэгъуэщIхэри. Мы тхыгъэхэм щынэрылъагъущ усакIуэм и гупсысэ куухэм нэмыщI, абы и бзэм и къулеягъри, и образ къэгъэщIыкIэм гъэщIэгъуэнагъыу хэлъри.

Дызэрыт илъэсым цIыкIухэр зыщыгуфIыкIа Iуэхугъуэхэм ящыщщ **«Къэбэрдей лъэпкъ таурыхъхэр»** («Кабардинские народные сказки») дунейм къызэрытехьар. Абы щызэхуэхьэсащ илъэс зэхуэмыдэхэм IуэрыIуатэдж щIэныгъэлIхэу, тхакIуэхэу КIэрашэ Тембот, Акъсырэ Залымхъан, КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур, Алий Аллэ сымэ, нэгъуэщIхэми ятхыжа адыгэ таурыхъхэр. Апхуэдэщ «Заур», «Иныжьым и къан», «Нысэ Iущ», «Хьэлэлыжьрэ Хьэрэмыжьрэ», «ШыкъумцIий», «Аргъуей щхьэщытхъу», нэгъуэщIхэри. Тхылъыр сабийхэр дэзыхьэхын сурэт дахэхэмкIэ гъэщIэрэщIащ.



2016 гъэр, адыгэ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ хэлъхьэныгъэ хуэхъуа тхылъхэм нэмыщI, щIэныгъэ къэхутэныгъэхэмкIи, щэнхабзэм ехьэлIа лэжьыгъэхэмкIи къулейуэ щытащ. Апхуэдэу, а илъэсым дунейм къытехьащ филологие щIэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей литературэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Къэжэр Иннэ и статья къыхэхахэр щызэхуэхьэса **«Модусы художественности»** тхылъыр. Тхылъым хыхьащ адыгэ усакIуэ, тхакIуэ куэдым я гъащIэмрэ творческэ гъуэгуанэмрэ теухуа статьяхэр – ПащIэ Бэчмырзэ и деж къыщегъэжьарэ XX лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм адыгэ литературэм къыхыхьа гупышхуэм щыщ усакIуэхэм я деж щиухыжу. Къапщтэмэ, къэхутэныгъэ щхьэхуэхэр тегъэпсыхьащ зи цIэ къитIуа ПащIэ Бэчмырзэ, Нало Ахьмэдхъан, КIыщокъуэ Алим, Къаныкъуэ СэIэдулэ, Кумыщ Абдул, Пхъэш МуIэед, Мыкъуэжь Анатолэ, Къаныкъуэ Заринэ, Лъостэн Музэ, МахуэлI Нарзан, ПщыукI Латмир, Къанкъул Заур, Аброкъуэ Беллэ сымэ, нэгъуэщIхэми я творчествэмрэ абыхэм я языныкъуэ IэдакъэщIэкIхэмрэ. Шэч хэлъкъым Къэжэр Иннэ и тхылъым лъэпкъ литературэ щIэныгъэм увыпIэ хэха зэрыщиубыдынум.

Дызэрыт илъэсым адыгэ литературэм, къапщтэмэ, усыгъэм теухуа щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм къахэхъуащ филологие щIэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей литературэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Хьэвжокъуэ Людмилэ и **«Кавказ зауэмрэ истамбылакIуэмрэ адыгэ усыгъэм къызэрыхэщыр»** («Художественное осмысление темы Кавказской войны и махаджирства в адыгской поэзии») моногра-

фиер. И фIэщыгъэми къызэрыхэщщи, мы лэжьыгъэм лъабжьэ хуэхъуар адыгэ лъэпкъым и тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ гущIэгъуншэ дыдэхэрщ, ахэр лей зылъыса лъэпкъым и усыгъэм гъуджэу къызэрытещарщ. Тхылъыр Iыхьищу зэхэлъщ. «Адыгэ IуэрыIуатэм и историософиер» япэ Iыхьэм къыщыхутащ лъэпкъ IуэрыIуатэм и жанр зэхуэмыдэхэм – псалъэжьхэм, жыIэгъуэхэм, гыбзэхэм, уэрэдыжьхэм, хъыбархэм Кавказ зауэмрэ абы и кIэух шынагъуэмрэ – истамбылакIуэмрэ – къызэрыхэщыжыр. Лэжьыгъэм пэжу гу зэрыщылъытащи, а Iуэхугъуэхэр нэхъыбэу къызыпкъырыщыжыр тхыдэ-лIыхъужь уэрэдхэрщ. Ахэр щIэныгъэр и лъабжьэу щызэпкърихкIэ, авторым нэхъ зытригъащIэр уэрэдхэм лъабжьэ яхуэхъуа къэхъугъэхэм я закъуэкъым, атIэ абыхэм я мотив нэхъыщхьэхэми, поэтикэ и лъэныкъуэкIэ яхэлъ щхьэхуэныгъэхэми къытоувыIэ.

«Адыгэ усыгъэм тхыдэр къызэрыщыгъэлъэгъуар» фIэщыгъэм щIэт етIуанэ Iыхьэр лъэхъэнэкIэ зэщхьэщыхащ. Апхуэдэу, абы къыщыгъэлъэгъуащ лъэпкъым и тхыдэ гукъутэр адыгэ усыгъэм и зыужьыныгъэм къыхэщхьэхукI лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм къызэрыхэщыжар: XIX лIэщIыгъуэм и кIэух илъэсипщIым къыщыщIэдзауэ XX лIэщIыгъуэм и кум – 50-60 гъэхэм нэсыху, 50–80 гъэхэр, XX лIэщIыгъуэм и 90 гъэм къыщегъэжьауэ 2016 гъэм къэсыху. Апхуэдэуи, мы Iыхьэм щхьэхуэу хэуващ тенджыз ФIыцIэр гузэвэгъуэм, гуауэ мыухыжым и нэщэнэу адыгэ лъэпкъ зэхэщIыкIым зэрыхэшыпсыхьар къыщыгъэлъэгъуа параграфыр.

Монографием и «Кавказ зауэмрэ истамбылакIуэмрэ адыгэ эпикэ усыгъэм» ещанэ Iыхьэм щызэпкърыхащ лъэпкъ гуауэр лъабжьэ зыхуэхъуа поэмэхэр – КIыщокъуэ Алим и «Тисейр», АбытIэ Хъызыр и «Лъапсэр», КIэщт Мухьэз и «ШыкIэпшынэ гъыбзэр», МэшбащIэ Исхьэкъ и «Тенджыз», Жылэтеж Сэлэдин и «ИстамбылакIуэ», Акъ Алий и «Хьэж-Софэ мэжджыт», ГъукIэкъул Даут и «Бэчмызэ», апхуэдэуи Акъсырэ Залымхъан и «ИстамбылакIуэ» драмэ поэмэр.

Хьэвжокъуэ Людмилэ и лэжьыгъэр яхуэщхьэпэнущ адыгэ литературэр, тхыдэр, этнологиер, этнографиер джыным елэжь щIэныгъэлIхэм, егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм, лъэпкъым и блэкIам щIэныгъэ, художественнэ еплъыкIэкIэ зыщызыгъэгъуэзэну гукъыдэж зиIэ псоми.

**ТЕМБОТ Санитэ**

# Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр

**Бланэудз** – Серпуха.

ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэша, илъэс бжыгъэкIэ къэкI удз лъэпкъыгъуэщ. Гъэгъа къащIхэр щхьэуэ зэхэту удзыпкъхэм я щхьэкIэм къапедзэ, лъабжьэжь быдэ, кууэ екIыхыу ящI. Кавказ щIыналъэм бланэудз лIэужьыгъуи 9-м уащрохьэлIэ. Ахэр къыщокI мэзхэм, гъурцейхэм яхэту, мэз лъапэхэм, хуейхэм, Къущхьэхъу щIыпIэхэм, дыгъафIэ джабэхэм, бгыщхьэхэм, губгъуэхэм. Гъэгъахэм бжьэм фо къыхах.

**Бланэуэкъу** – Козлятник восточный.

Зи лъагагъыр зы метрым нэс, къудамэ куэд зыщI, илъэс зыбжанэкIэ къэкI удз лIэужьыгъуэщ. И тхьэмпэхэр къабзийм ещхьщ, лъабжьэжь ин ещI. Июным – июлым къудамэ щхьэкIэхэм гъэгъа шакъафэхэр, Iэрамэ кIыхьу зэкIэщIэсу, къапедзэ. Абыхэм бжьэм фо къыхах. Жылэхэр гъуабжэ-гъуэплъыфэщ. Бланэуэкъур тхьэмпищым, джэшым я лъэпкъыгъуэщ, протеинкIэ, витаминхэмкIэ, каротинкIэ бейщ. Гъэгъэн и пэкIэ Iэщым яшх, гъэгъа нэужь, ткIыбжь къыщIохьэри, яшхыжыркъым. Ауэ мэкъум хэлъмэ, абы и къэуатыр къеIэт.

Удзым псыIагъэ фIыуэ елъагъу, мэз лъапэхэм, щIыгъэпшэр зыхалъхьа Къущхьэхъу мэкъупIэхэм щобагъуэ. СилосыфIи мэхъу.

**БлапцIэ** – Клён светлый.

Зи лъагагъыр м 20-23-м нэс жыг лIэужьыгъуэщ. И пхъафэр щхъуэщ, зэгуэчыпIэ куэд иIэщ. Тхьэмпэхэр ищхьэкIэ щхъуантIэфIыщIафэщ, ищIагъкIэ – мащIэу щхъуафэ къыщIолъадэ, лэдэхиплI иIэщ. Гъэгъа хужьыфэ-щхъуантIафэхэр июным – июлым къапедзэ, мэ дахэ къапех, бжьэхэм фо куэд къыхах. БлапцIэр бжьыхьэм дыщафэ дахэ мэхъу.

Жыг лIэужьыгъуэм Кавказыбгхэм къыщыкI тхуей, бжей мэзхэм мыхъумэ, ди къэралым нэгъуэщI зыщIыпIи ущрихьэлIэнукъым. Адыгэхэм блапцIэм и пхъэм псэуалъэ, хьэкхъуафэ, н. къыхащIыкI.

**БлапцIэдахэ** – Гребенник обыкновенный.

МэкъупIэ-хъупIэ удзхэм ящыщщ. Илъэс зыбжанэкIэ къокI, и лъагагъыр см 50-60-м нос. ЗанщIэу дэкIей и пкъым цы теткъым, и бзийхэр бгъузэщ, кIыхьщ. КъэкIыгъэм лъэхъц куэду зэхэт лъабжьэ ещI. Щхьэмыжым ещхьу зэкIэщIэс жылэхэр гъэмахуэкIэм, бжьыхьэм ирихьэлIэу мэхъу. МэкъупIэхэм, хъупIэхэм къыщыкIыу урохьэлIэ. Iэщым фIыуэ яшх.

**Блашэ** – Клён остролистый, клён платановидный.

И лъагагъкIэ м 25-30 хъуурэ, баринэ дахэу къэкI жыг лIэужьыгъуэщ. Жьы хъуа къудамэхэм ятелъ пхъафэр фIыщIафэщ, зэгуэча куэд иIэщ, къудамэщIэхэр щхъуафэщ, плъыфэ мащIэ къыщIэлъадэу. Тхьэмпэхэр инщ, лэдэхиплI яIэщ. Гъэгъа щхъуантIэ-гъуэжьыфэхэр тхьэмпэхэм я нэхъапэ къыпедзэ. Абыхэм мэ дахэ къапех, бжьэхэм хущхъуэ зыхэлъ фо къыхах.

Блашэр илъэси 150-200-м нэсыхункIэ мэпсэу. Жыгей, бжей мэзхэм къыщокI. И пхъэм быдагъэу иIэм папщIэ адыгэхэм бгыкъу, пкъо къыхащIыкI. Блашэр къагъэсэбэпу щытащ музыкальнэ Iэмэпсымэ (пхъэпшынэ, шыкIэпшынэ) щащIкIэ.

**ХЬЭКЪУН Барэсбий**

# Къеблагъэ, ИлъэсыщIэ!

## АДАКЪЭ ПЛЪЫЖЬЫМ И ИЛЪЭС

КъуэкIыпIэ махуэгъэпсымкIэ 2017 гъэр мафIэр зи дамыгъэ Адакъэ плъыжьым и гъэщ. А ИлъэсыщIэм фызыпэмыплъа куэд къыфхуихьынкIэ хъунущ.

2017 гъэм щIышылэм и 28-м Номин плъыжьым сэлам гуапэ къыдихыжынурэ Адакъэ плъыжьым хуитыныгъэ псори иритынущ. Унафэр зэIэпызыххэм я зэщхьэщыкIыныгъэр занщIэу къэтлъагъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм я фэри, зыхиубыдэ дуней къэхъукъащIэри зыщ. Илъэсым и пэщIэдзэм Адакъэм зигъэхъеищэнукъым, дэни нэс Номиным елъытауэ, нэхъ зэпIэзэрыту къытщыхъунущ, ауэ гъатхэм ирихьэлIэу и джэдыц плъыжь-дыщафэхэр къызыкъуихынурэ дызыпэмыплъа куэд къытхузэIуихынущ.

Адакъэм и илъэсым и нэщэнэ нэхъыщхьэр гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ псоми философие еплъыкIэ уиIэу убгъэдыхьэнырщ. ЦIыху мыщхьэхынэхэм фIы куэд къахудэкIуэнущ мы илъэсым. Апхуэдэ жыджэрхэм лэжьыгъэ IэнатIэ нэхъыфIи къыхуагъэлъэгъуэнущ, яфIэгъэщIэгъуэнын куэди ирихьэлIэнущ. Ауэ фыпIащIэ хъунукъым, фIыуэ фегупсысу фи дежкIэ фейдэ нэхъыбэ къызыпэкIуэну Iуэхур къыхэфхын хуейуэ аращ.

Адакъэм зигъэфIэну, гулъытэ куэд къыхуащIыну зэрыфIэфIым ипкъ иткIэ, фэри апхуэдэкIэ къыфщогугъ – фи теплъэм, зыхуэпэкIэм, дуней тетыкIэм зевгъэхъуэж, абы фIы фIэкIа, Iей къыфхуихьынукъым. Адакъэм сытми зрипщытыну фIэфIщи, фэри шэч къызытефхьэ Iуэхум фытегушхуэмэ, къывдэхъунущ.

Мы гъэм акъылкIэ улэжьэным епха IэнатIэр щынэхъапэу щытынущ, ар творчествэм ехьэлIамэ, фи кIэн къикIауэ аращ.

Мылъку и лъэныкъуэкIэ илъэсыщIэр зэпIэзэрыту щытынущ. Ахъшэшхуэ къыфхэхъуэу хьэршым фылъэтэныр фIэщщIыгъуейщ, ауэ фи ныбэ из зыщIын, фи гукъыдэжыр къэзыIэтын къыфхуэлэжьынущ. Уеплъмэ, Адакъэм и жьэм ихьын гуэдз хьэдзэ е хьэмбылу сытым дежи егъуэт, фэри фызыхуейр зэрывгъуэтынум шэч къытевмыхьэ. Адакъэм зыгуэрым ебиин фIэфIкъым, фэри фи жагъуэгъухэр зэран къыфхуэхъунукъым. Ауэ Адакъэм и гъэм фыкъалъхуауэ щытмэ, тынш дыдэу фыпсэунущ, пэрыуэгъурэ ныкъуэкъуэгъурэ фимыIэу.

Адакъэр гупцIанэщ, апхуэдэуи къыпхуэпэжынущ. Куэдым фытригъэгушхуэнущ, фи мурадхэр зэвгъэхъулIэнымкIи сэбэп къыфхуэхъунущ.

ИлъэсыщIэ жэщыр уи мурад псори щызэбгъэзахуэ, уи къэкIуэнур щыбубзыху, уи хъуэпсапIэхэм ущегупсыс пIалъэ кIэщIщ. БлэкIа илъэсыр а жэщым гуапэу ирагъэжьэжри, ИлъэсыщIэр хуэхъуахъуэурэ кърагъэхьэ. Мис а пIалъэ телъыджэр къэмыс щIыкIэ щIыхуэ птелъмэ птыжын хуейщ, илъэс псом ахъшэ пхэщIу иумыхьэкIын, нэгъуэщI щIыхуэ къыумыщтэн щхьэкIэ.

ИлъэсыщIэ жэщым ирихьэлIэу унэр къабзэу зэщIэкъуапхъэщ, къыумыгъэсэбэпыжу щIэлъ хьэпшыпхэр хыфIэбдзэмэ нэхъыфIщ. А жэщыр щыгъуныщIэкIэ кърагъэхьэу хабзэщ, илъэс псом хэхъуэ щымыщIэн папщIэ. Апхуэдэ дыдэуи Iэнэ берычэт къэбгъэувын хуейуэ къалъытэ, уи унагъуэм ерыскъы куэд илъын щхьэкIэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

## ИЛЪЭСЫЩIЭ IЭНЭМ

### *Гуэгушыл гъэва, шыпс и гъусэу*

Абы щхьэкIэ гуэгуш гъэкъэбзар якъутэ е зэпкърах, псы щIыIэкIэ ятхьэщIыж. Шыуаным иралъхьэри псы щIыIэ щIакIэ, мафIэр ину зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр цIыкIу ящI, шыуаныщхьэр трапIэри ныкъуэвэфI хъуху ягъавэ, тхъурымбэри дагъэри къытрахыурэ. ИтIанэ абы бжьыныху-шыгъу тIэкIу, губгъуэпхъ халъхьэри, хьэзыр хъуху шыуаныщхьэр тепIауэ ягъавэ. Гуэгушыл гъэва Iыхьэхэр лэпсым къыхахыжри хьэкъущыкъу мыулъийм иралъхьэ, и щхьэр трапIэж. Лэпсыр тIэу-щэ бинткIэ яз.



Шыпсыр зэращIыр: шыуаным тхъу иралъхьэ, е лэпсым къытекIа дагъэр иракIэри, къагъэплъ, абы щимэ цIыкIуурэ упщIэта бжьыныщхьэ халъхьэ, чымчыркIэ зэIащIэурэ ягъэлыбжьэ, гъуэжьыфэ къытеуэхукIэ. ИтIанэ абы, зэIащIэурэ, гуэдз хьэжыгъэ халъхьэри, тхъуэплъ дахэ хъуху ягъэлыбжьэ. Абы шыбжий сыр хьэжа халъхьэри, зэIащIэурэ дакъикъитI хуэдизкIэ ягъэлыбжьэ. Лэпсым и ткIыбжьыр имыIэн щхьэкIэ, япэщIыкIэ шыуаным псы щIыIэ тIэкIу иракIэ, итIанэ лэпс зар хакIэ, чымчыркIэ зэIащIэурэ. Гуэгушыр щIэмэ псы щIыIэ хыумыкIэми хъунущ. Къагъэкъуалъэ дакъикъэ 25-30 хуэдизкIэ, зэзэмызэ чымчыркIэ зэIащIэурэ. Хьэзыр хъуа шыпсыр пэшхьэкум къытрахыж, джэдгын хаудэри и щхьэр тепIауэ дакъикъэ зытхухкIэ щагъэт, нэхъ IэфI хъун, мэ гуакIуэ къыхихын щхьэкIэ. Iэнэм гуэгушыл гъэвари шыпсри щхьэхуэ-щхьэхуэу трагъэувэ, бжьыныху-шыгъу шейщIэт цIыкIукIэ трагъэувэ. Пщтыру, пIастэ, мэжаджэ е чыржын и гъусэу яшх.

**Халъхьэхэр (цIыхуий Iыхьэ):**
Гуэгушылу – г 1500-рэ
Псыуэ – г 2000
Бжьыныху укъэбзауэ – г 60
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ – г 100
Тхъууэ е дагъэу – г 150-рэ
Гуэдз хьэжыгъэу – г 80
Шыпсым хакIэну лэпсу – г 1300-рэ
Псы щIыIэу – г 100
Шыгъуу, шыбжийуэ, губгъуэпхъыу, джэдгыну – узыхуейм хуэдиз.

### *Бабыщ гъэжьа, мыIэрысэ илъу*

Бабыщ гъэкъэбзар зэгуамыгъэжу псы щIыIэкIэ ятхьэщI, хъыдан къабзэкIэ ялъэщIыж. Бабыщ гъущам и щIыбми и кIуэцIми шыгъурэ шыбжийрэ фIыуэ щахуэ. АдэкIэ мыIэрысэр, нэхъ цIыкIуурэ къыхахри, ятхьэщI, якIхэр кърач, ялъэщIыж. МыIэрысэхэр бабыщ кIуэцIым иралъхьэри, псы щIыIэ тIэкIу иракIэж, бабыщыр мастэ-IуданэкIэ зэгуадэж. Тебэм тхъу тIэкIу щахуэ, бабыщ кудар, и щIыбыр егъэзыхауэ, абы иралъхьэ, псы тIэкIу щIакIэ, хьэкулъэм ирагъэувэри, дакъикъи 10-15-кIэ ягъажьэ. Бабыщылым занщIэу вэгъу дахэ къищтэн щхьэкIэ, хьэкулъэр пщтыру щытын хуейщ. Ар тхъуэплъ дахэ хъуа иужькIэ, мафIэ цIыкIум тету хьэзыр хъуху ягъажьэ. Бабыщылыр жьамэ, и куэпкъым гуахъуэ е сапэ хэпIумэ щабэу хыхьэнущ, псы къыщIэжари яжьафэу щытщ. Ар хьэкулъэм кърахыжри и щIыбыр егъэзыхауэ тепщэчышхуэм иралъхьэ, Iуданэхэр къыхахыж. Ар Iэнэм зэпкърыхауи тебгъэувэми хъунущ, ауэ абы щыгъуэм лыр щIэхыу мэупщIыIу. ЩIакхъуэ и гъусэу пщтыру яш.

**Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):**
Бабыщу – 1
МыIэрысэу – г 500
Бабыщ кIуэцIым иракIэ псыуэ – г 230-рэ
Тебэм щахуэ тхъууэ – г 5
Шыгъуу, шыбжийуэ – узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360051, КБР, г. Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 19.12.16. Формат 70x108 $^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,7.
Уч-изд. л. 12,0. Тираж 3330 экз. Заказ №791
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов